जॉयस मेयर

जगत में दु मीलियन कापी सबसे महतव रखें वाला विक्रेता बा

# मन क लड़ाई क मैदान

## मन में लड़ाई के जीतल





# मन के
# लड़ाई के
# मैदान

# मन क लड़ाई क मैदान

## मन में लड़ाई के जीतल

जॉयस मेयर

JOYCE MEYER MINISTRIES®

Nanakramguda, Hyderabad 500 008

If you purchase this book without a cover you should be aware that this book may have been stolen property and reported as "unsold and destroyed" to the publisher. In such case neither the author nor the publisher has received any payment for this "stripped book."

Unless otherwise indicated, all Scripture quotations are taken from *The Amplified Bible* (AMP). *The Amplified Bible, Old Testament,* copyright ©1965, 1987 by the Zondervan Corporation. *The Amplified New Testament,* copyright © 1954, 1958, 1987 by The Lockman Foundation. Used by permission.

Scripture quotations marked NKJV are taken from *The New King James Version* of the Bible. Copyright © 1979, 1980, 1982 by Thomas Nelson, Inc., Publishers. Used by permission.

Scripture quotations marked NKJV are taken from the *King James Version* of the Bible.

Copyright © 2012 by Joyce Meyer Ministries - Asia

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, distributed, or transmitted in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of Joyce Meyer Ministries - Asia.

Joyce Meyer Ministries - Asia
Nanakramguda, Hyderabad - 500 008
Phone: +91-40-2300 6777
Website: www.jmmindia.org

Battlefield of the Mind - *Bhojpuri*
*Winning the Battle in Your Mind*

*Printed at:*
Caxton Offset Pvt. Ltd.
Hyderabad-500 004

# समर्पण

मन की लड़ाई के हम अपनी बड़ बेटा के दिहल चहत बानी। हम ई जानत बानी की हमरी अइसन तुहऊ अपनी मन में उलझन से जुझत रहेल।

हम तोहके ई क्षेत्र में रोज बढ़त भी देखत बानी अऊर हम ई जानतानी की तोहार मन के नया हो जइला से तु विजयी क अनुभव भी करत बाड़।

हम तोहरा से प्रेम करिलें डेविड अउरी हमके तोहरा पर नाज बा। अइसही लागल रह।

# विषय सूची


भाग I: *मन का महत्व*

| | | |
|---|---|---|
| | प्रस्तावना | 11 |
| 1. | मन एगो लड़ाई क मैदान ह | 15 |
| 2. | एगो जरूरत | 27 |
| 3. | हिमत ना हारी | 33 |
| 4. | धीरे–धीरे कर के | 39 |
| 5. | साकारातमक बानी | 45 |
| 6. | मन के जकड़े वाली आत्माएं | 57 |
| 7. | जेवन आप सोचत बानी ओकरी बारे में सोची | 63 |

भाग II: *मन क स्थितियन*

| | | |
|---|---|---|
| | प्रस्तावना | 73 |
| 8. | हमार मन सामान्य कब होला? | 77 |
| 9. | एगो बेचैन अऊर भटके वाला मन | 85 |
| 10. | एगो भ्रमिक मन | 93 |
| 11. | एगो सक से भरल अऊर अबिसवासी | 103 |
| 12. | एगो चिन्तित अऊर उत्कष्ठित मन | 117 |
| 13. | एगो दोष लगावेवाला समालोचक अउर संदेह से भरल मन | 131 |
| 14. | एगो निष्क्रिय मन | 147 |
| 15. | मसीह क मन | 159 |

भाग III: *जंगल क सोच*

| | | |
|---|---|---|
| | प्रस्तावना | 183 |
| 16. | जंगल क सोच # 1: “हमार भविष्य हमरी भूत अऊर हमार वनतमान से निरधारीत होला।” | 189 |

17. जंगल क सोच # 2: “हमरी बदले केहू अऊरी करी हम जिमेदारी नइखी लिहल चाहत।” 197

18. जंगल क सोच # 3: “कृपया करके कुल्ही चिझ आसान बना देयी। कठिन चिझवन, हमरा से ना हो सकेला।” 207

19. जंगल क सोच # 4: “हमार बस नइखें, हम कुड़बुड़इला क दोष लगइला क अऊर असंतोष परगट कइला क आदि हो गइल बानी।” 215

20. जंगल क सोच # 5: “हमके केवनो भी चीझ खातीर परतिक्षा ना करायी हम हर एगो चिझ तुरन्त पावले के लायक बानि।” 225

21. जंगल क सोच # 6: “हमार बेवाहार हो सकेला गलत होखे बाकी एहमे हमार दोष नईखें।” 235

22. जंगल क सोच # 7: “हमार जीवन बहुत दुखि बा हमके खुद पर दाया आवेला काहेकी हमार जीवन घृणित बा।” 247

23. जंगल क सोच # 8: “हम परमेश्वर की आशिषन क पात्र नइखी काहेकी हम लायक नइखीं।” 255

24. जंगल क सोच # 9: “जब हर एगो आदमी हमसे बढ़िया दासा में बा त हम काहे न जलन अऊर ईरष्या रखीं?” 265

25. जंगल क सोच # 10: “हम एके अपनी ढंग से करब या एकदम ना करब।” 273

नोट्स 279

सन्दर्भ सूची 281

लेखक के बारे में 283

## भाग I

# मन का महत्व

# प्रस्तावना

*काहेंकी हमनी के लड़ाई के हथियार शारीरिक नइखे, बाकी गढ़न के गीरा देवे वाला परमेश्वर की ओर से ताकत बा एहि से हमनी के हर एक कल्पना के अऊर हर एक उच बिचार के, जेवन परमेश्वर के पहिचनला के विरोध में उठेले बात विवाद करेंले अऊर हर एक विचार के कैद क के मसीह के हुकूम माने वाला बना देनी।*

2 कुरिन्थियों 10:4–5

हमनी के कवनी परकार अपनी बिचार के महत्व के भली भॉति दर्शा सकेनी जा जइसे की नीतिवचन 23:7 क सही मतलब निकल सकेला **कहिंकी जइसन ऊ अपनी मन में बिचार करेलन ओइस ऊ खुदे हउअन....?**

जेतना अधिक हम परमेश्वर क सेवा करिला अऊर उनकी बचन क अध्ययन करीला ओतने देर हम बिचारों अऊर शब्द के महत्व केपहचान जाइला ई सब विषय क अध्ययन करे खातीर हम पाइला की पवित्र आत्म हमार हमेशा अगुवाई करेले।

हम कहले बानी अऊर हम बिसवास करत बानी कि ई सही ह कि जब तक हमनी के ई धरती पर बानी जा तब तक हमनी के बिचारन अऊर शब्द के क्षेत्र में केतनों ही अधिक काहेन जानत बाड़ी जा फिर भी बहुते चीज हमनी के सिखे के मिलेला अऊर जेवन बात हमनी क पहीले जानत बड़ी जा उहो भी नया ढग से जाने क जरूरत बा।

नीतिवचन 23:6 क सही अर्थ का मतलब ह? किंग जेम्स अनुवाद करिला जेइसन ऊ (एगो आदमी) अपनी मन में बिचार करेला... एगो नया अनुवाद के अनुसार, “एगो आदमी जइसन अपनी मन में बिचार करेला, ओइसने ऊ बन जाला।”

कुल्ही सगरी काम क अगुवा मन ह। रोमियों 8:5 एके साफ करेला : **काहे की शारीरिक आदमी देह के बात पर मन लगावेलेः बाकी आत्मीक आदमी आत्मा के बात पर मन लगावेलें।**

हमनी क काम हमनी क बिचार के ही सिधा फल हउवे। जदि हमनी क नाकारात्मक मन बा, तब हमनी क जीवन भी नाकारात्मक होई । दुसर की जदि

हमनीक अपनी मन के परमेश्वर क बचन के दोवारा नया कर लेतानी जा । तब रोमियों 12:2 की वादा के हमनीक अपनी अनुभव के दोवारा परमेश्वर क बढ़ीय, अऊर भावती अऊर सिद्ध बिचार के अपनी जीवन में मालूम कर सकेलीजा।

हम इस किताब के तीन भाग में बॉट देले बानी। पहिला भाग बिचार के महत्व के बतावेला, हम रऊरा हृदय में चाहत बानी ताकी जेवन बिचार आप करत बड़ी, ऊ बिचार के सोचल सूरू कइला के आपक जरूरत बा।

बहुत आदमी अपनी जीवन में जेवनी परेशानी के अनुभव करेंले ऊ कुछ परेशानी उनकी बिचार कइला के तरिका के कारण होला। प्रेत सबही के गलत ढंग से बिचार करे खातिर मजबूर करेला लेकिन हमनी के ओपर ध्यान देवे के ना चाही। केवन बिचार पवित्र आत्मा के बढ़िया लागेला अऊर केवन ना ई बात हमनी हमनी के सिखे के बा।

2 कुरिन्थियों 10:4–5 साफ–साफ बतावे ला कि हमनी के परमेश्वर के बचन के बढ़िया से जाने के चाही ताकि हमनी एह बात के बढ़िया से परख सकीं जा की हमरी मन में का बा अऊर परमेश्वर के मन में का बा एकइसन बिचार जेवन खुद के परमेश्वर के बचन से उपर उठावे हमनी के तुरन्त अइसन विचार क बहिष्कार कर देबे के चाही, अऊर यीशु ख्रीष्ट की गुलामी में लेआवे के चाही।

हम प्रार्थना करत बानी की ई किताब आपके एइसन करे में मदत करी।

मन एगो लड़ाई क मैदान ह। ई बहुत जरूरी बा, कि हमनी के अपनी बिचार अऊर परमेश्वर क बिचार एक जइसन रखी । एकरी खातीर समय अऊर अध्ययन दूनो क हमनी के जरूरत होई।

उदाश होके एके छोड़ ना देयी काहेकी थोड़ी–थोड़ी करके आप बदल जात बड़ी। जेतना अधिक आप बढ़िया खातीर अपनी मन के बदलत बड़ी ओतना ही ज्यादा आप क जीवन भले खातीर बदलत जाई। जब आप अपनी बिचार में अपनी खातीर परमेश्वर क बढ़ीया बिचार देखे लागत बाड़ी, जब आप अहमे चलल भी शूरू कर देयीब।

प्रस्तावना

1

# मन एगो लड़ाई मैदान ह

प्रस्तावना

# मन एगो लड़ाई क मैदान ह 1

*काहेंकि हमनी क ई मल्लयुद्ध, लहू अऊर मॉस नइखें, बाकि परधानन से अऊर अन्हरियन से, अऊर एह संसार के अन्हार के हाकीमन से, अऊर ओह दुष्टता की आत्मीक सेनावन से बा। जेवन आकाश में बाड़न।*

इफिसियन 6:12

उपर लिखल पाठ में हमनी क देखनी ह जा की हमनीक एगो लड़ाई में बानी जा। एह पद के अध्ययन से हमनी के ई मालूम भइल ह की हमनी क ई लड़ाई दूसरी आदमी से नइखे लेकिन प्रेत अउरी ओकरी शक्तियन से बा। हमनी क ऊ दुश्मन प्रेत हमनी के अपनी चलाकी अऊर धोखा से हरावला क कोशीस करत बा।

शइतान झुठा ह, यीशु ओकरी बारे में कहलेन... ऊ झूठा ह वरन झूठ क बाप ह (यूहन्ना 8:44) ऊ आप से अऊर हमसे झूठ बोलेगा। ऊ हमनी से हमनी के बारे में, दूसरी लोगन के बार में अऊर हमनी की परिस्थितियन के बारे में बतावेला जेवना में सच्चाई नइखे। ऊ हमनी के पुरा झुठ एकही बार में ना बतावे ला।

ऊ बहुत चलांकी से हमनी के मन में खराब विचार शंकाएॅ, डर भ्रम, तरक अऊर अलग–अलग बिचार भरल चालू कर देबेला। ऊ सावधानीपूर्वक अऊर धीरे चाल से काम करेला (काहेकी एह तरह के सुनियोजित बिचारन में समय लागेगा)। खीयाल रखी जा ओकरी लगे युद्ध क एगो निती बा। ऊ एगो बड़ समय से हमनी के बारे, अध्ययन करत बा।

ऊ जानत बा की हमनी के का बढ़िया लागेला अऊर का खराब ऊ हमनी के असुरक्षा हमनी के कमजोड़ीयन अऊर हमनी के डर के जानता। ऊ जानता की हमनी के केवनी बात से डगमगा जानी जा, क हमनी के हरावे में केतनो भी समय लगावे में इच्छुक रहेला, शइतान क शक्तिशाली गुण ह इन्तजार।

## गढ़ो के गिरावल

**काहेकी हमनी के लड़ाई के हथियार शारीरिक नइखे, ऊ गढ़न के गीरावे खातीर परमेश्वर के दोवारा सामर्थी बा।**

**काहेकी हमनी के लड़ाई करेके हथियार देह से नइखे बाकी गढन के गिरा देबे वाला ताकत परमेश्वर तरफ से बा एही से हमनी के हर एगो कल्पना के अऊर हर एक उँच बिचार के जेवन परमेश्वर के पहिचनला के विरोध में उठेले बात बिबाद करेलें, अऊर हर एक विचार के कैद क के मसीह के हुकुम माने बना देनी।**

**2 कुरिन्थियों 10:4–5**

शइतान हमनी के मनो में आपन कपट अऊर धोखा दोवारा गढ़न के बनावे क कोशिश करेला। ई गढ़ एगो अइसन जगह ह जवनामे हमनीलोग गलत सोच दोवारा कैद हो जाइली जा।

इस भाग में प्रेरित पौलुस हमनी के बतावी ला की शइतान के एह सब गुणने पर विजयी पावे खातीर हमनी के लगे हथियार बा। हमनी के एह हथियार के बारे में बाद में अऊर भी सिखल जाई बाकी अबही एह बात पर धीयान देयी की एक बार फिर हम अत्मकी लड़ाई में लागल बानी जा पद 5 हमनी के स्पष्ट रूप से इहे बतावता की लड़ाई क जमीन जहा ई लड़ाई होरहलबा कहा बा।

एह बाद क एगो दूसर अनुवाद कर्त्ता बाड़े जेवन तरक के बाटे में हमनी के एह हथियार क परयोग करेके बा शइतान हमनी से तरक करेला अपना सिद्धान्त अऊर बिचार हमनी के आगे रखेला ई सब बात हमनी के मन में चलत रहेला।

*मन लड़ाई क मैदान ह।*

## सारांश

अबले त हमनी लोग देखनी ह जा की

1. हमनी क एगो लड़ाई में लागल बनी जा।
2. हमनी क बिरोधी शइतान ह।
3. मन लड़ाई के मैदान ह।
4. हमनीके मन में गढ़ जमावे खातीर शइतान बड़ा चलांकी से काम करेला।
5. ऊ अपनी रणनीती अऊर धोखा से अइसन करेला (सुनियोजीत बिचार अऊर कपट दोवारा)

6. ओके केवनो जल्दी नइखे ऊ अपनी बिचार के पुरा करे खातीर आपन पुरा समय लेला।

ओकरी योजना के अब हमनीक साफ तरिका से एगो दूष्टांत दोवारा पहिचानी।

## मरियम क पक्ष

मरियम अऊर उनक मरद जाँन, एगो खुश शादीशुदा जीवन नइखन जा बितावत। हर समय उन्हन के बिच में एगो झगड़ा बा। ऊ दूनो खिस अऊर जलन अऊर बदला लेहल की भावना से भरल रहेलें। उनकर दूगो लइका बाड़े जेवन ई घर की परिशानी से परंभावीत बाड़े एह झगड़ा के उन्हन के पढ़ाइ के काम में अऊर उन्हन के बेवहार में शाफ रूप में देख सकेलीजा। एगो लइका के पेट क केवनों रोग लाग गइलबा।

मरियम क परशानी ई बा ऊ जॉन के घर के मुख्यीया के रूप में नइखी देखल चाहत कुल्ही सगरी फैसला ऊ खुदही लीहल चाहत बाड़ी। बित्तीय से जुड़ल पुरा काम अउर लइकन क अनुसासन ऊ अपनी हाथ में लीहल चाहत बाड़ी। ऊ नौकरी कइल चाहत बाड़ी जवनासे उनहु के लगें "आपन" पइसा होखे ऊ हक जमावे वाली कड़वा बात बोले वाली अउर आत्मनिर्भर बाड़ी।

अब आपलोग सोच रहल बानी "हमरी लगे एहकर जबाब बाटे, उनके यीशु के जाने क जरूरत बा ऊ उनके जानत बाड़ी। मरियम यीशु के पूसाल पहीले आपन मोक्षकर्त्ता कही के मनले रहली तब जान से उनकी बियाह के तीन साल होयील रहे।

"का आपक ई मतलब बा कि यीशु के मोक्षकर्ता मान के गहरण कइला के बाद भी मरियम के केवना बदलाव ना आयील बा?"

ह, बदलाव आयील बा। ऊ ई बिसवास करेली की ऊ सरग जइहन ओकरी बाद उनकर गलत बेवहार हर समय उनके कोसत रहेला। उनकी लगे एगो आज्ञा बा। यीशु से मिलला के पहीले ऊ दुखी अऊर ऊदाश रहली, बाकी अब ऊ खाली दुखी बाड़ी।

मरियम ई जानत बाड़ी की उनक बेवहार खराब बा। ऊ बदलल चाहत बाड़ी। ऊ दूगो आदकी क राय भी लेले बाड़ी, अऊर, खीस, विरोध, जलन अऊर, क्षमा ना कइला क आदत पर जिते खातीर ऊ अपनी खातीर प्रार्थना भी करवले बाड़ी। तबो भी उनकरा में केवनो बदलाव काहे ना आयील ?

ए कर जबाव रोमियों 12:2 में पावल जाला: **अऊर एह दुनिया के जइसे मत बन बाकी तोहन लोग के बुद्धि नया हो जाये से तोहन लेगन के चाल चलन भी बदल जाव, जवना से तोहन लोग परमेश्वर के भलीभॉती अऊर सिद्ध इच्छा अनुभव से मालूम करत रह जा।**

मरियम के मन मे गढ़ बा। सालो से ऊ उहे बीया। ऊ ई ना समझ पावेली की ऊ उहा कइसे पहुच गइली। ऊ ई जानत बाड़ी की उनके विद्रोही अधिकारिक अऊर चिड़चिडा सहुर वाला ना होखे के चाही बाकी ऊ ई नइखी जानत की आपन सहुर बदले खातीर ऊ का कारोंस। एहसन लागेला की कुछ खास समय में ऊ एइसन कर बइठेली जे पर उनकर केवनो ताकत ना रहेला।

मरियम के अपनी प्रतिक्रियन पर केवनों अधिकार नइखे काहेकी ऊ अपनी बिचारन पर रोक ना लगावेली। ऊ अपनी बिचारन पर रोक ना लगावेली कहेंकी शइतान उनकरा सुरुआती जीवन में ओकरा मन में गढ़ बना देले बाड़नस।

शइतान अपनी सुनियोजित बिचार के अऊर धोखा के उनकी भितर लइकाइये पर डाल देला। मरियम के जीवन में लइकाइ से परेशानी आइल चालू होगइल रहे।

मरियम क बाप अत्याचारी रहलन अऊर जब मरियम लइका रहली तबही से ओके अधिक डाटल अउरी मारल करस। अगर ऊ केवनों गलती करें तब ऊ बहुत ढेर खीसिया जात रहलें। कई साल तक लाचार होके अपनी बात क दण्ड सहत रहल। ओकरी माई के खातीर भी होकर बाप क बेवहार ठीक न रहे। मरियम क भाई लागे केवनो गलतीये ना करे एइस लागे। जइसे ओकरा पर बाप के दया रहे काहेकी ऊ एगो लइका रहे।

जब ऊ सोरह साल क होगयील तब शइतान आपन झुठ ओकरी मन में कुछ एह परकार डाले लागल:

“आदमी खुद के सही में बहुत कुछ समझेलन स। ऊ सब एगही जइसन होले तू उलोगन पर बिसवास ना कर सकेलू। ऊ तोके मरिहे अऊर तोरा से गलत फायदा उठावे के कोशीश करिहन। अगर तू मरद रहती त तोहरियों जिवन में अइसने होइत। तू जेवन चहतू कर सकतू। तू लोगन के आदेश दे सकत रहलू, उन पर आपन अधिकार जमा कसत रहती, अऊर उनहन के साथ कइसनो बेवहार कर सकतू अऊर केहू भी (विशेषकर मेहरारुन के अऊर लड़कीयन के छोड़ के) तोहार कुछ नाहीं कर सकत रहले।”

फलस्वरूप मरियम मन में ई ठान लिहली: 'जब हम इहवा से चल जाइब तब केहू हमरा से अइसन बेवहार ना कर पाई।' ओकरी मन क लडाई के मैदान में शइतान लड़ाई शुरु कर देले रहे। एह दस साल में मरियम की दिमाग में सैकडों हजारो अऊर एकरो से अधिका बार बिचार धुमे लागल रहे की जदि हम वियाह कर लेइ तब हम एगो सुघर, सुशील बढ़िया से बढ़िया मेहरारु बन सकत हई।

ई हे ऊ अव्यवस्थित जीवन ह जेहमे मरियम अपना के पावेली। ऊ का कर सकत हई? हमनी में से हर एगो लोग एइसन परिस्थिति में का करत बानी जा?

## बचन क हथियार

**जदि तोहन लोग हमार बचन मे बनल रहब जा, तब सचमुच हमार चेला ठहराब जा। अऊर सत्य के जनबजा अऊर सत्य तोहन लोग के आजाद करी**

**यूहन्ना 8:31–32**

इहवा यीशु हमनी के बतावेलन की केवनी परकार हम शइतान के झूठ पर विजय पा सकेलीजा। हमनी के भीतर जवन परमेश्वर का सत्य बा ओकरा बारे में हम जानी, अपनी मन के उनकरा बचन के दोबारा नया करी फिर कुरिन्थियों 10:4–5 में बतावल हथियार क परयोग करत समय ऊ गढन के अऊर ऊ सब समान के जवन खुद के परमेश्वर से उचा जगह देवेली, गिरा देवे के बा।

इ सब हथियार परमेश्वर क बचन ह जेवन हमनी के बुद्धि, टेप, गोष्टी, परबचन के पढ़ल के दूबारा मिल जाले। बाकी हमनी के ई बचन के बढ़त जएकेबा जब तक पवित्र आत्मा क प्रेरणा दूबारा हम एह बात के समझ ना पाई। मरकुस 4:24 में यीशु कहलन–

"जवना नाप से (अध्ययन अऊर विचार के) तोहन लोग नापताड़जा (सच्चाई जेवन तू लोग सुनेल जा) ओही से लोहनो लोग के भी नापल जाई (सदगुण अउर ज्ञान)"।

हम फिर से एह बात के दोहरावत बानी कि हमनी के बचन क हथियारों के परयोग में लियावत रहे के चाही।

दूसर दूगो आत्मीक हथियार जवन हमनी के लगे बा ऊ बा परशंसा अऊर प्रार्थना क। केवनो भी लड़ाई क योजना से जादा जल्दीबाजी से शइतान क

हार बड़ाई से होवे ला, बाकी ई बड़ाई हिरदय की भितर से निकले के चाही ना की खाली ओठ से। बड़ाई अऊर प्रार्थना दूनों में ही बचन मिलल होवे के चाही। उनकर भलाई अऊर उनकर बचन के दूबारा हमनीक परमेश्वर क बड़ाई करेली जा।

प्रार्थना परमेश्वर के सिर से रिश्ता बनावल ह। एकरी दोवारा हमनीक परमेश्वर के नजदीक आवे लीजा अऊर अपनी परशानी के ठिक होखे खातीर परमेश्वर से मदत मॉगे लीजा। जदि हमनीक एगो काम साधक प्रार्थना क जीवन चाहत बानी जा त हमनी के पिता के साथे एगो बढ़िया वैयक्तित रिश्ता बढ़ावे के होई। एह बात के आप जानी की ऊ आपसे प्रेम करेले ऊ मोह अऊर माया से भरल हउवे अऊर ऊ अपक मदत करिहे। यीशु के जा न। ऊ आपके संगी हउवे। ऊ तोहरा खातीर जान दे दिहलन। पवित्र आत्मा के जानी। ऊ मदतगार के भेष में हमेशा आपके साथ बनी। उनके आप आपन मदत करे देयी।

अपनी परथना के परमेश्वर के बचन से भरे खातीर सीखी। उनकी लगे आवला क आधार परमेश्वर क बचन अऊर हमनी के जरुरत बा।

बचन के अलग–अलग परकार से उपयोग में लाइल ही हमनी के हथियार ह। जइसन की 2 कुरिन्थियों में पौलुस हमनी के बतावे लन हमनी क हथियार देह के हथियार नइखे, ऊ आत्मीक बा बाकी खुद शइतान से बा। यीशु भी बन में शइतान के हरावे खातीर बचन के उपयोग में लइलन (लुका 4:1–3)।

हर बार जब शइतान उनसे झूठ बोलत रहे यीशु क जबाब होत रहे कि “लिखल बा” अऊर बचन के बता देत रहलन।

जब मरियम एह हथियारों के उपयोग कइल सीख जइहे तब ऊ अपनी मन में बनावल शइतान के गढ़ के ढाहल शुरु कर देयी। ऊ सत्य के पहचान जइहे अऊर सत्य उनकरा से आजाद रक देयी। तब ऊ जान जइह की सब मरद उनकी देहधारी बाप जइसन नइखे। कुछ हो सकेलन बाकी कुल्ही ना। उनकर मरद जॉन ओइसन नइखे। जॉन मरियम से बहुत प्रेम करेलन।

## जॉन क पक्ष

आयी अब हम जॉन के बारे में देखिजा। उनकरी लगे भी परशानी बा जेवन की मरियम अऊर उनकी विवाह में घर में अऊर परिवार में रोकावट बन गयील बा।

जॉन के आपन हालत परिवार के मलिकार के रूप में देखे के चाही। परमेश्वर भी उनके घर के मालीक के भेस में देखल चाहत बाड़े। जॉन क दोहरउवा जनम भी हो गयील बा अऊर ऊ बढिया से जानत बा कि परिवार कइसे जलावल जाला। ऊ जानत बाड़ें की उनके अपनी मेहरारु के घर लड़का अऊर वित्तीय कामन के चलावे क इजाजत न देवे के चाही। ऊ इ सब कुछ जानत बाड़े लेकिन ऊ कुछ ना करेले अऊर खुद के बस हारल समझलन अऊर टी.वी. अऊर खेल कुछ के कामन में खुद के लगवे रहेलन।

जॉन अपनी जिमेवारी से भागेलन काहेकि उनकर भार उठवला से डरे लन। ऊ एगो निष्क्रिय आदत अपना लेनन ई सोच के कि "जदि हम एह दशा के ऐसही अकेल छोड़ देयीब त खुद ही ठीक हो जाई।" अऊर ऊ केवनो जिम्मेदारी ना उठा कर अपनी आप के निर्दोश माने लन, ई कह के कि "हम एसकरी बारे में पराथना करब"। निःसन्देह प्रार्थना अच्छा बा, लेकिन उहा नाहीं जहॉ हमनीक आपन जिमेवारी से बचे खातीर एहकर परयोग करे लागे नि जा।

अब हमके एह बात के साफ करेके बा जब हम ई कही ना कि जॉन के परमेश्वर दुबारा देहल गइल घर में ओकरी स्थिति के अच्छा पुरवक मान लेबे चाही हमार ई मतलब नइखे कि घर में ऊ खुद के बाहुबली के भेस में देखल चालू कर देबे अऊर आपन राज चलावे लागे। इफिसियो 5:25 हमनी के सिखावे ला कि एगो मरद के अपनी मेहरारु से ओइसने प्रेम रखे के चाही जइसन ख्रीष्ट ने अपनी विशवासीयन से प्रेम रखले रहलन। जॉन के अपनी जिमेवारी के निभावे के चाही एह जिम्मदोरी के साथे ही अधिकार आवेला। उनकी अपनी मेहरारु के साथे मजबुत रहे के चाही प्रेम से भरल मजबुती। उनके मरियम के ई विश्वास दिलावे के चाही कि जदि ऊ परमेश्वर पर पुरा बिसवास करेली त उनके ई बात क बुझाए लागी की सगरी मरद उनकी बात जइसन नयीखें।

मरियमन की जइसन जॉंन के भी मन में कुछ एइसन बात बा की जेवना के दूवारा शइतान के ई मोका मिल जाला की शइतान उनके आपन गुलाम बना ले जॉंन के मन में भी एगो लड़ाई चलत बा। मरियम की जइसन उनहूके भी लड़काई में डाटल गइल रहे। अधिकार जमावे वाली ओकरी माइ के बात बहुत अधिक कठोर रहे अऊर तुरन्त जॉंन से कहत रहली "जॉंन तु बहुत ढेर खराब बाड़ तु अपनी जीवन में कुछऊ ना कर पइब"।

जॉंन अपनी माई के खुश करे खातिर बहुत कोशीश करे (जइसन सब लइका करेलन) काहेकी माई क साथ पावे खातीर बहुत ऊ भूखा रहे लेकिन जेतना

ढ़ेर ऊ कोशीश करे ओतना ही ढेर गलती कर देबे। गलती कइल ओकर आदत हो गयील रहे एही से उनकर माई हर समय उनके "भददा" कहल करस। ऊ अपनी माई के खुश करे खातीर एतना कोशीश करस कि ऊ काम करत समय नरभस हो जावे अऊर उनकी हाथ से समान छुट के निचे गिर जाये अऊर एहतरे उनकर कोशीश खराब हो जावे।

जेवनी लइकन के ऊ आपन संगी बनावल चाहे उसब उनके इनकार कर देब स। एहसन हमनी के कइ लोगन के जीवन में कबो ना कबो होला लेकिन जाँन एह बात से पुरा तरह टूट चुकल रहलन काहे की ऊ अपनी माई दोवारा पहीले ही इनकार कर दिहल गयील रहलन जब ऊ अपनी 10 वीं के साल में रहलन तब ही ऊ एगो लइकी दूवारा इनकार (ठुकरा) दिहल गइल रहलन जेके ऊ बहुत अधिक चाहत नहले। एह परकार ई सब घटना क फायदा उठावत शइतान उनकी मन में आपन गढ़ बना देले रहे। जाँन की लगे साहस क कमी होगयील रहे अऊर ऊ एगो लजाए वाला, डरपोक अऊर मूक आदमी बन गयील रहे। जाँन एगो निम्न परकार क सधारण आदमी बन गइल जेवन अइसन केवनो काम ना करे जेसे ओकर एगो दूसर पहचान बन सके। ऊ एइसन सोचे लागल रहलन कि "खुद जेवन सोचतानी ऊ केहू अऊरी के बतावे क जरूरत नइखे काहे की ऊ लोग हमरी बात पर केवनो धीयान ना दिह।" यदि तु चाहत बाड़ की तोहके पसंन्द करस तब तोहके उहे करेके होई तेवन ऊ चाहत बाड़े।

कई बार ऊ केवनो ना केवनो परशानी पर आपन बात करे के कोशीश करे कइले रहे लेकिन हर बार ओके हार क सामना करेके पड़ेल। तब ऊ ई फयसला लिहलन की अब ऊ कोशीश ही ना करीहे।

"आखीर में हमके हारही के बा एही से हम कवनो काम काहे चालू करी"? ई उनकर बिचार बन गयील।

## एहकर जबाब का ह?

**"प्रभु के आत्मा हमरा पे बा एह खातिर का ऊ गरीबन के सुसमाचार सुनावे खातीर हमरा के अभिषेक कइले बाड़न, अऊर कमरा के एह खातीर भेजले बाड़न कि बधुवन के छोड़ावे के अऊर अन्हरन के रोशनी पावे के सुसमाचार के परचार करी अऊर सतावल लोग के छोड़ाई अऊर हम प्रभु के खुश रहे के बरस के परचार करी।"**

**लूका 4:18–19**

जाँन अऊर मरियम क ई समसीयाओ के देख के ई कलपना कइल कठीन नइखे की उनकर परिवारीक जीवन कइसन होई। याद करी हम कहले रहनी की उनकी जीवन में बहुत ढेर कलह जनम ले ली हले रहे। अधिकतर कलह से झगड़ा ना उपजे ला। कलह से घर में एगो क्रोध के वातावरण बन जाला जेके सब आदमी महसूस त करेला लेकिन ओहसे उभरल ना चाहेला। घर क कुल वातावरण खतरनाक हो जाला अऊर इहे शइतान के बहुत हि अधिक पसंन्द ह। जाँन अऊर मरियम अऊर उनकरी लइकन क का होई? का ऊ एकहे ठिक कर सके लन?

ऊ मसीह हउवन जा–ई लज्जा क बात होई अगर उनकर वियाहीत जीवन अऊर परिवार एह परकार बरबाद हो जाई। सही में इ उनकन पर ही निभर करता। एह बारे में फैसला लेबे खातीर पवित्रशास्त्र के ई पद जेवन लूका 8:31,32 में पावल जाला उनकर मदत कर सकेलन। जदि ऊ परमेश्वर की बचन क अध्ययन करत रहे, तब ऊ सत्य के पहचान जईहे अऊर ओ सत्य पर काम करत ऊ आजाद हो जइहें। लेकिन ओहनी दूनो के सबसे पहिले खुद के बारे में सचाई क सामना करे के होई अपनी वितल समय की सचाई के जाने के बा जइसन की परमेश्वर उन पर परघट करत बाड़ी।

बचन के दूवारा सचाई हमेशा परघट होला लेकिन दुख क बात ई बाकि लोग जलदी एहके ना मानेलन। अपनी गलत आदत क सामना कइल अऊर उनसे निपटल एगो दुख दायी काम क। अधिक लोग अपने गलत बेवहार के सही कहेलन। ऊ अपनी बितल समय के याद करत रहेल जेवना से उनकी जीवन में एगो नाकारात्मक बेवहार आ जाला।

हमार बितल समय इ त बता सकेला की हमनी क पीड़ा में काहे बानी जा।

हर एगो आदमी के गुलामी के बंन्धक से आजाद करे खातीर यीशु अपनी वादा के पुरा करे खातीर हमेशा हमनी के पास खड़ा रहेलन। जिवन के हर जगह में जित क आगरी रेखा तक हमनी के साथ लगीहे यदि हम उनकरा के साथे चले खातीर तैयार बाड़ी तब।

## नीवारण

**तोहन लोग केवनो अइसन जाच में नइख पड़ल जऊन आदमी लोग के सहल से बाहर बा परमेश्वर सच्चा हउवन; ऊ तोहन लोग के**

**सामर्ध से बाहर जाच में ना पड़े दिहन बाकी जाच के संगे–संगे बचला के उपयीपो भी कर दिहै कि तोहन लोग ओके सह सक।**

**1 कुरिन्थियों 10:13**

हम ई आशा करत बानी की आप एह उदाहरण से समझ जाइब की शइतान केवनी परकार एह परिशितीयन के लाभ उठा के हमनी के जीवन में गढ़न के बना देबेलन, केवनो तरह हमनी के मन की युद्धभूमि में लड़ाई चालू कर देला। लेकिन परमेश्वर क दूहाइ होवे की एह गढ़ो को ढाह देबे खातीर हमनी के लगे आत्मीक हथियार बा। परमेश्वर हमनी के अकेले ना छोड़ेली। 1 कुरिन्थियों 10:13 में परमेश्वर हमनी सबही से वादा करेलन की ऊ हमहन के सामर्थ से बाहर जाच में ना पड़ने देगा लेकिन हर एक चाज के साथ ऊ हमहन लोग क उपाय भी करेलन।

हमनी में से एगो हो सकेला मरियम या जॉन के जइसन होखे। हमके बिसवास बा की हमनी में से ढेर लोग एह दशा में रिस्ता रखे ल। उनलोगन क मुशीबद उनके बेवहार अऊर बिचार में हो उनक बाहर के व्यवहार भीतर के जीवन क एगो परछाही होला। शइतान ई अच्छी तरह से जानेला की जदि ऊ हमनी के बिचार के बस में कर सके ला त हमनी के कामो पर भी आपन जोड़ बना सकेला।

आपकी जीवन में भी हो सकेला एइसन गढ होखे जेवना के तोड़ल जरूरी बाटे। हमके आपके हिमत दिहला के साथे ई कहे के बा कि “परमेश्वर तोहरी ओर बाड़न।” आपकी मन की युद्ध भूमि में एगो लड़ाई चलत बा बाकी सुसमाचार ई बा की परमेश्वर इ लड़ाई में तोहरी पक्ष में बाड़ी।

*प्रस्तावना*

2

# एगो जरूरत

*प्रस्तावना*
**2**

# *एगो जरूरत*

> *काहेंकि जइसन ऊ अपनी मन बिचार करेलन ओईसन खुद बाड़न*
> नीतिवचन 23:7

पवित्रशास्त्र क इ एगो पद हमनी के बतावेला की ई केतना जरूरी बा कि हमनी क सही ढंग से बिचार कइल करीजा! बिचार में ताकत होला अऊर नितीवचन क लिखे वाला बतावेला की बिचार में काम शक्ति होला। जदि हमनी के बिचार ई निश्चित करेलीजा कि हमनी क कइसन बानी जा तब ई हमनी क प्राथमिकता होखे के चाही की हमनी क सही बिचार करिजा।

ई अति बहुत जरूरी बा की महनी क इच्छा परमेश्वर के लायक हो सकें।

*आप सकरात्मक जीवन में नाकारात्मक मन नइखी रख सकत।*

## देह क मन अऊर आत्मा क मन

**काहे की शारिरीक आदमी देह के बात पर मन लगावेला बाकी आत्मीक आदमी आत्मा पर मन लगावेलें**

**रोमियों 8:5**

रोमियों क आठवा अध्यास हमनी के सिखावेला की जदि हमनी के देह के बात पर मन लगावत बानी जा त तब हमनी क आत्मा दोवारा नाही चलावल जा सकेलीज गर हमनी क आत्मा की बात पर मन लगावेली जा तब हमनी क आत्मा दोवारा चलावल जात बाड़ी जा एहके दूसरी तरिका से देखल जाव। जदि हम नाकारात्मक अनुचित अऊरी गलत देह क बिचार रखल जाई तब हमनी क आत्मा दोवारा ना चलाव जा सकेली जा। अइसन लागे ला की एगो विजई मसीह जीवन जिए खातीर परमेश्वर क इच्छा रखल बहुत जरूरी बा।

कबो–कबो अइसन समय आएला जब हमनी के आदमी ऊ सब जरूरी बातन पर धीयान देवे में असकीताली जा जेह पर ख्याल कइल बहुत अधिक जरूरी बा। जब हम ई जान जाली जा की जदि ई बात के एहीसही छोड़ दिहल जाब त ओकर भयंकर फल होई तब हमनी क ओकरी बारें में सचेत हो जाली जा।

उदाहरण– खातीर तोहार एगो बयंक आपके ई बतावे ला कि अपनी–अपनी खाता स 850 रूपया अधिक निकाल लिहले बानी तब आप तुरन्त अपनी परिशानी के समधान करल चाही ला।

जॉच खोज कइला के बाद आपके मालुम होला कि आप अपनी खाता में जमा खाता में पइसा जमा ना कइले रहली जेके आप सोचत रहली की आप जमा कर चुकल बानी। आप जलदी पइसा लेके बैंक में जमा करें खातीर भागी ला ताकी आप केवनों परशानी में ना पड़ जाई।

एही तरह आप भी मन के नया कर ली। जदि आप सालन से गलत ढंग से बिचार करत बानी तब आपक जीवन ऐगो अव्यवस्थीत बनके रह जाई। आपके इबात के समझल बहुत जरूरी बा की आपक जीवन तब तक अच्छाा ना बन सकेला जब तक आपक मन अच्छा न हो जाय। शइतान जेवन आपके मन में गढ़ बना लिहले बाढ़े उनके तोड़े खातीर आपके सचेत अऊर गमीर होखे के होई। बचन बढ़ाई अऊर प्रार्थना के हथियारन क परयोग करीं।

## आत्मा के दूवारा

**....न त बल से अऊरी ना ताकत से परन्तु हमार आत्मा दोवारा यहोवा क इहे बचन बा**

**जकयहि 4:6**

आजादी पइला क सबसे बढ़ीया तरिका ह पमेश्वर से मदत मागल अऊरी कई बार मॉगे के बा पराधना (मागल) आपके लगे एगो हथियार बा।

खाली संकल्प के दोवारा आप केवना दशा के उपास ना कर सकीला संकल्प त करल ह परन्तु इ संकल्प पवित्र आत्मा के दोवारा होवे के चाही देह के परियतन दोवारा नाही। पवित्र आत्मा आपक मदतगार ह ओकर मदत लेहीं। ओहये विशवास करी जा आप खाली अपना से हि उपाय नाही नीकाल सकीले।

## एगो जरूरत

एगो बिसवासी के सही सोचे के जरूरी बा ई जरूरत ऊ चीज ह जेकरा बिना हम जिवित ना रह सकीले। जइसे जिन्दा रहे खातीर दिल क धड़कन खून क चलल जरुरी बा एकरी बीना जिन्दगी नइखे।

प्रार्थना अऊर बचन के दोवारा परमेश्वर के साथे विशेष संगती रखल ई सचाई के वर्षो पहीले परमेश्वर हमरी पर परगठ कइले रहले। इन चिजो के करे खातीर अपनी आप के अनुसासीत करे के पड़ल रहे जेइसे हम परशानी क सामना करत रहती जब परमेश्वर हके बतवली की ई जिवन खातीर केतना जरुरी बा। जेवनी तरह से हमार भौतिक जीवन कुछ जरुरी चीजो पर टिकल रहे आही तरह हमार आत्मीक जीवन बितावे पर टिकल बा। एक बार जब हम जाान लिहली की उनकी साथ संगती रखल केतना जरुरी बा तब हम एके अपनी जीवन में पहिला जगह दे दिहली।

एही तरे जब हम ई जान लिहनी की आजादी क जीवन जीये खातीर सही बिचार केतना जरुरी बा तब से हम अपनी इच्छा के बहुत सावधानी के साथ बढ़िया तरह से सोचे लागल बानी।

## जइसन आप सोचेली वइसने आप बानी

**जदि फेड़ के निमन कह त ओकर फर के भी निमन कह अऊर फेड़ के खराब कह त ओकर फर के भी खराब कह काहे कि फेड़ फरे से चिनल जाला।**

**मत्ती 12:33**

बाइबल कहेला की फेड़ अपनी फरे से चिनल जाला।

हमनी के जीवन में भी ई सही बा। बिचारों में फर लागेला। अच्छा बिचार अच्छा फर हमनी के जीवन में लियावे ला।

सही में आप केहू आदमी क बेवहार देखर कर जान जाइला की ओकरा जीवन में केवनी तरह के बिचार अलग स्तर के अऊर दोष लगावे वाला ना होला। ओही तरह एगो दुष्ट आदमी के बिचार अच्छा अऊर प्रिय ना होला।

नीतिवचन 23:7 याद रखी अऊर जपनी जीवन में एहके उतार लेई जइसन आप अपनी मन में बिचार करि ला वइसने आप बानी।

## प्रस्तावना
## 3

# हिमत ना हारी

प्रस्तावना 3

# *हिमत ना हारी*

*हमनी क बढ़ीया काम करे में हीमत ना हारी जा, काहें कि यदि हमनी क कमजोर ना होखी जा त ठीक समय पर कटनी काटल जाई।*

गलतियों 6:9

आपके अपनी जीवन अऊर मन क दशा केतनों भी खराब काहे न रहे हिमत ना हारी। शइतान जेवन क्षेत्र आपक चोरा लिहले बा ओहके फिर से वापस ले लेई। जरुजरत अनुसार एक हाली में एक इंच के वापस लेली अपनी योगता अनुसार नाही बाकी परमेश्वर के दया के निचे रही के एइसन करी ताकि परमेश्वर के मन के अनुसार आपके एकर फर मिले।

गलतियों 6:9 प्रेरित पौलूस हमनी के लागल रहे खातीर हिम्मत देलन दोड़े वाला ना बानी। हिमत छोड़ देबे वाला आत्मा ना रखी। परमेश्वर एइसन आदमी के खोजतान जेवन उनकी साथे चले खातीर तईयार बा।

## पुरा करी

**जब तू पानी में होके जइब हम तोहरा संगे संगे रहब अऊर जब तू नदि में होकर चले तब ऊ तोहके ना बोर सकी। जब तु आगी जल चल तब तोहके आछ ना लागी अऊर ओकर आछ तोहरा के ना जारा सकी।**

**शमाह 43:2**

जदि तु अपनी जीवन में चाहे जइसन भी अनुभव काहे ना करत बाड़ कइसनों भी समसीया क सामना काहे न करत बाड़ हम तोके हिमत देत बाड़ी लागल रह हिमत ना हार।

ह हलक्कूक 3:19 के जरिए परमेश्वर अपनी गोड़ के हरिन के जइसन बना देबे लन ऊ हमनी के उचा स्थान पर चलावलन (डर से एगो जगह पर चुपचापखड़ा ना रहेलन बाकी चलावलन) है।

परमेश्वर हमनी के साथे रही के हमनीकी आत्मीक उनती में मदत करेलन अऊर हमनी के बल देलन अऊर परशानी के समय हिमत ना हारे क।

## चुनाव आपके करें के बा।

**हम आज आकश अऊर धरती दूनो के तोहरी आगे एह बात क सक्षी बनावत बानी, की हम जीवन अऊर मउवत, आशीर्वाद अऊर श्राप के तोहरी आगे रखले बानी एह खातीर तू जीवन के ही अपना ल कि तू अऊरी तोहार वंश जिन्दा रहसां।**

**व्यवस्था विवरण 30:19**

हजारन परकार क बिचार हरदिन हमनी की आगे लियावल जाला। मन के नाया करे के होखी ताकी ऊ आत्मा क अनुसरन करे देह क ना। हमनी के संसारिक मन एतना ढेर आजाद हो गइल बा की हमनी के गलत ढंग से सोचे खातीर कुछ ना कोशीश करे के पड़ेला।

दूसरी तरफ, हमनी के उदेश्य से भरल चुनाव सही बिचारन क करे के बा। जब हमनी क भरपुर निरणय क लिहले बाड़ी की हमनी क मन परमेश्वर की मन जइसन ही रहे तब हमनी क सही बिचारन क सही चुनाव करे के होई।

जब हमनी क ई अनुभव कइल चालू कर देयी की मन क लड़ाई बहुत कठिन बा अऊर हमनी क एहके ना लड़ पावल जाई तब हमनी के एह परकार क बिचारन के उखार के फेक देबे के होई, एकरी बिपरीत हमनी के ई सोचे के होई की हमनी क ई लड़ाई पुरा कर सकत बानी जा ना खाली हमनी के ई सोचे के बा की हमनी क ई लड़ाई पुरा कर सकत बानी जा अऊर हनमी के ई भी निरणय करे के बा की हमनी के ई लड़ाई छोड़ नइखे देबेके। संकाअयन अऊर डर के आकरमण के द्येराईल हनमी के एगो मजबूत निरणय लेबे के बा अऊर कहे के बा, “हम कबो भी हिमत ना छोड़ब। परमेश्वर हमरी ओर बाड़न ऊ हमसे प्रेम करेलन अऊर हमार मदत करत बाड़न।”

अपनी पुरा जीवन भर में अऊर आपके कइगो चुनाव करे के होइ व्यवस्था विवरण 30:19 में परमेश्वर अपनी लोगन के ई बतवले बाड़न की ऊ उन्हन की आगे जीवन अऊरी मऊवत दूनो रखले बाड़न अऊर उन्हन के जीवन के चुने खातीर प्रेरित करत बाड़न। अऊर नीतिवचन 18:21 में हमनी के इ बतावल गइल बा की की बस में जीवन अऊर मऊवत दूनो बा अऊर जे भी ओके काम में लीयावे जानत बा ऊ ओकर फल भोगी।

हमनी क विचार क आवाज बन जाला। एखातीर इ बहुत जख्ती बा की

हमनी क जीवन दयनीय विचार के चुनल जाव। जब हमनी क अइसन करल जाइ तब आछा ही बात हमनी के मुह से निकली।

## हिमत ना हारी

जब लडाई अनन्त बुझाए लागे अऊर आप ई सोचे लागी की आप ई लड़ाई ना लड़ सकब, तब आप खीयाल राखी की आपके ई आपन दुनियादारी अऊरी देहधारी मन के नया बनावे के जरूरत बा ताकी ऊ एहीसन ही सोचल चालू कर देबे जइसन परमेश्वर सोचेलन।

कबो ना होखे वाला? *नाही!*

कठिन? *हॉ!*

तनी सोची आपकी दल में परमेश्वर बाड़े! हमरा के विश्वास बा की ऊ सबसे बढ़िया कम्प्यूटर प्रोग्राम बाड़न (आपक मन कम्प्यूटर के जइसन बा जेवना में आपकी पुरा जीवन काल क कूड़ा प्रोग्राम कइल गोइल बा) परमेश्वर आपकी उपर काम करत बाड़े आपकी इच्छा के बस मे करीहन जब आप उनकरा के एइसन करें के नेवता देइब। ऊ आपके मन के नया करत बाड़े। उनकरी साथे खाली सहीयोग करी अऊर हिमत ना हारी।

ई निश्चित रूप से समय ले जाई अऊर ई सब आसान ना होई, लेकिन आप सही दिशा में जात बानी, अगर आप सोच के ईश्वर की जेइसन चुनत बानी त कुछ करत बानी। आप क खुद क समय नुकसान होई जेवन आप क समय जात बा अऊर आपन जीवन के आराम खातिर एगही गंदगी में रहे के नइखे।

## घुमि अऊर बस में कर लेई

**हमनी क परमेश्वर हेरोग के लगे हमनी से कहले रहलन, कि तोहनी लोग के इ पहाड़ के लगे रहत ढेर दिन होगइल बा, एहखातीर अब इहवा से चल, अऊर एमोरियो के पहाड़ी देश के अऊर का आराब में, का पाहाड़न में का नीचे की देश में, का समुन्द्रर की तीर पर, जेवन लोग एमोरियन के लगे रहे लन।**

**सुन, हम ऊ देश के तोहन लोग के आगे कर देत बानी, जेवना देश के बारे में यहोवा इब्राहीम इसहाक, अऊर याकूब, तोहन लोग के पुरवज**

**से शपथ खा के कहले रहनलन की हम एके तोहके अऊर तोहरा वंश के देहब, ओहके अब जाके अपनी बस मेंकर ल लोग।**

**व्यवस्था विवरण 1:6–8**

व्यवस्था विवरण 1:2 में मूसा इसराइलीयन के कहले रहलन की कनान (परतीज्ञा क भूमि) देश के पास पहुचला में बस 11 दिन क रास्ता बा लेकिन तब भी उहवा जाये में चालीस बरीस लाग गयील। फेर पद 6 में उनसे कहले “परमेश्वर हमनी से इ कहेलन की तूलोग के एह पहाड़ के लगे रहत ढेर दिन हो गयील बा”।

का आपके भी ओ पहाड़ के लगे रहत ढेर दिन हो गयील बा? का आपक भी एगारह दिन का रासत के पुरा करे में चालीस बरिस लगा दिहले बाड़ी!

हमरी खुद की जीवन में, हम अब आछा से जाग गईल बाड़ी अऊर हमके अइसन लागत बा की हम कही भी नइखी जात। हम बिना जित क मसीह बानी। जॉन अऊर मरियम के जइसन हमरी भी मन में गलत सोच अऊर दिमागी गढ़ बरसों के बिच में बन गइल रहले। शइतान हमारा से झूठ बोलले रहे अऊर हम ओपर बिसवास कर लिहले रहनी। एह कारण में धोखा में जियत रहली।

हम एकही पहाड़ पर गइल रहनी, ढेर समय 40 बरिस बितवले रहनी। का एगो बहुत कम यात्रा कर सकत रहे? हम ईश्वर के शब्द के सच में जानल जाला।

परमेश्वर हमरा के इ देखवलन की इसराइल जंगल में भटकत रहले काहेकी उनकर सोच जंगली रहे–एगों गलत ढंग से सोचल, जेवन उनके गुलाम बना लिहले रहे, हमनी क एह बार आगे वाला अध्ययन में देखेके लेकिन अबही हम आपके एगो विशेष निरणय लेबे खातीर उभारत बानी की आप आपन मन नया बना ली अऊर अपनी बिचार चुनाव चलाकी से करी। मन में ठान लेही की आप हिमत ना छोड़ब जब तब की जीत ना जाइ अऊर अपनी अधिकार के पाना लेयी।

*प्रस्तावना*

4

# धीरे–धीरे कर के

# धीरे–धीरे कर के

प्रस्तावना 4

*तोहार परमेश्वर ओह जातीयन के तोहरी आगे से आइस्ता–आइस्ता नीकाल दिहन त त एक दम से उन्हन क खतमा ना कर पेईब, नाहि त जंगली पशु बढ़ के तोहार नुकसान करिहे।*

व्यवस्था विवरण 7:22

आपक मन धीरे–धीरे नया होई अतः उदास ना होई आपके अगर लागत की प्रगती बहुते धीरे बा।

परतीज्ञा की देश में घुसला से पहीले परमेश्वर इस्राइलीय न से कहले रहले की ऊ धीरे–धीरे उनहन के विरोधी न के उनहन के आगे से हटा दिहन ना ही त जंगली पशु उनकरा बिच में बहुत ज्यादा बढ़ जहीयन स।

हम विश्वास करत बाड़ी की घमण्ड ही जनवर ह जदि हमनी के आजादी जलदी मील जाई। सही में ई अछा होला जदि एक हाली में एक ही जगह में आजादी पावला खातीर हमनी क काम करी। एह परकार पावल आजादी के हमनी क ढेर समझ पाइव तब हमनी क जान जाइब जा की ई सही मे परमेश्वर क बरदान ह जेके हमनी क अपनी ताकत दोवारा ना पा सकेली जा।

## आजादी से पहीले दुख

**अब परमेश्वर जेवन अनुगरह क दाता हऊव जे तोहके मसीह में आपन अनन्त महिमा खातीर बुलवलन तोहन लोग के थोड़ा दुख सहला के बाद सगरी अनुगरह के परमेश्वर जे तोहन लोग के मसीह में हरमेशा रहे वाला आपन महिमा खातीर बुलवले बड़न उ खुदही तोहन लोग के स्थिर अऊर बलवान अऊर बनइहे।**

**1 पतरस 5:10**

हमनी क “थोड़ी समय तक” दुख काहे उठावे के बा? हम विश्वास करीला की जेवना घड़ी इ हम जान लेनी जा की हमनी के आगे जेवन परशानी बा जब तक यीशु हमनी के छुड़ा ना लिहन हमनी के पारशानी क सामना करे के पड़ी लेकिन जब हमनी क आजाद हो जाइल जी तब हमनी के अऊरी खुशी होला।

जब हमनी के खुद से कुछ कइला के कोशीश करेलीजा तब हमनी असफल हो जालीजा अऊर तब हमनी क ई महसूस करेली जा की हमनी क उनक इनजार करे के चाही, हमनी क हृदय धन्यबाद अऊर बड़ाई से भर जाली जा जब ऊ खड़ा होवेलन अऊर हमनी क काम करेलन जेवन हमनी क खुद से ना कर सके ली जा।

## सजा क इजाजत नइखे

**एह से अब जे प्रभु यीशु मसीह मे बा उनकरा पर दण्ड के हुकूम ना होई काहे की देह के अनुसार ना बाकी आतमा के अनुसार चलताड़े**

**रोमियों 8:1**

जब आप खराब दिन से गुजरत बाड़ी तब आप धिकार गरहण ना करी। जलदी उठ के खड़ा होजइ धुर झारी अऊर नया सिरा से चालू करी। जब एगो लइका चलल सीखे ला त ऊ कई बार गीरेला ओकरी बाद उ ठीक से चले सिख जाला अऊर खुश होला। जब भी ऊ गीरेला त रोवे ला बाकी एगो बात ओकर आछा बा की ऊ फिर खड़ा हो जाला अऊर चले के फिर कोशीश करे लागेला।

हमनी के मन के नया होखला से शइतान रोके के हर परकार क कोशीश करी। ऊ इ भली भाती जानता की एक बार हमनी क सही बिचार कइला के सीख जाइल जी अऊर बुरा बिचार के हटा दिहल जी त हमनी के उपर से ओकर बस खतम हो जाई। उ हमनी के रोके खातीर धिकारी अऊर निरूत्साहीत करी।

जब धिकार हमनी के आगे आवेत हमनी के बचन क परयोग करी। रोमियों 8:9 क उदाहरण देयी शइतान अऊर आप खुद के याद दिलाई की आप देह के अनुसार ना चलेनी। देह के अनुसार चलला क मतलब बा खुद पर भरोसा कईल आतमा के अनुसार चलला क मतलब बा परमेश्वर पर भरोसा रखल।

जब आप सफल हो जाई (जेवन की आप होइब) एहकर मतलब इ नइखे की आप कमजोर हो गयीली। एकर आसान मतलब ई ह की आप सब चीज सही तरिका से ना करिला। हमनी सबके सच जान लेबे के चाही की हमने मे ताकत के साथे कमजोड़ी भी बा अपनी कमजोरी मे ख्रीस्ट के मजबूत होखे देही अपनी कमजोरी के समय मे उनके आपन बल बने देही।

हम फिर कहतानी की “धिकार गरहण ना करी।” आप पुरा तरह से जीतब, बाकी एहमे समय लागी काहे की ई धिरे–धिरे होई।

# तिरूत्साहि ना होई

**हे हमार पराण तू काहो गीरल जातड़? अऊर तू भितरे–भितरे काहे बेचैन बाड़? परमेश्वर पर आश लगवले रह, काहे की हम उनकर दरशन पाके उनकर धन्यबाद करब।**

**भजन संहिता 42:5**

निरूत्साह आश के खतम कर देबेला एही से शइतान हमेशा के निरूत्साहित कइला के कोशीश करेला। आश बिना हमनी क हिमत छोड़ देनीजा बाइबल हमनी के बार–बार बतावेल की हमनी के निरूत्साहित अऊर साहस हीन ना होखे के चाही। परमेश्वर जानताड़े की हमनी क जीत कभी ना पावल जाई जदि हमनी क निरूत्साहित हो जाइल जी अतः ऊ हमेशा हमनी के उभारेलन जब कबही हमनी क केवो योजना पर काम करल चालू करेलीजा ऊ हमनी से कहेलन, "उदास" मत होख। परमेश्वर चाहेलन की हम उतसाहीत रही उदास ना।

जब उदासी अउर धिकार आपके घेर लेला तब आप अपनी बिचार जीवन क जाच करी। केवनी तरह क बिचार आप सोचतानी? का ऊ एइसन व नइखे?

"हम ई ना कर पाइब, ई बहुत कठिन बा। हम हमेशा असफल हो जाली। सब कुछ वइसने रहेला कुछउ ना बदले ला। हम सही बाड़ी की अउरी लोगन के अपना मन के नया करेमे एतना परशानी क सामना ना करे के पड़त होई। अछा होई की इ हम छोड़ देही। हम कोशीश करत–करत सिहरा गइल बानी। हम प्रार्थना करीला त एहीसन लागेला की परमेश्वर हमार ना सुनेलन हो सकेला की ऊ हमरी काम कइला की ढंग से नराज हो गइल होखे अऊर एही कारण हमरी पराथना क जबाब ना देलन।"

जदि आपक भिबिचार एहीसने बा त कुछ अचमभा क बात नइखे की आपो भी निरूत्साहित हो जाइब। अऊर धीकार के गुलाम हो जाइब। याद रखी आप 'ओइसने बन जानी जइसन आप सोचीला। निरूत्साहित बिचार कइला से आप निरूत्साहित हो जाइब। धिकार वाला बिचार सोचला से तू धिकार के गुलाम हो जाइब' आपन बिचार बदली तब आप आजाद हो जाइब।

नाकारातमक ढंग से सोचे के जगह पर आप एह परकार सोची।

"हालाकी हर बात बहुत धीरे चाल से चलत बा बाकी परमेश्वर क धन्यबाद हो की हम उभर रहल बाड़ी। हमरा के निशचीत बा की हम सही रास्ता पर

बड़ी जेवन हमके आजीदी की ओर लेजाता। काल क दिन एगो बहुत खराब दिन रहे। हम दिन भर गलत बिचार करत रही। हे प्रभु हमके क्षमा कर अऊर आगे बढ़े में मदद कर।" हम एगो गलती कइले रहनी लेकिन दूबारा गलती ना करब। ई एगो नया दिन बा। परमेश्वर तू हमरा से प्रेम करेल। तोहार दाया हर सबेरे नया होला।

"हम निरूत्साहित होखला के इनकार करत बानी हम धिकार के भी इनकार करत बानी, हे पिता बाइबल कहेला की तू हमके ना धिकार। तू यीशु के हमरी स्थान पर मरे खातीर भेजल। हम ठीक हो जाइब आज क दिन एगो महान दिन होई। सही बिचार के चुने में आप हमके आज मदद कइली।"

हमके निशचीत बा की एह परकार क साकारातमक प्रसनचित परमेश्वर जेइसन सोच में आप जरूर ही जीत क अनूभूति कर सकीला।

हमनी क हर एगो चीज तुरन्ते चाहेनी जा। हमनी के भीतर धैर्य क फर बा लेकिन ओहके हमनी क बाहर कर देले बानी जा। हमनी के आजादी देबे खातीर परमेश्वर आपन पुरा–समय लेन।

प्रतिक्षा के ई कठिन समय क उपयोग ऊ हमनी क विसवास बढ़ावे खातीर करेलन। अऊर धैर्य के आपन आधा काम करे देलन (याकूब 1:4) परमेश्वर क वखत सिद्ध बा। ऊ कबो देर ना करेलन।

इहवा एगो दूसर बढ़ीया बिचार बा सोचे खातीर "हम परमेश्वर बिसवास करेली। हम बिसवास करत बानी की ऊ हमरी भितर काम करत बाड़न चाहे जेइसन भी हम महशूस करि चाहे परिसिथिया कइसनो भी काहे न हो। परमेश्वर एगो अछा काम हमरी पर चालू कर दिहले बड़न, अउर ऊ एके अन्त तक पहुचइहे।" (फिलिथियो 2:13.16)

एह परकार आप अपनी बचन क हथियार गढ़वन के ढ़ा देबे में कर सकीला। हम आप से बिनती करत बानी ना खाली आप सही बिचार करी बाकी चिलीलाके आप ओहके मानी। याद रखी परमेश्वर आपके धिरे–धिरे छुड़ावत बाड़न अतः उदास मत होई अउर धिकार क अनुभव ना करी अगर आपसे कवनो गलती हो जाता त अपनी आप में धिरज रखी।

प्रस्तावना

5

# साकारातमक बानी

प्रस्तावना 5

# सकारातमक बानी

> *जइसन तोहार विसवास बा ओइसने तोहरी खातीर होख।*
>
> मत्ति 8:13

साकारातमक मन साकारातमक जीवन क निरमाण करेला। नाकारातमक मन नाकारातमक जीवन क निरमाण करेला। साकारातमक बिचार हमेशा बिसवास अऊर आशा से भरेल होला नाकारातमक बिचार हमेशा डर अउरी संका से भरल रहेला।

कुछ लोग आशा करे में डरेलन काहे की उलोग अपनी जीवन में चोट खइले बड़न। कई बार ऊ निराश क सामना कर लिहले बाड़े अऊर अब उनके नइखे लागत की ऊ अऊर दुख क सामना कर सकेलन। एही कारन ऊ लोग आशा छोड़ दिहले बाड़े ताकी ऊ अउरी उदाश ना होखे।

एह नरह ऊ आशा के अलग करके चोट खइला से बचल रहेलन। उदाशी चोट पहुचावेला। अतः बहुत लोग चोट खइला से बचे खातीर आशा के इनकार कर देलन ऊ ई विश्वास करे लन की उनके साथे कबो आछा ना होई। एह परकार के बेवहार से उनकर जीवन शैली नाकारारतमक हो जाला। हर चिज नाकारातमक बन जाला काहे की उनहन लोग क बिचार नाकारातमक होला। नीतिवचन 23:7 याद की जइसन ऊ अपनी मन में बिचार करेलन ओइसन ऊ खुद हउअन।

कई बरिस पहीले हमहू नाकारातमक रहली। हम हमेशा कही की जदि लागातार हम दूगो साकारातमक बिचार सोची त हमार मन दुख में फस जाई। हमार पुरा सोच एही परकार क रहल "जदि आप कुछउ आछा घटला क आशा नइखी करत तब आप बिलकुल भी उदास ना होखब जब एइसन ना होई।"

हम अपनी जीवन में कईगो उदासी क सामना कईली बहुत नष्ट, भ्रष्ट करे वाली घटना हमरी साथे घटल हम ई विसवास करे में डर जात रही की कुछ आछा भी हो सकेला। हर बात खातीर हमार नजरीया बहुत ही नाकारातमक रहे जइसे हमार पुरा बिचार नाकारातमक रहे अइसन ही हमार बोली।

अऊर हमार जीवन भी रहे जब हम सही में बचन क अध्ययन करे लगली

अउर परमेश्वर पर विसवास करे लगली तब पहीला बात जेवन हम सीखनी ऊ ई की हमके नाकारातमक बिचार छोड़े के होई।

मती 8:13 में यीशु हमनी के बतावलन की जइसन हमनी विसवास करेलीजा वइसने हमनी खातीर होई। जो भी हम विसवास करत रहली ऊ सब नाकारातमक रहे एही कारण बहुत नाकारातमक घटना भी हमरी साथे घटला एकर मतलब ई नइखे की हम अउरी आप खाली सोचले के दोवारा हर एगो ऊ चीज पा सकेली जा जेवन हमनी चाहेली जा परमेश्वर के लगे हमनी में से हर लोग के खातीर एगो सिद्ध योजना बा अऊर हम अपनी बिचार अऊर शब्द दोवारा ओहके अपनी बस में ना ले सकेली बाकी हमनी क सोच अऊर बोल उरकर इछा अऊर योजना उनकी अनुसार होखे जेवन ऊ हमनी खाती ठहरवले बाड़े।

जदि आपके एकर अन्दाज नइखे की परमेश्वर क इछा आपके खातीर का बा तब आप एइसन सोच सकत बानी "हम परमेश्वर क योजना नइखी जानत, लेकीन ई जानत बानी की ऊ हमरा से प्रेम करेली। जेवन भी ऊ करेली अछा होई अऊर ओहसे हमके आशीर्वाद मिली। अपनी जीवन के बारे में साकारातमक ढ़ंग से सोचल चालू कर दिं। हर परिसिथिती से साकारातमक रहे क कोशीश करी। चाहे आपकी जीवन में कुछउ भी आछा ना हो रहल होखे परमेश्वर पर आशा रखी की ऊ एइसन परिसिथिती में भी कुछउ आछा ही लेकर अईहें जइसन की अपनी बचन में परितिज्ञा कइले बाड़े।

## सगरी बात भलाई उतपन करेला

**हम जानतानी कि जवन लोग परमेश्वर से प्रेम रखत बाड़े उनकरा खातीर सब बात मील के भलाई पइदा करेला एसे ही उनही के खातीर जे उनकरा परमेश्वर के इच्छा के अनुसार बोलावल गइल बाड़े।**

**रोमियों 8:28**

पवित्रशास्त्र इ ना कहेला की सब बात भाला ह बाकी कहेला की सगरी बात मील के भलाई पइदा करेला।

मान लेई आप बजारे जाए क योजना बनावत बानी। आप मोटरगाड़ी पर बइठ जाली लेकिन ऊ चालू ना होला। एह परिसिथिती के आप दूगो तरिका से देख सकत बानी। आप कह सकीना हम जानते रहली। ई कबहू असफल ना होला। हर बार जब हम कुछ करे के सोची ला त तब सब खराब हो जाला।

हमके पता रहल ह की ई बजार जाए वाला प्रोग्राम एकही बार में खतम हो जाई। हमरी पुरा योजना के साथे हर बार एहीसही होला।" या आप यह भी कह सकीला की "हम बाजार जाइल चाहत रहनी ह लेकिन एइसन लागत बा हम अबे ना जापाइब। हम थोड़ी देर के बाद चल जाइब मोटरगाड़ी ठीक हो जाई। एह बीच हम एइसन विसवास करतानी की एह कारीकरम के बदलल की कुछ हमरी खातीर आछा लाई। हो सकेला केवनो बात हो जईसे आज हमके घरवे रहे के पड़े अतः आपन समय यहा अब हम मजा से बितावत बाड़ी।" रोमियों12:16 में प्रेरित पौलूस हमनी के बतावेलन की हमनी के लोगो अउरी चीजो के बिच कुछ समाजस बना के रहे के बा। एकर अर्थ ई बा की हमनी के ई सीख लेबे के चाही की हम ओह आदमी की तरह सीख लेबे के चाही लेकीन जब योजना बिफल हो जाला त हमनी के निरास ना होखे के चाही।

अबे कुछ दिन महीले एह नियम के अभयास में लावे खातीर एगो मोका मीलल रहल ह। डेव अऊर हम फलोरिडा में लेकवर्थ रहनी जा। हम तीन दिन से उहवा प्रभु क सेवहाई करत रहनी हजा। अब हमनी क आपन समान बाधत रहनी हजा ताकी समय पर हवाई अड्डा पहुच जायी। हम कस पैजामा, व्लाउज अउर सपाट जुता पहीने क बिचार कइले रहनी ताकी हम एह यात्रा के आराम से पुरा करी।

हम तैयार होइल चालू कइली बाकी हमके ऊ कस पजामा ना मीलल। हम ओके चारो ओर जोहली आखीर में ऊ अलमारी के निचे हिसा में रहे। ऊ हैगर पर से गीर गइल रहे हम अपनी साथे प्रेस भी लाइल रहनी अउरी हम ऊ पयेजामा के प्रेस के दोवारा ठिक कइला क कोशीश कइली। फिर हम ओके पहिन के देखली लेकिन अच्छा ना लागत रहे। अब हमरी लगे दूसर चुनाव रहे ड्रेस अउर ओकरी साथे एड़ी वाला जुता। एइसन स्थिती में हम महसूस करत रहली की हमार भावना बिगड़त जाता। आप देखत बानी की आप जेवन चाहत बानी ऊ हर समय हमनी के नामीलेला अऊर तब हमनी क भावना बदले लागेला अऊर हमनी क व्यवहार नाकारात्मक हो जाला। हम तुरन्ते ई जान गइनी की हमरी लगे एगो चुनाव बा हम चिड़चिड़ा सकत बानी काहे की जेवनी तरह क हम योजना बनवले रहली ओह तरह ई घटनाएं ना घटत रहे अऊर हम ई स्थिती में समाजस बना सकीला अऊर अपनी वापसी यात्रा क मजा उठा सकीला।

साकारातमक आदमी के साथे भी एहीसन हो सकेला की जइसन ऊ सोचेला ओइसन घटित ना होई। लेकिन सकारातम आदमी अपनी आप के ओही में

मगन रखेला चाहे कइसनाके काहे ना हो। नाकारातमक आदमी केवनो भी चीज में कबहू खुस ना हो सकेला।

नाकारातमक आदमी केहूवे के अच्छा ना लागेला हर एक योजना के प्रति ऊ आशाहीन रहेला। ऊ एगो कठिन आदमी लागेला। ऊ चिड़चिड़ाला दूसरी में दोष जोहेला। चाहे कोतनो अच्छा बात कहे न नइखे होत ऊ ओहू में कुछउ एइसन जोह लेला जेवन सबकी खातीर बाद में परसानी बन जाला केवनो समय हमहू ए नाकारातमक की सीमा पर रहली, हम एगो एइसन घर में गइली जेवन की नया सजावल रहे अगल बगल बढ़िया चीझन क बड़ाई कइला के बदले हम उहवा एगो अइसन कोना जोहत रहली जहवा पर हमके गंदगी लउक जाए। हम अब बहुत खुश बानी की यीशु हमके अब बढ़िया चीजन क मजा उठावे खातीर आजाद कर दिहले बाड़न। अब हम एइसन बिसवास रखी ला की खराब बात भी बढ़िया बात मे बदल जाला। जदि आप एगो नाकारातमक आदमी बानी धिकार क अनुभव ना करि। धिकार नाकारातमक होला। हम आपसे ई बात बतावत बड़ी जेसे की आप आपन नाकारातमक की परशानी के पहिचान जाई अऊर परमेश्वर पर विसवास रखी जे आपके एह मूसिबत से छुड़इहन।

आजादी क रास्ता उहे से चालू होला जबहमनी क अपनी परिसानी क सामना करे लीजा अउर ओसे डेरा के नामागेलीजा। हमके विसवास बा जदि आप एगो नाकारातमक आदमी हई त एकर भी एगो कारणा बा। लेकिन याद रखी बाइबल क दोवारा मसीही होखला क कारण अब आप एगो नाया आदमी बानी।

## एगो नया दिन

**अगर केहू मसीही में बा तो उ नया सृष्टि हवन पुरानी बाते बित गयी दख उ सब नया हो गईल।**

**कुरिन्थियों 5:17**

जब आप एगो नया सृष्टि बन गयील बानी, त आपके उ सब पुरान बात जेवन यीशु में आपकी नया जीवन के परभावित करेली, छोड़ देबे के बा। यीशु में नया जीवन बानी। परमेश्वर के बचन के अनुरूप आपके आपन मन नया करें के पड़ी आपकी खातीर भली बात होई।

मजा करि! इ एगो नया दिन ह!

## पवित्र आत्मा क काम

**तबही हम तोहन लोग से साथ–साथ कहतानी की हमार गइली तोहन लोगन, खातीर ठीक बा काहेकी जदि हम ना जाएब त उ मददगार तोहन लोगन के लगे ना अइहन पर जदि हम जाइब त उनकरा के तोहन लोगन के लगे भेज देइब।**

**अऊर उ आके दूनिया क पाप अऊर धार्मीकता अऊर नियाय के बारे में काम करिहे।**

**यूहन्ना 16:6–8**

नाकारात्मक से आजाद होखे में सबसे कठिन हिसा ह सचाइ क सामना कइल अऊर कहला, हम एगो नाकारात्मक आदमी हइ्र अऊर हम बदलल चाहत बानी। हम खुद ना बदल पाइब, लेकिन हम ई विसवास करतानी की परमेश्वर हमके बदलीहन अगर हम उन पर विसवास करी। हम जानत बानी एहमें बखत लागी अऊर हम खुद से निरूतसाहीत ना होवब। परमेश्वर हमरी भितर एगो अच्छा का कइल चालू कर दिहले बाड़े अऊर ऊ एहके अन्त तक लेजइह फिलिप्पियों 1:6

जब भी तू नाकारात्मकता क अनुभव कर तब पवित्र आत्मा से कह की ऊ हर बार तोहके दोषी ठहरावे। ई ओकरी काम क एगो हिसा है।

यूहन्ना 16:6–8 हमनी के बतावे ला की पवित्र आत्मा हमनी के पाप अऊर धार्मीकता अऊर नीयाय के बारे में दोषी ठहरावे ला। जब आप खुद के दोषी मान लेनी तब परमेश्वर से अपने खातीर सहायता मॉगी। एइसन खुद ना सोची की ई काम आप खुदे कर लेइब। ओहपर निरभर रही।

हालाकी हम बहुत ढेर नाकारात्मक रहनी परमेश्वर हमके सीखवलन की जदि हम उनपर विसवास करी त ऊ हमके साकारातमक बना दिहे अपनी मन के साकारातमक ढंग से रखे खातीर हमके बहुत ढेर कठिनाई क सामना करे के पड़ रहे। अब हमके नाकारातमक बिलकुल पसन्द नइखे। इ ओह आदमी के जइसन बा जेवन धुम्रपान (नाशा) करत होखे। कई बार जब एगो नाशा करे वाला आदमी नाशा कइल छोड़ दे त फिर उ सिगरेट सहन ना कर पायी। हमहू एहीसने हो गयील बानी। हमहूॅ कई बरिस तक नाशा कइनी लेकिन नाशा छोड़ला की बाद अब हम एगो धुवा क महक भी बरदास ना कर पाइब।

यीहे हमार नाकारातमक के साथे बा। हम बहुत जादा नाकारातमक औरत रही अऊर अब हमके नाकारातमक तनको पसन्द नइखे एकरी खातीर हम क आकरमन कारी बन जाली। जब से हमके एह नाकारातमक बात से आजादी मीलल बा तबसे हम अपनी जीवन मे कइगो बढ़िया बदलाव देखले बानी अब हम हर एगो नाकारातमक चीज क विरोध करीला।

हम साक्षात क सामना करिला। अऊर आपके भी अइसन करे खातीर उभारत बानी। जदि आप अस्वथ बानी त ई ना कही हम ठिक बानी" काहेकी ई सही नइखे बाकी आपक कह सकेली की "हम विसवास करेली की परमेश्वर हमके चंगाई देत बाड़न" आपके ई नइखे कहेके की "हमार हालत खराब होत जात बा अऊर लागत बा आखीर में हमके डाकडरी जाए के होई" एकरी बदले आप ई कह सकेली "परमेश्वर क चंगाई क शकती हमरी में काम करता, हम विसवास करत बानी की हम अब ठिक हो जाइब" हर एगो चीज में संतुलन होखके चाही। एकर मतलब इनइखे की आपक अपनी साकारातक बेवहार के साथे तनी नाकारातमक व्यवहार भी मिला लेई बाकी ओकर मतलब ई ह की एगो तइयार मन राखी जेइसे आप साकारातमक अऊर नाकारातमक दूनों परिसिथितीयन क सामना कर सकी।

## एगो तइयार मन

**ई लोग त थिसूलुनिकी के यहूदी लोग से भला रहलें अऊर ई लोग खुशी से बचन गरहन कइलन जा, अऊर हर एक दिन पवित्र शास्त्र में खेजत रहले की ई अइसही बा की ना।**

**प्रेरितो क काम 17:11**

बाइबल बतावे ला की हमनी के एगो तैयार मन रखे के बा। एकर मतलब ई बा की परमेश्वर क हमनी खातीर जेवन भी इच्छा बा, ओकरी खातीर हमनी के आपन मन खुलल रखे के बा। उदाहरण एगो जवान मेहारारू जेके हम जानतानी, एगो टुटल रिसता क दुख क अनुभव करत रहली। ऊ अऊर जवान आदमी ई निरणय करत रहले कि ऊ अबे विवाह ना करिहे और प्रार्थाना करत रहले कि परमेश्वर का हमनी एक दुसरे से मीलत रही या ना।

जबान मेहरारू रिस्ता बनाये रखल चाहत रही विसवास करत रहली अऊर आसा भी करत रहली की उनकर पति भी एइसने सोचत होखीहन। हम उनकारा

के रामय दिहली की जदि बात ओइसन ना होईत जईसन चाहेली ओकरी खातीर ऊ आपन मन तइयार रखे। ऊ कहली की का ई नाकारातमक बात ना होई?

*"ना बिलकुल नाही"*

नाकारातमक त ऊ ह जब हमनी क सोची "हमार जीवन खतम हो गइल बा, हमके अब केहू ना चाही। हम असफल हो गयील बानी। अतः अब हम हमेशा खातीर नष्ट हो गइल बान" साकारातमक आदमी कुछ एइसन कहीअन "हम सही में दुखी बानी एइसन भइल, बाकी हम परमेश्वर पर विसवाल करेली की। हमके आशा बा हम अऊर हमार मित्र अबो भी मील सकीला अऊर हमार रिसता एक बार फिर ठीक होजाइ लेकिन एह सब बातन में परमेश्वर क सिद्ध इच्छा पुरा होखे। जदि सब बात ओइसन ना होई जइसन हम चाहीला तबही हम जीयब काहेकी यीशु हमरा में जिन्दा बाड़े। तनीक देर खातीर ई कठीन होई लेकिन हमके परमेश्वर पर विसवास बा। हमके विसवास बा की आखीरी में सब ठीक ही होई।

एह परकार साकारातमक होते हुए एगो तइयार मन से आप तथ्यों क सामना कर सकीला।

*इहे संतुलन ह।*

## आशा क जोड़

**ऊ उदासी में भी आशा रख के विसवास कइले एह खातीर की ऊ बचन के अनुसार की तोहार वंश एइसन होई ऊ बहुत जतीयन क बाप होखे। अऊर ऊ जेवन एक बरब क रहले, अपनी मरल देह अऊर सारा की गर्भ की मरल दशा जान के भि विसवास में कमजोर ना होइले!। अऊर ना अविसवासी हाके परमेश्वर की परतीज्ञा पर सक कइले लेकिन विसवास में मजबूब होके परमेंश्वर क बड़ाई की।**

**रोमियों 4:18–20**

डेव अऊर हम विसवास करीलां की हमनी क सेवकाई ख्रीष्ट की देह में हर साल बढ़त जाई। हम हमेशा अधिका–अधिका लोगन क मदद कइल चाहत बानी। लेकिन हम इहो जानत बानी की यदि परमेश्वर क केवनो दूसर योजना बा अऊर बरिस के आखीरी में हमनी क केवनो बढ़ोतरी ना होई तब हमनी क एह स्थिति के आपन आनन्द नियत्रीत करें के हम अनुमति कभी ना दइब।

हमनी क कइगो चीज खातीर विसवास करीला बाकी एह सबकी बाद हमनी केहू पर विसवास करेली। ऊ केहू “यीशु” हऊवन। हम प्रयः ई नइखी जानत की का होखे वाला बा। हम केवल एतना जानतानी की एहसे हमनी के खातीर हमेशा आछा ही होई।

जेतना अधिक हम अऊर आप साकारातमक बन जाली जा ओतना ही ढेर हमनी क यीशु के साथे बहत जाई जा। परमेश्वर जरूर ही साकारात्मक हउवें अऊर उनके साथे बहे खातीर हमनी के भी साकारातमक बने के होई।

आपक परिस्थितीयन खराब हो सकेला। आप सोचत होखब “जोय्स जदि तू हमार दशा जनत तू हमरी साकारातमक होखे के बारे में सोचती भी ना। लेकिन उदासी के समय में भी आप आशा कर सकत बानी अऊर साकारातमक बनल रही आप खुद के परमेश्वर के आश्चर्य काम वाला क्षेत्र में ल जाई। अपनी जीवन में आशचर्य काम क आशा रखी।

हम तहके रोमियों 4:18—20 पढ़े खातिर उभारत बानी, जहवा ई लीखल बा कि इब्राहिम अपनी बुढ़ देह क दासा अऊर सारा क गरभ की मरी सी दसा पर बिचार कइलस। शारीरिक रूप से केवनों भी आशा क किरन ना रहे। बाकि फिर भी उनके विश्वास में आशा रहे।

एगो नाकारात्मक परिस्थिति के प्रति इब्राहिम बहुत ही सकरात्मक रहे।

इब्रानीय 6:19 हमनी के बतावे ला कि आशा प्रान क लंगर ह। आशा ऊ बल ह जेवन हमनी के जॉच के समय में दृढ़ रखे ला। आशा कबो ना छोड़ी जा। यदि आप आशा छोड़ देनी त आप क जीवन अस्त—व्यस्त हो जाई। यदि आप क जीवन अस्त—व्यस्त बा काहें की तहरी पास केवनो आशा नइखें त आशा कइल चालू कर देई। डेराइ ना। हम ई परतिज्ञा त नइखी करत कि आप जेइसन चाहब ओइसने होई। हम ई परतिज्ञा ना कर सकी ना कि आप भी निराश ना होखब। बाकि निराशा के समय में भी आप आशा कर सकत बानी अऊर सकरात्मक बनल रही। आप खुद के परमेश्वर की आश्चर्यकरम वाला जगह में ले जाई।

अपनी जीवन में आश्चर्यकरम क आशा रखीं।

बढ़ीया चीजन के आशा रखी।

## पावे क आशा रखी

**तबहु यहोवा एह खातीर देर करेलन की आप पर दया करस, अऊर एह खातीर उचा उठी की तोहपे दया करें। काहेकी यहोवा न्यायी परमेश्वर हवे, का ही धन्य बाड़े ऊ जेवन परमेश्वर पर आशा लगवले रहेलन।**

**यशायाह 30:18**

पवित्र शास्त्र क ई भाग हमार प्रिय बन गयील बा। अगर आप एह पर मनन करब ई एगो बड़ आशा लेके आयी। एहमें परमेश्वर कहत बाड़े की ऊ एगो एइसन आदमी की खोज में बाड़न जेवन दयालु होखे लेकीन ऊ कुटील स्वभाव वाला अऊर नाकारातम व्यक्ति ना हो सकेला। ऊ अइसन होई जेवन चाहे की परमेश्वर ओकरा साथे भला करें।

## बुराई क भविष्यवाणी

"बुराई क भविष्यवाणी" का ह?

एक बार प्रातः परमेश्वर की बचन क अध्ययन कइला के बाद हम बाघरूम में आपन बार सइहारत रहली। तब हमके एहीसन लागल की हमरी अगल बगल की वातावरण में कुछ खराब होखे वाला बा। सहीमें एइसन अनुभव हमारे के कई बार भइल रहे हम परमेश्वर से पुछली।

"ई कइसन अनुभव ह जेवन हमरी साथे हमेशा रहेला?"

"बुराई की भविष्यवाणी ऊ जबाब दिहले"।

हमरा के पता ना चलल की एकर मतलब का होई नाही हम पहीले कबो एहीसन सुनले रहली। थोरे देर के बाद हमके निती वचन 15:15 पद **में मिलल दुखियन के सब दिन में दुख भरल रहेला, लेकिन जेकर मन खुश रहेला ऊ मानो नित्य भोज्य में जाला।**

हम ओ समय ई अनुभव कइली की बुरे बिचार अऊर भविष्यवाणीयों से हमार बहुत जीवन दुखी रहल। हॉ हमरी आगे कठिन परशानी रहे अऊर अगर ना भी रहे तबो हम दुखी रहली काहे की हमार विचार हमरी दृष्टी कोण के विशैला बनावरत रहले अऊर हमरी जीवन के खुशी के छीनत रहले।

## अपनी जीभ के बुराई से दूर रखी

**काहे की जदि केहू जीवन के इच्छा धरेला अउर नीमन दिन देखे के चाहेला त ऊ अपना जीभ के बुराई से अउर अपना होठ के छल के बात से रोक के रखेला।**

**1 पतरस 3:10**

ई पद साफ–साफ हमनी के बतावेला की जीवन क माजा अच्छा दिन देखल एगो साकारातमक मन अऊर बाल रखल ई सब एगो दूसरे में मीलल बाड़े।

चाहे आप केतनो नाकारात्मक काहे न होखी अऊर चाहे आप केतनो दिन से अईसन होखे हम जानत बानी की आप बदल सकीला काहे की हम बदल गईली। एहमे वखत लागल अउर पवित्र आत्मा क बहुत ढ़ेर मदद मिलल।

तोहरो साथे एहीसने होई।

जेवन भी बा परमेश्वर पर विसवास राखी अउर साकारातमक बनी।

प्रस्तावना

6

# मन के जकड़े वाली आत्माएं

## प्रस्तावना 6

# *मन के जकड़े वाली आत्माएं*

> *केवनो भी बात के फिकीर जन कर, बाकी सगरी बात में प्रार्थना अउर निवेदन के दूवारा तोहन लोग के बिनती धन्यबाद के संगे परमेश्वर के सामने हाजीर कइल जाव तब परमेश्वर क शान्ति जेवन सब आदमी से परे बा तोहन लोग के दिल अउर दिमाग के मसीह यीशु में सम्भाल के धइले रही।*
>
> फिलिप्पियों 4:6–6

एक बार हम परमेश्वर के साथे चलत समय एईसन जगह पर पहुँच गईली जहा केवनो बात पर विसवास कईल ये हमके बहुत कठिनाई क सामना करे के पड़ल जबकी पहिले हम ओही बात पर विसवास करी। हम ना समझ पवली हमके का होगईल बा एकर परिणाम ई भईल की हम पुरा तरह अव्यवस्थित हा गयीली। जेतना अधिक समय तक हम ए गुरदती में रहली ओतना ही अधिक हम अव्यवस्थित होत चल गईली। हमरी भीतर अविसवास बहुत तेजी सेब ढ़त रहे हम अपनी बुलावा पर प्रश्न करे लगली, हम सोचली परमेश्वर जेवन सपना हमके हमरी सेवकाई खातीर देखले बाड़े। ओके हम खोवत जातनी। हम दुखी हो गईनी (अविसवास हमेशा दुख लावेला)।

दु दिन तक लागातार हम एह बातन के अपनी आत्मा दोवारा सुननी, “मन के जकड़े वाली आत्माएँ पहीला दिन त हम ए बात पर केवनो धीयान ना दिहली। बाकी दूसरी दिन चार पाँच बार फिर “हम आत्मा के जकड़े वाली आत्माएं” सुनली।

हम सब लोगन के दोवारा जेकरी करीब में सेवकाई क काम कईले रहली ई जानत रहली की बहुत विसवासी अपनी मन के कारण परिशानी क सामना करे लन। हम सोचली के पवित्र आत्मा हमके ओह आत्मा के बिरूह जेकरा नाम बा “मन के जकड़ल” ख्रिष्ट की देह खातीर बिनती करे क अगुवायी करत बा। अतः हम यीशु के नाम पे जकड़े वाली उ आत्मा के विरोद्ध प्रार्थना करे लगनी। अबही बिनती करत कुछ मिनट बितल रहे की हमके एइसन बुझाइल की हमरी खुद के मन में एक विशाल आजादी आगइल बा। इ सब बहुते नाटकीय रहे।

## मन के जकड़े वाली आत्मा से आजदी

प्रतः सब आजदी जेवन परमेश्वर हमरा के देले बान बढ़त जाता अउर एहीसन परमेश्वर पर विसवास कइला दोवारा होला। यूहन्ना 8:31–32 अऊर भजन संहिता 107:20 हमार गवाही ह। यूहन्ना 8:31–32 में यीशु कहेलन।

जदि तोहन लोग हमरी बचन में बनल रहब जा त सचमुच हमार चेला ठहरब जा अऊर सत्य के जनब अऊर सत्य तोहन लोग के आजाद करी।

भजन संहिता 107:20 परमेश्वर के बारे में ई कहेलन, ऊ अपनी बचन के दोवारा उन्हनी के चंगा करेला अऊर जेवन गड़हा में ऊ परल बाड़े ओसे निकालो।

बाकी अबकी बार हम ई अनुभव कइली अऊर तुरन्त जान लिहली के हमरी मन के कुछ भईल बा। कुछ मिनटो में हम ऊ सब बातन पर फिर से विसवास करे लगली जेवनी बात पर प्रार्थना से पहीले विसवास करे खातीर हमके लड़ाई करे के परल रहे। हम आपके एगो उदाहरण देत बानी। मन के बस में करे वाली शईतान क आकरमण से पहीले हम विसवास करत रहली की बचन के अनुसार, हमर जीवन अऊरी हमरी सेवकाई में केवनो फरक ए कारण ना होखे के चाही काहेकी हम एगो फेनटन मिसूरी क मेहरारू हई जेके केहू ना जानत रहे। (गलतियों 3:28) जब परमेश्वर चाहेलन तब दोवार खोल देलन। जेके केहू ना बन्द कर सकेला (प्रकाशीतबाक्य 3:8) अऊर हम सगरी दुनिया में व्यवहारीक आजादी वाला संदेश जेवन ऊ हमरा देले बाड़न बताइ।

हम विसवास करत रहली की हमके ई शुभ अवसर मिली की हम रेडियो पर पुरा देश के सुसमाचार सुनाईब। पवित्रशास्त्र के दोवारा हम जानत रहली की परमेश्वर कमजोर अऊर मूरूख चीजो दोवारा चलांकन के व्यग्र कर देला (1 कुरिन्थियों 1:26) हमके विसवास रहे की हमनी क लईका सेवकाई खातीर उपयोग कईल जईहे। हम विसवास करत रहली ऊ सब चीजन पर जिनके परमेश्वर ने हमरी दिल में रखले रहलन।

बाकी जब मन के बस में करे वाली आत्मा जब हमरी पर धावा बोललस त हमके लागल की हम ऊ सब भूल गईल बानी जेहयर हम विसवास करत रहली। हम एह परकार सोचे लगली, “हा हम ऊ सब कुछ पागईली। हम एइसन एही खातीर विसवास करेली काहे की हम एहीसही चाहत रहली बाकी संभवतः एईसन ना होई।” बाकी जब आत्मा चलगईली स तब फिर से हमरी अन्दर विसवास करे क योग्यता दूवारा आगईल।

## विसवास करे क निरणय करी

**एही रिती से आत्मा भी हमनी के कमजोरी में मदद करेला काहे की हमनी क नइखी जा जानत की प्रार्थना कवना रिती से करे के चाही बाकी आत्मा अईसन आह भर–भर के जवन जेबन बयान से बाह बा हमनी खातीर बिनती करेले।**

**रोमियों 8:26**

मसीह होखला के कारण हमनी के विसवास करेके खातीर निरणय कईल सिखला क जरूरत बा। परमेश्वर हमनी के ओह चिजन खातीर विसवास (आत्मा क एगो जनम) देला जेके हमनी क अपनी मन की अनुसार ना पावे लीजा। हमनी क मन हर चीज में कब काहे अऊर कहा जाईल चाहेला। जब परमेश्वर दोवारा एईसन समझ ना दिहल जाला, तब मन एईसन बातन पर विसवास ना करेला जेके ऊ समझ ना सकेला।

प्रायः एइसन होला की एक विसवासी अपनी दिल में (भीतरी आदमी) में त केवनो चीज के बारे में जानता बाकी उनकर मन ऊ बात के विरोध लड़ाई चालू कर देला हम बहुत पहीले ही ई निरणय ले लीहनी की जेवन कुछ बचन कहेला। ओहपर विसवास करि अऊर हिरमा (प्रकाशीत बचन) जेके परमेश्वर हमरा के (जेवन बात ऊ हमरा से बोलले बड़न अऊर जेवन परतीज्ञा ऊ एहसे व्यतिगत ढंग से कईले बाड़न) देले बा उनपर विसवास करी चाहे हम उनकी बारे में काहे अऊर कहवा ना समझ पईली अऊर केवनी परकार ई हमरी जीवन में काम करीहन तबो उनपर विसवास करी।

बाकी ई बात जेवना खाती हम लड़ाई करत रहनी कुछ अलग रहे ई फैसला के बारे में रहल। एह मन के बस में लेबे वाली आत्माओं से हम बान्हाईल रहनी अऊर विसवास ना कर पावत रहली परमेश्वर क दूहाई हो की ऊ पवित्र आत्मा दोवारा हमके ई सिखवलन की केवनी तरह से बीनती करे के चाही अऊर उनक सामर्थ हमके मिलल हालाकी हम ई ना जानत रहनी की हम अपनी खातीर प्रार्थना करत बानी।

हमके निसचित बा की एह पल ई किताब पढ़त बानी काहेकी तोहार अगुवायी कईल गयी रहे। आप भी एह क्षेत्र में परशानी क सामना करत होखब। जदि हा बा त हम आपके यीशु के नाम में प्रार्थना करे के उभारत बानी। उनकरी खुन के

दोवारा “मन के काबू में करे वाली आत्माएं” हराईल जाई। जब तू हूँ भी एह परशानी क अनुभव करी, एही तरह प्रार्थना करल करि।

जब भी हमनी क आगे बढ़े के कोशीश करीला शइतान आपनी तीर क बवछार हमनी पर करेला। अपनी विसवास की ढाल के उठा लेई अऊर याद करी याकूब 2:2–8 जेवन हमनी के सिखावेला की हम जाच में परमेश्वर से बुद्धि मांग सकीला अऊर हमनी के बुद्धि देयी अऊर हमनी के देखाई की हमनी के का करेके बा।

हमरी साथे एगो परशानी रहे हम एईसन तीर क पहीले कभी ना सामना कईले रहली बाकी परमेश्वर हमके प्रार्थना करे के सिखवलन अऊर हम आजाद हो गईली।

आपके साथे भी एहीसने होई।

*प्रस्तावना*

7

# *जेवन आप सोचत बानी ओकरी बारे में सोची*

# जेवन आप सोचत बानी ओकरी बारे में सोची

प्रस्तावना
7

> *हम तोहरी उपदेशो पर ध्यान करब, अउर तोहरी मारग की ओर निगाह रखब।*
>
> भनज लदिता 119:15

परमेश्वर क बचन हमनी के सीखावेला क हमनी क आपन समय के केवनी तरह की सोचला में बितावल जा।

भजन संहिता के लिखे वाला कहले बड़न की परमेश्वर की उपदेश पर धियान लगावेला। एकर मतलब ह की परमेश्वर के रास्ता पर उनकी उपदेश पर अऊर उनकी शिक्षाओ पर सोचे अऊरी उनकर बिचार कईल में ऊ आपन अधिक समय बितावेलो। भजन संहिता 1:3 कहेला की ऊ आदमी जेवन एईसन करेला ऊ ओह पेड़ के जईसन बान जेवन बहत नारी के अरीया लगावल बा अऊर अपनी समय में फरे ला अऊर जेवना क पतई कबो मुरझाला ना एह खातीर जेवन कुछ ऊ मरद करेलन ऊ सफल होलन।

परमेश्वर के वचन के बारे बिचार कइल बहुत लाभदायक बा। जेतना ढेर समय केवनो आदमी बचन पर मन लगावे में बितावेला ओतना ही अधिक बचन में से ऊ फसल काटेला।

## आप का सोचिना एकरी प्रति सावधान रहल जा

**खबरदार रही हजा की का सुनतड़ जा! जेवना नाप से (विचार अऊर अध्ययन क) तोहन लोग नापतड़जा (सच्चाई जेवन तु सुनातड़) ओही से तोहन लोग क भी नापल जाइ (गुण अऊर बुद्धि) अऊर तोहन लोग के अधिक नापल जई।**

**मरकूस 4:24**

केतना अद्भूत बचन बा! ई हमनी के बतावे ला की जेतना अधिक समय हमनी क परमेश्वर क वचन पढ़े में सुने में अऊर ओह पर विचार करे में लगावें ली जा। ओतनी ही ढेर ओहके करे खातीर हमनी के बल अऊर योगयता मिल जाला।

जेवन हमनी क पढ़ले अऊर सुनले बानी आके समझे खातीर ओतना ही अधिक ज्ञान हमनी के मील जाला। मूल बात ईबाकी जेतना अधिक हमनी क परमेश्वर के बचन पर मन लगावल जाई ओतना ही अधिक ओहसे हमनी के मिली। एह परतीज्ञा की ओर अच्छा से मन लगाई की सदगुण अऊर ज्ञान जेवन हमनी के मिलेला ऊ एह बात पर निरभर बा की परमेश्वर के बचन से केतना अध्ययन अऊर बिचार करेलीजा।

'वाईन' क बाइबल क शब्द का शब्दकोश कहेला कि किंग जेम्स अनुबाद में ग्रीक शब्द ड्यूनामीस जेकर मतलब बा शक्ति का अनुबाद 'सद्गुण' कइल गइल बा स्ट्रोंग की बाइबल क सन्दर्भ सूची के अनुसार ड्यूनामीस क अर्थ बा योगता ज्यादा लोग परमेश्वर की बचन में एतना भीतर तक ना जाले। परिणाम स्वरूप ऊ इ ना समझ पावे लन की ऊ शक्तिशाली मसीह के भेस में आजादी के जीवन काहे नाही जी पावताड़े।

सच्चाई ई बा की बहुत लोग बचन के अध्ययन में ओतना प्रयास ना करेले जेतना करे के चाही ऊ बहरा जा के दुसरी लोगन से बचन सुनेलन ऊ लोग परचार क टेप त सुनेलन अऊर कबो–कबो बाईबल भी पढ़ लेनन, बाकी बचन के अपनी जीवन क एगो हिसा बनावे खातीर अछा से समरपीत नइखे, अऊर ना ही एह बात पर कभी विचार करे लन शरीर मलतः असली होला अऊर अधिकान्स लोग कुछ ना मे से भी कुछऊ चाहे लन (बिना कोशिश के) सही में एह तरिका से ई काम ना हो पायी।

हम फिर से कहतानी की एगो आदमी के बचन में से उहे मिली जवन ओहमें रखे खाती इच्छुक है।

## बचन पर ध्यान लगाई

**का ही ऊ धन्य (अनान्दित, भाग्यशाली, समृद्धि अऊर इर्ष्या जनमावे क योग) बाड़न ऊ आदमी जेवन दुष्टन की योजना पर ना चलेला अऊर ना पपियन के रासता में खड़ा होता अऊर ना ठठा की मण्डली में बइठेला।**

**बाकी ऊ यहोवा के बचन से खुश रहेला अऊर ओहकरी व्यवस्था पर रात दिन बराबर मन लगावेला।**

**भजन संहिता 1:12**

बेवसार के अनुसार धीयान सब्द का अर्थ ह 1. एगो निन्ता करल 2. योजना बनावत अऊर मन मूं इच्छा कइल गमभीर सोच में डूब जाइल ऊ बाईबल क शब्द के बाईन क शब्द कोष कहेला की 'धीयान' क मतलब ह चिन्ता कइल अभियास कइल मेहनती होखल चिनता कईला कलपना कइला से पहले बिचार कइल।

नीतीबचन 4:20 कहेला हमार लइका हमार बचन मन लगा के सुन अऊर आपन कान हमरी बात पर लगाव। अगर हम नीतिवचन 4:20 अऊर शब्द 'ध्यान' के अभिलाषावन के मिला देही तब हम देखीला परमेश्वर की बचन पर धियान देबे क मतलब चिनता कइल अभियास कइल अऊर अपनी मन में गमभीरता से बिचार कईल। मुख बात इ बा की यदि ऊ हम कइल चाही त परमेश्वर क बचन कहेला तब हमनी के ओपर बिचार करे खातीर आपन समय बितावे के होई याद करी अभियास से ही आदमी सिह बनेला" हम अपनी जीवन की किसी भी क्षेत्र में बिना अभियास के जीत ना सकीला त काह हम मसीही धरम के अलग होखला क आशा करिला?

## धियान लगवला से सफलता क निरमाण होला

**व्यवस्था क ई किताब तोरी याद से कभी ना उतरे पावे, एही में रातो दिन धीयान देले रहीय एह खातीर के जेवन कुछ एहमें लिखल बा ओकरी अनुसार करे क तू चौकसी कर काहे की एहीसने कइला से तोहार सब काम सफल होई, अऊर तू बलवान होइब!**

**याहोशू 1:8**

अगर आप अपनी काम में सफल होखल चाहत बानी त बाइबल कहेला की तोहके परमेश्वर के बचन प रातो दिन मन लगावे के होखी। परमेश्वर की बचन पर मनन करे में आप केतना समय लगावेली! अगर तू अपनी जीवन के केवनों क्षेत्र में परीशानी क सामना करत बानी त एह प्रश्न क इमनदारी दे देहल गयील जबाब ओकर कारण बता तेयी की काहे।

अपनी जीवन के अधिकांश बरिस में हम ओह बारे में ना सोचली की हम का सोचत बानी। हम खाली उहे सोचली जेवन हमरी दिमाग में आइल। हमके ई मालूम ना रहे की शइतान हमरी मन में बिचार डाल देयी की हमरी दिमाग या त झूठ भरल रहे जेके शइतान हमके बतवले रहे अउर मूरूखता से भरल बात रहे जे पर बिचार कइल आपन समय बरबाद कइल बा। शइतान हमरी जीवन के बस में करत रहे काहे की उ हमरी बिचार के बस में करत रहे।

## जेवन आप सोचतानी ओहपे आप सोची।

**ओही लोग के बिच में हमनीयो क पहिले अपनी देह की इच्छा में दिन बितावत रहनी जा अऊर देह अउर मन समसीया पुरा करत रहनी जा, अऊर लोगन जाईसन सुभावो से विरोध क सनतान रहनी जा।**

**इफिसियन 2:3**

पौलूस इहवा हमनी के चेतावनी देत बाड़े की हमनी शरिर के लालसा में हमके जीवन ना बितावे के बा अऊर अपनी मन क इच्छा नईखे पुरा करे के देहधारी मन क बिचार नइखे रखे के।

हांलाकी हम एगो मसिही रहली फिर भी हम अपनी बिचार पर बस जमावल ना सिखली अऊर एह कारण परेशानी से घेराइल रहनी। हम ओ चिजन की बारे में सोचत रही जेमे हमार मन व्यस्थ रहे बाकी ऊ साकारातमक भाव ना लीयाव रहले हमके आपन सोचला क तरिका बदलला क जरूरत रहे। एगो बात त परमेश्वर हमरा के मन की यीशु युद्धभूमि की बारे मे बतवलेन ओहसे हमरी जीवन में एगो मोड़ आइल। उ कहले "तू का सोचत बाड़ू हेकरी बारे मे सो च।" जब हम एहीसन कइल चालू कइली तब हम के जलदी ही समझ में आ गईल की हम अपनी जीवन में एतना परशानी से काहे घेराइल रहली ह।

हमार मन यस्तव्यस्त रहल!

हम गलत चीज के बारे में सोचत रहनी।

हम गिरजा गइली अउर कई बरिस से सोचत रहली बाकी जेवन हम सुनी ओ पर कबो बिचार ना कइनी। इ एगो कान से घुस के दूसरी कान से निकल जावे। हम हर दिन पवित्र शास्त्र पढ़ी बाकी जेवन पढ़ी ओहपर बिचार ना करी। हम बचन पर धियान ना देत रहली। हम जेवन सुनत रहली ओहपर बिचार अउर मनन ना करत रहली। एही कारण हमरी भितर ज्ञान अउरी सदगुण क बिकाश ना होत रहे।

## परमेश्वर के काम पर मनन करी

**हे परमेश्वर हम तोहरी मंन्दिर के भितर तोहरी करूणा पर धीयान कईले बानी।**

**भजन संहिता 48:9**

दाउद कई बार परमेश्वर के अदभूत काम पर धियान देबे के कहलन–परमेश्वर क विशाल काम। उ कहलन की उ परमेश्वर की नाम, उनक दया अउर दूसरी बातन के बारे में सोचत रहे।

जब ऊ उदायीनता क अनुभव करत रही तब ऊ भजन संहिता 143:4–5 में लिखलनः हमार आत्मा भितर बेचैन हो रहल बा हमार मन बे कल बा। हमके प्राचीन काल क दिन याद आवत बा, हम तोहरी सब काम पर धियान करिना अऊर तोहरी काम के सोचीला।

एह पदन में हम देखीला की दाउद आपन बेचैनी अऊर खिनता की समस्या पर धियान ना लगवलस बाकी एकरी विपरित बितल दिनवन की अच्छा समय के याद कइनी, परमेश्वर की कामन पर मनन कइली। दूसरी शब्दो में ऊ अच्छा बातन पर बिचार कईलन अउर एह कारण उनक बेचैनी खतम हो गईल।

ई कबो ना भूलिं– आपकी जित में आपकी मन क एगो बहुत बड़ योगदान बा।

हम जानत बानी की हमनी की जीवन में जित खाली परमेश्वर की बचन से पवित्र आत्मा की सामर्थ की काम से ही आवेला। बाकी एह काम क एगो बहुत बड़ हिस्सा हमनी के करे के बा। परमेश्वर अउर बचन के अनुसार सोच के हम अइसन कर सकेली। जदि हमनी क एइसन ना करती जा त हम कबो भी जितल ना जाई।

## मन के नया हो जइला से बदलत जाई

**अऊर एह दुनिया (वर्तमान युग) की जईसे मत बन बाकी तोहन लोग के बुद्धि के नया हो जाए से तोहन लोग के चाल चलन भी बदल जाव, जवना से तोहन लोग परमेश्वर के भली भांती अउर सिद्ध इच्छा अनुभव से मालूम करत रह जा।**

**रोमियों 12:2**

एह भाग में प्ररित पौलूस कहत बाड़े की जदी हम अपनी जीवन मे परमेश्वर क भली अऊर सिद्ध इच्छा देखल चाहत बानी तब हमनी के आपन मन नया करे के होई।

कइसन नया? परमेश्वर क तरिका से सोचे खातीर। एह नया तरिका से सोचला की कारण हमनी क बदलते जाएगें जइसन परमेश्वर हमनी के चाहेलन

यीशु ने आपन मउवत अउर दूबारा जनम के दूवारा हमनी के बदल जइला क समभावना क रास्ता खोल दिहले। मन के नया हो जइला के प्रकिरिया दुवारा इ बात हमनी की जीवन में सही बन जाला।

अवस्था के दूर रखे खातीर हमके इ कहेके बा की सही तरिका से सोचला क उद्वार से केवनो लेबे देबे के नइखे। उधार खाली यीशु की खुन क्रुस पर उनकर मउवत अउर उरकरी दुबारा जनम से संबंन्ध रखेला। बहुत लोग आज स्वर्ग में होइहे काहे की उलोग यीशु के आपन उधार कर्त्ता कर के गरहण कइलन बाड़े बाकी एह में से अधिक लोग जीत क अनुभव ना कइले होखीहन अथवा परमेश्वर उनकी जीवन खातीर जेवन अच्छी योजना बनवले रहले ओकर माजा ना उठवले होखीयन काहे की आपन मन उनकी बचन के अनुसार नया न कइलन।

कई बरिस तक हमहू ओही आदमीयन में से एगो रहनी। हमार दुबारा जनम हो गइल रहे। हम स्व रग जात रहली। हम गिरजा जात रहली अउर कइ धरम के मानत भी रहली बाकी हमरी जीवन में जीत ना रहे। एह कारन ई रहे। की हम गलत बातन पर बिचार करत रहली।

## एह बातन पर बिचार करीं

**निदान, हे भाई लोग, जेवन जेवन बात सच बा, अऊर जेवन जेवन बात आदरनीय बा, अऊर जेवन जेवन सही बा, अऊर जेवन जेवन पवित्र बा, अऊर जेवन जेवन बात सुहावनी बा, अऊर जेवन जेवन बात मनभावनी बा, निदान, जेवन जेवन सदगुण अऊर प्रसंशा क बात बा उन्हनीये पर ध्यान लगावल कर जा।**

**फिलिप्पियों 4:8**

केवनी– केवनी बात पर हमनी के बिचार करे के चाही एह बारे में बाइबाल हमनी के बिस्तार पुरवक कहेला। हमके ई निश्चय बा की तू पवित्रशास्त्र के एह पदन में देख सकेल। की हमनी के अच्छी बातो के बारे में अउर उन चिजन के बारे में जेवना से हमनी क उत्थान होला पतन ना सोचे क निरदेश दिहल बा।

हमनी क बिचार हमनी क व्यवहार अउर हमनी की मनोकृति के परभावीत करेलन। हर एगो बात जेवन परमेश्वर हमनी के बतावे लन ऊ हमनी क भला ही खातीर बा।

ऊ जानतबाड़न की केवनी बात से हमनी क खुश होखल जाई अऊर केवनी बात से दुखी। जब एगो आदमी खराब बिचारन से भरल रहेला जब ऊ दुखी होला अऊर हम खुद की अनुभव से ई सिखले बानी की जदि केवनो आदमी दुखी बा त ऊ दुसरो आदमी के दुखी कर देला।

आपके नियमानुसार सुची बनावे के चाही अऊर खुद से इस पुछे के चाही “हम का सोचत बानी?” कुछ समय आप अपनी बिचार जीवन क जाच करिं।

आप का बिचार करत बानी एह बारे में सोचल बहुत मुलयवान बा काहे की शईतान तुरन्त लोगन के धोखा देला अऊर ऊ एइसन सोचे लागेलन की उनकर समस्या अऊर दुःख क कारण कुछऊ अऊरी बा जबकी सही क कारण कुछऊ अउरी होला। ऊ चाहेला की ऊ एह प्रकार सोचोसन की जेवन उनकी अलग बात जेवन घटत बा ओही के कारण दुखी बाड़न बाकी जेवन उनकी भीतर हो रहल बा (उननी क बिचार) ओकरी कारन ऊ दुखी बाड़न। कई बरिस तक हम ई विसवास करी की हम जदि दुखि बड़िन। त दुसरी लोगन की काम की कारन दुखी बानी। हम अपनी दुख खातीर अपनी मरद अऊर अपनी लईकन के दोषी कहत रहनी। जदि ऊ उलग होइते जदि ऊ हमरी जरूरत पर धियान देतन ऊ घर की काम मे अऊर ढ़ेर हाथ लगइतन त हम अऊरी सुखी होईती अइनस सोचत रहली। फिर हम सत्य क सामना कइली त जनली की एह मे से केवनो बात हमके दुःखी ना बनावेला जदि हम बढ़िया बेवहार रखी। हमार विचार ही हमके दुखी बनवले रहले।

हम फिर आपसे कहत बानी की का आप सोचत बानी एह पर बिचार करि। आपके अपनी कुछ परशानी क सामाधान मिल जाई अऊर आप आजादी की रास्ता पर चले लागब।

आप का बिचार करत बानी एकरी बारे में सोचल बहुत मुलयवान बा काहे की शईतान प्रायः लोगन के धोखा देला अऊर ऊ अईसन सोचे लागेलन उनकी समस्या अऊर दुख क कारण कुछ अऊर बा जबकी वासतवीक कारण कुछ अऊर होला ऊ चाहत बाड़े कि ऊ हर प्रकार सोचन स की जेवन उनकी अगल बगल घटित होता उसी के कारण ऊ दुखी बड़न बाकी जेवन उनके भीतर हो रहल बा (उनकें बिचार) ओकरी कारण उ दुखी बाड़े कई बरिश तक हम एइसन विसवास करि की हम जदि दुखी बानी त दूसरी लोगन के कामो के कारन दुखी बानी। हम अपनी दुख के खातीर अपनी मरद अऊर अपनी लड़कन के दोषीठहरावत रहली। जदि ऊ अलग होइते जदि ऊ हमरी जरूरत पर ध्यान

देतन जदि ऊ घर की कामों में अऊरी अधिक हाथ लगइतन त हम अधिक खुश होइती। हम एइसन सोची। फिर हम सत क सामना कइनी अऊर जनली की एह मेसे कवनो बात हमके दुखी ना बनावे ला जदि हम मढ़िया बेवहार रखी। हमार बिचा ही हमके दुखी बनवले रहे।

हम फिर आपसे कहत बानी की आप का सोचत बानी एह पर बिचार करी। आपके आपकी कुछ परशानी क सामाधान मिल जाई अऊर आप आजदी की रास्ता पर चले लागब।

भाग II

# मन क स्थितियन

# प्रस्तावना

*बाकी हमनी मे मसीह क मन बा*
1 कुरिन्थियों 2:16

आपकी मन क स्थिति का बा का आपकी एह बात के पहचानल आपाकी एह बात के पहचानल आपाकी मन की दशा के बदलेला?

क हो सकता की केवनो वखत आप शान्त हो अऊर कबो चिन्ता। अऊर आप केवनो फयसला कर लिहले बानी अऊर बाद में अपक मन अव्यवस्थित ढ़ंग में आजाला ओ चिज के बारे में आप बिलकुल स्पष्ट अऊर निशचीत रहनी।

हमरी जीवन में भी कई बार एहीसन वखत आवेला जब हम ईह बातन क अनुभव कइनी। कबो आइसन लागे की हमार मन समान्य रही पायी? हम ई जानल चाहत बानी की समान्य रहल का ह काहेकी जब असमान्य बिचार हमरी पास आवे तब हम तुरन्त उनहन से निपटल सिख लेई।

जइसन एगो विसवासी के खातीर समालोचक संदेहसे भरल दण्डनीय मन असामान समझे के चाही। फिर भी हमरी जीवन क एगो मुख अंश हमरी खातीर त समान ही रहे हांलाकी एइसन ना होखे के चाही। एहकर हम आदी हो गइल बानी हमार बिचार गलत रहे जेवना से हमरी जीवन में बहुत ढेर परशानी रहे हमके इ ना मालू रहे की हमर सोच में कुछ गलती रहे।

हम ई ना जानत रहनी की हम अपनी "बिचार जीवन" के खाती कुछ भी करब। हम एगो विसवासी रहनी अऊर कई बरिस से रहनी बाकी हमके आपन "बिचार जीव की बारे में केवनो जान कारी ना रहे लेकिन एगो विसवासी क मन क उचित दशा की बारे मे भी कुछऊ ना जानत रहनी।"

नया जनम के अनुभव के साथे हमनी की मन क नया जनम ना भइल बा इनके नाया बनावे के बा (रोमियों 12:2) जइसन की हम कई बार कहले बानी की मन क नया होखल एगो अइसन परिकीरिया ह जेमे समय ला गेला। जब आप ए किताब क दूसरा भाग पढ़ब त अऊर आपके जब ई पता चल जाई की अधिक समय आपक मन असमान अवशथा में ओह आदमी खातीर रहेला जेवन यीशु के आपन उद्धार कर्ता मान चीकल बा तब आप ततिकी भी बिचलीत ना होखी। समस्या को पहचानना ही ओकरी निवारण क पहिला कदम होला।

कई बरिस पहिले हम परमेश्वर के संगे अपनी रिसता के प्रति बुहत ज्याद गमभीर रहनी अऊर तबे से ऊ हमके बतवेलन की हमरी परेशानी क जड़ हमार गलत ढ़ग से सोचल बा। हमार मन अब्यवस्थित रहे। हमके सक रहे की जइसन एके होखे के चाही क अबो भी ओइसन हो पायी–अऊर जदि हो भी गइल तो अधिक दिन तक ओइसन ना रह पायी।

हम ई सोच के ई हैरान रहनी की हम गलत बिचार के नाशा मे फस रह गइल बानी। हम एह गलत बिचार न के हटावे क कोशीश करत रहली बाकी ऊ फेर हमरी मन में आ जात रहले। बाकी तनी–तनी कर के एह से छुटकारा अऊर आजादी मील गयील।

आपकी मन के नया हो जइला के बिरोध में शइतान आक्रमणी ढ़ग अपनाई बाकी आप प्रार्थना अऊर इन बातन पर अध्ययन तब तक करत रही जब तक आप आजादी क अनुभव ना करे लागी।

आपक मन समान्य कब होला? का एहके हर जगह घुमत रहे के बा अऊर जेवन आप करत बानी ओही पर एके आपन धीयान लगावे के बा? का आप बिचलीत अऊरी अत्यवस्थित होखल चाहब या शान्त होके ओह दिश की ओर दिशा की ओर धीयान लगावल चाहब जेबे आप अपनी जीवन मे देखल चाहब बानी। का चाही का आप चिनतीत अऊर भयभीत होखल चाहब। अऊर परमेश्वर की लइका होखे के कारण आपन सारी चिन्ता ओह पर डाल देबे के चाही (1 पटरस 5:6) परमेश्वर क बचन हमनी के सीखावे ला की हमनी के लगे ख्रीष्ट का मन बा। आप का सोचत बानी उनक मन कइसन रहे जब ऊ एह धरती पर रहले– ना खाली परमेश्वर की सनतान की जइसन बाकी आदमी के लइका की जइसन भी?

प्रार्धना की भाव मे "न का युद्धभूमि" की अगे वाला तोहास आख खुल जाई अऊर आप समान्य अऊर असमान्य मनों के पहचान जाइब जेवन की यीशु के चेला खातीर जरूरी बा जेवन जित मे चले के फइसला ले लिहले होखे।

*प्रस्तावना*

8

# *हमार मन सामान्य कब होला?*

# प्रस्तावना 8

# *हमार मन सामान्य कब होला?*

*हमनी क प्रभू यीशु मसीह क परमेश्वर जेवन महिमा क पिता बाड़न तोहके आपनी पहचान में ज्ञान अऊर उजीयार क आत्मा देओस।*

*अऊर तोहरी मन क आखन ऊजीयार से बोलवला से कइसन आशा होखेला, अऊर पवित्र लोगन में उनकर मीरास की महीमा क धन कइसन बा।*

इफिसियन 1:6—18

ई हवा ई धीयान देही की पौलूस प्रार्धना करत बा की आपक अऊर हामर "दिल क आख" खुल जाये कइ चीझन क अध्ययन कइला की बाद हम 'हृदय की आखन' के मन मानीला।

मसीही होखला की नाते हमनी क मन के वनी दशा मे होखे के चाही? दूसरी शब्द में एगो विसवासी क मन केवनी सामान्य दशा मे होखे के चाही? एह प्रश्न क जबाब जाने खातीर हमनी के मन अऊरी आत्मा के कइगो काम के देखे के होई।

परमेश्वर के बचन के अनुसार मन अऊर आत्मा एगो साथे काम करेलनः एहके हम "मन के दोवारा आत्मा क सहीयोग" क सिद्धान्त मानी ला।

एह सिद्धान्त के ठीक तरह से समझे खातीर हम ई देखल जाई की एगो विसवासी के जीवन मे ई केवनी प्रकार काम करता।

## मन आत्मा क सिद्धान्त

**आदमी मे से के आदमी के बात जानेला खाली आदमी के ऊ आत्मा जउन ओकरा में बा? बोइसही परमेश्वर क बातो केहू ना जानेवाला, खाली परमेश्वर के आत्मा।**

**1 कुरिन्थियों 2:11**

जब एगो आदमी ख्रीष्ट के आपन उद्धार कर्ता कर के मानेला तब पवित्र आत्मा ओकरा में वसे आजाला बाइबल हमनी के सीखावेला की पवित्र आत्मा परमेश्वर क मन जाने ला। जेवनी प्रकार से केवनो आदमी क बिचारो के खाली

उनकर आत्मा जेवन उनकी भितर बा जानत बा ओही प्रकार परमेश्वर की मन के खाली परमेश्वर क आत्मा ही जानत बा।

काहे की पवित्र आत्मा हमनी के भीतर रहेला, अऊर काहे की ऊ परमेश्वर क मन जानेला अतः उनक एगो उदेश्य इहो बा की ऊ हमनी के परेश्वर क ज्ञान अऊर उनकी प्रगटी करण के बारे में बतावे ला ई ज्ञान अऊर प्रगतीकरण हमनी की आत्मा के मिल जाला अऊर हमनी क आत्मा हमनी की आखन के खोल देला जेवन की हमार मन बा। ई सब पवित्र आत्मा करेला अतः हमनी क बेवहारी स्तर पर समझ सकीला की आत्मीक तौर से हमनी के का मीलल बा।

## सामान्य या आसामान्य?

विश्वासी होखाला की नाते हमनी क आत्मीक हई जा अऊरी हमनी क देहधारीयो हइिजा। देहधारी आत्मीक के ना समझ पावेला। अतः ई बहुत जरूरी बा की हमनी क मन प्रकाशीत हो जाव अऊरी हमनी क एह बात के जान लेइजा की हमनी की आत्मा मे का होता। पवित्र आत्मा हमनी के प्रकाशीत करेला बाकी मन अधिके समझ ना पावेला जेवन आत्मा हमनी के बातवल चाहेला। काही की ऊ बहुत ज्यादा व्यस्थ रहेला। अधिक व्यस्त मन असामान्य होला। मन जब आराम कि दशा मे होला तब ऊ सामान्य होला खाली ना बाकी आराम मे।

मन चिनता डर, तरक आदि से भरल रहे के चाही। ई शान्त खुश अऊर स्थिर होखे के चाही। जब हमनी क एह किताब के दूसरी भाग मे जानी तब हमनी क मन क कइगो असामान्य अवश्था क निरिक्षण करल जाई। अऊर हमनी क पावे के की ई अवस्थाए हमनी क खुद मन क ह।

ई समझल बहुत जरूरी बा की मन के सामान्य अवस्था में रखल जरूरी बा जइसन की एह अध्याय मे वर्णित बा। अपनी मन की अवस्थाओ से एकर मिलान करि अऊर तब आप देखब की पवित्र आत्मा दोवारा बहुत कम हमनी के काहे दर्शावल गइल बा अऊर काहे हमनी क बुद्धि अऊर दर्शन क कमी क अनुभव करेलीजा याद करि पवित्र आत्मा एगो विसवासी की मन के उजीयार करेला।

पवित्र आत्मा परमेश्वर की संदेश के आदमी की लगे पहुचावे ला अऊर ओकर मन अऊर आत्मा एक दूसरे क मदद करत बाड़े तब ऊ दैविक ज्ञान अऊर सही प्रगटन में चल सकेला। बाकी ओकर मन बहुत अधिक व्यस्थ बा ऊ एह बात के ना जान पाई जेवन परमेश्वर ओ के अपनी आत्मा की दोवारा बतावल चाहत बा।

## धीमा शब्द

**ऊ कहले निकल के यहोवा की सामने पहाड़ पर खड़ा हो। अऊर यहोवा लगे से होकर चलले अऊर यहोवा के आगे एगो बहुत बड़ खतनाक आधी से पहाड़ फाटे अऊर चटान टूटे लागल, तबो यहोव ओह आधी में ना रहले फिर आधी की बाद भूइडोल भइल तवो यहोवा भूइडोल मे ना रहले।**

**फिर भूइडोल की बाद आग लऊकल तबो महोव आधी मे ना रहले फिर आगी की बाद धिरे शब्द सुनाई।**

**1 राजा 19—11—12**

बहुत बरिस तक परमेश्वर से प्रार्थना कइले रहली की पवित्र आत्मा दोवारा जेवन हमरी भितर बाज करेला हमरी पर अपनी सत्य के प्रगट कर। हम जानत रहली ई प्रार्थाना पिवित्रशास्त्रीय रहे। हम वचन पर विसवास करी अऊर हमके निश्चय रहल कि हम जेवन मागन ऊ हमके मिली। तबो ढेर समय हमके इ लागे जइसन हम आत्मीक मूरख बानी। तब हम ई सीखली की पवित्र आत्मा जेवन हमरी पर प्रगट कइल चाहता ओहके हम गरहन ना कर पावत रहनी काहे की हमार मन बहुत ढेर व्यस्त अऊर जंगली रहे।

सोची की केवनी घर में दूगो आदमी बाड़े। एगो आदमी दूसरी आदमी के धीरे आवाज में कुछ बतावल चाहता। जदि ओ घर में केवनो तेज आवज भरल बात ऊ आदमी ऊ बात के ना सुन पाई जबकी संदेश सुना दिहल गइल बा। जबले उ धीयान से ना सुनी तबले ऊ ओह संदेश के ना सुन पाई।

परमेश्वर क आत्मा अऊर हमनी की आत्मा क बतीयावल भी अइसने बा। पवित्र आत्मा मीठा आवज वाली ह। अधिक समय में ऊ हमनी से ओही प्रकार बात करेला जेवनी प्रकार ओह भविष्यवक्ता से बोलले रहे “एगो धीमे शब्द” के दोवारा अतः ई बहुत जरूरी बा की हमनी क खुद के ओही दशा से रखल जाई जेवनी दशा में उनक बात सुन सकी।

## आत्मा अऊरी मन

**त का करे के चाही हम आत्मा (पवित्र आत्मा जेवन हमरी भितर बा) से प्रार्थना करब अऊर वुद्धिसे प्रर्थना करब...**

**1 कुरिन्थियों 14:15**

मन की दोवारा आत्मा क सहायता। सिद्धान्त के समझे क सबसे अच्छा तरिका बा। प्रार्थना की बारे मे सोचल एह पद में प्रेरित पौलूस कहल बा की ऊ आत्मा अऊर दिमाग दूनो से प्रार्थना करेला।

हम समझत बानी की पौलूस का कहत बा काहे की हमहू एही सने करेली। हम तुरन्त (अनजान आवाज में) प्रोर्थना करिला तनीक समय जब एह तरह से प्रार्थना कर लेइना तब हमरी मन मे विचार आवेला की अब अंग्रेजी (हमार जानल आवाज) में प्रार्थना करि। हम विसवास करत बानी की एह तरह मन आत्मा क मदद करेला। ऊ दूनो मिल के काम करेलना ताकी हमके परमेश्वर क ज्ञान अऊर दिमाग मिल जाव ताकी हम एके अच्छा तरह से समझ सकी।

कबो–कबो एकरी बिपरीत भी हो जाला। कई बार एहसन होखे ला जब हम प्रार्थना करल चाहत बानी अऊर खुद के परमेश्वर के सामने रख देहीला। अगर हमरी आत्मा में केवनो विशेष तनाव नइखे तब हम अपनी मन में प्रार्थना करल चालू करीला गी ला। हम परिस्थियन अऊर कुछ बातन के खातीर जेके हम जानत बानी प्रार्थना करिला कबो–कबो इ प्रार्थनाए आलोचक लागेला–हमरी आत्मा दोवारा केवनो मदद न मिलेला। हमके संघरस करे के पड़ेला अतः हम दूसरी बात पर चल जाली जेवना के हम पहिले से जानीला।

हम एइसन करत रहिला जबले पवित्र आत्मा जेवन हमरी भीतर बा हमरी साथे केवनो मुददा के ना लेलेला। जब ऊ एहीसन करेला तब हम ई जान जाइला की जब ऊ एह मुदा पर प्रार्थना कइल चाहेला। एह प्रकार हमार मन अऊर हमार आत्मा मिल के काम करेला एक दूसरा क मदद करल परमेश्वर की इच्छा के पुरा करेल ना।

## अन्य भाषा अऊर उनकर काम

**एह तरह से केहु अलग भाषा बोले त ऊ प्राथना करे की ओकर अनुवाद भी क सके। एह खातीर जब हम अऊरी भाषा में प्रार्थना करी त हमार आत्मा प्रार्थना करेला बाकी हमार आत्मा प्रार्थना करेला बाकी हमार बुद्धि काम ना देला ई पर ना लावेला अऊर केहू के लाभ ना होला।**

**कुरिन्थियों 14:13–14**

दूसर उदहारण इहवा आत्मा अऊर मन मिल के काम करेलन ऊ ह अऊरी भाषा मे बोलेलन अऊर ओकर मतलब भी बतावल।

जब हम दूसरी भाषा में बात करिला हमार मन फर रहित होला जबले परमेश्वर हमके या अऊर के हूके ओकर मतलब बतावे क जेवन हक बोलत बानी समझ ना दे देवोस अऊर तब हमार मन फलदायक बन जाला।

कृपया एहके अपनी मन में उतार लेई की भाषाए अऊर उनकर अनुबाद बरदान ना हं सेदेश के शब्द या शब्द उत्तर ही अनुबाद होला जबकी व्याख्या मे एगो आदमी ओह ज्ञान के बतावेला जेवन दूसर आदमी बतावेलन लेकिन व्याख्या करे वाला अपनी शैली अऊर व्यक्त्वि की अनुसार ओके बतावेला। ईहे एगो हम उदाहरण देत बानी, बहिन स्मिध एगो गिरजा मे दूसरी भाषा मे संदेश देत बाड़ी। ई उनकी आत्मा से आवत बा। बाकी ना त ऊ अऊना नाही केवनो अउरी आदमी जानत बा की ऊ का कहत बाड़ी, परमेश्वर ऊ संदेश अऊरी उकरा समझने क दिमाग हमके दे दिहले बाड़न, बाकी एगो सामान्य तरिका दोवारा। जब हम विसवास में सामने अइली अऊर जेवन बोलल गईल रहे ओकर मतलब बतावल चालू कइली तब हम ऊ संदेश सबके बता दीहली।

बाकी ई सब हमरी आछा तरिका से बतावला पर भइल।

आत्मा (अन्य भाषा में) प्रार्थना कइल अऊर ओकर मतलब बतावल ई एगो अदभूत ढंग ह “मन दोवारा आत्मा क मदद” सिद्धान्त के समझे क आत्मा जेवन भी कहेला मन के ओकर समझ दिहल गइल बा।

अब एह बात पर बिचार करीः जदि बहीन स्मिथा एगो अलग भाषा में बोलेली अऊर ओकर मतलब बतावे खातीर पर मेश्वर केहू के खोजत बाड़न ऊ हमरी लगे से निकल जाई जदि हमार मन ज्यादा व्यस्थ बा अऊर जंगली बा अऊर परमेश्वर की बात के नइखे समझ पावत। जदि ऊ हमके ओकर अर्थ बता भि देही तबो भी हम ओकरा के ग्रहण ना कर पायीब।

जब हम प्रभू में जवान रहनी अऊर आत्मीक बरदानन के बारे में सिखत रहली। कुछ समय बितला की बाद हम अपनी प्रार्थना जीवन से उब गइनी। जब हम परमेश्वर के एकरी बारे में बतवली तब ऊ ई बात सिखवलन की जदि हम ऊब गइल बानी त ऊ एह खातीर की जब हम जेवन प्रार्थना करिला ओहके हम समझी ला ना। तबो भी हम ई मानीला की जेवन हम कहत बानी ओहके समझल जरूरी नईखे बाकी एह तरह क प्रार्थना असंतुलित होला अऊर फलदायक ना जदि हम ओहके समझत नइखीं।

## शन्त सतरक मन

**जेकर मन तोहरा में धीरज धइले बा, ओकर तू पुरा शान्ती के साथ राक्षा करेल काहेकी ऊ तोहरा पर भरोसार रखेलन।**

**यशायाह 26:6**

हम आशा करत बानी की एह उदाहरण से आप साफ–साफ समझ गईल होखब की आपक मन अऊर आप क आत्मा दूनो साथे मिल के काम करत बाड़े। अतः ई बहुत जरूरी बा की आपक मन सामान्य दशा में रहे। नाहीत ई आत्मा मदद ना कर पाई।

शइतान एह सत्य के अच्छा से जानत बा एही कारण ऊ मन पर धावा बोले ला अऊर आपकी मन की युद्ध भूमि में लड़ाई छेड़ देला। ऊ सब प्रकार के खराब विचार से आपकी मन की युद्ध भूमि में लड़ाई छेड़ देला। ऊ सब प्रकार के खराब विचार से आपकी मन के भर दिहल चाहत बा ता की मन आजाद ना रह सके अऊर पवित्र आत्मा जेवन की आपकी खुद आत्मा के दोवारा काम करेला ओकरी खातिर आपक मन उपलब्ध ना होख सकें।

मन के शान्त रखल जरूरी बा। जइसन की यसायाह भविष्यक्ता बताबेला जब मन अच्छा चीजन के बारे में सोचेला तब ऊ आराम पाई।

मन के सतरक रहे क भी जरूरत बा ई असभव होला जब एहमे ऊ सब बात भर जाला जेवना के ऊ ना चाहेला।

एह पर बिचार करि आपक मन केतना समय तक सामान्य दशा में रहेला?

प्रस्तावना

१

# एगो बेचैन अऊर भटके वाला मन

प्रस्तावना
9

# एगो बेचैन अऊर भटके वाला मन

*इस कारण अपनी अपनी बुद्धि की कमर बांध कर।*

1 पतरस 1:13

एकरी पहीला वाला अध्याय में हमनी क देखले रहनी जा की जेवन मन ढेर व्यस्थ रहेला उ असमान्य रहेला। असमान्य मन क एगो दूसर दशा होला–हर जगह घुमल। मन के एक ओर ना कइला क मलब ह मन पर शइतान क हमला।

बहुत आदमीयन बरिसन तक अपनी मन के ऐसही भटके दिहले बाड़न काहेंकि ऊ आपन बिचार जीवन के अनुसासीत करे क नियमन नइखन अपनवले।

जेवन लोग एकागरित ना हो पावेलन उ सोचेलन उनक दिमागी स्तर तनी कम बा बाकी जदि आप एकागरीत ना हो पावेलन त ऊ एह खातीर की अपनी–अपनी मन के कई बरिस तक आजाद कर के रखले बानी की जेवन भी ऊ चाहेला ओहके ऊ करेला। विटामिन बी. की कारन लोग एकागरित ना हो पावलन। अगर एइसन बा त तू संतुलित खाना खा। अधिक थकल भी एकागरता पर जोड़ डालेला।

हम जानत बानी की जब हम ढेर थक जानी त तब शइतान हमरी मन पर आकरमण कइला क कोशिश करेला काहेकी की ऊ जानत बा की एइसन समय में ओकर विरोध कइला में हमनी के ढेर कठिनाई होई। शइतान चाहे ला की हम अऊर आप सोची जा की हमनी क दिमागी स्तर कम बा एह कारण हमनी क केवनो अइसन का ना करल जाई जेह से ओकरी, खातीर परशानी खड़ा हो जाव। ऊ चाहेला की ऊ जवन भी झुठ हमनी से बोलेला ओहके हमनी क केवनो विचार के गरहन करिजा। हमरी एगो लईकी के एकागरित होखे में कठिनाई होखे। पढल ओकरी खातीर कठिन रहे काहे की एकाग्रता अऊर समझे क योगीता क चोली दामन क साथ ह। बहुत जवान अऊर लइका भी समझ ना पावेलन की ऊ का पढेलन। उनकर आख त पृष्ठ क अवलोकन कर लेला बाकी उनक मन समझ ना पावेला की ऊ का पढलन हऊवे।

एकागरता क कमि क फल ह ना समझ पावल। ई हमार खुद क भी अनुभव हऊवें। हम बाइबल क चाहे केवनो अऊरी किताब क अध्याय पढ़ सकीला फिर

एकाएक हमके मालूम चलेला की हमके त कुछऊ याद नइखे जेवन हम पढ़ली ह फिर से पढ़ल चालू करीला। इ सब कुछ नाया लागेला काहेकी हमार आख पना पर शब्दन क अवलोकन करत रहली बाकी हमार मन कही अऊरी भटकत रहे। काहे की जेवन हम पढ़त रहली ओहपर हमार धियान लागल ना रहे एही कारन जेवन पढ़त रहली ओके समझे में असफल हो गइली। ना समझ पवला क असली कारण ह भटकल मन की कारन धियान एक जगह कइला मे कमी।

## एगो भटकल मन

**जब तू परमेश्वर की भवन में जइह, तब सावधानी से चलीह,**

**सभोउपदेशक 5:1**

हम विसवास करेली की सावधानी से चले क मतलब ह "आपन संतुलन बनाये रखल ताकी रास्ता पर रही" हमनी के जेवन करत बानी जा ओही पर मन लगावला से रास्ता से बिचलीत ना होखल जाई।

हमार भी मन एगो भटकत मन रहे अऊर अनुसासन दूबारा हम आके परिशिक्षित कइले रहली। ई आसान ना रहे अऊर कबो–कबो वापस अपनी ओहे दश में आ जाला। जब हम केवनों योजना के पुरा कइल चाहेली त अचानक हमके मालूम होला की हमार मन कही अऊरी भटकता केवनों अऊरी बात के सोचता जेकर केवना योजना से केवनो रिस्ता नइखे। पुरा एकागरिचीत हमऊ भी अबे नइखे हो पावल बाकी एतना त हम समझत बानी की अपनी मन के इधर ओधिर घुमल ना देबल केतना जरूरी बा। "बान्डर"(भटकल) शब्द क मतलब बेत्सटर शब्द कोष में अइसे लिखल बा।

1. "बिना केवनो मतलब क घुमल। 2. सिधा रास्ता छोड़ के उल्टा रास्ता पर चलल। 3. असामयिक ढंग से काम कइल। 4. स्पष्ट भेस में खुद के परगट करीह अऊर कहिह।

यदि आप हमरी जेइसन बानी हो सकेला आप केवनों गिरिजा में बैठ के वक्ता के संदेश सुनत बानी, आनन्द लेत बानी जेवन कुछ भी कहल जात होखे, ओसे लाभ उठावत होखीं तब एकाएक आप के मन भटकल चालू कर देला। कुछ समय बाद आप 'जाग' जाइना अऊरी आप के पता चले ला कि जेवन कुछ भी हो रहल बा आप के कुछउ याद नइखे, अऊर देह तक गिरिजा में रहे

बाकि आप के मन बाजार में खरीदारी करत रहे, अऊर घर के रसोई घर में खाना बनावत रहे।

याद रखी, आत्मीक लड़ाई में मन युद्ध भूमि होला उहवें दुश्मन क आक्रमण होला। ओके भली भाति मालूम बा कि जब भी केवनों आदमी अपने मन के ओपर केन्द्रित ना करे ला।

जेवन सिखावल जात बा तब ओके गिरिजा जइला से केवनो फैदा ना होई। सैतान जानत बा कि केवनों आदमी केवनों योजना के पूरा करे खातीर खुद के अनुशासित ना कर सकेला यदि ऊ अपना के अनुशासित ना कर सकेला अऊर अपनी मन के उपर ना लगावेला जेवन ऊ करत बा।

बात चित करे के समय भी ई मन भटकावे वाला घटना होवे ला। बहुत बार हमार मरद डेव हमसे बात करत रहे ल अऊर हम तनीक देर तक सुनी ला फिर अचानक हमके पता चले ला कि जेवन ऊ कहत बाड़न ऊ त हम सुनी ना पवली। काहें? काहेंकि हम अपनी मन के केवनों अऊरी बारे में भटके के इजाज दे देले रहनी। हमार देह त उहवा खड़ा रहे अऊर ई होत रहे कि हम सुनत बानी बाकि हमरी मन के दोवारा कुछउ ना सुनल गइल।

कई बरिसन तक जब–जब भी एइसन होखे हम बहाना करी कि जेवन भी डेव कहलन उस सब हमकें मालूम बा। अब हम रूक जानी अऊर कही ना, 'का' तू फिर से सब कुछ कह सके ल?। हम अपनी मन के भटके दिहले रहनी अऊर ये कारण जेवन तू कहले रहल ऊ हम सुन ना पवली।

ये प्रकार हम ये परेशानी क सामना करी ना। विजयी होखे खातीर एकही रास्ता बा कि मुदन क सामना कइल जाव।

एह क्षेत्र में दुस्मन से निपटे क एगो अऊरी तरिका बा–कैसेट टेप क फैदा उठावल जेवन कई गो गिरिजन में उपलब्ध बा।

जदि अभी तक आप अपनी मन के अनुशासित कइल नइखी सिखले कि जेवन गिरिजा में कहल गइल बा ओपर ऊ धियान दें त हर सप्ताह संदेश क टेप खरीद लेईं अऊर तब तक ओके सुनी जब तक ऊ संदेश आप की समझ में ना आ जाव।

शैतान छोड़कर चल जाई जब ऊ ई देखी कि आप हिम्मत छोड़े वाला नइखी।

याद रखी, सैतान चाहत बा कि आप सोची कि आप में बुद्धि क कमी बा – कि आप के भीतर कुछ कमी बा। ताकि सच्चाई ई बा कि आप की मन के अनुशासित करे के जरूरत बा। सगरी शहर में एके घुमे ना देई, जेवन ऊ चाहे ओके करें ना देई। आजे से 'सावधानी से चली' ताकि आपन मन आप ओही पर लगा सकी जेवन आप करतानी। आप के अभियास क जरूरत होखी। पुरान आदतन के तोड़ के नाया आदतन में हमेशा समय लागे ला, ताकि आखिरी में ई मति सिद्ध होई।

## एगो अद्‌भुत मन

**हम तोहसे सच कहतानी कि जे केहू एह पहाड़ से कहे कि तू उखड़ जा, अऊर समुद्र में जा गिर, अऊर अपनी मन में सक ना करी, बाकि विश्वास करि, कि जेवन कहतानी ऊ हो जाई, त ओकरी खातीर उहे होई।**

**सह से हम तोहसे सही कहत बानी की जेवन कुछ बा तू प्रार्थना कर के मांग अऊर विसवास कर ल कि ऊ मिल गइल अऊर ऊ तोहरी खातीर हो जोई।**

**मरकुस 11:23–24**

हम प्रायः बहुत से बात खातीर कल करलिा, "हमके आश्चर्य बा।" उदाहरण खातीर।

"हमके आश्चर्य बा की काल जाने कइसन मौसम होई।"

"हमके आश्चर्य बा की हम पार्टि में का पहिन के जाई।"

"हमके आश्चर्य बा की डैनी (हमार लड़का) को रिपोट कागज कवन सा ग्रेड मिली।"

"हमके आश्चर्य बा की गोष्ठी में केतना लोग होयी।"

"वन्डर" शब्द क अर्थ शब्द कोष के दोवारा

"सक क अनुभव" (संज्ञा की रूप में) अऊर क्रिया की रूप में "सक से भर जाइल।"

हम ई सीखले बानी की जदि हम हर समय काल्पनिक बात पर ही आश्चर्य

करत रहली त हमके ओतना भला ना महसूस होईत जेतना कि साकारात्मक काम कइला की बाद आछा महसूस होला। डैनी के केवनी प्रकार क ग्रेड मिली।

पार्टी में हमके का पहने के होई एह पर आश्चर्य करला से अच्छा एह पर निणर्य करि की हमके का पहिने के चाही। काल क मौसम कइसन होई अऊर केतना आदमी हमरी सभा में अइहे एह पर आश्चर्य कइले के बदले हम एह बात के बात के परमेश्वर की ओर मोड़ सकेली उनपर विश्वास कर के की ऊ जेवन भी करीहे सगरी बात में भला ही होई चाहे ऊ कछउ होखे।

आश्चर्य एगो आदमी के अनिर्णायक दशा में छोड़ देला निर्णय ना अस्थिरता के जनम देला। आश्चर्य निर्णय ना लिहल अऊर भ्रामकता की कारण आदमी के ओकरी बिनती क उतर मिले में बाधा आवेला।

मरकूस 11:23–24 में यीशु ई ना कहले "जेवन भी तु विनती में मागल आश्चर्य करे, जदि ऊ तोहके मिल जाव।" बाकी ऊ कहलन "जेवन तू प्रार्थना में मागेल बिसवास कर की ऊ तोहके मिल जाई अऊर तोहके मिल जाला।"

मसीही अऊर विसवासी होखला के नति हमनी के विसवास करे के बा–सक ना।

प्रस्तावना

10

# एगो भ्रमिक मन

## प्रस्तावना 10

# एगो भ्रमिक मन

हम ई पता लगा लीहले बानी क आश्चर्य अउर भ्रामकता दूनो संम्बधि हउवे। आश्चर्य (स्पष्ट बिचारनकउलटा) सक अऊर भ्रमक के जनम देलन।

याकूब 1:5–8 क श्रेष्ट पद हमनी के ई समझावे में मदद करे लन की केवनी तरह से भ्रमक आश्चर्य अऊर सक पर हमनी क जीत पा सकेंलीजा अऊर परमेश्वर से ओह चीजन के गरहन कर सकेली जा जेवन क हमनी के जरूरत बा। हमरी बिचार से दूगो मन वाला आदमी भ्रमक कही छबि ह हाके की ऊ कभि निर्णय ना लेलन। जब ऊ सोचेला की ऊ निर्णय लेलिहलेबा तब आश्चर्यसक अऊर भ्रमक ओकरी मन में आ जाला जेसे ऊ दूगो मन वाला की जइसन बेवहार करे लागेला। ऊ हर बात के प्रतिअनिश्चि होला।

*जदि तोहन लोग के केहू के बुद्धि क कमी होखे त उ परमेश्वर से मांगे अउर ओके मिली काहे की उ सगरी के हू के बिना ताना दिहल देबेलन बाकी विसवास से मांगी अउर सक ना करी, काहेकी जे सक करेले उ समुन्दर की लहर जइसन बाड़े जेवन हवा से उठेलेन अउर उछलेलें।*

*अइसन आदमी जे सक करेला इ आशा जन रखो ओके परमेश्वर से कुछ्उ मिली। काहेकी दुदिमागी होखे के कारन आपन सगरी बातन में डावाडोल बा।*

याकूब 1:5–8

हमहु अधिक जीवन एहीसही बितवले बानी काहेकी शइतान हमरी विरोध में लड़ाई चालू कर दिहले रहे अऊरी ई हमके पाता ना रहे अऊर हमार मन एगो युद्धभूमि बन गइल रहे। हम हर बात में भ्रमक रहलीं अऊर हम समझ ना पायी की एइसन काहे बा।

## तरक भ्रमक के जनम देला

**हे कम विसवास करे वाला लोग, तोहन लोग काहे आपस में बिचार करत बाड़जा।?**

**मत्ति 16:8**

अभी तक हमनी क आश्चर्य के बारे में बात करनी हजा अब आगे के अध्याय में हमनी क सक के बारे में चर्चा कइल जाई। अभि हम भ्रमक के बारे में बात कईल जाहब।

परमेश्वर की लोगन क एगो बड़ संखीया भ्रमक होला। एइसन काहें? जइसन हमनी क देखली बाड़ी जा की एहकर एगो करण आश्चर्य। दूसर ह तरक शब्द "कारन (मतलब) के बारे में शब्दकोष में लिखल बा ऊ सचाई अऊर प्रेरना जेकरी दोवारा केवनो घटना तर्क दोवारा मतलब निकल जाए" (संज्ञा) अऊर क्रिया के रूप में "तरक दोवारा सोचल।"

आसान मतलब में जब एगो आदमी केवनो बात क "काहे जोहल चाहत बा जब तरक जनम लेला। तरक मन की केवनो मुद्दा अऊर घटना अऊर केवनो अवस्था की चारो ओर घुमत रहेला जब तक की मन ओकरी मतलब के समझ ना जावे। हमनी क केवनो कहानी अऊर केवनो शिक्षा पर तरक करके ओकरी सचाई क पाता लगालेला।

तरक के कारन शइतान हमनी से परमेश्वर की इच्छा के चोरा लेला। परमेश्वर हमनी से केवनो काम करे खातीर कह सकेला जदि ऊ बिना मतलब के होखे– जदि ओहमे तरक ना होखे त हमनी क ओकर बेयीजदि करे खातीर जाच में गिर जाइल जाई। परमेश्वर जब भी केवनो आदमी के कुछउ करे खातीर कहेलन तब ओकर मन के जरूरी नइखे की हमेशा ओके ओहमें तरक लउके। ओकर आत्मा त मान लेला बिशेष तौर से तब जब ऊ नापसंन्द हो अऊर ओकरी में व्यक्तिगत बलिदान अऊर व्यथा मिलल होखें।

## मन में तरक ना करिं खाली आत्मा में आज्ञा क पालन करिं

**बाकी देहधारी आदमी परमेश्वर की आत्मा के बातन के गरहण ना करेला, काहेकी ऊ ओकरी नजर में मुरखता क बात बा, अऊर ना ऊ उनहन के जान सकेला काहेकी उनहन क जाच आत्मीक तरिका से होला।**

**1 कुरिन्थियों 2:14**

इहवा एगो बेवहारिक व्यक्तिगत उदाहरण बा जेवन मन में तरक अऊर आत्मा में समझावेला एइस हम आशा करलि।

एक बार एगो सुबेरे जब हम अपनी शहर के लगे एगो सप्ताहीक सभा क सेवकाई करे खातीर तइयार होत रहलीं हम ऊ अउरत के बारे में सोचे लगली जेवन उहवा मदद की सेवकाई के बहुते इमानदारी से चलावत रहे। हमरी हिरिदय में एगो इच्छा जागल की केवनो तरह से ओहके आषिशित कइल जाव।

“एह बुलही बरिष में हे पिता, रूथ ऐन हम सबकी खातीर आशिष क कारन रहे हम प्राथर्ना कइनी की, हम ओहके आशिष देबे खातीर का कर सकेली?”

बाकी हमार नजर अलमारी में लटकल एगो नया लाल कपड़ा पर पहुँचल अऊर हम अपनी हिरिदय में जान लीहली की परमेश्वर हमके एह नया कपड़ा के रूथ एन के दे देबे के कहत बाड़न। जबकी हम एके तीन महिना पहिले खरिदले रहली बाकी एके हम कबो पहिनले ना रहली। अभि तक ऊ ओही प्लाष्टिक के थैला में टांगल रहे जेहमें हम खरिद के लाइल रहनी। हमके सही में ई पसंन्द रहे बाजी जब भी मै ओके पहीने के खातीर सोचनी हमार इच्छा ना भइल की ओहके हम पहनी। याद करी जब हम कहले रहनी की जब हमार नजर ओ नया लाल कपड़ा पर गईल हम जान गईनी कि हमके ई रूथ एन के दे देबे के चाही। वास्तव में हम ई दिहल ना चाहत रइली तुरन्त हम मन में तरक करे लगली की परमेश्वर हमके ई लाल कपड़ा ओके दे देबे खातीर एह कारन ना कह सकेलन काही की ई एकदम नया रहे कबो पहिनल ना गइल रहे महगं रहे अऊर हम ओहसे मिलते जुलत लाल अऊर स्लेटी रंग क बुन्दे भी खरिद लिहले रहखी।

जदि हम अपनी देह की मन के एह जगह से बाहर ही रखती अउर अपनी आत्मा में परमेश्वर की खातीर धियान लगवले रहती त सब चीज अच्छा से हो गइल रहीत बाकी हमनी क आदमी तरक के दूवारा ओह काम ना करेलीजा जेवन परमेश्वर हमनी से करे के कहेलन अऊर हमनी क खुद के धोखा देली जा। कुछ मिनट तक हम ई भूल गइल रहनी अऊर अपनी काम खातीर चल पड़नी। मतलब ई रहे की हम ई ड्रेस दिहल ना चाहत रहनी काहेकी ई नया रहे अऊर हमके पसंन्द रह। हमार मन ने तरक दिहलस की इच्छा परमेश्वर की ओर से नइखे बाकी शइतान हम से ऊ सब लेबल के कोशीश करत रहे जेवन हमके पसन्द बा। कुछ हप्ता बाद ओही जगह बाकी दूसी घर में हमके सभा खातीर जाए के रहे। पहिले की जइसे रूथ एन क नाम हमरी हिरिदय में आइल हम ओकरी खातीर प्रार्थना करे लगली। हम कहनी हे पिता रूथ एन हमनी सबकी खातीर– आशीष हई, हम उनके आशिष देबे खातीर का कर सकेली? तुरन्त

हम ऊ लाल कपड़ा देखली अऊर हमार देह शीथिल पड़े लागल काहे की हमके फिर उहे बात याद आ गइल रहे (जेवन हम पुरा तरह से भुला गईल रहनी)।

एह बार हमार देह ना ऐठल या त हमके एह सत्य क सामना करे के बा की परमेश्वर जेवन कुछ हमके बतावत बाड़े कि हमके का करे के चाही अऊर ओही परकार हम करि या हमके ई कहेके होई "हम जानत बानी परमेश्वर जेन हमके बतावत बान बाकी हम एइसन नइखी करे जात।" हम परमेश्वर से बहुत प्रेम करेली अतः हम उनसे लाल कपड़ा की बारे बात कइल चालु कइली।

कुछ ही मिनट में हम जान गईनी की पहिले हम परमेश्वर की विरोध अपनी ढंग से तरक करत रहनी अऊर एह के कइल बस तनकी समय लागल रहे। हम सोचले रहली हम परमेश्वर क आवाज ना सुन सकी काहे की कपड़ा नाया रहे। बाकी अब हम जनली की बाइबल खाली पुरान समान देबे के ना कहेला। कपड़ा नाया रहे एह कारण एके दिहल हमरी खातीर बलीदान की तरह रहे बाकी रूथ एन के खातीर ई आशिष से भी कही अधिक रहे। जब हम आपन हिरदय परमेश्वर खातीर खोलनी ऊ हमके बतलवलन की हम ई कपड़ा रूथ एन की खातीर खरिदले रहली। इहे कारन रहे की ई कपड़ा हम ना पहिन सकनी। परमेश्वर ने ओहके आशिषीत करे खातीर हमके अपनी प्रतिनिधि के रूप में परियोग कइलन। बाकी कपड़ की बारे में हमार आपन कुछ बिचार रहे अऊर जब तक ओह बिचारन के हम छोड़ ना दिहली तब तक आत्मा क अगुवाई हमके ना मिल सकाल।

ई घटना ने हमके बहुत कुछ सिखलाया। केतना आसानी से हम आपन मन की बातन में फस सकेली जा अऊर तरीके के दोवारा खुद के परमेश्वर की इच्छा से अलग कर सकेलीजा अतः तरफ से हमनी के बच के चाही। याद रखि 1 कुरिन्थियों 2:14 के अनुसार देहधारी आदमी आत्मीक आदमी के ना समझ पावेलन। हमार शारीरिक मन (हमार देहधारी आदमी) नाया कपड़ा जेवन हम कबो ना पहिनले रहली के देबे क मतलब ना समझ पइलन, बाकी हमार आत्मा (हमार आत्मीक आदमी) एहके अच्छा से समझ गईल।

हम आशा एह बात के अच्छा तरह से समझ गईल होखब अऊर परमेश्वर की इच्छा के अनुसार चले में आप के मदद मिली।

(हम जानत बानी की आप सोचत होखब कि हम ऊ कपड़ा रूथ एन के दे देहले रहनी या ना/हॉ ऊ कपड़ा हम दे देहले रहनी अऊर ऊ अब हमरी

दफतर में काम करेली अऊर अभि भी कबो–कबो ऊ लाल कपड़ा पहिन के काम करे आवेली।)

## बचन पर चले वाला बनी

**बाकी बचन पर चले वाला बन, अऊर खाली सुने वाला ही नाही जेवन अपनी आप के धोखा देलन स।**

**याकूब 1:22**

बचन जेवन हमनी से कहेला हम ओहके ना कहेलीजा काहेकी तरफ बिच में आजाला अऊर हमनी क ओपर विसवास कर लेनी जा जेवन सत्य नइखे अऊर हमनी क धोखा खा लेनी जा हर एगो बात जेवन बचन कहेला। ओकरी समझावे के कोशीष में हमनी क अधिक समय बिताना सके लीजा। जदि हमनी क आत्मा में गवाही दिहल जा तब हमनी क आगे बढ सके लीजा अऊर एइसन कर सकेली जा।

हम ई जान लिहले बानी की परमेश्वर ई चाहतन हम उनकी आज्ञा क पालन करि चाहे ऊ हमकें अच्छा लागे या ना लागे।

जब परमेश्वर आपन बचन दोवारा या हमनी की भीतरी आदमी दोवारा बात करेलन तब हमनी के तरक दोवारा खुद से ई ना पुछे के चाही की ए बात में सचाई बा की ना।

जब परमेश्वर हमनी से बात करेलन तब हमनी के ओपर चले के बा तरक नहखे करे के।

## परमेश्वर पर विसवास करि ना की मनवीय तरक पर

**तू अपनी समझ क सहारा मत लिह बाकी पुरा मन से महोवा पर भरोसा रखीह।**

**नीतिवचन 3:5**

दूसरी शब्द में तरक पर निरभर ना रही। तरक धोखा क दोवारा खोल देला अऊर भ्रमक लावेला।

एक बार हम परमेश्वर से पुछनी की एतना अधिक लोग भ्रमीत काहे बाड़े

अऊर ऊ हमसे कहलन "उनहन से कह की हर चीज क निवारन ऊ खुद खोजल बन्द कर दें। एह खातीर ना की ओकर तरक कहलस की ऊ ठीक रहे बाकी एह खातीर की ओकर दिमाग पवित्रआत्मा में गवाही दिहले रहे।

जइसन की हमनी क देखनी की मन काम करेला अऊर कबो–कबो आत्म ओकर मदद करेला। मन अऊर आत्मा साथे–साथे काम करेलन। बाकी आत्मा श्रेष्ठ बा एहखातीर मन से ढेर सम्मान आत्मा क करे के चाही। जदि हम अपनी आत्मा में जान जइती की ई चीज गलत बा तब हमनी के तरफ से ओहके करे क इजाजत ना देबे के चाह। एही तरह जब हमनी क ओके जानत बानी जा की ई चीज गल बा अमुक चीज ठीक बा तब हमनी के तरफ से ओहके करे क नहखे देबे क।

परमेश्वर हमनी के समझ दिहले बाड़न बाकी परमेश्वर के साथ चले खातीर ओकरी इच्छा के मने खातीर ई जरूरी नइखे की हर एगो बात के समझत बानी जा की। बहुत बार परमेश्वर हमनी की विसवास के बढ़ावे के खातीर हमनी की जीवन में प्रश्न चिन्ह छोड़ देला। आदमी खातीर ई कठीन बा की ऊ तरफ के छोड़ दे अऊर खाली परमेश्वर पर भरोसा रखे। बाकी एक बार जब परिक्रीय पुरा हो जाला, मन तब आराम पा जाला।

व्यस्थ किरियाकलापन में तरक एगो बा जेहमें मन व्यस्थ हो जाला जेवन हमनी के अच्छा अऊर बुरा चुने की क्षमता के कम कर देला। दिमाग क ज्ञान अऊर परमेश्वर क ज्ञान दोनो ही अलग बा।

हम आपके नइखी जान की हम चाहत बानी की परमेश्वर ऊ सारी चीजे हमरी उपर एह तरह परगट करे की हम अपनी आत्मा में जान जाई की जेवन कुछ भ हमरी पर परगट कइल गइल ऊ सही गा हम परशानी क समाधान तरफ दुबारा नइखी नीकालल चाहत।

हम मन अऊर हिरिदय की शान्ति क अनुभव करल चाहत बानी जेवन की परमेश्वर पर विसवास कइलाकी दूवारा हसे सकेला आदमी की दुबारा सोचन अऊर ज्ञान से ना।

कुछऊ हम गरहन बा क पवली जेवन ऊ हमके दिहल चाहत रहे। ऊ कहले "जोप्स अपनी एह मानवीय तरफ के अपनी से दूर कर जदि तू चाहत बाड़ु अच्छा अऊर बुरा में भेद कइल।"

हम ए बात के जानत बानी कि जब हमके सब बातन क जबाब मालूम होत रहे तब मे स्वयं के सुरक्षित पावी त। हम अपनी जीवन में केवनो परकार के दुरबलता ना चाहत रहली। हम हर चीज पर आपन बस चाहत रहनी अऊर जब हम एह चीजन के ना पाई त हमके लागत रहे की एह पर से हमार बस खतम हो गइल बा–हम डर जात रहली। बाकी हमरी भीतर कुछ कमी रहे। हमरी मन में शान्ती ना रहे अऊर तरक कइला क शान्ति सिधिल बड़त जात रहे।

इस परकार की गलत मानसीक क्रियाशीलता से आपक भौतीक देह सिहरा जाई। ई आपके पुरा तरह से सिहरा देयी। परमेश्वर हमसे एके छोड़ देबे के कहलन अऊर हमहू कुल ओइसन आदमी से तरक के नाशा में इहे शलाह ओहके बलपुरवक देइला।

हमके अऊर आपके अइसन स्थान में बढ़े के चाही की जहाँ हम उसके जान जाई जो सब कुछ जानेला चाहे हमनी क कुछउ ना जानत होखी।

## मसीह छोड़ कर अऊर केवनो बात के ना जाने के ठान ली

**अउर हे भाइयों जब हम परमेश्वर क भेद सुनावत तोहरी लोग के पास अइली त बचन या ज्ञान क उत्तमता के साथे ना अइली। काहेकी हम ई ठान लीहले रहनी की तोहनी लोग के बिच यीशु मसीह वरन क्रुस पर चढ़ाए गइल मसीह के छोड़ अउरी केवनो बात के ना जानी।**

**1 कुरिन्थियों 2:1,2**

ज्ञान अऊर तरक के विषय में ई पौलूस क नजरीया रहे अऊर हम एके समझली अऊर सरहली। हम ई जान लीहनी की बहुत सी बातन के बारे में जेतना कम हम जानत बानी ओतना ही ढेर हम खुश रहीला। कभी– कभी हम एतना जान जानी जा जेवन हमनी के दुखी बना देला।

हम हमेशा से एगो जिज्ञासु आदमी रहली। हम अपनी शान्ति के खातीर हर एगो चीज जाने क कोशीष करि। परमेश्वर हमके बतवलन की हमरी अवस्था क कारन तरक करे क आदत अऊर एही कारण ऊ सब हाँ हम कहली तरक क “नाशा” अऊर एही कारण ऊ सब कुछ हम गरहन ना कर पइली जेवन ऊ हमके दीहल चाहत रहलन। ऊ कहलन “जोय्स” अपनी एह मानवीय तरक के अपनी से दूर कर जदि तु चाहत होख अच्छा अऊर खराब में भेद करल।

हम एह बात के जानत बानी कि जब हमके सगरी बातन क मालूम रहे। तब हम खुद के सुरक्षीत पावत रहनी। हम अपनी जीवन में केवनो प्ररकार क कमजोरी ना चाहत रहनी। हम हर चीज पर आपन काबू चाहत रहनी अऊर जब हम चीज के ना समझ पावत रहनी त हमके लागत रहे कि इन्हन पसे हमार काबू खतम हो गई ल–हम डेरा जात रहनी। बाकी हमरी भीतर कुछ कमी रहे। हमरी मन में सानती ना रहे अऊर तरक करे क सकती खतम होत जात रहे।

एह प्ररकार क गलती मानसीक क्रियाशीलता से आपक भौतिक देह सीहरा जाई। ई आप के पुरा तरह से सीहरा देई।

परमेश्वर हम से एके छोड़ देबे खातीर कहलन, अऊर हमउ भी हर ओ आदमी से जेवन तरह के नाशा में बाड़न ई शालाह ओहके बल पुरूवक देत बानी। हाँ कहनी तरख क “नाशा”। हमनी गलत मानसिकता किरियाशीलता के नाशा में फस सकेला जा। जइसे कुछ लोग नशीली दवाईया, शराब अऊर किटनाशक के नाशा में फस जातन हमरी उपर तरक क नाशा रहे। अऊर जब हम छोड़ दिहली तब हमरी में नाशा के छोड़ दिहला के बाद क लक्षण शुरू भईल। हम भुलाईल होइल अऊर डरल महसूस करे लगली काहेकी हमके मालूम ना रहे की का होता। हम हताश महसूस करत रहली।

हम आपन समय तरक में एतना अधिक बितवले रहली की जब हम तरक छोड़ दिहली तब हमके खुद के अपनी मन के साथे अभयस्थ करे के पड़ल जेवन कि बहुत अधिक शान्त हो गइल रहे। कुछ समय त हमके ई सब कुछ निराशजनक लगल बाकी अब हम एहसे प्रेम करे लगली। अब हम तरक के दरद के सह ना सकेली।

परमेश्वर ना चाहेलन की हमनी क मन तकर की दशा में रहे काहे की इ समान दशा ना ह। सावधान रहे जब मन मे तरक भरल होला ऊ तब समान्य दशा में ना होला। विशेषकर मसीहियो के लिए जो आजादी जीवन जीयल चाहत बानी–विसवास जेवन मन की युद्धभूमि पर युद्ध के जीतल चाहेला।

प्रस्तावना

# 11

# एगो सक से भरल अऊर अबिसवासी

प्रस्तावना

# एगो सक से भरल अऊर अबिसवासी 11

> *हे अल्पविसवासी तू काहे सक कइल।?*
>
> मत्ती 14:31
>
> *अउर उ उनकरा अविसवास पर आश्चर्य कइलन।*
>
> मरकुश 6:6

हम प्रायः संदेह अउर अविसवासी के बारे में साथे–साथे बात करेलीजा जइसन ऊ दूनो एगही हउवन सही में इ दूनो जुड़ल रहेलन बाकी दूनो क मतलब अलग–अलग बा।

नाया अऊर पुराना नियम क वाईन क शब्दकोष "संदेह" शब्द क मतलब काम के भेस में इ बतावेलन "ई दू तरह क रास्ता पाका नइखे कउन रास्ता चुनी, उन थोड़ी विसवास वालन के कहल गयील बा... सोचत रहना मन क विचिलीत दशा आज्ञा अऊर डर के बिचे डगमडा इल..."

इगो ग्रीक शब्दो में एगो क अनुबाद अविसवासी बा उकरी बारे में उहो शब्द कोष कहेला "आशा ना मानल।"

विरोधी के एह दू शक्तिशाली हथियारो को जब हमनी क देखेली जा तब हमनी क जान जाली जा की सक एगो आदमी के दूगो बिचार धारा के बिचा डगमगा देला, जबकी अविसवास आज्ञा क उलंघन ह।

हम सोची ला की जदि हम इ पाता लगा लीहल जा कि शइतान केवनी परकार हमनी पर आकरमण करे जात बा तब एह से हमनी के मदद मिल सकेला। का हमनी क सक या अविसवास क सामना करत बानी जा?

## सक (संदेह)

**...तु कब तक दूगो बिचार में लटकल रहबजा...?**

**1 राजा 18:21**

हम एगो कहानी सुनली रहनी ऊ ई सक पर प्रकाश डालि एगो आदमी रहे जेवन की बेमार रहे। चंगाई वाला पवित्रशास्त्र क बचनो क अपनी देह पर अभियास करत रहे अऊर विसवास करत रहे की एहसे ओक चंगाई जलदी मिल जाई।

जब ऊ आइसन करत रहल ओह समय सक बिचार भी ओह पर आकरमण करत रहें। जब ऊ एह कठिन समय से गुजर गइल अऊर उदास होखे लागल परमेश्वर ओकर आखन के आत्मीक संसार खातीर खोल देलें। ऊ देखले शइतान ओहसे झुठ बोलत रहे ऊ कहत बा कि तोहके चंगाई ना मिली अऊर एह पदन के मानने से भी तोहार का सफल ना होई। बाकी ऊ ई भी देखले की जबो भी बचन क पद ऊ बोले, एगो तेज उजीयार तलवार की जइसन ओकरा मुह से निकले अऊर शइतान पाछे की ओर गिर पड़े।

जब परमेश्वर ओहके ई सपना देयावलन, ऊ आदमी समझ गईल की बचन के बोलत रहल केतना जरूरी बा। ऊ देखलस की ओकरी लगे विसवास बा एही कारन शइतान सक के दोवारा ओके आकरमण करत रहे। सक के परमेश्वर हमरी भितर ना रखलन बाइबल कहेला की परमेश्वर हर एगो आदमी के परिणाम के अनुसार विसवास (रोमियों 12:3) देला। परमेश्वर विसवास हमनी के भितर रखले बाड़न बाकी शइतान सक दोवारा हमनी पर आकरमण कर के ओह विसवास के खतम करे क कोशीश करेला।

सक ओह बिचारन के कारन आवेला जेवन परमेश्वर के विरोध में बा। एही कारन ई त बहुत बावश्यक बा की हमनी क परमेश्वर के बचन के जानी जान। जदि हम बचन के जानत बानी तब हमनी क आसानी से पहचान जाइल जाई की शइतान हमनी से कब झुठ बोलत बा। पाका हो जाई के शइतान हमनी से झुठ बोलकर ओह चीज के चोरावल चाहत बा जेवन यीशु अपना मउवत और दूबारा जीवन क दोवारा हमनी खातीर खरिदले बा।

## सक अउरी अविसवास

**ऊ निराश में भी आशा रख के विसवास कइलन एह खातीर की ओह बचन के अनुसार की तोहार वंश एइसन होई ऊ बहुत जातियन क पिता होई।**

**अऊर ऊ जेवन एक सौ बरिस क रहे अपने मरल देह अऊर सारा के गरभ क मरल होईल दशा जान के भी विसवास में कमजोर ना भईल। अऊर ना अविसवासी होकर परमेश्वर की प्रतिज्ञा पर सक कइलस लेकिन विसवास में हो कर परमेश्वर क बड़ाई कईलस।**

**अऊर पाका जईह के जेवनी बात क ऊ प्रतिज्ञा कइले बा ऊ आके पुरा कइला क भी सामर्थी बा।**

**रोमियों 4:18–21**

जब भी हम एगो युद्ध में होली ई जानता की बाद भी परमेश्वर का प्रतिज्ञा का बा अउर तबो भी संदेह अऊर अविसवास क हमरी उपर आकरमण होला तब हम रहे खण्ड पढ़िना अऊर ओहपर मनन करिला।

इब्राहिम के परमेश्वर एगो वादा देले रहलन ऊ ओहके उनही की देह दोवारा लईका देई। इब्राहिम अऊर सारा के लगे बहुत बरिस के बादो भी केवनो लईका ना रहलन से। इब्राहीम क विसवास अबो भी बड़ियार रहे ओहके विसवास रहे की जेवन कुछ परमेश्वर कहले बाड़न ऊ पुरा होई। संदेह क बिचार अऊर अविसवास क आत्मा ओकरा पर भार डालत रहले की परमेश्वर क आज्ञा ना माने। एइसन परिस्थिती में बात नामाताला क मतलब उदास हो जाइल जबकी परमेश्वर हमनी से हियाब ना छोड़े के कहेलन।

आज्ञा ना मानल परमेश्वर की बचन क तिरस कइल ह अऊर जेवन भी परमेश्वर हमनी से व्यक्तिगत रूप में कहत बाड़े ओकर तिरसकार कइल।

इब्राहिम मजबूत रहलें। ऊ परमेश्वर क बखान करत रह गईले अऊर उनके महिमा देत रहगईले। बाइबल हमनी के बतावेला कि ऊ एइसन कइलें तब ऊ विसवास में अऊर भी बढ़िया बनत गइल।

आप देखीला कि परमेश्वर जब हमनी से कुछ कहे लन अउर कुछ करे खातीर कहेलन तब एहके पे विशवास कईल अऊर पुरा कईल परमेश्वर की बचन से होला। ई परमेश्वर खाती हास्यपद होई की ऊ हमनी से कुछ करवला कर आशा रखस अऊर हमनी पर विशवास ना दे हमनी के ओहके कर सकेली जा। शइतान जानत बा की उ ओकरा खातीर केतना भयानक होई यदि हमनी क हिरिदय विशवास से भरल बा अतः उ हमनी पर सक अउर अविशवास की दूबारा आकरमण करेला।

अइसन नइखे की इमरी भितर विशवास नईले शइतान झुठ बोल के हमनी की विशवास के खतम कइला के कोशिश करेला।

हम आपके एगो उदाहरण देत बानी। ई ओह समय क बात ह की जब हमरी लगे प्रभु क सेवकाई खातिर बुलावा आइल रहे।

ऊ हर दिन के जईसन सबेर रहे।

एहसे तीन हप्ता पहीले हम आत्मा से भरल जा चुकल रहली। अभी – अभी हम अपना पहिला उपदेश वाला कयसट सुनले रही। ई पादरी क मासहेल्डर

क संदेश रहे। शीर्षक रहे “दूसरी ओ पार हो जा”। हमार दिल हिल गईल हम घबराइल रहनी की केहू भी केहूवे के एक घण्टा तक पवित्र शास्त्र में से सिखा सकेला और और ओकर इ उपदेश रोचक होइहे।

जब हम आपन बिछौना ठीक करत रहली त हमरी भितर एगो तेज इच्छा जागल की हमहू परमेश्वर के बचन के सिखाई। तब हम परमेश्वर क आवाज सुनली ऊ हमसे कहलन की तू सगरी जगह जईबू अऊर हमरी बचन के सिखइबू, अऊर तोहार एगो बड़ उपदेशन क टेप रिकार्डर सेवकाई होई।

हमरी लगे केवनो सामान्य तरक ना रहे जेहले हम ई विसवास कर ली की परमेश्वर हमसे बात चीत कइलन ह अऊर हम ओ काम के करब जेकरी बारे में हम योचीला कि अबे हम सुनले बानी। हमरी भीतर कइगो समस्या रहे। हम प्रभु की सेवकाई क समान भी ना लागी बाकी परमेश्वर एह संसार के कमजोड़ अऊर मुरखन के खोज लिहले बाड़न ताकी ज्ञानियन के निरूतर कर दे। (1 कुरिन्थियों 1:27) ऊ आदमी क हिरिदय देखेला देह ना (1 शामूएल 16:7)

जदि हिरिदय ठिक बा त परमेश्वर देह के बदल सकेला।

हम विशवास से भर गइली की हम ऊ जब काम कर सकेली जेवन परमेश्वर हमसे करावल चाहत बाड़न। जब परमेश्वर बोलावेलन ऊ काम कइला क इच्छा विशवास अउर योग्यता भी देला। बाकी हम आपके बतावल चाहत बानी। कि एह अभियास अऊर प्रतिक्षा के बारिष में शइतान नियमित रूप हमरी पर सक अऊर अविशवास के द्वारा आकरमण करेला।

परमेश्वर अपनी लोगन के हिरदयन में सपना में अऊर दर्शन में रख देलन ऊ सुरू से छोटा “बिज” तरह होला। जेवनी तरह एगो मेहरारू के गरभ में बिज आजाला त ऊ गर्भवती बन जाली एही तरह हमनी क भी परमेश्वर के बातन अऊर प्रतिज्ञावन से गर्भवती के जइसन बन जाली जा। एह गर्भ के दिन में शइतान आपन पुरा कोशीश करेला की हमनी क एह आपन सपना क गर्भपात क दीहल जा। ओकर एगो हथियार ह सक क अउर इ दूसर ह अविशवास क। एह दूनो हथियार मन कि विरोध काम करेलनसा। विशवास आत्मा क एह जगह ई एगो आदमी ह। विरोधि ई कभी ना चाहेला कि हम अऊर आप लोग अपनी मन के आत्मा के अनुकूल बाना लेई।

ऊ जानत बा की जदि परमेश्वर कुछ करे खातीर अमनी की भितर विशवास देला अऊर अमनी क ओ काम के चालू कर देली जा एइसन विसवास कर

के की हमनी एह काम के पुरा कर सकेली जा। तब हमनी क ओकरी राज के बहुते ढेर नोकसान कर सकेलिंजा।

## पानी पर चलत रह

**ओह समय नाय झील के बिचा लहरन के बीचे डगमगा त रहे काहे की हवा आगे क रहे।**

**अउर ऊ राती क चउथा पहर (प्रातः काल 3:00–6:00 के समय) झील पर चलत उनकी पास अईलन। चेलवन उनके झील पर चलत देख क डेरा गइलन अउर कहे लगलन स ऊ भूत ह अऊर डर के मारे चिल्लाए लगले।**

**यीशु तुरन्त उनहन से बात कइलन अऊरी कहलन हिम्मत करस, हम हई डेरा मत।**

**पतरस उनके जवाब दिहलन हे प्रभु जदि तु ही हऊव त हमके अब पानी पर चल के अपनी पास आवे क आज्ञा दी।**

**ऊ कहलन आव तब पतरस नाय पर से उतर के यीशु के लगे जोय खातीर पानी पर चले लागल। बाकी हवा देख के डेरा गइल अउरी जब डूबे लागल त चील्ला के कहलस हे प्रभु हमके बचाई।**

**यीशु हाथ बढ़ा के तुरन्त ओके पकड़ लीहले अऊर ओहसे कहलन हे अलप विसवासी तू काहे सक कइल ह ?**

**जब ऊ नाय पर चढ़ गइलन त हवा रुक गइल।**

**मत्ती 14:24–32**

एह खण्ड की अन्तीम पद पर हम आपक ध्यान खिचल चाहब काहे कि उहवें अमनी क विराधी की बारे में देखल जाई। यीशु की आदेश पर पतरस नाय के बाहर ऊ काम करें आगइल जेवन ऊ पहिले कबो ना कइले रहे। सही में यीशु के छोड़ कहू ई काम कबो ना कइले रहे। एहमें विसवास क जरुरत बा।

पतरस एगो गलती कइले रहले ऊ आपन अधिक समय तूफान के देखे में लगा दिहलस। ऊ डेरा गइल रहे। सक अऊर अविशवास ओकरी भितर समा गईल ऊ डूबे लागल। ऊ यीशु से चिल्ला के कहलस की हे प्रभु हमके बचा ल,

अउर ऊ बचा लिहले। बाकी धियान देई जइसही परतस नाय पर चढ़ गइल आधी रूक गइल।

रोमियों 4:18–21 याद करि जहवा इब्राहीम अपनी असम्भव दशा के देखत भी डगमगाइ ना। इब्राहिम सगरी अवस्था के आजत रहे बाकी हम ना सोचेली कि ऊ हर सयम ओकरी बारि में सोचत रहेला या दूसरन के बतावत रहे। हम अऊर आप हू भी जपनी परिस्थितीयन से भली–भाती अवगत हो सकेली बाकी हमनी के आपन मन ऊ चीलन पर लगावे के बा जेसे हमनी क अऊर हमनी क विशवास बढ़े।

एही कारण इब्राहीम परमेश्वर क महिला अऊर प्रसंसा करे में व्यस्त रहे। हमनी क भी जब ऊ काम करेली जा जेवन के हमनी जानत बान जा की ठीक बा चाहे परिस्थितिया उलटा ही काहे ना होखे हमनी क परमेश्वर महिमा करेली जा। इफिसियो 6:14 हमनी के सिखावे ला की आत्मकी लड़ाई के दवरान हमनी क सत्य क पटुका अपनी करियाह में जोड़ के बाध लेबे के चाही।

जब आपकी जीवन में तूफान आवेला तब आप अपनी पाव कस के जमिन पर जपालेई अपनी मुह के चमक पत्थर के जइसन बना लेई अऊर पवित्र आत्मा में दृढ़ होके नाय की बहरा रहीं। जइसे ही आप वापस सुरक्षा के जगर में आजाईला तूफान रूक जाला। शइतान आपके डरे खातीर आपकी जीवन में तूफान लीयावेला। तूफान की समय ई याद रखी की मन एगो युद्धभूमि ह। आप अपनी बिचार अऊर इच्छाअवन की दोवारा फैसला ना लेई बाकी अपनी आत्मा क मदद लेई। जब आप एइसन करिला तब आप ओही शूरू वाला दर्शन पा लेहब।

## सक क इजाजत नइखे

**जदि तोहन लोग में से केहू के बुद्धि क कमी बा त परमेश्वर से मांग जेवन बिना ताना दिहले सबके उदारता से देलन अउरी ओहके दिहल जाई।**

**याकूब 1:5–7**

हमार पादीरिक सेलटन एगो कहानी सुनावेलन की जब ऊ बाइबल कालेज से स्नातक हो गइलन ऊ ई फइसला ना कर पावत रहले की अब ऊ का करिह अऊर ऊ बहुते भ्रमीत हो गइल रहलें। परमेश्वर उनकी हिरदय में बल से ई डाल दिहलन की उरके सेन्ट लुईस, मिसूरी आपस आ जाए के चाही अऊर स्नातक उपाधी पवला की बाद उहवा एगो गिरजा क स्थपना करे के चाही।

ओह समय उनकरा लगे पचास डालर, एगो मेहरारू, एगो लइका अऊर दूसरा का आवे वाला रहे। निह संदेह परिस्थियन अच्छा ना रहली।

जब ऊ फइसला लीहला क सोचत ही रहलन। उनके दूगो बहुत आच्छा प्रस्ताव मिलल एगो बहुत बड़ संस्था में काम कइला क अवसर मीलल। उहवा तनखाह भी अच्छा रहे अऊर सेवकाई क अवसर भी आकर्षक रहल अऊर एह संस्था में काम कइला से उनकी अहन्न के भी संतुष्टी होखे। जेतना अधिक ऊ सोचत रहले ओतना ही अधिक ऊ भटक जात रहले। (एइसन लागेला की सक महासय उनके मिले आ गईल रहलन)।

एगो समय त एइसन रहे जब उनके मालूम रहे की उनके का करेके बा अऊर ऊ एह प्रस्तावन के बिचे डगमगा रहले। काहे की ऊ लोग क परिस्थित आइसन ना रहे की ऊ वापस सेन्ट लूईस जाए अऊर एधीर दूगो में से एगो प्रस्ताव के माने के जाच में फसल रहलन। ऊ समझ ना पावत रहले की का करी। आखरी में ऊ ओह पादरी से सलाह लीहलन जे उनकरा आगे ई नोकरी क प्रस्ताव रखले रहलन, पादरी कहलन “केवनो शान्त जगह में जा अपनी दिमाग के आराम देयी। अपनी हिरदय में देखी की उहवा का बा अउरी उन्हे करी।” जब ऊ पादरी क सलाह मनलन, उनके तुरन्त पाता चल गईल की उनकी हिरिदय में सेन्ट लूईस क गिरजा बा। ऊ हिरिदय क कहल मान लिहलन अऊर उनकर परिणाम आसचर्यजनक रहें।

आज रिक सेटल मिसुर की सेन्ट लुईस में स्थिर लाइफ क्रिश्चियन सेन्टर क बड़ा पादरी अऊर संस्थापक हउव। आज लाइफ सेन्टर गिरजा में तीन हजार सदसय बाड़े।

अऊर ईनकर सेवकाई पुरा दुनिया में बा। ए बरीषन में इनकी सेवकाई दोवारा हजारों लोग क जीवन बदलल बा। अऊर बहुत लोग के आशीस मिल बा। हमउ पाँच बरीष तक सहायक पदरी क रूप में उहवा काम कईनी अऊर एही समय हमर सेवकाई लाईफ इन द वर्ड क जन्म भईल रहे। तनी सोची शइतान अऊर अबिससवास केतना अधिक चोरा लेई जदि पदरी शेलटन अपनी हिदय सुनला की बजाय अपनी मन क सुनले रहतन।

## संक एगो चुनाव ह

**सुबेरे जब ऊ गॉव में लौटत रहलन उनके भूख लागल। अऊर अंजीर क एगो फेड़ रास्ता के अरीया देख के ओकरी लगे गईलन, अऊर पतई**

**के छोड़ ओमे अऊर कुछ ना पाके ओसे कहलन, अबसे तोरी फल कबो ना लागी, अऊर अंजीर क फेड़ तुरन्ते सुख गईल।**

**ई देख के चेलन चीहुक गईल, अऊर कहलन ई अंजीर के फेड़ तुरन्त काहे सुख गईल ह?**

**यीशू उन्हन के जबाब दिहल हम तोहन लोग से सच कहतनी, जदि तोहन लोग बिसवास रख अऊर सक ना कर, त ना खाली ई करब जेवन अंजीर के पेड़ से, बाकी जदि ए पहाड़ से भी कहब की, उखड़ जा अऊर समुन्द्र में जा पड़, त ई हो जाई। अऊर जेवन कुछ तोहन लोग प्रार्थाना बिसवास से मगब ऊ सगरी तोहन लोग के मिली।**

**मत्ती 21:18–22**

जब उनकर चेला घबरा के यीशु से पुछलन की ई अंजीर के पेड़ काहे सुख गई ह, ऊ उनहन के जाब दिहलन "जदि तोहन के भीतर बिसवास बा" सक नईखे, "त तोहन लोग भी उहे कर सके ल जा जेवन हम ए अंजीर की पेड़ के साथे कईनी ह—वरन एहू से भी बड़ काम करब जा।" (यूहन्ना 14:12)

हमनी पहिले देख चुकल बानी जा कि बिसवास परमेश्वर क बरदान ह, अतः हमनी क जानत बानी जा कि हमनी की भीतर बिसवास बा। (रोमियों 12:3) बाकी सक एगो चुनाव ह। हमनी क मन बिरूध ई शइतान क लाड़ई क ढंग ह।

आप अपनी बिचारन क चुनाव कर सकत बानी जब सक आवे आप एक पहचाने के सिखे के चाही अऊर कहे के चाही "नाही सन्यवाद" अऊर बिसवास में बनल रहल चाही।

चुनाव तुहार बा।

## अविसवास आज्ञा ना मानल ह

**जब ऊ भिड़ के लगे पहुचलन, तो एगो आदमी उनकी लगे आइल, अऊर घुटना टेक कर कहे लागल, "हे प्रभु हमरी लइका पर दया करी" काहेकी ओके मिरगी आवेला अऊर बार–बार पानी में गीर जाला। अऊर हम ओके तोहरी चेलन के लगे लियाल रहनी बाकी ऊ ओहके ठिक ना कर पऊजा। यीशु जबाब दिहलन कि हे अल्पविसवासी अऊर ठिल लोग**

**हम कब तक तोहनी की साथे रहब।? हम कबले तोहन लोग क सहब ओ के इहवा हमरी लगे लेआव जा।**

**यीशु ओकरा के डटलन अऊर भूत ओकरा मेसे निकलन अऊर लइका ओही समय ठीक हो गइल रहे। तब चेलवन यीशु की लगे एकान्त में कहले हमनी क एके काहे ना निकाल पवनी ह जा? ऊ उन्हनी से कहलन अपनी विसवास की घटी की कारण।**

**मत्ती 17:14—20**

याद रख जा अविसवास आज्ञा उल्लघंन के जनम देला।

समभवतः यीशु अपनी चेलवन के कुछ चीजन करें खातीर सिखवलन अऊर अविसवास की कारन ऊलोग उनक कहल ना मनले एही कारन से उ असफल हो गइल होखी हन।

विशेष बात इ बाकी अविसवास संदेह के तरह हमनी के ऊ सब करे खातीर रोकेला जेके परमेश्वर हमनी के करे खातीर बोलवले बड़न अऊर हमनी क अभिशेक कइले बाड़न अऊर हमनी क ओ शान्ती क लाभ ना उठा पावेलीजा अऊर हमनी की आत्मा क अराम भी ई छिन लेला।

## सबत का आराम

**एह खातीर हमनी क सब जाना ओंह आराम मे ंघुसला क कोशीश करि एइसन ना होखे की केहू उनकी जइसन बात ना मानके पाप में गीर पड़नस।**

**इब्रानियों 4:11**

जदि आप इब्रांनियो क चौउथाा पद पुरा पढ़ी त आपके पता लागी की इस सबत के विश्राम के बारे में कहले बा जेवन परमेश्वर की लोगन खाती रखले बा पुराना वादा की अनुसार सबत क दिन आराम क दिन के भेस में मनावल जात रहे नाया बादा की अनुसार सबत क विश्राम क आत्मीक जगह के रूप में कहल गइल बा। हर एगो विसवासी क ई विशेषाधिकार ह कि दुख अऊर तू लोग चिना के अस्वीकार कर द। विश्वासी होखला की नाते हम अऊर लू परमेश्वर कि विश्राम में घुस सकीली जा।

इब्रानियो 4:11क गहिर से अवलोकन कईला की बाद हमनी क ई जान जाइलीजा की बाद हमनी क ओह विश्राम में कभी घुस ना पावल जाई जबले हमनी क बिसवास ना करलेयी जा अऊर हमनी क बिसवास हमनी क बात ना मानला के दोवारा एके खो देलन। अबिसवासी हमनी क "जंगल के जीवन" में पहुचा देला बाकी यीशु के आराम क एगो चिरस्थाई जगह हमनी खातीर रखले बाड़न जेके हमनी क विसवासी जिवन की दूवारा पा सकेलीजा।

## विसवास से अऊर विसवास खातीर जीयल

**काहे की ओकरी में परमेंश्वर की धार्मीकता विसवास से अऊर विसवा बातों के खातीर परगट होले जइसन लिखल बा कि विसवास से धर्मिजन जीवित रहे।**

**रोमियों 1:17**

हमके एगो घटना याद बा जेहसे आप एह बात के आसानी से समझ जाइब। एगो शाम के हम अपनी घर में घुस के घर का काम खतम कइल चाहत रहनी अऊर हम बहुत दुखी रहनी। हमरी भितर केवनों खुशी ना रहे हमरी हिरदय में शान्ती ना रहे। हम परमेश्वर से पूछत रही हमरी साथे का गलत होत बा हम पहीले एइसही सोची अऊर हम सही में जानल चाही की हमार समस्या का रहे। हम सभी चीज क अनुसरन कइल चाहत रहनी जेवन यीशु के साथे–साथे चले में हम सीखले रहनी फिर भी केवनो ना केवनो चीज क कमी रही जाव।

आही वखत फोन क घंटी बाजल अऊरी जब हम बात करत हरली हमरी हाथ में पवित्र शास्त्र क कार्ड क ऐगो डिबा रहे जेवन केहू हमके भेजले रहे। हम अभी तक ऊ देखले ना रहनी बाकी हमरी हाथ में रहे जब हम फोन करत रहनी। अऊर जब बात कर चुकनी त उन्हन में से एगो कार्ड हम निकलनी अऊर देखल चाहत रहनी की ओसे हम उत्साहित होत बानी की ना।

हम रोमियों 15:13 का कार्ड खिचले रहनी "परमेश्वर जेवन आशा क दाता हउवे तोहके विसवास करे में सगरी परकार क आनन्द अऊर शान्ति से भरल की पवित्र आत्मा की सामर्थ से अपक आशा बढ़त जाव।"

हम ओकरा के देखनी।

हमार सगरी परशानी अविसवास अऊर सक क हउवें। हम शइतान के झूठ

पर विसवास कर के खुद के दुःखी बनावत रही। हम नाकारत्मक हो गइल रहनी। हमरी भितर आनन्द अऊर शान्ती ना रहे काहे की हम विसवास ना करत रहनी। जदि हमनी क अविसवास में जीयत बानी त ई समभाव बा की हमनी की लगे आनन्द अऊर शान्ति होखे।

परमेश्वर पर बिसवास क फइसला लेई नाही की शइतान पर! परमेश्वर पर विसवास कइला खातीर जीये के जिखी रोमियों 1:17 के अनुसार परमेश्वर के धार्मीकता परगट होखला क खाली इहे एगो रासता बा। परमेश्वर हमारी पर परगत कइले कि विसवास से विसवास खाती जिये के बा।

जबकि हम प्रायः विसवास से सक खाती सक से विसवास खातीर जियत करत रहनी फिर तनीक देर खातीर विसवास पर आ जाई अऊर फेर सक अऊर अविसवास की ओर वापस आ जाई एह कारन हमरी जीवन में एतना परशानी अऊर पिड़ा बा।

याद करि याकूब 1:7–8 के अनुसार द्विचिता आदमी अपनी सगरी काम में अस्थायी होला अऊर जेवन ऊ चाहेला ओके परमेश्वर से कबो ना मीलेला। आप निश्चार कर लेई की आप द्विचिता आदमी ना बनब सक में ना रही।

परमेश्वर के लगे तोहरी खातीर एगो बड़ योजना बा। शइतान के अपनी झुठ दोवारा एहके चोरावे ना दि! अपितु कल्पनावन के अऊर हर एगो उचा बातन के जेवन परमेश्वर क पहचान कि बिरोध में उठेला खन्डन करीला अऊर हर एगो भावना के कएद करके मसीह क आज्ञाकारी बनादेलन (2 कुरिन्थियों 10:5)।

प्रस्तावना

# 12

# एगो चिन्तित अऊर उत्कण्ठित मन

प्रस्तावना 12

# एगो चिन्तित अऊर उत्कष्ठित मन

> *मत कुढ ओहसे बुरइये। निकली*
>
> भजन संहिता 37:8

चिन्ताए अऊर उत्कष्ठा मन दूनो मन पर आकरमण करेलन काहेकी हमनी क अपनी परमेश्वर क सेवा करे से भटक जाइल जा। बिरोधि भी एह दूनो हथियार क परयोग हमनी क विसवास के कम करे खातीर करेला जेहसे हम आजाद जीवन ना जी पावेली जा।

कुछ लागन के चिन्ता कइला क जइसे नाशा जइसन होला। जदि उनकरी लगे अइसन केवनो चीज नइखे जेवना पर ऊ चिन्ता करस ऊ दूसरे भी दशओ पर चिन्ता करे लागेलन। हमऊ भी एह परशानी से जकड़ल रहनी अतः हम एह दशा क आच्छा तरह से वरणन कर सकेली। काहे कि हम केवनो भी बात पर चिन्तीत हो जात रही। एह खातीर हम ओह शान्ती क माजा कबो ना ले पवनी जेवन यीशु हमरी खातीर अपनी मऊवत की दोवास रखले बाड़न।

ई अनहोनी बा हमनी क चिन्ता भी करि अऊर शान्ति के साथे जिवन निरवाह भी करि।

शान्ती एइसन समान ना ह जेवना के केहू आदमी की उपर रखल जाला, ई आत्मा क फर ह (गलतियों 5:22) अऊर फल दाखलता में बनल रहला क परिणाम ह (मूहला 15:4) बनल रहला क मतलब ह परमेश्वर क आराम (विशराम) जेवन की इब्रानियो की चउथा अध्याय में अऊर परमेश्वर की बचन में अऊर भी कई स्थानन में बतावल गइल बा। बाइबल में कईगो शब्द बा जेकर अनुबाद चिन्ता कईल गइल बा। किंग जेम्स संसकरण चिन्ता (वरी) शब्द क परयोग ना कइले बा। "मत कुढ" (भजन संहिता 36:8) चिन्ता ना करिह (मन्ति 6:25) चिन्ता मत कर (फिलिप्पियों 4:6) सगरी चिनता ओही पर डाल द (1 पतरस :6) ई कुछ संदर्भ चिनता शब्द क हअवे। हम एम्पालिफाइड बाइबल क ही परयोग करब अऊर एह सब बतीयन के जगह पर चिनता क ही परियोग करब।

## चिनता क मतलब

बेब्सटर चिनता (वरी) क व्याख्या एह परकार कइल बा 1. "(किरिया) चिन्तीत अऊर तनाव से ग्रसित होखल सिहराइल जइसन अनुभव करल 2. (संज्ञा) खराब लागे क स्रोत" जब हम देखली की एगो अऊरी मतलब बा–बिचलीत कर देबे वाला बिचारन की दोवारा खुद पर दुख लियाईल तब हम ई फइसला ले लीहनी कि हम त एनसे बहुत अच्छा बानी।

अऊर इहे विसवास सब मसीही खातीर बा। हम सोचत बानी की विसवासीयन की लगे बहुत ज्ञान होला ऊ बइठ के परसानी में ना डाल सकेलन।

चिनता केवनी भी चिज के आछा ना बना सके ले अतः एके छोड़ काहेन दिहल जाव? परिभाषा की दूसरी भाग भी हमके कुछ ज्ञान दिहलस "दातन से गला क पकड़ के हिलावल अऊर काटल जइसन एगो जानवर दूसरा पशु की साधे करेला अऊर लागातार दात से काट के दुख देबेनला"

एह परिभाषा पर बिचार कइला की बाद हम इ पवली की शइतान चिनता क परयोग कर के हमनी की साथ बिलकुल ओइसन करेला जइसन उपर बतावल बा।

जब हमनी क चिनता से घेराइल रहेली जा हमनी क भी विलकुल एइसने महसूस करेली जा जइसन की केहू हमके नटई पकड़ के झपीला देले बा अऊर हम बुरा तरह से घाही होगईल बानी। बार–बार ओही बिचारन क आवल ओही तरह बा जइसन परिभाषा की अनुसार दातन से बार–बार कटल जाला।

शइतान निसचीत रूप से चिनतावन क दोवारा मन पर आकरमण करेला। कुछ अइसन चीज बा जेके मन से करे खातीर एगो विसवास के करे खातीर बतावल बा, अऊर बिरोधी निसचित रूप से चाहेला की एहीसन मन होखे। अतः शइतान मन की ऊ क्षेत्र के खराब बिचार से व्यस्त कर देला।

ताकी मनी ओह काम के ना कर सके जेके परमेश्वर करे खातीर कहलन।

सही चीज जेवन मन दोवारा हमनी के करे के बा हमनी क ओके अगिला अध्याय में देखल जाई अबे हमनी क एही चिन्ता बिषय पर धियान दिहल जाई जब तक हम एह बात के ना समझ जाई की ई सही में केतना निररथक बा।

मत्ती 6:25–34 पढ़ जब आप महशूस करि की आप पर चिनता क आकरमण

होत बा। हमनी क हर पद के विसतार से देखल जाई की परमेश्वर हमनी से एह आवशयक विषय के बारे में का कहत बाड़न।

## का जीवन हम तोहन चिझन से बढ़ के नइखे

**एह से हम तोहन लोग से कहतानीः कि अपना परान खातीर ई फीकर मत करिहजा कि हम का खाइब? अऊर का पीयब! अऊर ना अपना शरिर खातीर की का पहिरब? का परान खमका से अऊर शरिर कपड़ा से बड़ के नइखे**

**मत्ती 6:25**

जीवन उच कोटि क होखे के चाही ताकी एकर भरपूर आनन्द लीहल जा सके। यूहन्ना 10:10 में यीशु कहलन **"चोर केवनो अऊर काम खातीर ना बलकी खाली चोरी खातीर अऊर घात करे अऊर नोकसान करे खातीर आवेला। हम एह खातीर अईली की ऊ लोग जीवन पइहे अऊर बहुतायत से पहले।"**

शइतान कई तर से ऊ जिवन हमनी से चोरावे क कोशीत करेला—ओहमे से एगो चिनता बा।

मत्ती 6:25 हमनी के सिखावल गइल बा की एह जीवन में अइसन कुछ उ नइखे जेवना से हमनी डेराई। परमेश्वर हमनी के जीवन दिहलन ओहमे दूसर बढ़िय चिज मिलल बाड़ी स बाकी जब हमनी क एह चिजन के बारे मे चिनता करिलीजा त हमनी एह सारी चिजन के अऊर एह जीवन के खो देलिजा।

## का आप चीरइन से ढ़ेर मूल ना रखेलीं?

**आसमान की चीरइन के देख जा, ऊ नात बोयेलन स ना काटेलन से अऊर ना खोता में बटोरे लन स तबहूँ तोहन लोग के सरगीय बाप उनन्ही के खिलवेलन, का तोहन लोग उन्हनी से जादे कीमत ना रखेल?**

**मत्ती 6:26**

कुछ वखत चिरइयन के देखला में बताई। इहे परमेश्वर हमनी से करे खातीर कहलन। जदि हर दिन ना त कबो—कबो उनके देख के उन्हनी पर खोज करि

हमनी क जान जइल जी की परमेश्वर केतना आच्छा तरह हमनी क एह पाख बाला मितरो की चिनता अऊर मदद करेला। उ तनीको नइखन जानत की उनकर अगीला खाना कहवा से आई फिर भी हम अइसन केवनो चीरई फेड़ पर बइठल ना देखली जेकर चिनता के कारन शरिर शिथिल पड़ मइल होखे।

परमेश्वर क इहवा अभिप्राय बहुत आसान बा "का आप लोग चीरई से अधिक किमत ना रखीले?"

चाहे आप केतनो की हिन सोच से घेराइल काहे ना बानी, निशचित रूप से आप विसवास कर सकेली की आपक किमत एगो चीरई से ढ़ेर बा अऊर देखी आपके सरगीय बाप उनकर चिनता केतना ठिक तरह से करेला।

## चिनता कईला से आपके का लाभ ह?

**तोहनी लोग मे से केबा जेवन चिनता कर के आपनी अवसथा में एगो घरी भी बढ़ा सकेला**

**मत्ती 6:27**

एकर मतलब ई बा की चिनता निररथक बा। एहसे केवनो ठीक चीज ना मिलेला। जदि एइसन बा त चिनता काहे करल जा?

## चिनतित काहे होखी?

**अऊर कपड़ा खातीर काहे फिकिर करेला? जंगल के फुलवन के देख जा कि ऊ कइसे बढ़े ला ना त ऊ मेहनत करेला ना ऊ कताई करेला।**

**तबहू हम तोहन लोग से कहतानी कि सुलयमान राजा भी आपनी राजपाठ मे उन्हनी से नीमन कपड़ा ना पहिनले रहलन। एह से परमेश्वर जंगल के घास के जवन आज बा, अऊर बिहान भाड़ में झांकल जाई अइसन कपड़ा पहिनेलन ऊ तोहन लोग के काहे ना पहिरहीयन?**

**मत्ती 6:28–30**

परमेश्वर अपनी सीरिष्टी की चीजन में से एगो क उदाहरण दे के हमनी के ई बतावल चाहत बाड़न कि एगो फुल जेवन कुछउ ना करेला ओहू क

भी परमेश्वर ठिक से रक्षा करेलन अऊर ऊ एतना चमकेला की शुलैमान की अपनी कुल ठाटबाट में भी अइसन कपड़ा ना पहिनले रहे तब हमनी के भी निसचित हो जाए के चाही की परमेश्वर हमनी क भी ओहिसने फिकिर करिहे।

## अतः चिनता मत करि

**एह खातीर तू चिनता कर के इ मत कहिह कि हमनी क का खाएके या का पियल जाई या का पहिनल जाई?**

**मत्ती 6:31**

हम एह पद में एगो प्रश्न अउरी जोड़ दिहल चाहत बानी "अब हमनी के का करे के चाही?"

हम सोचत बानी की शइतान अपनी चेलन के विसवासीयन कि लगे एह खाती भेजे ला कि ऊ विसवासी की कानन में बार–बार ई शब्द दोहरावत रहन से। ऊ कठिन प्रश्नो क बवोछार करेलनस अऊर विसवासी आपन किमती वखत उनकर जबाब जोहे मे लगा देलन। शइतान लागातार मन की युद्ध भूमि मे लड़ाइ लगावत रहेला ताकी एगो मसीही ओही में व्यस्त ह जाव।

धियान देयी पद 31 में परमेश्वर चिनता ना करे। के हमनी से कहेलन। याद रखी हमनी मुह से उहे बात बोलेनीजा। जेवन हमनि के हिरिदय के भंण्डार में होला (मति 12:34)। बिरोधी ई जानत बा कि जदि ऊ हमनी की मन में गलत बिचार डाल देयी त उहे हमनी के मुह से भी बाहर आयी। हमनी क शब्द बहुत किमती होला काहेकी ऊहे हमनी की विसवास क पुष्ट करेला अऊर हमनी की विसवास की कमी के बतावेलन।

## परमेश्वर के खोजी वरदान नाही!

**काहेकी आनजतियन इ सब की खोज मे रहेलन स अऊर तोहर के सरगीय बाप जानताड़न की ई सब चिज तोहरा चाही।**

**एह से पहिले तोहन लोग उनकर राज अउर धरम के खोज करिह जात सब चीज अपने ही मिल जाई।**

**मत्ती 6:32–33**

ई साफ बा कि परमेश्वर की लंइकन के एह संसार की जइसन नइखे होखे के।

संसार बस्तुवन की खोज में रहेला। बाकी हमनी के परमेश्वर के खोजके बा। ऊई प्रतिज्ञा कइले बाड़न जदि हमनी क एइसन करे के त ऊ ई सब चीज हमनी के देहिन जेके ऊ जानत बान की हमनी के ओक जरूरत बा।

हमनी के परमेश्वर क मुह खोजे के चाही ना की उनकर हाथ! हमार सरगीय बाप अपनी लइकन के निमन चिज देबे से खुश होलन बाकी खाली तबे जब हमनी क उनहन खोज ना करत रही।

परमेश्वर हमनी की मागला से पहिले जानत बान की हमनी के केचीज क जरूरत बा। जदि हमनी के बिनती निवेदन के साथे उनका सामने लीयावल जाई तब ऊ अपनी समय मे उनहन के पुरा करिहन (फिलिप्पियों 4:6) चिनता हमनी क केवनो मदद नइखे करे वाला। सच त इबा ई कि हमनी क प्रगती के रोक देला।

## एक बार मे एगही दिन लेई

**एह से बिहान खातीर फिकिर मत करिह काहे की बिहान क दिन फिकिर अपनी आपे कर ली आज खातीर आज क दुःख बहुत बा।**

**मत्ती 6:34**

हम चिनता क वरनन एह प्रकार करी जइसे आज क दिन काल के बारे मे सोच के बिता दिहल। परमेश्वर जेवन हमनी के वखत दिहले बड़न ओक सदुपयोग करे के सिखे के चाही।

*जीवन इहवा अऊर अभी जीए के बा!*

दुःख क बात बा की बहुत ई जानत बाड़त कि हर दिन भरपुर कइसे जियल जाला। हो सकेला आपहू उन्हन मे से एगो बानी। यीशु कहलन की शइतान जेवन हमनी क बिरोधी बा आवेला अऊर तोहार जीवन चोरा लेला। (मूहन्ना 10:10) ओके अब एहीसन करे क अनुमती मत देयी। काल के बारे मे चिनता कर के आज क दिन मत गवाही। आज आपकी लगे करे खातीर बहुत काम बा, एहमे आपन धियान लगाई। आज आपके जेवनी चीज क जरूर बा ओकरा खातीर परमेश्वर क अनुगरह तोहरी लगे बा उनके काम करे देयी बाकी काल क अनुगरह काल के साथे आयी– अतः आज क दिन बरबाद ना करि।

## एगो चिनतीन अऊर उतकष्शित मन

**अऊर बीनती की दोवारा तोहन लोग के धन्यवाद के संगे परमेश्वर के सामने हाजिर कइल जाव।**

**फिलिप्पियों 4:6**

जब चिनता क आकरमण होला ओकरी खातीर पवित्रशास्त्र क एगो अऊरी सुन्दर पद बा जेहसे हमनी क कुछउ सीख सकेजी जा। ई दूगो धार वाला तलवार ह जेकर परियोग विरोधि के बिरोध करे क चाही। (इब्रानियो 4:12) ओकर केवनो फायदा नइखे।

परमेश्वर आपन बचन हमनी के देले बड़न एहके परियोग में लियायी! एह तरह के पदन के याद कर लि अऊर जब शइतान आकरमण करेला ओकरी विफल कर देयी जइसे यीशु की आकरमण के बिफल कर दिहलन।

## कलपनावन क खण्डन करि

**एही से हमनी के हर एक कलपना के अऊर हर एक उच बिचार के जेवन परमेश्वर के पहिचानला के बिरूद्व में उठेला बाद विवाद करले अऊर हर एगो बिचार के केद क के मसीह के हुकूम माने वाला बाना देनी।**

**2 कुरिन्थियों 10:5**

जब हमनी की भिटर एइसन बिचार उठे लागेलन जेवन परमेश्वर के बचन के अनुरूप ना तब शइतान के चुप करे के सबसे आच्छा तरिका ह बचन के बोलल।

एगो विसवासी की मुह से जेवन बचन विसवास के साथे निकलेला ओही अकेले हथियार की दोवारा चिनता वन के बिरोध लड़ाई जीतल जा सकेला।

## आपन सगरी चिनता परमेश्वर पर डाल देयी

**एही से परमेश्वर क ताकतवर हाथ के निचे साझाई रह जेवना से ऊ तोहनलोग के सही समय पर बढ़ावस।**

**अउर आपन सगरी फिकिर उनकरे उपर डाल द काहे की उनका के तोहार खीयालबा।**

**1 पतरस 5:6,7**

जब शत्रु हमनी के कवनो परशानी देला तब हमनी के लगे इ विशेषाध्किार बा कि हम ओ समसीया के प्रभु पर डाल देयी। "डाल द" वासतवीक मतलब बा गिरावल या फेक दिहल। आप अऊर हम आपन समसीया के परमेश्वर की ओर फेक सकीला ऊ ओकरा के लपक लेई। उ जानत बान की उनके उन्हल के साथे का करे के बा।

इ खण्ड हमनी के बतावे ला जदि हमनी नमर बनल चाहत बानी त हमनी के चिनता कइल छोड़ देबे के चाही। चिनता मन क एगो अस्थित ह जेहमे मन परशानीयन के ठिक करे खातीर एधिर–ओधिर दउड़त रहेला। घमण्डी आदमी अपनी अहम से भरल रहेला बाकी नम्र आदमी परमेश्वर से भरल रहेला। घमंण्डी आदमी इन्तजार करेला।

खाली परमेश्वर ही हमनी के छोड़ा सकेलन अऊर उ चाहत बान की हमनी क ए बात के जानल जा की चाहे केवनो भी परिस्थिती काहे होखे हमनी के उनकरे ओ झुके के बाकी हमनी क उनकी आराम मे घुस सकी जा।

## परमेश्वर क विश्राम

**हे हमनी क परमेश्वर का तू उन्हन क नियाय ना करब? ई जेवन बड़ भीड़ हमनी पर चड़ाई करत बा, ओकरी आगे हमनी क बस ना चलेला अऊर हमनी के कुछउ ना सुझेला कि का करे के चाही? बाकी हमनी क आख तोहरी ओर लागल बा।**

**2 इतिहास 20:12**

एह पद से हम प्रेम करिला! इहवा लोग निशचित रूप से तीन बातन के समझत बाड़न।

1. शत्रुअल की आगे उनकर केवनों बसनइखे।

2. ऊ नइखन जानत की उनके का करे के बा।

3. उन्हनी की आपन आख परमेश्वर तो तरफ लगावे क जरूरत बा। ओही खण्ड में पद 15 अऊर 17 में हमनी क देखे लीजा कि परमेश्वर उन्हनी से कहलन।

**तू एह बड़ भीड से मत डेरा अऊर तोहार मन कमजोर ना होखे, काहे की**

**लाड़ाई तोहार ना परमेश्वर क बा। एह लड़ाई मे तोनह लोग के लड़े के ना होई, खड़ा होके यहोवा की तरफ से आपन बचाव देखिह...**

हमनी क स्थिती का बा? यीशु मे बनल रहल अऊर परमेश्वर की विश्राम में घुसल। परमेश्वर क इन्ताजार कइल अऊर आपन आखन के उनकी पर लगावल जेवन कुछ ऊ हमनी के करे के कहस ओके पुरा करीह ना त शारी में हमेशा डरल रहल जाई।

परमेश्वर कि विश्राम मे घुसला से समबंन्धित हम ई कहल चाहत बानी की बिना विरोध क “परमेश्वर क विश्राम” नामक केवनो चिज नइखे। एह बात के समझावे खातीर हम एगो कहानी सुनावल चाहत बानी–दूगो कलाकारन से शान्ति क तसबिर बनावे खाती कहल गइल। एगो कालाकार पर्वत से ढ़ेर दूर एगो शान्त रूकल झील बनवलस कालाकार एगो तेजी से बहत झरना बनवलस ओह झरना की उपर लरकल एगो जंगली फेड़ बनवलस अऊर ओकरी एगो डाढ़ पर आराम करत खोता में एगो चिरई बनवलस। एह दूनो तसवीर में से सही मतलब मे शान्ति के दरसावत केवन तसवीर बा? दूसर तसवीर काहे की बिना कवनो विरोध क शान्ति नामक केवनो चीझ नइखे। पहिला तसवीर निहचलता के दरसावत बा। हो सकेला केवनो आदमी सवस्थ फायदा खातीर उहा जाइल चाहे। काहे की इ तसवीर एगो शान्त वातावरण के दरसावत बा बाकी ई “परमेश्वर क विश्राम” क सही तसवीर नइखे।

यीशु कहलन... **हम तोहके शान्ति दिहल जात बानी आपन शान्ति तोहके देत बानी जइसन संसार तोहके देला, हम तोहके ना देनी...** (मूहन्ना 14:26) उनकर शान्ति आत्मीक शान्ति बा अऊर उनकर आराम तूफान के बिचा में काम करेला तूफान की गरहाजरी मे ना। यीशु एह खातीर ना अइलन की हमनी क जीवन से सागरी बिरोधी बाते दूर कर दी बाकी जीवन की तूफान से निपटे खातीर एगो अलग तरिका सिखलन।

हमनी के अपनी उपर उनकर जुआ लेलेबे के बा अऊर उनसे सिखे के बा (मति 11:19) एकर मतलब ई बा हमनी के ओइसने जीवन जियेके सिखे के बा जइसन उनक जीवन रहे। यीशु चिन्ता ना कइलन। जदि आप ई बात क इन्तजार करत बानी की आपके लगे केवनो चिनता कइल बन्द क देयी त हमके आपके ई बतावे के पड़ी एइसन वखत कबो ना आई। हम नाकारात्मक ना हई। हम बिना कपट क हई।

मत्ती 6:34 हमनी के बिचार देला कि हमनी के काल क चिनता ना करे के चाही काहे की हर दिन खाती आप क ही समस्या ढ़ेर बा। यीशु खुद इ कहले रहलन अऊर ऊ निसचय ही नाकारात्मक ना रहे। तूफान के बिच रहत भी शान्त रहल, परमेश्वर क विश्राम क माजा उठावल एह कील्ही बात में परमेश्वर क महिमा होला काहेकी एह से सिद्ध होला की उनकर काम कइला क तरिका कारगर बा।

## चिनता, चिनता चिनता!

हम अपनी जीवन क अधिक बरिस एइसन बात क चिनता करे मे बिता दिहली जेह पर हमार केवनो बस ना रहे। हम ऊ सोचब की काश ऊ बरिस वापस लउट अईतन अऊर फिर अलग तरिका से ऊ बरिष बिताई। परमेश्वर जेवन समय हमनी के दिहले बानी एक बार ओक बरबाद क दिहला कि बाद ई असमभव बा की ऊ समय फिर से वापस लउटी अऊर हमनी क दूसरी तरिका से बीतावल जाईल।

हमार मरद कबो चिनता ना कइलन। कबो–कबो हम उनसे खिसिया जाई काही की ऊ हमरी साथे ओह बात पर चिनता ना करोंस जब हम ओ आसाहीन संमभवनाओ क बात करि जेहमे परमेश्वर जदि हमनी क मदद ना करे अइसन त का होई। हम रसोई मे बइट आइल करि अऊर ओह कुल्ही बिल अऊर चेक बुक के देख के परशान हो जात रहनी काहे की बिल हमनी की पइसा से अधिक क होखे। डेव दूसरी कमरा में लइकन के साथे खेलत रहे, टि.बी. देखत रहे अऊर लइका उनकी उपर चढ़ के उनकरी बाल में रोलर लगावत रहे।

हमके याद बा की हम कड़वा आवज में उनसे कहि “आप खेलला कि बदला इहा काहे नइखी आवत अऊर कुछउ कहीती जइसे हम एह बात के ठिक कइला क कोशीश करत बानी!” हम कुछउ ना जानत रहनी हम त खाली एह खातीर खीसियाइ रहनी की हम जब एह आर्थिक परशानी के ठीक कइला क कोशीश करत बानी एइसन बखत में ऊ एह तरह खेलत बान।

डेव हमके समझे के कोशीश करस ई याद दिला के की परमेश्वर हमनी की जरूरत के हमेशा पुरा कइले बड़न बस हमनी के आपन काम करत रहे के बा (दहेकी दिहल प्रार्थना कइल अऊर भरोसा रखल) अऊर परमेश्वर आपन काम करत रही हन। (हम इहवा साफ कर दिहल चाहत बानी डेव विसवास करत

रहलन जबकी हम चिनता करत रहनी) हम डेव अऊर लइकन के साथे कमरा अईनी अऊर थोड़ी देर के बाद फिर ई बिचार हमरी मन में लउट आइल।

"अब हमनी क का कईल जा? एह बिलन क भुगतान कइसे कइल जाई? का होइ"

अऊर हम एह कुल्ही परशानी के अपनी कलपना की परदा पर एगो पिकचर जइसन देखे लगनी बन्धक बना लिहल मोटकार क छिनल अपनी मित्र अउरी रीस्तादारन अपके आपन संकट बतावल उनसे आरर्थिक सहायता मांगे के पड़े।

का तू हू कबो अइसन फिलम देखले बानी। अऊर एह तरह क बिचार आपकी मन में लगातार घुमत बाड़न? निहः संदेह ई होइल होई ना त आप ई किताब ना पढ़त रहती। हम फिर से रसोई घर में गइली कुल रसीद निकलनी कल कुलेटर अऊर चेक बुक उठा के फिर से उहे काम कइल शूरू कर दिहली। जेतना अधिक हम ई करि ओतना अधिक हम परशान हो जाई। हम डेव अउरी लइकन पर चिललाई कि ऊ आन्नद मनावत बाड़े जबकी हम कुल्ही "जीमेदारि" उठावत बानी। वास्तव में हम जेवन अनुभव करत रहली ऊ जिमेदारी ना रहे बाकी ऊ चिनता रहे ओकरी खातीर परमेश्वर कहले बाड़न कुल्ही चिनता हमरी पर डाल द। अब हम एह बात के समझत बानी की आपन शुरूआती विवाही क जीवन की शामे जेवन परमेश्वर हमके कर दिहली।

परमेश्वर की ओर से मीलल समय बरदान बा। बाकी हम ई शइतान के दिहले रहनी। आपक समय आपक आपन ह बुद्धिमानी से एहकर उपयोग करि फिर आपके आइसन सयम ना मिली।

परमेश्वर हमनी क कुल्ही जरूर पुरा करेलन अऊर कबो हमनी के निशस ना करेलन एकहू बार भी ना। परमेश्वर विसवास योग बान।

## चिनता ना करि परमेश्वर पर भरोसा रखि

**तोहन लोग के जिवन पइसा के लालच से बचल रहे जेवन तोहन लोग के बा ओही भी संतोष करि कि खुदे कहले बाड़न "हम तोहन लोग के कबो ना छोड़ब अऊर सना कबो तीयागब"**

**इब्रानियों 13:5**

जब हम एह सोच में पाड़ जाली जा त पाता ना परमेश्वर हमनी क जरूरतन क पुरा करि या ना तब पवित्र शास्त्र क यह गौरवशाली बचन हमनी के उभारे ला।

एह खण्ड में परमेश्वर ई चाहत बाड़न कि हम एह बात के जान जाई हमनी के आपन मन धन पर नइखे लगावे के एह बात पर आश्चर्य ना करीह कि हमनी क केवनी परकार अपन देख भाल करि काहे की ऊ हमनी क देख भाल करिहन। उनकर ई प्रतिज्ञा बा ना ऊ हमनी के छेड़िहन ना तीयगीहन। अपनी हिसा क काम करत रही बाकी परमेश्वर की हिस्सा क काम करे क कोशीश ना करि। ई बोझ बहुत भारी बा जदि आप सावधानी ना बरतब आप इस के बोझ से टुट जाइह।

चिनता ना करी। **यहोवा पर भरोसा रख अऊर उनकरी देह में बजल रह अऊर सचाई मे मन लगए रह।** (भजन संहिता 37:3)

*ई प्रतिज्ञा ह।*

प्रस्तावना

# 13

# एगो दोष लगावेवाला समालोचक अउर संदेह से भरल मन

# *एगो दोष लगावेवाला समालोचक अऊर संदेह से भरल मन*

## प्रस्तावना 13

> *दोष मत लगावज ताकी तोहन लोग पर भी दोष ना लागावल जाव।*
>
> मत्ती 7:1

समालोचक संदेह से भरल अऊर दोष लगावे वाला बेवहार के कारन आदमी की जीवन में कईगो यातना आजाला। ई विरोधि के कारन हमनी एक दुसरा के साथे निश्ता खतम हो जाला। एक बार फिर मन युद्ध भूमि ह।

बिचार– “हम सोचतानी”– एगो आदमी के एकानतवासी बना देबे खातीर शइतान एह हथियार क परयोग कर सकेला। एइसन आदमी केहू के साथे रहल पसन्द ना करेलन जेवन कुल्ही बातन में आपन सलाह देबल चाहेलन।

उदाहरण खाती– एगो अइसन मेहरारू जेवन जानत रहे जेकर मरद एगो बहुत धनी व्यापारी रहलन। ऊ समान्यतः शान्त प्रवृति क रहे अउर ऊ चाहे की ऊ अधिक बात करे। ऊ बहुत चिजन के बारे में बहुत कुछ जानत रहे। ऊ उनपर तब खिसियाजाव जब ऊ केवनो समूह में होखल अऊर बात चीत केवनो अइसन बात पर चालू हो जाव जेवना बारे में ओकरी मरद के ठिक से पाता रहे अऊर बहुत बढ़िया से दूसरन आदमीयन क ओकरी बारे में समझा सकेला बाकी ऊ ना बतावे। एगो दिन ऊ अउरी ओकर मेहरारू के बन निमंन्त्रण से घरे लउट के अइलन त मेहरारू ताड़ना देबत कहलस “तू उहवा ओलोगन के उस सब काहे ना बतवली जेवना के आप बढ़िया से जानत बानी अऊर ऊ लोग ओही बारे में बतियावत रहलन ह? तू खाली उहवा बइठल रहली अऊर अइसन बेवहार करत रहनी जईसे आप कुछउ नइखी जानत।”

“हम जेवन जानत बानी उत हम जानते बानी” उनसे कहलन हम चुप होके सूनत रहनी ह जेसे हम मालूम कर सकी दूसर लोग का जानत बान” हम कलपना क संकेली की एही कारन ऊ एगो धनी आदमी रहे।

ऊ बुद्धिमान भी रहें! बहुत कम आदमी बिना दिमाग क धन पा संकेलन। जेवन लोग रिस्ता बनावे में दिमाग क काम ना करेलें एइसन लोग क साथी भी बहुते कम होलन।

दोष लगावल आपन सलाह थोपल अऊर समालोचन कईल ई तिन गो बात बा जे से रिस्ता खतम हो जाला। निः संदेह शइतान हमसे अऊर तोहरा से इहे चाहे ला कि हमनी क अकेल पड़ जाइल जा हमनी के इनकार कर दिहल जाव ताकी ऊ हमरी मन के एह क्षेत्र पर आकरमण क देबे। हम आशा करत बानी की एह अध्याय में हमनी क ओ गलत बिचारन के पहिचाने सिखल जाई अऊर सक से कइसे निपटल जाला ई भी सिखल जाई।

## दोष लगावे क व्याख्या

ग्रीक शब्द जेकर अनुवाद "दोष लगाव" कइल गइल बा पुराना अउर नाया नियम के शब्दन क वाईन क शब्द कोष ओकर व्याख्याा एह परकार करेला।

"दूसरा की दोष क फयसला दिहल अऊर एकर संदर्भ एगो दूसर शब्द "धिक्कार" से भी दिहल गईल बा।

एही तरह "दोष" शब्द क भी व्याख्या "एगो साधारन बना लिहल" अऊर एकर संदर्भ शब्द "दण्ड" से भी दिहल गइल बा?

खाली परमेश्वर के लगे ही ई अधिकार बा ऊ केहू के धिकार सके अउर दण्ड क फयसला सुना सके एह कारन हमनी क जब केहू पर दोष लगावे लीनजा त हम खुद के परमेश्वर के जइसन समझ लीजा। हम आपकी बारे में त नइखी जानत बाकी एसे हमरी भितर थोड़ी सा "परमेश्वर क डर" आजाला। हम परमेश्वर जइसन बने में इच्छुक नइखी। केवनो समय हमरी व्यक्तित्व मे ई क्षेत्र एगो बड़ परशानी की भेस मे रहे अऊर हमके विसवास बा की कुछ बात जेवन परमेश्वर हमके सिखवलेबान ओके आप के साथे जदि बाटि त आपके ओहसे कुछउ मदद मिली।

समालोचन कइल आपन सलाह थोपल अऊर दोष लगावल एह सबक एक दूसरा से रिस्ता बा अतः हमनी क एह सब क अध्ययन एगो बड़ परशानी क भेस मे करल जाई।

आलोचक रहनी काहे की हम सही चीज देखल की बजाए हमेशा गलत चीझ ही देखल करी। कुछ लोगन में ई दोष दूसरन की अपेक्षा अधिक होला। कुछ प्रसन्न चित व्यक्तित्व वाला आदमी जीवन में खाली "अन्नन्द अऊर हसी" के छोड़ अऊरी कुछ देखल ना चाहेलन ताकी उनकर अन्नन्द बनल रहे।

निराशावादी एवं सासक व्यतित्व वाल आदमी प्रायः गलती ही देखल चाहेलन, ए श्रेणी क आदमी आपन नाकारात्मक सलाह देबे में बहुत उदारता दिखावेलन।

हमनी के ई समझ लेबे के चाही की हमनी सब आपन–आपन ढेग से चीजन क दखोलीजा। हम लोगन के बतावल चाहे ली की हमनी क खाती ठिक बा बाकी ई जरूरी नइखे की ऊ तोहरो खातीर सही बा। निः संदेह हमनी क सब जाने लीजा “तू चोरी मत करिह” सबकी खातीर सही बा, बाकी हम ईहवा आ हजारो चीजन की बारे में बात जेवन क हर दिन हमनी से सामना होला ऊ ना गलत बाड़ ना सही, बाकी खाली व्यक्तिगत चुनाव पर निरभर बा। ई ऊ चुनाव हम जेवन लोगन के खुदे करे के बा बिना केवनो बाहरी हस्तक्षेप दूवारा चुनाव करे के बा।

हम अऊर हमार मरद बहुत बातन में ढेर अलग बानी जा। उन्न में से एगो बात बा घर के कइसे सजावल जाव। अईसन नइखे की ऊ चीज पसन्द ना आवेला जेवन दूसरा चुन लेला बाकी जब हमनी क दूसर सामान के खरिदे खातीर बजारी जानी जा तब हमेशा होला कि डेव के केवनो अऊरी समान पसंन्द आवेला और हमके कुछ अऊर काहे? एइसन एह खातीर हमनी क दूनो लोग काहे अलग बानी जा। उनक सलाह ओतना ही आच्छा बा जेतनी हमार ओतना ही आच्छा बा जेतना उनकर बाकी ऊ दूनो सलाह अलग बा।

ई समझे में हमके बरिष लाग गईल कि डेव एगो गलत आदमी ना रहे जदि ऊ हमरि बीचार से सहमत ना रहे। हम ओके बतावत रही कि गलत बा काहे की ऊ हमरी बिचार से सहमत नईखे। अउरी हमरी एह बेवहार की कारन हमनी की रिस्ता मे एगो तनाव जइसन पइदा हो गईल रहे।

## घमण्डः अहं समसीया

**हम तोहन मे से सब से कहत बानी कि जइसन समझे के चाही, ओह से बढ़ के केहु भी अपनी आप के ना समझे बाकी परमेश्वर जइसन सबके परिमाण की अनुसार बाट दिहले बान, वोइसने ही सुबुद्धि की साथे अपना के समझे।**

**रोमियों 12:3**

दोष लगावल अऊर आलोचना कइल ई दूनो एगो अऊर गहीर समसीया घमण्ड क हऊवे। जब हमनी क अहम जेतना बड़ होखे के चाही ओ से अऊरी

की बड़ हो जाला तब ई हमनी की आगे कईगो समसीया के लीया वेला बाइबल लागातार हमनी के एकरी बारे में चेतावानी देला।

जब भी हमनी क केवनो क्षेत्र में दूसरे से बहुत अच्छा होली जा त ऊ एह खातीर काहे की परमेश्वर ने हमनी के ओकरी खातीर अनुगरह क बरदान दिहलन। जदि हमनी क खुद के बारे में उच्च बिचार रखेली जा तब हमनी की दूसर न के "अपनी से कम" देखल चालू कर देली जा एह तरह क व्यवहार या बिचार परमेश्वर की नजर में घृणित ह अऊर यी शत्रु के खातीर हमनी की जीवन में कइगो दोवार खोल देला।

## पवित्र भय

**हे भाइयो लोग, जदि केवनो आदमी केवनो अपराध मे पकड़ल जाव, त तोहनलोग जे आतमा में बाड़न नरमता की आत्मा से अइसन आदमी के समाल लिह जा। बाकी होसीयार रह की तोहन लोग परिक्षा में पड़ जईह जा।**

**तोहन लोग एक दूसरा क बोझ उठावः अऊर एह तरह मसिह की बेवस्था के पुरा कर काहे की जदि वनो आदमी कुछ ना होखला पर अपना के कुछ बुझेला त ऊ आदमी अपना आप के धोखा देला**

**गलतियों 6:1–3**

धियान पुरवक पवित्रशास्त्र के एह पदन क परिक्षण कईला पर हमनी के ई पता चलेला की हमनी क केवनी तरह से दूसरन की नीरबलता के दूर कर सकीला। हमनी की भीतर एगो परकार क दिमागी बेवहार जागा देला जेके भितर घमण्ड क एगो "पवित्र भय" होखे के आलोचना करे में सावधान रहे के चाही।

## हमनी क के बानी की दूसरा पर दोष लगावेली?

**तू के हउव जे दूसरा की सेवक पर दोष लगावत बाड़ा ओकर स्थिर रहल आ ओकर गिर गईल ओकरि मालीका से संम्बन्ध रखता, प्रभू ओकरा के स्थिर कर सकत बाड़न**

**रोमियों 14:4**

एहके एह परकार सोची मान लेई आपक पड़ासीन आपके दोवार पर आइल

बाड़ी अऊर आपके निरदेश दिहल चालू कर देली की आपकी लइकन के केवन ड्रेस पहिन के स्कूले जाए के चाही अऊर उन्हनी के केवनी विषयन के चुने के चाही। आपक का जबाब होई? अऊर आपक पड़ोसीन आके आपसे कहेली कि आपक नौकरानी जेवनी परकार से आपकी घर क सफाई करेली ओके पसन्द नइखे जबकि अपनी नोकरानी की काम से आप पुरा–पुरा संन्तुष्ट बानी। आप पड़ोसीन से का कहब?

इहे बात एह पदन मे कहल गईल बा। हमनी क सब परमेश्वर क बानी चाहे हमनी के भितर दुरबलताए काहे ना होखे, ऊ हमनी के स्थिर करेलन अऊर धरमी ठहरेलन। हमनी क परमेश्वर क बानी चाहे हमनी के भितर दुरबलताए काहे ना होखे, ऊ हमनी के स्थिर करेलन अऊर धरमी ठहरेलन। हमनी क परमेश्वर क उत्तरदायी बानी जा एक दूसरा क ना, एही कारन हमनी क आलोचना कइला के दोवारा एगो दूसरा पर दोष ना लगावे के बा। लोगो के मनो में दोष लगावे वाला अऊर अलोचनात्मक बिचारन के भरे मे शइतान अतीअधिक व्यस्ति रहेला। हम ऊ बात याद कर सकीला जब हम केवनो पारक मे बइठ के या शापीग माता मे लोगन के देख के उनकी बारे मे अपनी मन मे एगो बिचार धारा बना लेत रहनी। उनकी बालो के देख के उन्हन क भेस भूजा के देख के अऊरी उन्हन की सधियन के देख कर हम खुश होइल करी। अबो भी हमनी क दूसरा के प्रति बिचार धारणाए बना लेली जा बाकी उन्हन के व्यस्त ना करतन। हम विसवास करत बानी की हमनी क ओह स्थात तक पहुच सकेली जा जहवा हमनी की लगे बहुत ढ़ेर विचार धारणा ना होखे अऊर जदि होखे भी त अलोचनातमक प्रवृति क ना होखे।

हम बहुदा खुद से कहत बानी “जोरस, तोहके एह से केहू लेबे देबे के नईखे।” जब आप अपनी बिचार धारा ओपर एह परकार मनन करिलीजा कि ऊ गुण दोष बतावे वाली धारनाए बन जाला तब ई एगो परशानी क भेष लेलेला। जेतना अधिक आप एकरी बारे मे सोचेली ओतना अधिक आप एकरी बारे मे सोचेली ओतना ही अधिक बड़ ई समसीया बनता जाला जब तक की आप एहके दूसरन पर व्याक्त ना करबे या ओह आदमी पर जेकरी बारे मे आप ई धारनाए बनवले बानी। तब ई बिसफोटक बन जाला अऊर हमनी क रिसता विशेषक आत्मीक रिसता के बहुत नुकसान होला।

आप खुद के एह परशानी से बचा सकेली जदि आप ई कहल सिख जाई, “एह से हमार लेबे–देबे के नइखे।”

दोष लगावल अऊर आलोचना कईल हमरी परिवार में अनियत्री रहे एही कारन हम “उनकी साथे–साथे” बड़ी भईली! हो सकेला तोहरी साथे भी अईसन भइल होखे, ऊ ओइसने बो जइसे टुटल गोड़ से बाल खेलला क कोशीष कईल। हम परमेश्वर के साथे “बाल खेले क कोशोश करत रहनी हम उनकरी जइसन काम कइल चाहत रहनी ओकीर जइसन कइल चाहत रहनी बाकी हम एइसन ना कर पवली एहसे पहिले की हम अपनी मन कि गढ़न के जान जइती अऊर उनसे निपटती ताकी हमार बेवहार बदल सके, हम कइ बरिस दुःख मे बितावली।

याद रखी, आपक काम तब तक ना बदल सके लन जब तक आपक मन ना बदल जाई।

मत्ति 6:1–6 हमनी के दोष लगावल अऊरी आलोचना कईला पर बहुत कुछ सिखखेला। जब आपकी मन मे एइसने परशानी होयो तब आप ईहे खण्ड पढ़ि। चिलला के पढ़ि अऊर शइतान जेवन तोहरी मन में गढ़ बनावे क कोशीष करत बा आकरी विरूद्ध एहके हथियार बना के प्रयोग करि। हो सकेला ऊ बरिषो पहिलो बना रखले बा। हमनी क एह खण्ड क अवलोकन करेके अऊर सब हिसा क हम व्याख्या करब।

## बोवल अऊर कातला क नियाम

**केहू पर दोष मत लगाव कि तोहरो पर दोष ना लगावल जाय।**

**काहे कि जइसे तू दोष लगावत ताड़ वोइसही तोहरो पर दोष लगावल जाई, जवना नाप से तू नापताड़ा ओइसनके नापना से तोहरो के नापल जाई।**

**मत्ती 7:1–2**

ई पद साफ रूप में हमनी से बतावेलन कि जेवन हमनी बोवल जाई उहे काटल जाई (गलतियों 6:7) बोवल अऊर काटल खाली खेती अऊर आर्थिक क्षेत्र में ही ना परियोग होला स। जेवनी तरह फसल अऊरी धन विवियोग में बोवल अऊर काहल होला ओही परकार बेवहार के भी हमनी क बोव अऊरी काट सकेली जा।

एगो पादरी जेके हम जानत बानी बहुधा होलेन हस कि जब ऊ ई सुनेलन स की केहू उनकरा बारे में अभद्र अऊर दोष लगावे वाला बात कहत बा तब

ऊ खुद से ई पुछेलन “का बोवत बान या हम काहत बानी?” ढ़ेर बार हमनी क अपनी जीवन मे उहे काटे लिजा जेवन हमनी क बहुत पहिले केहू अऊरी की जीवन मे बोवले लहनी जा।

## डाक्टर आपन उपचार करि।

**तू काहे अपना भाई की आख के खर देखेला, अऊर अपना आख के लट्ठा तोहरा ना बुझाला अऊर जब तोहरे आखे मे लाट्ठा बा त तू कइसे अपना भाई से कह सकतड़ की लीयाव हे कपटी पहिले अपना आख मे से लट्ठा निकाल दे: तब तू अपना भाई की आख मे से खर ठिक से देख के निकाल सकेल।**

**मत्ती 7:3–5**

शइतान के ई अच्छा लगेला की हमनी क दूसरा क दोष निकाले मे खुद के व्यस्त रखी। एह तरह हमनी के खुद क कबो ना देख पावे के की हमनी मे का गलती बा। जेसे हमनी क निपट सकेली जा।

हमनी क दूसरन के ना बदल सकेली जा, खाली परमेश्वर दूसरन के बदल सकेलन। हमनी क पवित्र आत्मा के साथे मदद कर सकेली। अऊर ओके काम करे क अनुमती दे सकी ला। आजादी क पहिला कदम होला की हमनी क ओह सत्य क सामना करे जेवन परमेश्वर हमनी के देखावे क कोशीष करेला।

जब हमनी क हर आदमी की अवगुणो पर ही अपनी बिचार अऊर बात चीत के केन्द्रीत करे लीजा तब हमनी अपनी बेवहार से ही धोखा करेली जा। एही कारन यीशु आज्ञा दिहलन कि हमनी के ए बात के ना देखे के चाही की दूसरी लोग में का बुराई बा जबकी हमनी मे की भितर बहुत अधिऊ बुराई बा। परमेश्वर के आप पहिले खुद के उपर काम करे देयी अऊर तब आप अपनी भाई के मसीही रास्ता पर चलावे के लिख जइब। ईहे पवित्र शास्त्र क शिक्षा ह।

## एक दूसरा से प्रेम रखी

**पवित्र चीज कुकुरन के मत डाल अऊर आपन मोती सुअरन की आगे मत डलिह अइसन ना होखे की उन्हनी के ओकरा गोड़ के निचे लथारस अऊर के तोहरे के फाड दसन**

**मत्ती 7:6**

हम विसवास करत बानी की पवित्र शास्त्र क ई बचन हमनी के एक दूसरा से प्रेम करे की योगीता ओत संकेत करेला जेवन हमनी के परमेश्वर दिहले बाड़न।

जदि आप अऊरी हम एक दूसरा से प्रेम काइला की बदेल उनकर आलोचना करी या उन पर दोष लागई तब हमनी क ऊ पवित्र चिज (प्रेम) कुकुरन अऊरी सुअरन (शइतानी आत्मावन) के आगे डाल दी। हमनी क ओकरी खातीर एगो दोवारा खोल दिहली जा की ऊ पवित्र चिझन के अपनी गोड़न से खाच देव अऊर हमनी के फाड़ देवे।

हमनी के एह बात के समझे क जरूरत बा की हमनी के "प्रेम के साथे चलला" के दोवारा ही खुद के शइतान की आकरमण से बचा सकेलीन। हमई विसवास ना करेली की जेवन आदमी सही में प्रेम मे चलता ओकर शइतान कुछ ऊ ना हानी कर सकेला।

जब चउथा लइका हमरी पेट मे रहे हम मसीही रहनी पवित्र आत्मा मे वपतिष्समा पावल रहनी। हम अपनी विसवास के दोवारा चंगाई पिछल के सिख लीहले रहनी। फिर भी गरभ के प्रथम तीन माह तक हम बहुत असवस्थ रहनी। हमार बजन अऊर शक्ति भी काम हो गइल रहे। आपन अधिकतर समय हम सोफा पर सुतल बिता देह रहनी। हमरी कपार मे घुमता आवे अऊर हम अतियधिक सिहराइल रहत रहनी। जेहसे की हम चल भी ना पावत रहनी। एह दशा के हम हमझे मे असमर्थ रहनी एहसे की तीन गरब्भ क अनुभव हमरी खातीर आरचर्य जनक रहलन। ओ समय हम परमेश्वर के बचन के बहुत अच्छी तरह ना जानत रहनी हालाकी हम गिरिजा गइल करि। अब हम परमेश्वर की प्रतिज्ञा के भली भाती जानत रहनी फिर भी हम असवस्थ रहनी—परमेश्वर से प्रार्थना कइला की बाद भी अऊर शइतान की झिड़काला की बाद भी हमार परशानी दूर ना होखे।

एह दिन जब हम अपनी बिछौना पर लेटी हुई अपनी मरद अऊर अपनी लइकन क खेलला के अवाज जेवन पिछवारे से आपत रहे सुनत रहनी हम आकरमणकारी ढंग से परमेश्वर से पुछनी मे हमारी साथे एइसन काहे होत बा? हम एतना असवस्थ काहे बानी? हम ठिक काहे नइखी हो पावत?

पवित्र आत्मा हमसे मती 7 बढ़े के कहलस हम परमेश्वर से पुछनी की एह अध्याय क हमसे अऊर हमरी असवस्थ से का मतलब बा हम ई अनुभव कइली

की हमके ई अध्याय पढ़े के चाही। आखीरी में परमेश्वर हमके एगो घटना याद दिलवलन जेवन कई बरिष पहिले भइल रहे।

हम घर में बाइबल क अध्याय करावल करी ओमे एगो जवान मेहरारू जेवना क नाम जेन रहे।

जेन यिमित रूप से ई पाठकरम मे आवल करें। बाकी जब पेट से हो गइल तब ओके नियमीत रूप से आवे मे परशानी होखे लागल काहेकी हमेशा दक सिहराईल रहे।

हम अपनी विछौना पर सुतल–सुतल ओ मसीही बहिन के याद कइनी तब हम ओपर दोष लगवले रहनी ओपर बात चीत कइले रहनी ओकर आलोचना कइले रहनी काहे की जेन अपनी परिस्थितीयन क सामना ना करत रहे। अऊर बाइबल अध्ययन में अइला क परिश्रम ना करत रहे। हम तब ओकर सहायता ना कइनी बाकी हम ई बिचार धारा बना लीहले रहनी की ऊ दरबल बा अऊर अपनी आलसी पन की आदत के अपन गरभ के कहत रहे।

अब हमहू बिलकूल ओही परिस्थिती मे रहनी जेमे दू बरिष पहिले जेन रहे। परमेश्वर न हमके बतवलन की हालाकी हम अपनी पहिले तीनगो गरभ अवस्था मे ठीक रहनी बाकी हम आलोचना अऊर दोष लगवला की कारन शइतान खाती एगो बड़ दूवार खोल दिहली रहनी।

हम आपन मोती पवित्र वस्तु लेन से प्रेम करे क योगता कुकुरन अऊर सुबरन की आगे डाल अऊरी अब ऊ हमके फार के टुकड़ा–टुकड़ा करत बा न। हम तोहके बता सकीना की हम तुरन्त पश्चाताप कइनी। जइसे ही हम एइसन कइनी हम स्वस्थ हो गइनी अऊर फिरू पुरा गरभ अवस्था में ठिक रहनी।

एह घटना से हम दूसरीन पर दोष लगावल अऊर आलोचना कइला के बारे में महत्वपुर्ण पात सीखनी। एह अनुभव की बाढ़ हम ई कबो दोहरावे ली ना बाकी हमके ई कहत दुख होता की तब से अबतक हम बहुते गलती कइले बानी। हर बार परमेश्वर हमार सहायता करेलन जेकरी खातीर हम उनकर आभारी बानी। हमनी क सब गलतिया करिल। हमनी सबकी भितर दुरबलता बा। बाइबल कहला कि हमनी क दूसरीन खाती कठोर हिरिदय या आलोचक आत्मा रखे के बा बाकी एगो दूसरा के माफ करे के बा अऊर एक दूसरन खातीर दाया रखे के बा जेह तरह परमेश्वर ख्रिस्ट की दोवारा हमनी की साथे कइले बानी। (इफिसियो 4:32)

## हे दोष लगावे वाला तू केहू काहे ना होखः

**तू तिरूतर बाड़ काहे की जवना बात में तू दोसरा पर दोष लगावेल काहे की तू जवन दोष लगावे ल वोही बात मे अपनह के दोषी ठहरावे लन अपनहू उहे काम करेलन**

**रोमियों 2:1**

दूसरी शब्दन में जेवनी बात पर हम दूसरीन पर दोष लगावतीन जा उहे बात हमनी क खुद करेलीजा।

परमेश्वर हमके ई शिद्वान्त समझावे खातीर एगो बहुत बढ़िया उदाहरण दिहलन। हम एह बात पर बिचार करत रहनी की हमनी के केवनो काम करेली न जा अऊरी सोचेलीन जा काई बिलकुल ठीक बा बाकी जदि केवनो अऊरी आदमी ओही काम के करे व हमनी क ओके दोषी ठहरावेली जा एइसन काहे बा? ऊ कहलन "जोरस तू खुद के त रंगीन चशमा से देखेलू बाकी दूसरन बड़ करे वाला लेन्स से देखलू।"

हमनी क अपनी खुद की बेवहार खातीर बहाना खोज लेई लना बाकी जब केहू दसर ओही काम के करेलस तब हमनी क निरदयी हो जानी जा। जइसन हमनी क चाहे नी जा की लोग हमनी की साथे करस हमनीयो के भी दूसरन की साथे ओइसने करे के चाही (मति 7:12) जदि इहे सिद्धान्त हमनी अपना लेनी जा त दोष लगावल अऊर आलोचना कइला से हमन्नी क बच सकेली जा।

एगो दोष लगवे वाला मन, नाकारात्मक मन क ही एगो डाढ़ बा– केवनो आदमी में का अच्छाई बा एकरी बदले खाली इ सोचल की का बुंराई बा।

साकारातमक रही नाकारातम ना दूसरन के त लाभ होई, बाकी आपके दूसरन से भी अधिक लाभ होई।

## मन क राक्षा करी

**स सबसे ढेर अपनी मन क राक्षा करः काहेकी जीवन क मूल स्रोत उहे बा।**

**नीतिवचन 4:23**

जदि आप चाहे ल की जीवन तोहरी तरफ अऊर आप मे से बहे त अपनी मन क रक्षा करि। कुछ विशेष परकार क बिचार जइसे दोष लगावल अऊर अलोचना

कइल एगो विसवासी की जीवन में कदाचीत ना होखे के चाही। सगरी बात जेवन परमेश्वर हमनी क सीखावे क कोशीष करेलन हमनी की भाला खातीर अऊर हमनी के खुद रखे खातीर बा। ओकरी रास्ता पर चलल फलदायक बा शाइतान की रास्ता पर चलला से सड़न ही सड़न बा।

## संदेह के खाति संदेह से भरल रही

**प्रेम सगरी कुछ सह लेला अऊर सगरी बात के विसवास करेला अऊरी सगरी बात के आसा रखेला अऊर बात मे धिरज रखेला**

**1 कुरिन्थियों 13:7**

हम विसवास के साथे कह सकीना की एह पद पर चलल हमरी खातीर एगो चुनवी रहल बा। हम संदेह करे खातीर ही बड़ भइनी। हमके सही में ई सिखाल गइल रहे केहूवे पर भी भरोसा मत करिह विशेष कर ऊ लोगन पर जेवन आच्छा बनल रहेलन काहेकी ऊ कुछउ ना कुछऊ चाहेलन। हमके ई सिखावल गइल रहे की दूसरा के प्रति संदेहपुर्ण नजर रख अइसन कर हमके लोगन की साथे बहुत निरास जनक अनुभव भइल। हमरी मसीही बनला से पहिले भी अऊर बाद मे भी। प्रेम के गुणन पर मनन कइला पर हमके पाता चलल की प्रेम हमेशा क्षेष्ठ चिजन पर विसवास करेला अऊर एगो नाया मन उत्पन्न कइला मे मदद करेला।

जब तोहरी मन मे विष भर दिहल गइल बा या जब शइतान आपके मन मे गढ़ बाना दिहले बाड़न, परमेश्वर की बचन दोवारा मन के नाया कर लेई। परमेश्वर के बचन के याद कर के आप अइसन कर सकीला। हमनी की साथे अदभुत पवित्र आत्मा बा जेवन हमनी के एह बात के बता देला की कब हमनी क बिचार गलत दिशा में जात बा। जब हमरी भितर प्रेम के बिचार की बदले संदेहपुर्ण बिचार आ जाला तब परमेश्वर हमरा के बता देलन। शारीरीक आदमी सोचे ला “जदि हम आदमीन पर भरोसा रखब त लोग हमार लाभ उठाये लगीहन।”

समभवतः एकर लाभ नाकारातमक अनुभव से बहुत अधिक होला।

भरोसा अऊर विसवास जिवन में अनन्द लीया देला अऊर रिसतन के शक्ति देलां सक कुल्ही रिसता के लगड़ बना देला अऊर सबके कर देला।

मुख्य बात ई बा की परमेश्वर क रास्ता काम करेलन आदमी क ना। परमेश्वर दोष लगावल अऊर संदेह के धिक्कारेला हमनीयो भी एहीसने करि जा। परमेश्वर जेसे प्रेम करेलन ओहसे प्रेम करे अऊर जेसे ऊ घिरिणा करेलन ओसे घिरिणा करोस। संतुलित बेवहार रखल ही सबसे बढ़िया सिद्वान्त ह। एकर मतलब ई ना की हमनी अपनी बुद्धि क परियोग ना करि। हमनी के सब लोग के आगे आपन जीवन एहीसही खोल के फेक देबे के चाही अऊर ना ही केहू के ई मोका देबे के बा की ऊ हमनी के दाबा के तूर देबे। बाकी हमनी के नाकारातम ढंग अऊर सक से दूसरन के ना देखे के बा ई आसा नईखे करे के कि दूसरन हमार लाभ उठावे के कोशीष करस।

## परमेश्वर पर भरपुर अउर आदमीन पर सावधानी से भरोसा रख

**जब यीशु यरूशलेम फसल के समय परब में रहलन त उनकरा अचरज के काम के जेवन देखावत रहलन त देखके ढेर लोग उनकरा नाम पर विसवास कइलन।**

**पर यीशु अपना के उन्हन के भरोसा पर ना छोड़लन काहे कि ऊ सब केहू के जानत रहलन।**

**अऊर उनके जरूरत ना रहल कि आदमी के बारे में केहू उनकरा से बतावे, काहे की अपनहि जानत रहलन कि आदमी की मन में का बाटे?**

**यूहन्ना 2:23–25**

एक बार हम गिरजा मे बड़ी निरासाजनक अवसथा मे भस गईल रहनी परमेश्वर हमार धियान यूहन्ना 2:23–25 पर लगवलन ई भाग यीशु अऊर उनकी चेलन की रिस्ता की बारे में बतावेला। ई साफ रूप से कहेला कि ऊ उनकी प्राति संदेह से भरल रहे अतः उनके उन्हनी पर भरोसा ना रहे। ई खाली एतना बतावेला कि ऊ आदमी की स्वभाव के समझत बान, ऊ उन्हनी खातीर खुद पर भरोसा ना कइलन।

एहसे हमके एगो अच्छा शिक्षा मिलल। गिरजा की एगो घटना से हम बुरी तरह पिड़ित रहनी काहेकी हम कुछ मेहरारून से साथे बहुत अधिक संयुक्त हो गइल रहनी अऊर हम आपन संतुलन खो गइल रहनी। जब भी हम आपन संयुक्त खो देनी जा हमनी क शइतान खातीर एगो दोवार खोल देली जा।

1 परतस 5:8 कहेला **सावधान रह अऊर आगद जह, काहेकी तोहार विरोधि शइतान गरजे वाला शेर की जइसन एह खोज मे रहेला कि केहके फार खाई।**

हम सीखली की हम मेहरारून की भितर ऊ भरोसा रखे क कोशीष करत रहनी जेके खाली परमेश्वर ही कर सकेला। हमनी क एगो सीमा तक ही आदमीन के साथे रिस्ता रख सकेलीजा। जदि हम बुद्धि की बाहर जात बानी जा तब परशानी आवे लगोहन अऊरी हमनी के घाव लागी।

आपन आखरी भरोसा खाली परमेश्वर पर रखी। एहीसन कइला पर पवित्र आत्मा खातीर एगो दोवारा खुल जाई अऊर ऊ हमनी के बता देयी की कहवा हमनी क संतुलन के रेखा पर करत बानी जा। कुछउ लोग समझेलन की उनके आच्छा बुरा क ज्ञान बा जब की सही मे ऊ सक से भरल बान। आत्मा क एगो सच्चा बरदान ह।

"आत्माओ क पहिचान" (1 कुरिन्धियो 12:10) ई आच्छा खराब के बतावे ला खाली खराबे के ना। जेवन मन नाया ना भइल ऊ संदेह के जनम देला अच्छा बुरा के पहिचाने के ज्ञान नाया आत्मा से मिलेला। सही बरदान खातीर प्रार्थना करि, शरीर खातीर ना जेवन आत्मा क बरदान बरदानो बा छदमवेष बा। सच्चा आत्मीक ज्ञान आत्मा के उभारे ला गपशप के ना। जदि केवनो परशानी क सामाधान करे के बा त पवित्र शास्त्र की तरिका से करि देह की तरिका से ना जेवन समसीयाओ के अऊरी बढ़ा देला।

## मन भावने बचन मीठ होला अऊर चगंई देला।

**बुद्धिमान क मन आंकरी मुह पर भी बुद्धिमानी परगठ करेला, अउर ओकरी बचन मे विद्या रखेला।**

**मन भावने बचन मधु से भरल छत्तो के जइसन प्रारन के मिठ लागेला, अऊर हडिडयन के हरि भरि रखेलन।**

**नीतिवचन 16:23–24**

बचन अऊर बिचार हड्डी अऊर मींग की तरह बा—एतना निधीचा की उनका पृथक करल कठिन है। (इब्रानियो 4:12) हमनी क बिचार शान्त बचन बा जेहके खाली हमनी क अऊर परमेश्वर ही सुनेलन, बाकी ऊ बचन हमनी के भितर क

आदमी पर हमनी की स्वास्थ पर, हमनी की खुशी पर अऊर हमनी के बेवहार पर परभाव डाले लन। जेवन हनमी क सोचेलीजा ऊ प्रायः हमनी की मूह से बाहर बा जाला।

अऊरी रह बात क दुख बा की कबो–कबो उन्हन के कारन हमनी क मूरूख लागे लागीना। दोष लगवला से आलोचना कईला से अऊर संदेह कइला से हमनी क कबो खुशि ना प्राप्त कर पावल जाई।

यीशु कहलन की ऊ रह खातीर अइलन की हमनी क जीवन पायी जा अऊर जीवन क आनन्द लीहल जा। (यूहन्ना 10:10) ख्रीप्त क मन रखिं अऊर आप एगो बदलल जीवन में घुस जइब जा।

प्रस्तावना

# 14

# एगो निष्क्रिय मन

# प्रस्तावना 14

# एगो निष्क्रिय मन

*हमरा के ज्ञान न होखला से हमार प्रजा नाश हो गईल न स...*

होसे 4:6

ई कथन निष्क्रियता की क्षेत्र मे बिलकूल सही बा। अधिकांश मसीही एह शब्द से परिचित ना होलन अऊर ना ऊ एकरी चिन्हन क पहिचानत बाड़े।

निष्क्रियता क्रियाशीलाता क बिरोधि है। ई एगो भयंकर समसीया ह काहे की परमेश्वर क बचन हमनी से साफ रूप में समझावे ला कि हमनी के चालांक सक्रिया अऊर जागत रहे के चाही (1 पतरस 5:8) हमनी की भितर जेवन बरदान बा ओहके चमका देबे के बा (2 तीमुथिपुस 1:6)

हम विक्रियता शब्द की कई गो परिभाषा पढ़ले बानी अऊर हम एकर वरणन एह परकार करि ला–इच्छा क कमी, चेतना क कमी, सामान्य उदासिनता, निरूत्साह अऊर आलस। निष्क्रियता की पाछे दुष्ट आत्माए होली स। शइतान जाने ला की निष्क्रियता इच्छा के कामन्वित होखे में असफल कर देला अऊर एहसे आखीरी में एगो विसवासी मन हार हो जाला।

जब तक एगो आदमी अपनी इच्छा से शइतान की बिरोध मे काम करत रहेला तब तक शत्रु लड़ाई के ना जीत सकेला। बाकी जदि ऊ निष्क्रिय हो जाला त ऊ एगो गंमभीर परसानी मे फस जाला।

अधिकांश विसवासी सोचेलन कि परमेश्वर जेवन काम उनके करे खातीर सिखले बाड़ ओके ऊ ना कर परवेलन काहे की एकर कारन ह उनकरि भीतर चेतना क कमी। ऊ बड़ाई करेलन जब ऊ अइसन करे क अनुभव करे लन देलन जब ऊ सोचेलन अइसन करे के बा जब ऊ सोचेलन की एहीसन नइखे करे के बा तब ऊ एहीसन ना करेलन।

## खीली जगह एगो मोक ह।

**अऊरी ना सइतान के मोका द।**

**इफिसियों 4:27**

शइतान के जेवन हमनी क जगह देनी जा ऊ बहुधा खाली जगह होला। एगो खाली निष्क्रिया मन हर परकार क खराब बिचार न से आसानी से भर सकेला।

एगो विसवासी जेकर मन निष्क्रिया बा ऊ एह बुरे बिचार क प्रतिरोध ना करेला अऊर एह बिचार के आपन बिचार समझे लागेला। ऊ ऐह बात के ना समझ पावे ला कि दुष्ट आत्मा एह बिचारन के ओकरी मन में एह खातीर भर देले बा काहे की उहवा भरे खातीर एगो खाली जगह रहे। खराब बिचार के अपनी मन से रखे के एकही तरिका बा की आपन मन सही बिचार से पुरा भरले रही। शइतान क बाहर फेकल जा सकेला बाकी ऊ जाला अऊर सुखल जगह मे घुमत रहेला। जब ऊ वापस अपनी पुराना घर में अऊर आवेला ओके खाली पावेला लूका 11:24–26 मे बाइबल बतावेला की जब ऊ वापस आवे ला अपनी साथे दूसरन के भी लीयावेला अऊर ओह आदमी क अन्तिमदशा पहिले से भी बिगड़ जाला। एही कारन हमनी के केवनो आदमी की भितर से दुष्ट आत्मा के तब तक नइखे निकाले के जबतक ऊ आदमी एह बात के सीख ना लेबे की केवनी परकार ओके एह जगह के भरे के चाही।

हम ई नईखी कहत की हर एगो आदमी जेकरी भितर खराब बिचार बा ओहमे दुष्ट आत्मा बा। बाकी बुरा बिचार की पाछे बहुधा दुष्टआत्मा के हाथ रहेला। एगो आदमी अपनी कलपना के लागातार बहर कर सकेला बाकी ऊ ओह खाली जगह के अच्छा बिचार से भरे के ना सीख जाव। जब शत्रु वापस आवेला फिर ऊ ओह आदमी में खाली जगह के ना पावेला।

कुछ आक्रमणकारी पाप अऊर अधिकारी पाप होला अऊर कुछ निष्क्रिय पाप, जेवन तीयाग वाला पाप होला। दुसरी शब्दन कुछ बुरा काम बा जेवन हमनी क करिलीजा अउरी कुछऊ सही काम बा जेके हमनी क ना कईलींजा। उदाहरार्णय बिना सोचले शब्दन के बोललासे एगो रिस्ता खतम हो जाला, बाकी ई तबही खतम हो सकेला जब हमनीक सराहनीय शब्दन क परियोग ना करेली जेवन हमनी के बोले के चाही ऊ हमनी क ना बोले लीन जा। एगो निष्क्रिय आदमी सोचे ला की ऊ कुछ गलत नईखे करत काहे की ऊ कुछ करते नइखे। अपनी त्रुदि क सामना कर के ऊ कही, “हम कुछ ना कइनी!” ओकर विशलेशन सही बा बाकी ओकर बेवहार सही नइखे। समसीया खाली एह कारन आईल काहेकी ऊ कुछना कइले।

## एक निष्क्रियता पर जीत प्राप्त करि

कुद बरिष पहीले हमरी मरद डेव के निष्क्रियता क समसीया रहे कुछ चिज अइसन भी रहे जेवनी में ऊ सक्रीय रहले। कु हर दिन काम पर जवोंस, शनिवार के गोल्फ खेलंस अउरी रविवार के फूटबाल मैच देखोस। एहके छोड़ कुछ अऊर काम कइल उनकरा खातीर कठिन रहे। जदि हमके केवना तसवीर उनकरा से दिवार पर टंगवावे के रहे त एहके करे खातीर ऊ तीन या चार सप्ताह लगा देबस। एह कारन हमनी की बीचा एगो तनाव उतपन्न हो गइल रहे। हमके अइसन लागे की ऊ उहे करस जेवन ऊ कइल चाहस ओके छोड़ ऊ कुछऊ ना करस।

डेव परमेश्वर से प्रेम करस जब ऊ एह समसीया के प्रभू के आगे रखलन त परमेश्वर उनकरा के निष्क्रियता अऊर ओकरी खतरा के बारे में बतवलन ऊ पवलन की उनकर काम ना कइला कि पाछे दुष्ट आत्मा बाड़ी स। कुछ क्षेत्रन मे उनके समसीया ना रहे काहे की एह क्षेत्रन मे ऊ आपन इच्छा बनवले रहलन बाकी दूसरी क्षेत्रव मे ऊ आपन इच्छा अपनी निष्क्रियता दोवारा अपनी बिरोधी दे दिहले रहलन। एह क्षेत्रन में ऊ एतना दुखी रहलन की उनकरा भितर केवनो इच्छा हीना रह गईल रहे की ऊ काम के पुरा सकोस।

परमेश्वर की बचन क अध्ययन कइल अऊर प्रार्थना कइल, ई दूसर दूगो क्षेत्र रहे जेवना में ऊ निष्क्रिय रहले। काहेकी जानत रहनी कि ऊ निर्देशो खातीर परमेश्वर के ना पुकारस अतः उनकी बात पर धियान दिहल हमरी खातीर बहुते कठिन रहे। हमरी भितर बिरोध कइला क समसीया रहे अऊर आप देख सकीला केवनी परकार शइतान हमनी की दुरबलताओ के एक दूसरा के विरोध परयोग कइलस। एह समसीया की करन बहुत लगन में तालाक हो जाला। का गलत बा ऊ ई समझही पावे लन।

हम सही मे बहुते आक्रमणी हो गइल रहनी। हम देह मे हमेशा परमेश्वर से आगे दउड़ जात रहनी अपनी ढंग से काम करि अऊर आसा करी की परमेश्वर ओह पर आशीष देबे। डेव खाली परमेश्वर करस। एह कारन हम बहुत खिसिया जाई। अब हम दूनोई सोच के हंसेलीजा की पहिले हमनी क कइसन रहनी जा बाकी तब हमनी के हंसी ना आवे अऊर जदि परमेश्वर आपन धियान हमनी ओर ना लगइतन त हमनी क भी तलाक हो गइल रहीत।

डेव हमके बतावल करस की हम हमेशा परमेश्वर से आगे निकल जाइल करिला हम उत्तर देबल करि की परमेश्वर से दस मिल पिछे रहेल। हम आक्रमण कारी रहनी अउर दे डेव निष्क्रिय रहलन।

जब एगो विसवासी केवनो अइसन क्षेत्र मे निष्क्रिय होलन जेहमे ओकरी लगे योगता अउर कोशीस होला तब ऊ क्षेत्र अचल अऊर व्यर्थ हो जाला। जेतना अधिक समय तक ऊ कुछ ना करल चाहेला। एक सबसे आच्छा उदाहरण ह शारिरीक व्यायाम। हम आजकल व्यायाम पर अधिक धियान देत बानी अऊर जेतना अधिक हम व्याम करिला ओतना ही ई हमके आसान लागेला। जब हम ई चालू कइले रहनी, ई बहुत कठिन लागत रहे। जबो भी व्यायाम क हम काम चालू करी हमके बहुत दिन से निष्क्रिय रहनी। व्यायाम ना कइला। की कारन हमार शारीरीक दशा भी बिगड़त जात रहे। मांस पेशियन क परियोग ना कइल की कारन हम दि प्रतिदिन दरबल होत जात रहनी।

डेव अपनी समसीया के समझावल चालू कर देले रहलन। ऊ दुष्ट सात्मावन क सामना करत रहलन उनकी लम्बा समय तक आलसी होखला की कारन ऊ अपना कबजा उनकरी पर करत जात रहली स। जब पवित्र आत्मा ई सच ओकरी पर परदसीत कइल तब डेव ई निशचय कइलन की अब ऊ आलस अऊर बिलम्ब छोड़ के सक्रीय अऊर आक्रमणी बनी हन।

कि फैसला लिहल त बहुत आसान रहे ओके अभियास में लियावल एगो कठिन काम रहे। ई कठिन रहे काहे की हर एगो क्षेत्र जेहमे ऊ निष्क्रिय रहलन व्यायाम की दूवारा अब उनके ओह क्षेत्र के फिर से बलवान बनावे के रहे।

ऊ जलदी 5ः बजे उठ जात रहलन बचन के पढ़े अऊर काम पर जइला से पहिले प्रार्थना करस। युद्ध चालू हो गइल रहे। शइतान ई ना चाहे कि केहू ओकरा पर जीत प्राप्त करलेव अऊर ऊ बिना लड़े हार ना मानेला। डेव परमेश्वर की साथे समय बितावे खातीर जाग जा ओंस बाकी ऊ सोफा पर सुत जावासं। कई सुबर अइसने होखल करे जेमे डेव फिर से सुत जावोंस फिर भी डेव प्रगती करत रहलन काहेकी ऊ अपन बिछौना छोड़ के प्रार्थना क जीवन बनावेलाक प्रयास करत रहलन। कबो–कबो ऊ निरूत्साहीत भी हो जवोंस। कबो–कबो ऊ सोचस की ऊ प्रगती नइखन करत ऊ जेवन पढ़त बाड़न ओके समझ नईख जात। बाकी ऊ लागल रहलन काहेकि पवित्र आत्मा उनके उनकी “निष्क्रियता” दशा की विषय में बाता दिहले रहे।

हम देखत रहनी कि अब हम डेव से फोटो टांगे खातीर कहब या घर की अउरी काम खातीर कहब या घर की अउरी काम खातीर कहेलि त ऊ तुरन्त करे लागेलन। अब ऊ अपनी तरह से सोचल अऊर फैसला लिहल चालू कर दिहले रहलन। कई बार ऊ कइल ना चाहोंस तबो भी ऊ एह इच्छा अउर शरिर के इच्छा की बिरूद्ध चलल करसं जेवनी चिझ के ऊ सही समझस अऊर जेतना अधिक ऊ ओहपर काम करस ओतना ही अधिक ऊ आजादी क माजा उठावस। हम आपसे सही बतावत बानी की ई उनकरा खातीर आसान ना रहे। ऊ कुछ दिनो या कुछ हप्ता आजाद ना रहलन। निष्क्रियता पर काबू पावल एगो बहुत कठिन अवस्था होला काहे की हमनी के साथ देवे खातिर हमनी के भितर इच्छाए ना होलीन।

परमेश्वर की मदद से ई डेव ने कर दिखलवलन अऊर अब ऊ बिलकूल विष्क्रिय नईखन। रेडियो अऊर टेलिविजन कि दूवारा “लाइफ ई द वर्ड” की जेवन सेवकाई बा ओकर ऊ प्रबन्ध ह अऊर एह सेवकाई के वीतीय सम्बन्धी पर कामन क जिमवारी भी उनही पर बा। ऊ हमरी साथे यात्रा भी करेलन अऊर हमनी की यात्रा के कार्यक्रमो क फयसला भी उहे लेलन। ऊ एगो श्रेष्ट परिवार वाला आदमी हउवन। ऊ प्रार्थाना करेलन अऊर परमेश्वर की बचन खातीर समय भी देलन संक्षेप में ऊ एगो अइसन आदमी हउव जेकर इज्जत अउरी बड़ाई करे के चाही।

ऊ कबो भी गोल्फ खेलेलन अऊर खेल कुद की कार्यक्रम के भी देखेलन बाकी जेवन काम उनके करेके बा उन्हनीयो के भी करेलन। उनके देख के केह के भी एइसन ना लागेला की ऊ उन्हे निष्क्रिय आदमी ह जेवन पहिले रहल।

निष्क्रियता क दाशा पर काबू पावल जा सकेला। बाकी कामन की निष्क्रियता पर काबू पावे क पहिला कदम ह मन कि निष्क्रियता पर काबू पावल। डेव तब तक प्रगती ना कर पवले रहलन जब तक ऊ आपन सोचला की ढंग के बदलला क फैसल ना लेलिहलन।

## सही सोचला से सही काम होला

**एह दुनिया की जइसे मत बनः बाकी तोहन लोग के बुद्धि के नाया हो जाये से तोहनलोग के चाल चलन भी बदल जाव, जवना से तोहन लोग परमेश्वर के भलीभाती अऊर सिद्ध इच्छा अनुभव से मालूम करत रहल जा।**

**रोमियों 12:2**

एगो बलवान रिद्वान्त परमेश्वर की कुल्ही बचन में देखावल गइल बा कि केहू भी आदमी कबो भी जीत की रास्ता पर ना सकी जब तक ऊ एह बात के ना समझ लेबे अऊर अपनी जीवन मे ना उतार लेबे कि सही सोचल ही सही काम करेला।

दूसरी शब्दन में आप अपनी बेवहार ना बदल पायीब जब तक आपन बिचार ना बदल लेई।

परमेश्वर कि काम विधि के अनुसार पहिला सही सोचल ओकरी बाद सही काम क जगह हम विसवास करत बानी की सही काम अऊर सही बेवहार सही सोचला क ही “फर” ह। अधिकांश विसवासी सही काम कइला क कोशीश करत रहेलन बाकी फर एह कोशीश क उतपानद नाह। फल त दाख लाता में बनल रहला क परिणाम ह (यूहन्ना 15:4) अऊर हमनी क आज्ञाकारीता दोवारा दाखलता मे बनल रह सकेली जा (यूहन्ना 15:10) एह सिद्धान्त के देखावे खाती हम हमेशा (इफिसियन 4:22–24) क प्रयोग करिला 22 **पद कहेला तू अपनी चाल चलन के पुराना मनुष्यत्व को जो भरमावे वाली अभिलाषाओ के अनुसार भ्रष्ट हो जाला, उत्तार द।**

पद 24 भी रहे बिचार बतावेला, **अऊर नया मनुष्यत्व के पहिनल, जेवन परमेश्वर के अनुसार सही क धार्मिकता अऊर पवित्रता में बनावल गईल बा।**

अतः हम देखेलीजा कि पद 22 मूलतः हमनी के ई बतावेला की गलत का ना करि अऊर पद 24 कहेला की सही काम कइल चालू करिं। बाकी पद 23 के हम कहेली “मिलाने वाला शास्त्रा” ई हमनी के बतावेलन कि केवनी तरह पद 22 से पद 24 **पर पहुचे के बाः अऊर अपनी मन की आत्मीक स्वभाव में नया बनत जाता।**

बिना बिचार के बदलने ई असम्भव बा कि गलत बेवहार के सही बेवहार में बदल लें। एगो निष्क्रिय आदमी सही चीस कइल चाही बाकी ऊ एहीसन कर ना सकेला जब तक कि ऊ अपनी मन के परमेश्वर क बचन अऊर ओकरी इच्छा अनुसार सक्रिया ना कर लें।

एगो आदमी क उदाहारण हमरी मन के आवत बा जेवन हमरी सेमीवार की प्रार्थना सुची में रहे। ओकर समसीया व्यविचार से संम्बंन्धित रहे। ऊ सही मे अपनी मेहरारू से प्रेम करे अऊर अपनी बियाह के बरबाद ना होखे दिहल चाहत

रहे बाकी ओकरी समसीया क सामाधान जरूरी रहे नाही त ओकर बियाह सही में बरबाद हो जाईत।

"जोय्स हमार समसीया व्यभीचार से संम्बंन्धित बा" ऊ कहलस की हम अउरी मेहरारून से अलग ना रह पाइब। का तू हमरी छुटकारा खातीर प्रार्थना करबू? "हमरी खातीर कई बार प्रार्थनाए भइल बा, बाकी हमके एइसन कबो ना लागल की हम केवनो प्रगती कइले बानी।"

ओके बतावे खातीर पवित्र आत्मा हमके ई कहलस "हाँ, हम तोहरी खातीर प्रार्थना करब बाकी तू जेवन अपनी मानस पटल पर जेवन फोटो देखला क अनुमती देल ओकर जीमवारी तोहके लेलेबे के होई। जदि तू आजादी क माजा लिहल चाहत बाड़ त तोहके ई असलीला तसबीरन के अपनी बिचार नईखे लेबी के अऊर एह अउरी मेहरारूर के साथे कलपानाए भी नईखे करें के।"

एह आदमी की जइसन अब दूसर आदमी भी अब हइ समझत बड़न की काहे ऊ आजादी क अनुभव नईखन करत ऊ आपन बेवहार त बदलल चाहत बान बाकी आपन सोच ना।

मन ही एगो अइसन क्षेत्र बा जहा आदमी "पाप के साथे खेला करेलन" मति 5:26–28 में **यीशु कहलन तू सन लेले बाड़ की कहल गइल रहे व्यभिचार ना करिह। बाकी हम तोहसे ई कहत बानी की जे केहू केवनो मेहरारू पर बुरा नजर डाले ऊ अपनी मन में ओहसे व्यभिचार कर लिहलस। पापी बिचार पापी काम के जनम देला।**

एगो मेहरारू जेवन हमरी घरे के बाइबल अध्ययन में आवे ली आपन जीवन प्रभू के देदिहले रहली अऊर ऊ चाहत रहली की ओकर घर अऊर ओकर बिबाह की दशा ठिक हो जाये। ओकरी जीवन क हर एगो चिझ अत्यवस्थित रहे–घर, लइका, बीवाह, आय शारिरीक दाशा इत्यादि। ऊ सर्वजनीक रूप से कहेली की ऊ अपनी मरद से प्रेम करिला बाकी सही त ई बा की ऊ सही मे ओकरा से नाफरत करे। ऊ ई जानत रहे की ओक ई बेवहार धार्मीक ना रहे अतः ऊ ओकश से प्रेम कईल चाहत रहली बाकी ऊ ओके कबो सहना पावे।

हम प्रार्थना कइनी ऊ भी प्रार्थना कइली, अऊर सब लोग ने प्रार्थना कइलन! हम पवित्र शास्त्र ओकरी साथे बटनी अऊर ओहके सुने खातीर कुछ टेप दिहली। हम ओकरी साथे हर एगो चिज दिहली जीवन हम जानत रहनी, अऊर ऊ हमनी क सलास मानत भी रहली बाकी फिर भी ओकरी जीवन मे प्रगती ना दिखाई

दिहल स। कहा गलती रहे? एगो सलाह के सत्र के समय ई मालूम भइल की ऊ दिन में सापाना देखल करे। ऊ कलपना कइल करे की ऊ एगो परियन क रानी हई अऊर एगो सुन्दर राजकुमार काम से लउट के फूल अउरी मोमबी लेके ओकरी लगे अखेला अऊर ओके कोरा मे प्रेम से उठा लेला।

ऊ आपन दिन एहीसही सोचत बितावस अऊर जब उनकर सिहराइल मोटा, पसीना से भरल गन्दा मरद (एगो दान्त क टूटल) काम पर से लउट के घर आवत रहे, तब ऊ ओहके घृणित लागेला। क्षण भर खातीर एह अवस्था पर धियान देयी। महिला नाया जनम पा चुकल रहे तबो ओकर जीवन अस्तबयस्त रहे।

ऊ परमेश्वर की आज्ञा क पालन करल चाहत रहे अऊरी ओही खातीर जीयल चाहत रहली अऊरी अपनी मरद से प्रेम भी करल चाहत रहली काहे की ऊ जानत रहली की ई परमेश्वर क इच्छा रहे। ऊ चाहत रहली की उनकर जीवन अऊर बिबाह दूनो बिजई होखे बाकी ऊ अपनी मन से हार जाव। एइसन केवनो तरिका नजर ना आवत रहे जेहसे ऊ अपनी मरद की प्रति घृणा पर काबू पा सके, जब तक ऊ "स्वश्थ मन" से बिचार कइल ना चालू कर देबे।

ऊ दिमागी रूप से एगो कालपनीक संसार में जीवन बितावत रहली। अतः ऊ सचाई क सामना करे खातीर तैयार ना रहे। ओकर निष्क्रिय मन रहे अऊर काहेकी की ऊ परमेश्वर की बचन के अनुसार ना सोचत रहे एही कारन दुष्ट आत्माओ ने उकरी मन मे बिचार डाल देले रहलन।

तबतक ऊ ई सोचत रहे की ई बिचार ओकर खुद क बा अऊर उनकर आनन्द लेत रहली तब तक ऊ आजादी क अनुभव कबो ना कर सकलस। ऊ आपन सोच बदलली, अऊर ओकर जीवन बदले लागल।

ऊ अपनी मरद के प्रति आपन दिमागी स्वभाव बदलस अऊर ओकर मरद क बेवहार ओकरी प्रति बदले लागल अऊर ओकर मुखाकृति भी बदले लागल।

## सरगीय बस्तुवन पर धियान लगाई

**एही से जब तोहनलोग मसीह के संगे जीयावल गइल बाड़ त सरग के चीजन की खोज में रह, जहवा मसीह बरतमान बाड़न अऊर परमेश्वर के दाहिना बगल बइठल बाड़न।**

**धरती पर के ना बाकी सरग के चीजन पर धियान लगव**

**कुलुस्सियें 3:1,2**

फिर से हमनी क उहे शिद्वान्त देखत बानी जा जदि तू पुनुस्थान वाला जीवन जेवन यीशु हमनी के दिहले बाड़न जीमल चाहत बाड़ तब आप अपनी मन के सरगीय वस्तुओ की ओर लगावल जा जेइसे आप एगो नाया अऊर सामर्थी जीवन प्राप्त कर सकीलजा।

प्रेरित पौलूस बड़ा शब्द में कहत बाड़न की जदि आप अऊर हस एगो आच्छा जीवन चाहत बानी तब हमनी के आपन मन अच्छी बस्तु अन पर लगावे के चाही।

बहुत विसवासी आच्छा जीवन चाहत बानी तब हमनी के आपस मन अच्छी बस्तुअन पर लगावे के चाही। बहुत विसवासी आच्छा जीवन चाहत बाड़न बाकी ऊ निष्क्रिय बइठल रहेलन अऊर इच्छा करेलन की उनकी साथे कुछ आच्छा ही होई ई प्रायः ओलोगन से ईर्ष्या रखे लने जेवन विजई जीवन जीयत बाड़न काहे की उनकी खुद क जीवन कठिनाइयो से भरल बा।

जदि आप अपनी समसीयाओ पर बिजय पावल चाहत बड जा जदि आप सही मे पुनरूत्थान वाला जीवन जीय चाहत बाड़ तब तोहरी लगे मेरूदण्ड होखे के चाही खाली इच्छा वाली हड्डी ना! तोहरा के सक्रिया होखे के चाही निष्क्रिया ना। सही काम सही बिचार से सुरू होला। अपनी मन मे निष्क्रिया ना रही। आज से ही सही बिचारन क चुनल चालू कर दयी।

प्रस्तावना

15

# मसीह क मन

# मसीह क मन

> *काहे की प्रभु क मन(सम्मति अऊर उद्‌देश्य) के जनलस की उनके सिखलवें? बाकी हमनी में मसीह क मन बा।*
>
> 1 कुरिन्थियों 2:16

ह हम बिसवास करत बानी की आप अभि तक सही बिचारन के बारे में चुने खातीर फैसला लिहले होखब, त अब हमनी क ओ बिचारन के देखल जा जेवन परमेश्वर की अनुसार सही बा। बहुत बिचार निश्चित रूप से एइसन होलन जेवन यीशु गलत, ठहरवले रहलन जब ऊ एह धरती पर अइलन। जदि हमनी क उनकी पद चिन्हन प चलत चाहत बानी त हमनियों के भी ओही तर सोचे के होई जइसन ऊ सोचस हो सकेला एह क्षण आप अइसन सोचत होखब, “जोप्स ई असम्भव बा, यीशु श्रेष्ठ रहलन बाकी हम उनकी जइसन कबो ना सोच पाइब” बाइबल हमनी के बतावे ला कि हमनी में मसीह क मन बा एगो नाया हिरदय अऊर आत्मा।

## एगो नया हिरिदय अऊर नया आत्मा

**हम तोहन लोग के नया मन देयीब, अऊर तोहरी भितर नाया आत्मा उत्पन्न करब, अऊर तोहरी देह में से पत्थर क हिरिदय निकाल के तोहक मास क हिरदय देयीब। अऊर हम आपन तोहरी भितर देके अइसन करब की तु हमरी विधियन पर चलब।**

**अऊर हमार नियमों के मान कर ओकरी अनुसार करब।**

**यहेजकेल 36:26–27**

मसीह होखला की कारन तोहरी अऊर हमरी लगे एगो नया स्वभाव बा जेवन सही में परमेश्वर क स्वभाव बा जेके ऊ हमनी क नया जनम के समय हमनी की भितर डाल देले बाड़न।

एह पद में हमनी क देखेलीजा कि परमेश्वर जानत रहलन जदि हमनी क उनकरी नियमन क पालन करल जाई अऊर उनकरी बतावल रास्ता पर चलल जाई त उनके आपन आत्मा अऊर नाया हिरिदय (अऊरमन) हमनी के देबे के

होई। रोमियों 8:6 शरीर की मन अऊर आत्मा क मन के बारे में बतावेला, “शरीर पर मन लगावल त मऊवत ह अऊर आत्मा पर मन लगावल जीवन हैं”।

जीवन अऊर मउवत की एह भेद के जदि हमनी क सिख जाइल जा, त एही समय ऊ काम छोड़ दिहल जाई। जब एहीसन बिचार आपकी मन में भर जाई जेकर अन्त मउवत बा तब आप तुरन्त जान जइती कि ई आत्मा क मन ना ह।

एहके समझे खातीर मान लेई जा की हम के वनो अन्याय के बारे में सोचत बानी जेवन केहू इसरन आदमी की दोवारा हमरी पर भइल बा अऊर हम खिसियाप बानी। हम ई सोचल चालू कर देइब की हम ओ आदमी के कितना ना पसन्द कइली बानी। जदि हम तेज दिमाग वाला बानी त हम ई जान जाइब की हम मउवत से मर गइल बानी। हम अव्यवस्थीत व्यग्र अऊर तनाव से भरल स्थिति में आजाइब हम शारीरिक व्यवस्था क भी अनुभव कर सकेली। कपार में दरद, पेट में दरद या थकान हमरी गलत तरीका से सोचला क ई फल हो सकेला। दूसरी ओर हम एइसन सोचत बानी की केतना अशिक्षित बानी हम अउर परमेश्वर हमरी खातीर केतना भला बड़न, तब हम ई पता ला लेइब की हम जीवन से भरल बानी।

एगो विसवासी खातीर अपनी भीतर जीवन अऊर मउवत के बारे में सिखल ओकरी खातीर बहुते सहायक होला। यीशु आपन मन हमनी के दे के हमनी के जीवन से भर दीहलन हमन क मसीह की मन में बहे खातीर चुन सकी ना।

मसीह की मन में बहे खातीर कुछ गि चिजे जेवन हमनी के करे के बा ओकर सूची एह अध्याय के निम्न पृष्ठों में दे देहल गई बा।

*1. साकारातमक ढंग से सोचल*

**जदि दूगो आदमी आपस में मिलल ना होखनस त का ऊ एक संगे चलि हें।**

**आमोस 3:3**

जदि दूगो आदमी परमेश्वर परस्पर सहमत नइख, त का ऊ एक संगे चल सकेल?ऊ अधियाय में हमनी क देख चुकल बानी जा कि साकारात्मक ढंग से सोचल केतना जरूरी बा आप अधियाय 5 में वापस जाके याद कर सकीला। हमहूँ एहके फिर से पढ़नी अऊर हमके एहसे आशीष मीलल होलांकी एहके हमही लीखले रहनी।

साकारातमक की सामर्थ की बारे में ढ़ेर कबो ना कहल जा सकेला। परमेश्वर साकारातमक हउवे, अऊर जदि हम अऊर आप उनकरी संगे बहल चाहत बानी

जा त हमनी के ओही तरंग दैर्ध्य पर आवे के होई अऊर साकारातमक ढंग से सोचल चालू करे के होई। हम मन के बस में करे खातीर नइखी कहत बाकी एगो भरपुर साकारातमक आदमी बने खातीर कहत बानी।

आपन द्रीष्टिकोण अऊर बेवहार साकारतमक बनाई जा साकारातकम बात चीत मे व्यस्थ रही। यीशु निः संदेह एगो साकारातमक द्रीष्टिकोण अऊर बेवहार प्रदर्शीत कइले रहलन। ऊ बहुते कठिनायीन क सामना कइलन जइसे व्यक्तिगत आक्रमण उनके झुठ समझल चेलन क अइसन समय मे भाग गईल तब उनके उन्हन क बहुत जरूत रहे।

उनकर मजाक उड़ाव ल गइल, अकेले छोड़ दिहल गल गईल, रालत समझल गइल अऊर बहुत बात। फिर भी एह नाकरातमकता की बिचे ऊ साकारातमक रहलन। ऊ हमेशा दूसरन के उभारे वाला शब्दन क परियोग कईलनः जे भी उनकी लगे आईल ऊ हमेशा उनकरा के आशा दिहलन।

मसीह क मन हमनी के भितर साकारातमक बा अतः जदि हमनी क केवनो समय नाकारातमक हो जानी जा त हमनी क मसीह की मन दोवारा काम नइखी जा करत लाखो लोग उत्साह हिनता से भरल बाड़न, अऊर हम एइसन ना सोचेली कि बिना नाकारातमक कता क केवनो आदमी उत्साह हीन हो जाए, जब तक ओकरी भीतर केवनो शारीरीक रोग ना होखे। एइसन दशा में नाकारातमक समसीयाओ अऊर उनकरी लक्षणन के बढ़ा देला। भजन संहिता 3:3 की अनुसार परमेश्वर हमनी क महिमा हउवन अऊर हमनी की मन के नया करे वाला हउवन। ऊ हर एगो चिज उचा करेलन हमनी क आश हमनी क बेवहार हमनी क मनो वृति हमनी क कपार हाथ अऊर हिरिदय–हमनी क पुरा जीवन। ऊ हमनी क दैवीय उठावे वाला हउन।

परमेश्वर हमनी के उपर उठावल चाहत बान अऊर शाइतान हमनी क नीचे दबावे ला। शइतान हमनी की जीवन की नाकारात्मक अवश्थाओ एवं घटनाओ क परियोग कर क हमनी के निचे दबावे ला, “दबावल” शब्द क मतलब ह “आत्माओं मे ंनीच उतर जाइब दूखी” वेब्सटर के अनुसार “आस पास की जगह से निचे उत्तर जाईल खाली जगह”?

हमनी की लगे साकारात्मक बिचार के सोचे क मोका आ जाला बाकी ऊ हमनी के अऊर भी नीचे ढकेल देला। नाकारात्मकता महनी की समसीया के सुलझावेला ना सकती अपीतु एहके अउरी बढ़ा देला।

# उदासीनता पर विजय

भजन संहिता 143:3—10 उदासीनता क वर्णन करेला अऊर कइसे ओहपर जीत पा सके लीजा ई बतावे ला। विरोधि की एह आकरमण पर हम कइसे विजय पा सकेली जा, एह खण्ड में हमनी क विस्तार पूवर्क इहे देखल जाई।

1. समसीया क प्रकृति अऊर कारन क पाता लगई।

**शत्रु त हमरी प्रान क ग्रहक भइल बा ऊ हमके चुर कर के माटी में मिलवले बा अऊर हमके ढेर दिन में मरे हुओ की जइसन अधियार में डाल देले बा।**

**भजन संहिता 143:3**

“मरे हुओ के आगे अधियार में डाल दिहले बा” एह वरणन हमके निश्चित रूप से ओह आदमी क लागता जेवन उत्साह हिन या उदासहीन होखे। धियान देयी की इहवा उत्साह हिनता की स्रोत क कारन ह— शइतान दर प्राण पर आक्रमण कइल।

2. एह बात के पहिचाने क उत्साह हिनता जिवन अऊर परकाश के चुरा लीहल।

**हमार आत्मा भितर से घबरात बा हमार मन बेचैन बा।**

**भजन संहिता 143:4**

एगो आदमी क आत्मीक आजादी अऊर सामर्थ पर उदसाहीनता निरदयाता के साथे राज करेला।

हमनी क आत्मा (जेवन परमेश्वर की आत्मा से सामर्थ पावेला अऊर उत्साहीत होला) शक्तिशाली अऊर आजाद बा।एही कारन शइतान हमनी की मनो में अन्हार अऊर खिन्नता भर के आत्मा क शक्ति अऊर आजदी के खत्म करल चोहेला। जइसे आप ई समझेली की उदासहीनता क हमरी भितर आगमन होता तुरन्त ओकर विरोध करि। जेतना अधिक आप देर लगाइब उतनी ही कठिन एक करल होखी।

3. बढ़िय दिन के याद रखि।

**हमके प्राचीन काल क दिन  याद आवेलन हम तोहरी कुल्ही अद्भूत कामन पर धियान करिला। अऊर तोहरी काम मे सीचीला।**

**भजन संहिता 143:5**

एह पद में अपनी दाशा देखत दाऊत की जबाब के हम देखी ला। याद कइल, मनन कईल, अऊर बिचार कईल ई सब मनक काम ह। ऊ ई भलि भाति जनत बाड़न कि ओकर विचार ओकरी इच्छावन पर प्रभाव डलिहन अतः ऊ एइसन चीझन पर बिचार कईला में व्यस्थ हो जाला जेहसे ऊ अपनी मन पर होईल आक्रमण पर जित पा सके।

4. समसीयावत में परमेश्वर क बड़ाई करिं।

**हम तोहरी ओर आपन हाथ फइलवले बानी, सुखत जमीन की जइसन हम तोहार प्यासा बानी।**

**भजन संहिता 143:6**

दाऊद बड़ाई की किमत के जानत बा ऊ आराधना में अपनी हाथन के उठावेला। ऊ अपनी जरूरत की घोषना करेलन ओकर जरूरत बा परमेश्वर। खाली परमेश्वर ही ओके संन्तुष्ट कर सकेलन।

जब लोगन के केवनों चिझ की जरूरत होला अऊर ओके ऊ गलत जगह पर जोहे लन तब ऊ उत्साहीन हो जाला एहसे उनकर समसीया अऊरी बड़ जाला।

थिर्भयाह 2:13 में परमेश्वर कहलन, काहे की हमार प्रजा दूगो बुराई कईले बा, ऊ हमके बहत जल के सोते को तीयाग दिहले बाड़ अऊर लोग हउदा बना लिहले बाकी एइसन हउदा जेवन फूट गईल बाड़न अऊर जेहमे पानी ना रह सकेला।

खाली परमेश्वर ही एगो प्यासल आत्मा के पानी पिला सकेलन, धोखा ना खायी ई सोच की केहू भी चीज भरपुर रूप से सन्तुष्ट कर सकेली।

गलत चीझन के पाछे भागला से आप हमेशा निराश होखब अउरी उदासी उत्साहीतनता के खातीर दोवारा खोल देला।

5. परमेश्वर से मदद मागिं।

**हे यहोता फुरती कर के हमार सुन ले, काहेकी की हमार प्रान निकलले पर बा। हमसे आपन मूह मत घुमाव, एइसन ना होखे की हम कबर में पड़ल होखल की जइसन हो जाई।**

**भजन संहिता 143:7**

दाऊद सहायता मांगे ला। मूलतः ऊ कहत बा, “परमेश्वर चटकवारी करी, काहेकी तो हरा बिना हम ढेर दिन ना जीपइबा”

6. परमेश्वर क सुनि।

**आपन करूणा क बात हमके जलदी सुनाव, काहे की हम तोहरी पर ही भरोसा रखले बानी। जेवनी मार्ग से तोहके चले के बा, ऊ हमके बता द, काहेकी हम आपन मन तोहरी ओर लगावेली।**

**भजन संहिता 143:8**

दाउद ई जानत बा कि ओके परमेश्वर की कहला पर धियान लगावे के बा। आके परमेश्वर क प्रेम अऊर करूणा क निश्चय बा ओहके परमेश्वर के सलाह अऊर धियान क जरूरत बा।

7. छुटकारा खातीर प्रार्थना करिं।

**हे महोबा हमके विरोधिपन से बचा ल हम तोहरी ही आड़ में आके लूकाई बान।**

**भजन संहिता 143:9**

एक बार फिर दाऊद ई घोषड़ा करता की खाली परमेश्वर ही ओकर मदद कर सकेला। एह बात पर विशेष धियान देयी की एह पुरा सम्भाषण में दाऊद आपन मन समसीया पर ना रख के परमेश्वर पर रखत बा।

8. परमेश्वर क ज्ञान, बुद्धि अऊर अगुवायी क खोज करिं।

**हमके ई सिखाव, हम तोहार इच्छा काहे के पुरा करिं, काहे की हमार पमेश्वर इच्छा बाड़! तोहार भला आत्मा हमके धरम की राह में चली।**

**भजन संहिता 143:10**

सम्भवतः दाऊद ई सुचित करत बा कि ऊ परमेश्वर की इच्छा की बाहर चल गइल बा अऊर ओकरी आत्मा पर आक्रमण क एगो दोवारा खोल देले बा। ऊ परमेश्वर की इच्छा मे ही रहल चाहत बा काहेकी ऊ ई जान गइल बा की सबसे सुरक्षित जगह ईहे बा। तब ऊ नीवेदन करत बा की परमेश्वर मजबूत करे मे ओकर मदद करेला।

हम विसवास करत बानी की ई वाक्यांश “हमके धरम के राह में ले चल”

ओकरी व्यवस्था भावनवन क दरशवेला। ऊ बराबर जमीन पर रहल चाहत बा ऊबड़ खाबड़ जमीन पर ना।

## अपनी हथियारन क परियोग करिं।

**काहेकी हमनी क लड़ाई क हथियार शारीरिक (शरीर अऊर खुन क हथियार) नाह पर गढ़न के ढाह देबे के खातीर परमेश्वर के दोवारा सामर्थी बा।**

**एह से हमनी क कलपनावों के अऊर हर एगो उची बात के जेवन परमेश्वर की पहिचान के विरोध में उठेला, खण्डन करबानी अऊर हर एगो बात के कइद कर के मसही क आज्ञाकारी बना देवबानी।**

**2 कुरिन्थियों 10:4–5**

शइतान उदासीनता क परियोग कर के लाखो लोगन के अधियार अऊर निराशा की गड़हा में डाल देला। उत्साहीनता क परिणाम ह आत्म हत्या। आत्महत्या करे वाला आदमी ऊ होला जेवन एतना अधिक नाकारात्मक बन गल होखे की ओके भविष्य खातीर केवनो आशा ना दिखाई देत होखे।

याद करिं नाकारात्मक भावनाए नाकारात्मक बिचार से ही आवेला। मन ही ऊ युद्ध भूमि ह जहा लड़ाई जीतल या हारल जाला। आगे साकारात्मक बनला के चयन करिं–नाकारात्मक कल्पनाओं के छोड़ देईं– अवनी बीचार के मजीह क आज्ञाकारी बना देयी।

*2. परमेश्वर क मन रखिं।*

**जेकर मन तोहरी में धिरज धइले बा, ओकर तू पुरा शान्ति की साथ राक्षा करेला, काहे की ऊ तोही पर भरोसा रखेला।**

**यशायाह 26:3**

यीशु की संगती अपनी सरगीय बाप से लागातार रहल करें। केहू की साथे पुरा संगती रखल असम्भव बा जब तक आप आपन मन ओह आदमी पर ना रखीं। जदि हम अऊर हमार मदद एक साथे मोटरकार में बाड़ी जा अऊर ऊ हमशे बात करत बान अऊर हमार मन केवनों अऊरी चिज पर लागल रहे तब हमनी क पाका रूप से संगती में नईखी जा।

काहेकी हम आपन पुरा धियान उनके नईखी देत। अतः हम ई विसवास के साथे कह सकत बानी की जदि केवनो आदमी क बिचार मसीह की मन की अनुसार बा त ओकर मन परमेश्वर पर अऊर ओकरी सामर्थी कामन पर होखी।

## परमेश्वर अऊर उनकरा काम पर धियान देयिं

**हमार जीव मानो चर्बी अऊर चिकन खाना से भरीं, अऊर हम जयजयकार करके तोहार स्तुति करब।**

**जब हम बिछौना पर पड़ल तोहके याद करब तक राती क एकहगो पहर में तोहरी पर धियान करब।**

**भजन संहिता 63:5,6**

**हम तोहरी सगरी काम पर धियान करब अऊर तोहरी बड़ कामन के सोचब**

**भजन संहिता 77:12**

**हम तोहरी उपदेशन पर धियान करब, अऊर तोहरी राह की तरफ नजर करब,**

**भजन संहिता 119:15**

**हमके प्राचीन काल दिन याद आवेलन, हम तोहरी सब कामन पर धियान करिला, अऊर तोहरी काम सोचेली।**

**भजन संहिता 143:5**

दाउद बहुधा परमेश्वर पर उनकरी अच्छाई पर उनकी कामन अऊर मारगन पर धियन लगावे क कहले बाड़न। परमेश्वर क अच्छाई अऊर ओकरी हाथन की अद्भुत कामन पर सोचला से हमनी क अद्भूत रिती से उत्थान होला। हम टेलिविजन पर प्रकृति जानवर, अऊर समुन्द्री जीव जन्तुओं की कार्यक्रम के देखल पसन्द करीला काहेकी ई परमेश्वर क विशलता, ओकर असीमीत क्रियत्माकता के बतावेलन अऊर ऊ सब चिजन पर अपनी सामर्थ्य दोवारा सम्भालेला (इब्रा1:3) परमेश्वर अऊर उनक मार्गन अऊर उनकी कामों पर धियान दिहल आपकी जीवन क एगो मुख्य अंश जाये के चाही तबही आप विजयी जीवन क अनुभव पा सकेली।

भजन संहिता 17:15 हमार प्रिय पद ह एहमें दाउद परमेश्वर से कहेला, ...हम त धर्मि होके तोहरी मूह के देखब जब हम जानब तब तोहरी स्वरूप से संतुष्टि होखब। हम अधिकांश दिन दुःख में बितवली काहेकी जइसे ही प्रातः काल हम जागत रहनी त गलत चिझन के बारे में सोचल चाहर कर देयी। हम निश्चित रूप से कह सकीला कि अब हम पुरा तरह से संतुष्ट बानी जबसे हम मलीह क आत्मा मन (आत्य क मन 1 जेवन हमरी भितर बा से कम कईल चालु कईलस अऊर हमार मदद पवित्र आत्मा करेला) हर दिन सुबेरे परमेश्वर की संगे संगती कईला से जीवन में आनन्द भर जाला।

## परमेश्वर की साथे संगती

**...जदि हम ना जाई, त ऊ सहायक तोहरी पास ना अईहन, बाकी जदि हम जाईब त ओके तोहरी लगे भेज देहब।**

**यूहन्ना 16:7**

ई शब्द यीशु सरग रोहण से पहिले कहलन जहॉ अब ऊ आपनी कुल्ही महिमा के साथे पिता के संगे दाहीना  हाथ बइठल बाड़न। एह पद से ई साफ बा की ई परमेश्वर क इच्छा बा की हमनी क उनकरी संगती में रही जा।

हमनी क आपन बिचार हमनी की सबसे पास होलन। एह खातीर क अपनी मन के परमेश्वर से भर लेई त ऊ महनी की दिमाग में आ जइहन अऊर हमनी क उनकरी संगती क आनन्द उठावे लागल जाई। जेहसे हमनी की जीवन में विजय, आनन्द अऊर शान्ती आ जाएगी।

ऊ हमेशा हमनी के साथे बाड़न जइसन की ऊ प्रतिज्ञा कईले रहलन कि महेशा हमनी की संगे रहीयन। (मति 28:20 इब्रा 13:5) बाकी हमनी क उनकी उपस्थिति की बारे में तब तक ना जान पावेली जा जब तक हमनी क उनकी बारे में सोच नी जा ना। हमकेहू के साथे एगे कमरा में रह सेकली अऊर हमके पाता ही ना होई की ऊ आदमी उहवा रहे। इहे परमेश्वर की संगती की साथो बा। ऊ हमेशा हमनी की संगे बाड़न बाकी हमनी के उनकी बारे में सोचे के बा अऊर उनकरि उपस्थिति की बारे में सावधान रहे के चाही।

*3. "परमेश्वर हमसे प्रेम करेलन" ई मन में बइठाली।*

**अऊर जेवन प्रेम परमेश्वर हमनी से रखेनल, ओके हमनी क जान गइनी अउर हमनी के उनके प्रतिती बा, परमेश्वर प्रेम हऊवन अऊर जे प्रेम में**

**बनल रहेला, ऊ परमेश्वर में बनल रहेलन, अऊरी परमेश्वर उनमें बनल रहेलन।**

**1 यूहन्ना 4:16**

हम ई सिखले बानी की जेवन बात परमेश्वर की प्रेम खातीर सही बा ऊ हे उकनी उपस्थिति खातीर भी सही बा। जदि हमनी क ओ प्रेम पर, जेवन ऊ हमनी से करेलन कबो धियान ना देयी, तब हमनी क ई अनुभव भी ना कर पावे के।

इफिसियो 3 में पौलूस प्रार्थना करेला की लोग परमेश्वर की प्रेम क अनुभव करी जेवन ऊ उन्हन से करेलन। बाइबल परमेश्वर की सनतानव में से कितन लोग परमेश्वर की प्रेम क अनुभव कईले बाड़न?

हमके याद बा जब हम लाईफ इन द वर्ड मिनिस्ट्रीज चालू कईले रहली। पहिल हप्ता हमके सभा क संचालन करे के रहे हम परमेश्वर से पुछली की ऊ हमशे केवन संदेश लिावल चाहत बान अऊर ऊ उत्तर दिहलन "हमरी लोगन से कहीय की हम उनकरा से प्रेम करिला"।

"ऊ ई जानत बाड़न" हम कहली हम उन्हनी के केवनो अइसन चीज सीखावल चाहत बानी जेवन सही में सामर्थी बा, यहून्ना 3:16 वाला अतवार क पाठ परमेश्वर हमसे कहलन "बहुत कम आदमी एहीसन बान जदि ऊ ई जान जइहन तब उनक बेवहार ही बदल जाई। जब हम परमेश्वर के प्रेम के गरहन करे वाला विषय पर अध्ययन करे लगती तब हम ई पहचनली की हमहू के एक बहुत जरूरत बा। परमेश्वर हमरी अध्ययन में हमके 1 यूहन्ना 4:16 मे ले गोइलन बाड़न की हमनी के परमेश्वर की प्रेम की प्रति सचेत रहे के चाही। एक मतलब ई बा हमनी के सचेत रूप से सक्रिय रहे के चाही।

हमरी लगे एगो अस्पष्ट अऊर अचेतन जइस समझ रहे कि परमेश्वर हमरा से प्रेम कइलन, बाकी परमेश्वर क ई प्रेम हमनी की जीवन में एगो शक्तिशाली बल क मतलब रखेला, जेवन हमनी के कठिन समसीया से निकाल के विजयी बना देला।

रोमियों: 8:35 मे पौलूस हमनी के प्रेरित करेला के हमके मसीह की प्रेम से अलग करिं? का क्लेश, या संकठ, या उपद्रव या आकाल या चंगाई या जोखिम या तलवार? फिर पद 37 में ऊ कहेला बाकी एह सब बातन में हमनी के ओरकी दोवारा जे हमनी से प्रेम कईलन, जयवन्त से भी बढ़ के बाड़न।

हम एह क्षेत्र में बहुते समय तक अध्ययन कईनी अऊर हम परमेश्वर की प्रेम की प्रति जेवन ऊ हमसे कइले बाड़न सजग हो गईल बानी काहेकी हम उनकरी प्रेम के बारे में सोचेली अऊर चिलला के उनके मानेली। पवित्र शास्त्रत्र से हम परमेश्वर की प्रेम की बाते मे सिखनी अऊर हम ओपर धियान लगावेली अऊर मूह से मानेलि। अइसे हम बहुत महिनन तक कइली अऊर हर बार उनक हमरी प्रति प्रेम अधिक से अधिक वासतवीक भेस मे लेत जात रहे।

उनक प्रेम हमरी खातीर एतना वास्तविक बा की कठिनाई की समय में हमार दिमाग हमके ई बतावे ला कि ऊ हमसे प्रेम करेलन त हमके बहुत संतावना मिले ला अऊर हमार डर खतम हो जाला।

## डरिं ना

**प्रेम में डर ना होला, बाकी सिद्ध प्रेम डर के दूर कर देला।**

**1 यूहन्ना 4:18**

परमेश्वर हमनी से भरपुर रूप से प्रेम करेलन चाहे जइसे भी हमनी क काहे ना होखल जा। रोमीयन 5:8 में बतावेलाा परमेश्वर हमनी पर अपनी प्रेम क भलाई एह रिती से परगट करे लन कि जब हमनी क पापी ही रहनी तबे मसिह हमनी खातीर मुअलन विसवासी जेवन मसीह की मन क परियोग वा करेलन ऊ एह बात के जान ही ना पईहन की उनकर दाशा केतना भयंकर बा। उनकर बिचार धार्मीकता पर आधारित होला। आपक बिचार धार्मीकता अऊर दिमाग दूनी पर आधारित होखे के चाही की आप मसीह में" के बा।

## धार्मिकता जागल रहे, ना कि पाप जागल

**जेवन पाप से अनजान रहे, ओही के ऊ हमनी खातीर पाप ठहरवलन, कि हमनी ओहमें होके परमेश्वर क धार्मिकता बन जाए।**

**2 कुरिन्थियों 5:21**

अधिकांश विसवासी अपनी नाकारात्मक सोच की कारन बहुत कष्ट क सामना करेलन। ऊ सोचेलन की परमेश्वर उनसे बहुत खुश रहेलन काहे की उनकर दूरबलताए अऊर उनकर हार बहुत ढेर बा। अपराधिक सोच अऊर धिक्कार क अनुभव करत केतना अधिक समय हमनी क एईसही बरबाद कर देली जा।

धियान देयी हम कहनी केतना अधिक समय आप बरबाद कर देली जा काहेकी अइसन बिचार के सोचल समय बरबाद कईल ह। मत सोची की यीशु की लगे आवला से पहिले आप केतना भयंकर रहनी। एकरी बदले ई सोची की केवनी तरह आप उसमें होके परमेश्वर क धार्मिकता बन गईल बा। याद रखी सोच काम में बदली जाला। जदि आप बढ़िया बनल चाहत बानी त पहिले तोहके आपन सोच बदले के पड़ी। जदि आप ई सोचत रहब की आप केतना भयंकर रहनी तब आप ओइसने कामों करत रहब। हर बा जब नाकारात्मक, धिक्कार वाला बिचार आपकी मन में आवेला याद करि की परमेश्वर आपसे प्रेम करिला, अऊर ख्रिष्ट में होके आप परमेश्वर क धार्मिकता बन गईल बानी।

हर एक बार आप ढेर बढ़िया बनत जाइब हर दिन आप आत्मीकता में बढ़त जाईब। आप खातीर परमेश्वर की लगे एगो सुन्दर योजना बा। ई ऊ सही ह जेक आपके सोचत रहे के बा। ई आपके आनी मन से करत रहे के बा। परमेश्वर की बचन अनुसार सावधानी से बिचार करिं अइस कुछउ बिचार ना करी जेवन आपकी दिमाग में खुद से आवेला जेके आप आपन बिचार समझे लागीना।

*शइतान के डाट देयी अऊर ईहे बिचार सोचल चालू करिं।*

*4. प्रेरित करे वाला मन रखीं।*

**जे उपदेशक बा ऊ उपदेश दिहला में लागल रहें**

**रोमियों 12:8**

आदमी जेकरी लगे मसही क मन बा ऊ दूसरन लोगन के प्रति साकारत्मक बिचार रखेला दूसरन क अऊर आपन उत्थान ऊ अऊर निरमाण करेला। आज काल एह संसा में प्रेरिताई क संवकाइक बहुत जरूरत बा। आप अपनी बात से केहू क ना प्रेरित कर सकीला जब तक आपके लगे उकरी खातीर दयालू बिचार ना होखे। याद रखिं की जेवन आपकी हिरिदय में बा ऊ हे आपकी मुह में बाहर आवेला। उदेश्य क पुरती खातीर प्रेम से बरल सोच क भी परियोग करिं।

प्रेम क बिचार दुसरी लोगन के भेंजी उनकरी खातीर उत्साहीत बचन क परियोग करे के चाही। पुराना अऊर नाया नियम की शब्द क बाईन क शब्द कोश ग्रीक शब्द “पाराकानियन” क अनुवाद “प्रेरित क व्याख्या रह प्रकार करेला।” ‘केवनो आदमी के बोलावल’ (पारा–पस में कलियो–बुलावल) सावधान कईल प्रेरित कईल, कवनों विशेष बेवहार क पालन करे खातीर आग्रह

कल ...एह परिभाषा के हम एह ढंग से स्पष्ट करत बानी कि केवनो आदमी के केवनो काम खातीर ओकरी लगे जाके प्रेरित कईल। रोमियों 12:8 में वरणीत एह प्रेरिताई के बरदान के आदमीयन में देखल जाला। ऊ हमेशा एक दूसरा के उत्साहीत अऊर एक दूसरा क उत्थान करत बान जेहसे ऊ लोग अऊर आच्छा बनत जात बान। हो सकेला हमनी सबकी लगे प्रेरिताई क बरदान क सेवकाइ ना होखे, बाकी हर एगो आदमी एक दूसरा के उत्साहित कईल त सिख सकेला। ई एगो आसान नियम हः जदि ई आच्छा नइखे त ना त एके सोची ना बोली।

हर एगो के लगे पहिले से हि परसानी बा, हमनी क उनके निरूत्साहित कर के उनकरी समस्याओं के अऊर वा बढ़ाव चाहत बानी। हमनी के एक दूसरा के प्रेम में उठावे के बा। (इफिसियो 4:29) ई ना भूली प्रेम महेशा सबकरी खातीर बढ़िया से बढ़िया वस्तुअन क कामना करेला (1 कुरिन्थियों 13:6)।

जब आप दूसरन लोगन के प्रति बढ़िय बिचारन के सोचल चालू कर देयी त आप पाइब की ऊ सुन्दर तरिका से बेवहार करे लागेलन। बिचार अऊर शब्द डिब्बा या हथियार की जइसन बा सृजनात्मक शक्ति अथवा विनाश करे वाली शक्ति पावल जाला।

एक कर परियोग या त शइतान अऊर ओकरी कामन की विरूद्ध कर सकीला या विनाश क ओकरी योजना में ओकरी मदद में कर सकिला। मान लेयी आपकी लगे एगो लईका बा जेहके बेवहार से संम्बन्धित कुछ अ परशानी बा अऊर आप ओकराके बदलल चाहत बानी की ऊ उनकरा जीवन में एगो बदलाव लियावे, अब आप एह दौरान अपनी बिचारन अऊर शब्दन की साथे का करत बानि? अधिकांश लोगन क उनकरी प्रार्थना क जबाज कबो ना मिलेला काहेकी जेवन ऊ मांगेलन ओके आपन बिचारन अऊर शब्दन से बरबाद कर देलन एह से पहिले की परमेश्वर उनकरी जीवन में काम करसा का आप अपनी एह लईका क बदलाव खाती प्रार्थना करिं ला अऊर फीस हर परकार क नाकारात्मक बिचार ओह लईका क प्रति अपनी मन में पनपने देयी ला? अऊर आप बदलाव के खातीर प्रार्थना करीलॉ अऊर फिर सोचीला अऊर दूसरन से कहिला, “इस लईका कबो ना सुधरी” विजयी जीवन जीये खातीर आपके अपनी बिचारन के परमेश्वर की अनुकूल बनावे के होई।

हमनी बचन में नइखी जा चलत जदि हमनी क विचा वचन कि विरूद्ध बा। हमनी क वचन में नइखी जा चलत जदी हमनी क वचन के अनुसार सोचत नईखी।

जब आप केहू खातीर प्रार्थना करेली त अपनी बिचारन अऊर शब्दन के ओइसने रखी जईसे आप प्रार्थना कईले बानी त आप एगो बदलाव देख सुरू करब। हम ई नइखी कहत की आप असंतुलित हो जाई। जदि आपकी लईका के स्कूल में बेवहार सम्बन्धित केवनो परशानी बा अऊर केवनो मित्र पुछता की ऊ कईसन करत बा त आप का करब, जदि सही में ओहमे केवनो बदलाव ना आइल होखे? आप कह सकीला, "हम अभितक केवनो बदलाव न देखले बानी फिर भी हम विसवास करत बानी की परमेश्वर आपन का करत बा न अऊर ई लईका परमेश्वर खाती एगो शक्तिभवन ह। हमनी क ओके थोड़े–थोड़े करके हर दिन महिमा में बदलत देखब"

*5. धन्यबाद क मन विकसीत करिं।*

**उनकरी फाटकन से धन्यबाद अऊर उनकरी आंगमन में स्तुति करते हुए घुस जा, उनकर धन्यबाद क, अऊर उनकरी नाम के धन्य कह।**

**भजन संहिता 100:4**

एगो आदमी जेवन मसीह की मन में कहत बा उनकर बिचार प्रसंशा अऊर धन्यवाद के भरल हरिह। असंतोष परगत कईला की दोवारा शइतान क खातीर कईगो दोवारा खुल जाला। कुछ लोगन के भितर ई संतोष परगट कईला क रोग होता जेहसे ऊ शारिरीक तौर से असवस्थ हो जालन उनकर जीवन दुरबल अऊर शक्तिहीन हो जाला अऊर भी उनकी बिचार अऊर उनकी बात चीत पर आक्रमण हो जाला धन्यबाद की बिना सामर्थी जीवन ना जीयल जा सकेला। बाइबल हमनी के धन्यबाद के बारे में लागातार निरिदेश देता है। बिचार अऊर शब्दन से असंतोष परगट कईल मउवत क सिद्धान्त ह बाकी धन्याबद दिहल जीवन क सिद्धान्त हैं जदि केवनो आदमी की लगे धन्यवाद देवे वाला हिरिदय (मन) ना होखेत ओकरी मूह से धन्यवाद ना निकली। जब हमनी क धन्यबादीत होनी जा त हमनी क एईसन कहेनी जा भी।

## हर समय धन्यबाद

**देयि हमहन के यीशु की दोवारा अऊर ओ होठन के फल जवन की स्तुती होखे अऊर उनका नाम माने ले, आ अब हमनी के बलिदान परमेश्वर के हमेशा चढ़ावत रही जा।**

**इब्रानियों 13:15**

हमनी क कब धन्यबाद देनी जा? हर समय हर एगो परिस्थिति में अऊर एहीसन कईला से हमनी जयबन्त जीवन में घुस जाली जा गहवा शइतान क हमनी पर केवनो नियन्त्रण ना रह सकेला।

ऊ कइसे हमनी पर बस बना सकेला जदि हमनी प्रसन्नचित अऊर धन्यवादित बानी, चाहे कइसन भी परिस्थिति काहे ना होखे? एह परकार की जीवन शैली खातीर प्रसंशा अऊर धन्याबाद की बलिदान क जरूरत होला। बाकी हम परमेश्वर खातीर आपन धन्यबाद क बलिदान त कर सकेली बाकी शइतान की खातीर आपन आनन्द क बलिदान ना। हम बड़ कठिनाइ की दोवारा ई सीखले  बानी की जब हम दूराग्रहीत होईला अऊर धनियबाद ना देबल चाहत तब हमार खुशी खतम हो जाला। दूसरी शब्दन में असंतोष परगत करे वाली की दोवारा हम एहके खो देनी।

भजन संहिता 34:1 में दाऊद कहेला हम हर समय यहोवा के धन्यबाद कहल करब उनकर स्तुती हमेशा हमरी मूह से होत रहेला।

हमनी क केवनी परकार परमेश्वर क धन्यवाद दे सकीली जा? उनकर प्रसंशा निरन्तर हमनी की बिचारन अऊर मूह से जदि होत रहे त हम एह परकार ओके धन्यवाद देयी सकीली। कृतज्ञ आदमी बनाई—जे ना खाली परमेश्वर की प्रति अपीतु दूसरन लोगन की प्रति भी कृतज्ञता से भरल होखे। जब केवनो आमदी आपकी साथे आच्छा करें तब आप ओहके बताई की आपके ई आच्छा लागत ह। अपनी परिवार की सदस्यन की साथे उन्नमान व्यक्त करिं। प्रायः हमनी क ओ चिजन पर धियान ना देली जा जेहके परमेंश्वर हमनी के आशिष की रूप में देदिहले बाड़न। ओहपे केवनो धियान ना दिहला की कारन हमनी क ओके खो देली जा।

हम अपनी मरद क प्रसंसा करिला, हमनी की विवाह के कई बरिष हो चुकल बा अबो भी हम उनसे कहेनी की हम उनकर प्रसंसा करेली। ऊ कई परकार से धैर्यवादी आदमी हऊवन उनकी अन्दर अऊर भी बहुत से गुणबा। हम जानत बानी की जब लोगन ई जान जालन की हम उनकर प्रसंसा करत बानी त एहसे हमनी की बीच एगो आच्छा संम्बन्ध बन जाला अऊर एगो दूसरी क उन्नती होला।

बहुत से लोगन से हमार सामना होला अऊर हमके आश्चर्य होला की कुछ लोग हर छोटे—छोटे बात में भी धन्यवादीत होलन जेवन उनकरी खातीर कईल जाला बाकी कुछ लोग कबो भी संन्तुष्ट ना होलन चाहे उनकरा खातीर केतनो

की आप करिं। ऊ ई सोचलन कि ऊ त एकरी योग बान। ऊ कबो प्रसंसा व्यक्त ना करेलन। उन्मान व्यक्त कइल ना खाली दूसरन खाती आच्छा ह अपितु हमनी खातीर भी आच्छा ह। काहेकी एहसे हमनी के खुशी क प्राप्ती होला। प्रतिदिन ओह कुल्ही चीझन पर धियान देयी। जेकरा खातीर आप धन्यवादीत बानी। परमेश्वर की समने प्रार्थना में ओकरा के दोहराई अऊत तब आप पाइब की आपक हिरिदय जीवन अऊर उसीपार से भर गइल बा।

## हर एगो चिज खातीर परमेश्वर के धन्याबद देयी।

**अऊर दाखरस पिके मतवाला जन होख जा, कोहेकी एहसे लुचपन होखेला, बाकी आत्मा से भरत जागा। अऊर आपस में भजन स्तुति गान अऊर आतमा के गीत गावल करजा, अऊर अपना अपना मत के प्रभु के सामने गाना गावत रहजा अऊर कितन करत रहजा अऊ हरमेशा सागरी बतीयन खातीर हमरा प्रभु यीशु मसीह के नाम से परमेश्वर पिता के धन्यवाद करत रहजा।**

**इफिसियों 5:18–20**

केतना सामर्थी बचन!

हम अऊर आप केवनी परकार रहमेशा पवित्र आतमा से भरल रह सकेलीजा? खुद से बात करके (बिचारन की दोवारा) या इसरन से (अपनी शब्दन दोवारा) भजन अऊर किरितन अऊर आतमीक गान गा के। दूसरी शब्दन में अपनी बिचार अऊर शब्दन के पूर्णतया परमेश्वर के वचन पर रख के सागरी समय सागरी चिज के खातीर प्रसंसा कर के अऊर धन्यबाद देके हमनी क पवित्र आत्मा से भरल रह सकिला।

*6. शाब्दिक मन रखी*

**अऊर उनकरा बचन के मन में स्थिर ना रखल जा काहे कि जिनकरा के ऊ भेजलन उनकर विसवास नईख जा करत।**

**यूहन्ना 5:38**

परमेश्वर क बचन उनकर बिचार हउवे जेवन हमनी की अध्ययन अऊर बिचार करे खातीर कागद पर लिख दिहल गइल बा। हर एगो अवश्था अऊर विषय के बारे में जेवन ऊ सोचेलन। ऊ हे उनकर बचन हउवे।

यूहन्ना 5:38 में कुछ विसवासीन के ताड़न देत रहलन। एह अनुवाद में हमनी क देखीलीजा की परमेश्वर क वचन उनकरी बिचारन क लिखित वाक्तव्य ह अऊर ऊ लोग जेवन विसवास कईल चाहत बान अऊर एह विसवास की अच्छा परिणामों क अनुभव कईल चाहत बान उन्हन के उनकरी बचन के अपनी हिरिदय में एगो जीवित संदेश के रूप में गरहन कर लेबे के चाही। परमेश्वर की बचन के मनन कर के इसन कईल जा सकेला। तब उनकर बिचार हमदन का बिचार बन सकेलन—मसीह की मन के भितर बढ़ावे क इहक एगो तरिका ह। यूहन्ना 1:14 में बाइबल कहे ले कि यीशु वचन रहलन जेवन देहधारी भइल। अइसन असम्भव रहल जदि ओकर मन परमेश्वर की वचन से हमेशा भरल ना रहित।

जीवन क एगो महत्पूर्ण सिद्धान्त जेवन हमनी क सीख सकीला ऊ ह परमेश्वर की वचन क अध्ययन अऊर मनन कईल पुराना अऊर नाया नियम शब्दन क बाइन क शब्द कोष ग्रीक शब्द जेहकर अनुवाद अध्ययन ह उनकर एइसे त्याख्या करेला, “चिन्ता कइल” “अभ्यास कइल” “परिश्रमी होखल” “बिचार कइला” चिन्तन कइल “एगो दूसर स्रोत कहेला” “फुसफुसाना” अस्पष्ट बोलल? हम बहुत अधिक दाबाव डाल के ई ना कह सकीला हम एके जीवन क सिद्धान्त कहेली काहेकी परमेश्वर की बचन क अध्ययन कइला से आपके अऊर आपकी अगल बगल की लोगन के जीवन मिलेला।

बहुत मसीही “अध्ययन” शब्द से डर गईल बाड़न काहे की ऊ अऊरी देवी देवतावन ऊ दूसरी अलौकीक धरम क अध्ययन पद्धती से एक तुलना करे लागेलन बाकी हम आपके बतावल चाहत बानी की शइतान की लगे कबो भी मूल बिचार ना रहे।

ऊ उजीया की राज्य से लेके ओहके तुस्मरीर के अन्हार की राज्य क बना देला। हमनी के ई समझ लेबे के चाही जदि अध्ययन से बुराई के शक्ति मिल सकेला त भलाई खातीर भी शक्ति क निरभान हो सकेला। अध्ययन क सिद्धान्त सीधा परमेश्वर की वचन से आवेला अईसे हमनी क देखल जा की बाइबल एकरी बारे में का कहेले।

## ध्यान देयी अऊर समृद्ध होई

**व्यवस्था क ई किताब तोहरी याद से कबो ना उतरे पावे, एही में दिन रात धियान दिहले रही, एहखातीर की जेवन कुछ ओहमें लिखल बा,**

**ओकरी अनुसार कईला क तू चउकसी करिह, काहे की एहीसने कईला से तोहार सगरी काम सफल होई, अऊर तू प्रभावशाली होखब।**

**यहोशू 1:8**

एह पद में परमेश्वर साफ रूप से हमनी के बतावेला कि हमनी क वचन के शारीरिक अभियास में कबही ना लीया पावेके जब तक ओके मान्सीक अभ्यास में ना लियाई।

भजन संहिता 1:2–3 एगो धरमी आदमी की बारे में बतावेला बाकी ई त यहोवा की व्यवस्था से खुश रहेला, अऊर उनकरि बेवस्था पर रात दिन धियान करेला। ऊ ओ पेड़ के जइसन ह जेवन बहत नदियन की अरिया लगावल गईल बा अऊर अपनी ऋ़तु में फलेला, अऊर जेवना क पतई कबो मुरझाला ना। एह खातीर जेवन कुछउ ऊ आदमी करि ऊ सफल होला।

## धियान करि अऊर चंगाई पायी।

**हे हमार बेटा हमार वचन धियान धर के सुन अऊर आपन कान हमरी बातन पर लगाव। एहके आपनी आखन क रूकावट ना होखे द! बाकी अपनी मन में जरहन कर।**

**काहेकी जेके ऊ मिलेला, ऊ उनकरी जिन्दा रहे क, अऊर ओकर कुल्ही देह क चांगा होखला क कारन होला।**

**नीतिवचन 4:20–22**

धियान रहे "धियान" शब्द क व्याख्या रहे सुनल, अब एह पद पर बिचार करि जेवन कहत बा की परमेश्वर क वचन देह खातीर स्वास्थ अऊर चंगाई क स्रोत ह। अपनी मन में परमेश्वर की उपर मनन कइला से सही में देह पर असर पड़ेला। एह अट्ठारह बरिसन में हामर शारीरिक आकृति बदल गइल बा। लोग हमके बतावेला कि अब हम कम से कम पन्द्रह बरिष छोट दिखे लागल बानी पहिले से जब हम पहिली बार सावधानी पूरवक बचन क अध्ययन कइल चालू कइले रहनी त अऊर आपन जीवन क केन्द्र ओहके बनवले रहनी।

## सुनजा अऊर फसल कातजा

**फिर यीशु उनकरा लोगन से कहलन खरदार रही ह जा! कि का सुनताड़**

**जा? जवना नाप से (बिचार अऊर अध्ययन क) तोहन लोग नापताड़ जा (सच्चाई जेवन तू संजल बाड़) ओही से तोहन लोग के भी नापल (सदगुण अऊरी ज्ञान) जाई, अऊर तोहन लोग के न्याय अऊर कड़ाई से होई।**

**मरकुस 4:24**

ई बोवल अऊर कातल की सिद्धान्त जइसन बा। जेतना अधिक हमनी क बोवल जाई ओतना ही ढेह हमनी क समय आवला पर कातल जाई। परमेश्वर मरकुस 4:24 में कहेलन कि जेताना अधिक समय हम अऊर तू परमेश्वर की बचन की अध्ययन में अऊर बिचार करे में लगवल जाई, आतना ही ढेर हमनी के आहेसे फायदा मिली।

## पढ़जा अऊर कातजा

**काहेकी केवनो चिज छिपल नइखे, एह खातीर की परगट हो जाव।**

**मरकुस 4:22**

प ई दूनों पद साफ रूप से हमनी के बतावेलन की वचन में आपार धन छिपल बा, शक्तिशाली जीवनदायक राज छुपल बा जेके परमेश्वर हमहन पर परगट कईल चाहत बान। ई उन्हन पर परगट होला जेवन परमेश्वर की वचन पर धियान देलन जा ओकर अध्ययन अऊर बिचार करेलन जा अऊर दिमागी रूप से ओहके अभ्यास में लावेलन जा।

परमेश्वर क बचन का मास्टर होखला की कारन हम एह सिद्धान्त के सत्य के व्यक्तिगत रूप से जानत बानी। एहीसत लागेला की एह एगो पद से परमेश्वर जेवन हमके दिखा सकेलन ओकर केवनो अन्त नइखे, जब हम एक बार एहके पढ़ले बानी त एगो बात सामने आवेला जब दूसरी बेरी ओकर अध्ययन करिला त कुछउ नाया बात देखिला जेवना के पहिले हम जनतही ना रहनी। परमेश्वर आपन राज उनकरा पर परगट करेलन त परमेश्वर की वचन के मान के ओह पर चलेलन। आप एहीसन आदमी ना बनी जेवन बस दूसरा की बतावल रास्ता पर चलेलन। वचन क आप खुद अध्ययन करिं अऊर पवित्र आत्मा दोवारा अपनी जीवन में सत्य के भर जाए देयी।

परमेश्वर की बचन पर धियान देबे के बारे में हम बहुत कुछ लिख सकत

बानी। जइसन हम कहले बानी, ई एगो सबसे जरूरी चिज बा जेहके हम अऊर आप सिख सकेलीजा। जब आप दिन भर की काम के करे खातीर निकलेली त पवित्र आत्मा से कही की ऊ आपके पवित्रशास्त्र क कुछ वचन याद दिलाबे ताकी आप ओपर धियान लागा सकीं। आप आश्चर्यचकित हो जाइब ई देख के भी एह अभियास के दोवारा आपकी जीवन में केतना सामर्थ आ गइल बा। जेतना अधिक आप परमेश्वर की बचन पर धियान देइला ओतना ही अधिक आप एकरी सामर्थ के समसीयवन की समय में पा जाली। याद रखीं बचन पर धियान लगवला की अभियास से ही बचन के पुरा करे का शक्ति हमनी के मिलेगा।

## वचन क स्वागत करिं अऊर ओहके गरहन कर

**एह खातीर सगरी बुराई अऊर बैर भाव की बढ़ती के दूर कर के ओह वचन के नमरता से गरहन कर लेई, जेवन हिरिदय में बोवल गइल बा। अऊर जेवन तोहरी प्राननक उद्वार क सकेला।**

**याकूब 1:21**

एक पद मे हमनी क देखीली जा की पाप की जीवन से हमनी के उद्वार दिहला क शक्ति वचन में बा, बाकी तबे जब हमनी क एहके गरहन करेली जा, एहकर स्वागत करेलीजा अऊर एहके अपनी हिरिदय (मन) में बोलेनी जा। जब हमनी क अपनी मन में सबसे अधिक परमेश्वर की वचन पर धियान लगावेली जा तबे ई वचन हमनी की मन में जड़ पकड़त जाला। जदि हम अऊर आप हमेशा अपनी समसीयन पर धियान लगावेजी जा तबे हमनी क ओही में गहिर तक जड़ पकड़त जाइल जी, हमनी की भितर जहेवन गलत चीज बा जदि ओही पर हम धियान देनी जा त हमनी क ओह गलतीयन से संन्तुष्ट होत चलत चल जानी जा अऊर ओकर समाधान कबो ना कर पावेके ई ओही तरह बा जइसे सम्पूर्ण जीवन से भरल एगो सुन्दर हमनी की आगे रखल बा अऊर जेवन बरतन हमनी के पत्नी निकाले खातीर दीहल बा ऊ ह परमेश्वर के वचन सावधानी पूरूवक अध्ययन कइल अऊर ओह पर धियान लगावल। हमनी की सेवकाई क नाम ह “वचन में जीवन” अऊर हम अनुभव दोवारा ई कह सकीला की परमेश्वर की बचन मे ही सच्चाई जीवन बा।

## जीवन के चुनी

**शरीर पर मन लगावल त मउवत ह, बाकी आतमा पर मन लगावल जीवन अऊरी शान्ती ह।**

**रोमियों 8:6**

कीताब की एह खण्ड के खतम करे खातीर एक बार फिर हम आपक धियान फिलिप्पियों 4:8 की ओर ले जाइल चाहत बानी जेवन–जेवन बात सही बा अऊर जेवन–जेवन बात आदरनीया बा अऊर जेवन–जेवन बात उचित बा, अऊर जेवन–जेवन बात पवित्र बा, अऊर जेवन–जेवन बात सुहावती बा, अऊर जेवन–जेवन बात मन भावनी बा, निदान जेवन–जेवन सदगुण अऊर प्रसंसा की बात बाटे, ओही पर धियान लगावल कर।

आपकी मन की कइसन होखे के चाही एह पद में एही क वरनन कइल बा। तोहरी गले मसीह क मन बा ओकर परियोग करिं। जेवनी चीज के उन ना सोचेलन आपहू के ऊ ना सोचे के चाही। अपनी बिचारन पर हमेशा नजर रखी अऊर सगरी भावना के कएद करके मसीह क आज्ञाकारी बना लेयी (2 कुरिन्थियों 10:5)।

जदि आपक मन आपके गलत दिशा की ओर लेजात बा तब पवित्र आत्मा तुरन्ते तोहके याद करावेला अऊर तक चुनाव आपके करे के बा। का आप देंह के मन में बहब या आतमा की मन में? एगो मउवत की ओर ले जाला अऊर दूसरा जीवन की ओर चुनाव आपक बा।

## भाग III

# जंगल क सोच

# प्रस्तावना

> *होरब से कादेशबर्ने ले सेइर पहाड़ क रास्ता ग्यारह दिन क बा।*
>
> व्यवस्था विवरण 1:2

इस्राईल देश क आदमी जंगल में चालिस बरिष तक भटकत रहलन जबकी ई रास्ता खाली इगारह दिन क ही रहे। एइसन काहे? एइसन केवन बाधा रहे जेवन उन्हनहिन के उन्हनी की गनतत्य जगह पर पहुचे ना देव, उन्हन क शत्रु? उन्हन क परिस्थितीया उन्हन क दुख या अऊर ही केवनो चिज?

जब हम एह घटना पर सोचत रहनी परमेश्वर हमरा के एगो शक्तिशाली राज बतवलन जेहसं व्यक्गित रूप से अऊर दूसरी हजारने लोगन के मदद मिलल बा। परमेश्वर हमसे कहलन इसराइल क संतान इगारह दिन की यात्रा के चालीस बरिस लगा दिहलन से काहेकी उन्हन की लगे जंगल क सोच रहे।

## आपके इहा रहत बहुत दिन हो गइल

**हमनी क परमेश्वर हेरोब की लगे हमनी से कहले रहलन की तोहन लोग के एह पहाड़ की लगे रहत बहुत दिन हो गइल बा**

**व्यवस्था विवरण 1:6**

हमनी के घबरा के इस्राइलीयन की ओर ना देखे के चाही काहे की हमनी मे से ढेर लागे उहे करीहन जइसन ऊ कइले रहलन। हमनी क भी बिन प्रगति कइले ओही पहाड़ की अलग–बगल घुमत रहेनी जा। परिमाण ई होला की केवनो परसानी पर जीतला में हमनी के बरिसो लाग जाला जबकी ओके जल्दी बाजी से ही आके जीतल जा सकेला।

हम सोचली की परमेश्वर आज हमरा से अऊर आपसे उहे बात कहतबान जेवन ऊ इस्राइल की संन्तानन से ओ दिनन मे कहले रहलन।

*"तोहनी लोगन के एह पहाड़ की लगे रहत बहुत दिन हो गइल बा।"*

# मन लगाई अऊर लगइले रही

**धरती पर क ना बाकी सरगीय चिजन पर मन लगाई।**

**कुलुस्सियें 3:2**

परमेश्वर हमरा के दशगो "जगली सोचन" के देखलवलन जेवन इस्राइलीयन क रहे जेवना की कारण ऊ चालिस बारिस तक जंगल मे भटकट रहलना जंगल क सोच एगो गलत परकार क सोच हआवे।

हमनी क सोच.गलत या सही हो सकेला सही से हमनी के फायदा होला अऊर गलत हमनी के चाहे पहुचावेला अऊर हमनी की प्रगती मे बाधा बनेला। कुलुस्सियें 3:2 हमनी के सीखावेला कि हमनी के आपन मन सही दिशा में लगावे के बा। गलत सोचे ना खाली हमरी परिस्थितियन के असर पहुचावेला अपीतु हमनी की भितर के जीवन के भी असर पहुचावे ला।

कुछ लोग जंगल में ही रहेलन अऊर कुछ लोगन क सोच जंगली होला।

एगो समय रहे जब हमार परिस्थिया एतना खराब ना रहे बाकी हमरी जीवन मे खुशि ना रहे काहेकी हम भितर से जंगली रहनी। डेव अऊर हमार एगो सुन्दर घर रहल, तीनगो सुन्दर लइका रहलस बढ़ीया नौकरीया रहल, बढ़िया जीवन जीये खातीर भरपुर धन रहे। हम ओह आशीषन क माजा ना उठपवली काहेकी हमरी लगे कईगो जंगल क सोच रहे। हमारा जीवन हमके एगो जंगली जीवन लागेला काहे की हम ओही तरह हर एगो चीजन क देखत रहनी।

कुछ लोग चीजन के नाकारात्मक ढंग से ही देखेलन काहेकी ऊ अपनी जीवन मे दुःखी परिस्थियन क ही अनुभव कइले बड़न अऊर केवनो भी अच्छा चीज क कल्पना ना कर सकेलन। कुछ लोग एइसन होलन जेवन हर एगो चीज में बुराई अऊर नाकारात्मकता देखेलन काहेकी ऊ भितर से ही एइसन होलन स। एकर कारण कुछउ काहेना होखे, एगो नाकारात्मक सोच एगो आदमी के दुखी बना देला अऊर ओहके प्रतिज्ञा की देश मे जइला से रोक देला।

परमेश्वर इस्राइल क संतानन के मिस्र क गुलामी से छोड़ाके प्रतिज्ञा की देश में लेजाए के बोल वलन एगो एइसन देश जेवन हमेशा उनकर रही जहवा दूध अऊर मधु क धाराए बहेला। अऊर हर एगो अच्छा चीज जेकर ऊ कलपना कर सकत रहे अइसन देश जहवा केवनो चीज क कमी ना रहे जीवन की सगरी क्षेत्र की बतुवन क भरमान रहे।

ओह पिढ़ी क ढेर लोग जेहके परमेश्वर मिस्र से निकाल के लीयवले रहलन ओह प्रतिज्ञा की देश में घुस ना पवलन अऊर ऊ जंगल में ही मर गइलन हमरी खाती ई एगो बहुत दुःख क बात बा कि परमेश्वर क लइका जेकरा खातीर बहुतायत से सब कुछ रखल बा अऊर फिर भी ओकर अनंद ना उठा सके।

हमहू अपनी मसीही जीवन मे बहुत बरिसन तक ओहली लोग की जइसन रहनी हम प्रतिज्ञा की देश में (सरग) की मार्ग में रहनी बाकी हम यात्रा क माजा ना लेत रहनी हम जंग में मरत रहनी। बाकी परमेश्वर की कारण खातीर धन्यबाद, हमरी अधीयार से भरल जीवन मे एगो उजीयार क कीरण जागल, अऊर ऊ हमार मार्ग दर्शन कर के हमके बाहर नीकाल निकाल लिहलस।

हम प्रार्थना करत बानी कि एह किताब कई अध्याय आपकी खातीर उजीयार क काम करि अऊर आपके जंगल से निकाल के परमेश्वर परमेश्वर के अदभूद राज के महिमा से भरल उजीयार मे लीयायी।

*प्रस्तावना*

# 16

## *“हमार भविष्य हमरी भूत अऊर हमार वनतमान से निरधारीत होला।”*

जंगल क सोच # 1

*"हमार भविष्य हमरी भूत अऊर हमार वनतमान से निरधारीत होला।"*

# प्रस्तावना 16

## जंगल के सोच # 1

---

> *जहवा दरशन क बात ना होला उहवा लोग निरंकूश हो जालन।*
>
> नीतिवचन 29:18

इस्राएलीयन की लगे अपनी जीवन खातीर केवनो साकारात्मक दर्शन या सपना ना रहे। ऊ ई त जानत रहल कि ऊ ई त जानत रहल कि ऊ कहवा से आइल हउव बाकी ऊ ई ना जानत रहलन कि ऊ जात काहा बाड़न। ऊ जेवन देखत रहलन या देख सकत रहलन हर एगो बात एही पर आधारित रहे। "विसवास क आख" से कइसे देखल जाला ऊ ई बात ना जानत रहले।

## छुकारा दिलावे खातीर अभिषेक

**प्रभु के आत्मा हमरा पर बा एह खातीर की ऊ गरीबन के सुसमाचार सुनावे खातीर हमरा के अभिषेक कइले बाड़न कि बन्धुअन के हुड़ावे के अऊर अन्हरन के रोशनी पावे के सुसमाचार के परचार करी अऊर सतावल लोगन के हुड़ाई।**

**अऊर हम प्रभु के खुश रहे के बरस के परचार करी।**

**लूका 4:18,19**

हम गाली, गलोज की पृष्ठ भूमि से आइल बानी हमार लालन पोषण एगो अत्यस्थित परिवार में भइल रहे। हमार लड़कपन डर अऊर दुख से भरल रहे। प्रबिण अऊर अजहवा दरशन क बात ना होला उहवा लोग निरंकूश हो जालन अनुभवी कहेलन की बच्चा क व्यतित्व उकरी जीवन के पाँच बरस में ही बन जाला। हमार व्यतित्व अब्यवस्थित रहे। हम अपनी चारो ओर एगो सुरक्षा क दिवार बना लीहले रहनी ताकी लोग हमके दुख ना दे सकस। हम दूसरन के बाहर बन्द करत रहनी। बाकी हम एहीसन करके खुद के भी बन्द करत रहनी।

हम बहुत ढेर सामना करे खातीर हम सोचल करि कि सबही पर हमार बस बा अतः कइ केहू हमके दुख ना दे सकेला।

जवान होखला पर मसीही जीवन शैली अपनावे लगनी अऊर ख्रिष्ट खातीर जियला क कोशीश को लगनी, हम ई जानत रहनी कि हम कहा से आइल बानी बाकी ई ना जानत रहनी कि हम जानत बानी। हम सोचल करि हमार भविष्य हमरी भूत की कारन अन्धकारमय बा। हम सोचल करि "कइसे केहू क भविष्य ठीक हो सकेला जबकी ओकर भूत जदि एइसन होखे? ई अनहोना बा!" फिर भी यीशु कहलन हम रोगीयन के स्वाश्थ करे, टूटल हिरिदयन के जोड़े घायलन के ठीक करे खातीर ही अइलन बानी।

यीशु बन्धुवन के आजाद करे आइजलन। जब तक हमके ई विसवास ना होगइल की हम आजाद हो सकेली तब तक हम केवनो प्रगती ना कइले रहनी। हमके अपनी जीवन खातीर साकारात्मक दर्शन देखे के रहे। हमके ई विसवास करे के रहे कि हमार भविष्य हमार भूत अऊर हमरी वरतमान पर आधारित पन नइखे।

आपक भूत केतनो भी कष्टदायी काहे ना होखे, परिस्थितीया केतनो भी नाकारातमक अऊर दुखि काहे ना होखे, आप उदाश होगइल बानी, बाकी हक आपसे साहसपुरवनक कहतानी की आपक भविष्य आपक भूत अऊर आपके वर्तमान से स्थिर ना होला।

एगो नाया मन रखी जा। विसवास करि की परमेश्वर से सगरी चीज सम्भव बा (लूका 18:26) मनुष्य खातीर कुछ चीज असम्भव हो सकेला, बाकी हमनी क एइसन परमेश्वर क सेवा करेलीजा जेवन देखल वस्तुवन के शून्य से बना दिहलन (इब्रा 11:3) आप आपन शुन्य उनके दे देही अऊर उनके आपन काम करे देयी।

ऊ खाली आपक विसवास चाहत बड़न। ऊ खाली—खाली चाहेलन कि आप उनपर विसवास करि अऊर बाकी काम ऊ खुद कर दिहन।

## आख देखे खातीर
## कान सुने खातीर

**तब यिशै क ठंठ में से एगो डाली फूट निकली अऊर ओकरी जड़ मे से एगो साखा निकल के फलवन्त होखी,**

**अऊर महोवा क आत्मा बुद्धि अऊर समझ क आत्मा युकती अऊर पराकरम क आत्मा ओपर रूकल रही।**

**अऊर ओहके यहोवा क डर सुगंन्ध जइन भाई। ऊ मूह देखल नीयाय ना करिहन अऊर ना अपनी कानल क सुनला की अनुसार फइसला करि।**

**यशायाह 11:1–3**

हमनी के खाली अपनी शरिरीक आखन से देख के केवनो चीझ क सही–सही फैसला ना कर सकीला। हमनी के लगे देखे खातीर “आत्मीक आख” अऊर सुने खातीर आत्मीक कान होखे के चाही। संसार का कहेला ऊ ना बाकी आत्मा का कहेला उहे हमनी के सुने के चाही। आपकी भविष्य खातीर परमेश्वर के खुद से बात करे दयी सबके ना ही।

इस्राइली लागातार चिजन के जइसन बा ओइसने ही देखी से अऊर बात कइल करस। मूसा की दोवारा परमेश्वर उन्हन क मिस्रसे बाहर निकाल लियील रहलन, परितीज्ञा की देश की बारे में ओकरी दोवारा बात कइल करस। ऊ चाहत रहलन कि ऊ आपन आखन के ऊहे लगवले रहोस जहवा ऊ जात रहलन अऊर जहवा ऊ पहिले रहलन अहवा से आपन आखन के हटा लेंस। आई पवित्र शास्त्र मे से कुछ पद देखल जा जेवन उनहन की गलत आदत के साफ तरिका से बतावेलन।

## समसीया का बा?

**सब इस्राइली मूसा अऊर हारून पर कुड़बूडाये लगलन अऊर कुल्ही मंण्डली उन्हन से कहे लगलन कि अच्छा होइत कि हमनी क मिस्र मे मर जइती जा चाहे एही जंगल में हि मर जइती जा। यहोवा हमनी के ओ देश में लेजाके काहे तलवार से मरवाल चाहत बान? हमनी क मेहरारू अऊर लइकन त लूट में चल जइसन स का हमनी खातीर ठीक नइखे की हमनी क मिस्र देश में लउट जाइल जा?**

**गिनती 14:2,3**

एह खण्ड के धियान पुरवक देखे खातीर हम आपके उभारत बानी। ई लोग केतना नाकारात्मक रहलन–दोष निकाले वाला, जल्दी हिमत छोड़ देबे वाला

परतीज्ञा की देश में जाई के बदले वापस बधुवायी में जइल पसंन्द करे वाला लोग रहलन। सही में उनकरी लगे समसीया ना रहे ऊ खुदे समसीया रहले।

## खराब बिचार खारब आचरण के जनम देबेला

**उहवा मंण्डली की लोगन खातीर पानी ना मिलल तब ऊ मूसा अऊर हारून के बिरूद्ध बटोरइलन।**

**अऊर लोग इ कहीके मूसा से झगड़ा करे लगलन, कि आच्छा होइत की हमनी क ओही समय भर गइल रहती जा जब हमनी क भाई यहोवा की आगे मर गइलन स! (प्लेग क कारन)**

**अऊर तू यहोवा की मण्डली के एह जंगल में काहे लिवले बाड़न कि हमनी क अपनी पशुअन सहीत इहवा मर जाइल जा?**

**गिनती 20:2–4**

उन्हन की शब्दन में हमनी देखीना कि इस्राइली परमेश्वर पर तनको भी भरोसा ना करत रहलन। उन्हन क नाकारात्मक अऊर असफल स्वभाव रहे। ऊ काम चालू कइला से पहिले ही फइसला लेबे लागोस की ऊ असफल हो जईहन काहेकी हर एगो परिस्थिती सिद्ध ना रहे। गलत सोच की कारन उन्हन क बेवहार एइसन हो गईल रहे।

खराब आचरण खराब बिचारन क ही फल ह।

## कृतज्ञता क स्वभाव क कमी

**फिर ऊ होर पहाड़ से उठ के लाल सागर क रास्ता लिहलन कि एदोम देश की बाहर–बाहर घुम के जावोंस, अऊ लोगो क मन मारग के कारन बहुत बेचैन होगइल।**

**येहि खातीर ऊ परमेश्वर की बिरूद्ध बात करे लगलन अऊर भूसा से कहलन तू लोग हमनी के मिस्र से जंगल में मरे खातीर काहे लियाइल बाड़? इहवा ना त रोटी बा अऊर ना पानी, अऊर हमनी क प्रान एह निकम्मी रोटी से दुखित बा।**

**गिनती 21:4,5**

एह खण्ड में हमनी क इस्राइलीयन की आचरण में कृतज्ञता की कमी के देखीलीजा। इस्राइल क संनतान एह बात के भूल ना पावत रहले कि ऊ कहा से आइला बाड़न।

जदि ऊ अपनी पुरवज बाप इबराहीम क धियान करतन त एहसे उन्हन के मदद मिल सकत रहे। ओहूके भी अपनी जीवन में निराशा से भरल अनुभव भइल रहे बाकी ऊ आपन भविष्य नाकारात्मक ना होखे दिहलन।

## झगड़ा के साथे जीवन ना

**हे खाती आब्राह अऊर लूत के भेड़ बकरी अउर गाय–बैल के चरवाहन में झगड़ा भईल अऊरी ओह समय कनानी अऊर परिज्जी लोग ओह देश में रहत रहले। तब अब्राहम लूत से कहे लागत हमरी अऊरी तोहरी बिचे अऊर हमरी अऊरी तोहरी चरवाहन की बिचे झगड़ा ना होखे पावेः काहेकी हम लोग भाई बन्धु बानी जा।**

**का पूरा देश तोहरी आगे नईखे? एह खातीर हमसे अलग हो जो जदि तू बाए ओर जइब त हम दाहीनी ओर जाईब अऊर जदि तू दाहिनी ओर जइब त हम बाई ओर जाइब।**

**तब लूत आख उठाके यरदन नदि के लगे वाली सगरी तराई के देखलस कि ऊ सिचल बा। जब तक यहोवा सदोम अऊर अमोर के नाश ना कइले रहलन तब तक सोअर की मारग तक ऊ तराई महोवा क बाटिका अऊर मिस्र देश की जइसन उपजाऊ रहे।**

**लूत अपनी खातीर यरदन की सगरी तराई के चुन के पुरब की ओर चललस अऊर एक दूसरा से अलगा हो गइलन जा।**

**उत्पत्ति 13:7–11**

झगड़ा में जीवन जीयला के खतरा के इब्राही जानत रहे एह खातीर ऊ लूत से कहलस की अब उन्हन के अलगा हो जाऐ के चाही। भविष्य में उन्हन के बिचा केवनो झागाड़ा ना होखे अऊर एहीसही प्रेम बनल रहे एह कारन जेवन ऊ चाहत रहे चुने क आदेश दे दिहलस। लूत यरदन नर्द वाला देश बिछ लीहलस अऊर ऊ अलग होगइले।

हमनी के ई याद रखे के चाही कि लूत की लगे तब तक कुछ ना रहे जब तक इब्राही ओहके आशीष ना दे दीहलन। इब्राहीम के आचरण के बारे में सोचल जा जेवन ओकर हो सकत रहे बाकी एइसन ऊ ना चुनलस। ऊ जानत रहल की जदि ऊ सही काम करि त परमेश्वर ओंकर खुदे चिनता करिहे।

## आपन आखन उठा के देखि

**जब लूत अब्राहम से अलग हो गईल तब ओकरि बाद यहोवा ने अब्राहम से कहलन आख उठा के जेवनी जगह पर तू हउव उहवा से उत्तर, दक्षिण, पुरूब, पश्चिम, चारो ओर नजर कर।**

**काहे कि जेतन जमीन तोहके देखाई देत बा ओ कुल्ही के हम तोहके अऊरी तोहरी वंश के युग–युग खातीर देईब।**

**उत्पत्ति 13:14,15**

ई खण्ड साफ रूप से हमनी के बतावत बा कि जब इब्राहिम अऊर लूत अलग–अलग हो गईलन त इब्राहिम की लगे ओतना ठीक परिस्थिती ना रहे बाकी परमेश्वर ओके ले जाइल चाहत रहे।

इब्राहीम क आचरण अपनी परिस्थियन के साथे अच्छा रहे अतः शइतान परमेश्वर की आशीष के रोक ना सकलज जेवन परमेश्वर इब्राहीम के दिहल चाहत रहलन। परमेश्वर अब ओके अऊर भी ढेर चिजन कमाल क बना दिहले रहे अऊर बहुतायत से ओहके हर क्षेत्र में आशीष दिहलन।

अपनी भविष्य की समसीयाओ की ओर साकारात्मक नजर से देखे खातीर हम आपके उभारत बानी अऊर “जेवन बात बा ही नइखे ओके एह परकाल लेई जइसे ऊ बा” (रोमियों 4:16) आपकी भविष्य की बारे मे साकारात्मक ढ़ग से सोची अऊर बोली जेवन परमेश्वर आपकी हिरिदय में रखले बाड़न अऊर जेवन आपनी आदमी भूतकाल मे या बरतमान मे देखले बा ओहके भूल जाई।

*प्रस्तावना*

# 17

## *“हमरी बदले केहू अऊरी करी हम जिमेदारी नइखी लिहल चाहत।”*

### जंगल क सोच # 2

## *"हमरी बदले केहू अऊरी करी हम जिमेदारी नइखी लिहल चाहत।"*

## जंगल क सोच # 2

## *प्रस्तावना* 17

जिमेदारी के प्रायः कहल जाला "परमेश्वर की योग्यता के प्रति हमनी क प्रत्युत्तर।" परमेश्वर हमनी की आगे जेवन मोका रखले बाड़न ओकर पालन कईल ही जीमेदारी ह। परमेश्वर अब्राह्म की बाप के एगो जिमेदारी दिहले रहलन उनकी योग्यता के प्रति प्रतिउत्तर देवे क मोका। ऊ कनना जाए खातीर एगो मोका उनकरी आगे रखलन रहलन। बाकी किल्ही मात्रा परमेश्वर के साथे कईला के बदले ऊ हारान देश में रहल चुन लीहलस अऊर ऊहे रहे लागल।

*अउर तेरह आपनी लइल अब्राहम, अउर अपनी पोता लूत जेवन हारान क लइका रहे अऊर अपनी पतोह सारै जेवन ओकरी लइका अब्राहम क मेहरारू रहली सबके लेके कदलीपन के उर गाव से नीकल के कनान देश जाए खातीर चललस बाकी हरान नामक देश में पहुच के उहवे रहे लागल।*

उत्पत्ति 11:31

जब परमेश्वर पहल करके हमनी से बात करे लन अऊर हमनी के कुछउ कइला क मोका देलन त उत्तेजीत हो जाईल बहुत आसान ह। बाकी तरह की जइसन हमनी क कई बार जेवन काम चालू करेली जा ओहके खतम ना कर पावेलीजा काहेकी की जब हमनी क एक चालू करेलीजा त हमनी के मालूम होला की एहमें बहुत ढेर संयुक्त होखे के पड़ी खाली उत्तेजीत होखला से काम ना चलिं।

अधिकाश होखे ला काहेकी ऊ नाया होखेलन उत्तेजना से केवनो आदमी थोड़ा दूर त जा सकेला बाकी ऊ काम की आखरी रेखा तक ना पहुॅच पायी। अधिकांश विसवासी उहे करेलन जेवन बाइबल बतावेला की तेरह जेवन कइलस ऊ एगो जगह से चालू करेलने अऊर रास्ता में दूसरी जगह रूक जालें। ऊ सिहरा जालन नरभर हो जालन ऊ अपनी अभियान के पुरा त करेलन चाहेनन बाकी ओकरी साथे जेवन जिमेदारी जुड़ल बा ओके ना उठावल चाहेलन। जदि ओकरी बदले केहू अउरी आमदीओं काम के कर देबे, तब ऊ ओ महिला क श्रेस खुद लिहल चाहेलन, बाकी एहीजन कइलस से उन्हन के केवनो फायदा ना होला।

## वैयक्तिक? जिमेदारी के दूसरा के ना दिहल जा सकेला।

**दूसरी दिन मूसा लोगन से कहलन तोहन क बाड़ा ही पाप कइले बड़नस। अब हम यहोवा क लगे चल जाइब। सम्भव बा की हम तोहनी की पाप क प्राश्चीत कसकीं। तब मूसा यहोबा की लगे जाके कहे लागल कि हाय! हाय! ऊ लोग सोना क देवता बना के बाड़ी हि पाप कइलन।**

**तबो तू उनकर पाप माफ कर ना त आपनी लिखल किताब में से हमार नाम काट द।**

**निर्गमन 32:30–32**

हम जेवन पढ़नी ह ओसे हम ई जनली ह कि इस्राईली केवनो भी बात क जिमेदाी ना लेलन। मूसा के उन्हन की बदले प्रार्थना करे के पड़े, उन्हन खातीर परमेश्वर के खोजे, अउरी इहवा तक की जब ऊ लोग केवनो परसानी में फंस जावोंस तब उन्हन खातीर पश्चताप भी करें (निगर्मन 32:1–4)।

एगो बाचा केवनो की बात क जिमेवान ना होला बाकी जब ऊ लड़का बड़ हो जाला तब ओहसे ई आशा कइल जाला की अधिक से अधिक जिमेदारी के सम्भारे। माई–बाप क ई परम करतव्य ह की ऊ अपनी लइका के जिमेदारी लीहल सीखावें। परमेश्वर क भी अपनी लइकन खातीर इहे इच्छा बा।

परमेश्वर हमके ई मोका दिहले बाड़न की हम परमेश्वर की सेवकाई में बानी उनकरी वचन के हम पुरा अमेरिका अऊर देश में रेडियो की द्वारा अउर टी.बी. दूवारा सिखावत बानी। बाकी हम आपके निश्चय दिलावत बानी की एह बुलाहट में एगो पहलू जिमेदारी क भी बा जेके ढेर लोग लइखन जानत। ढेर लोग कहेलन की ऊ सेवकाई में जाइल चाहत बाड़न काहे की ऊ सोचेलीन कि ई एगो हमेशा चले वाला आत्मीक घटनपा हैं बहुत बार लोग हमनी की संगठन में नौकरी खाती आवेदन देलन ई सोचके कि सबसे बड़ी बात जेवन उनहन की साथे घट सकेला ऊ ह मसीही सेवकाई क एगो हिसा बन जाइल। बाद में उन्हन के ई पाता लगेला कि इहवा भी उनहन के उहें काम करे के होई जेवन अउरी संस्था में करे के होला। उन्हें सुबरेः उठेके होई समय पर कार्यालय पहुचे के होई केहू कि अधिकार में रहे के होयी नियमीत रोज क कार्यक्रम क अनुसरण करे के होई अउर बहुत कुछ। जब लोग कहेलन की ऊ हमनी खातीर काम कईल चाहत बाउ़न तब हम उनहन से कहि ना कि हमनी क सारा दिन बादलो की साथे बहत रहल जा। “हाल्लिलुइया गान” ना गावे नी जा हमनी

क काम करें नी जा अउर कठिन काम करे लीजा। हमनीक सच्चाई में चले ली जा अऊर जेवन की करे ली जा ऊ आच्छा होला।

निःसंदेह सेवकाई में काम कइल एगो विशेष अधिकार ह, बाकी हम नाया आवेदकन के ई स्पष्टरूप से बता देला की जब उत्तेजना खतम हो जाला तब ऊ जान जइहन की हम उन्हन से उच्च स्तर क जिमेदारी क उमीद करि लीजा।

## चयूंटियन की लगे जाई

**हे आलसी च्यूटियन के लगे जा उनकरी काम पर धियान दें, अऊर बुद्धि मान होख।**

**उन्हन क ना तकेवनो न्यायी होला, ना प्राधान, अऊर ना प्रभुता करे वाला, तबो ऊ आपन खाना घुप काल में चिन्ता करेलीस अऊर कटनी की समय आपन खाना बटोरेलीस।**

**हे अलसी तू कब कि सुतत रहब? तोर ओघाई कब टुटी? कुछ अउरी सुत लिह थोड़ा सा नीद, एगो अउरी झपकी थोड़ा अउर छाती पर हाथ रख के सुतल रहीय, तब तो कंगालपन बटमार कीजइसन अऊर तोर घटी हथियार बन्द के जइसन आ जाई।**

**नीतिवचन 6:6–11**

इस्राइलीयन क इहे आलसी सोच रहे जेकरी कारन इगारह दिन क रास्ता (यात्रा) करे में उन्हन के चालीस बरिस तक जंगल मे भटके के परल।

हमके नितीवचन क ई खण्ड आच्छा लागेला जेह में हमनी क धियान चयूंटियन की ओर आकरसोत कइल गइल बा। उन्हन की उपर केवनी अधिकारी नइखे जेवन उन्हन अऊर उन्हन की परिधान खाली खाना वस्तु जुटाई। अइसन लोग जेहनी क हर समय कुछ करे खातीर दूसरन के ढकेले के पड़ेला ऊ कबो भी केवनो बड़ काम ना कर पइहें। कुछ आदमी तबे कुल काम करेलन जब केहू उन्हन के देखत बा, एइसन आदमी भी अधिक सफल ना होलन। हमनी की भितर काम कइला क प्रेरना होखे के चाही। हमनी के परमेश्वर के आगे अपनी जीवन एह तरह जिये के चाही ई जानत भी ऊ हमनी के देखत बान अउर हमनी क उपहार उनकरी ओर से आई जब हमनी क खाली उहे करहा जाई जेके करे खातीर ऊ कहले होखे।

## बोलावल गइल ढेर बड़न, चुनल कम बाड़न

**काहेंकि कि बोलावल ढेर बाडें बाकि चुनल तनकिथे बाडन।**

**मत्ती 22:14**

बाइबल की एगो मास्टर के हम ई कहत सुनली की एह पद क मतलब ह बोलवल बहुते बाड़न या बहुतन के एगो मोका देले बड़न की परमेश्वर खातीर कुछ काम करत  बाकी बहुत कम ओ जिमेदारी क उठावे क इच्छुक होलन।

जइसन की एहसे पहिले वाला अध्याय में हम बतवले रहनी की बहुत लोगनकी लगे इच्छा क हड्डी त होला बाकी मेरूदण्ड ना। जंगली सोच वाला लोग चहेलन त सब कुछ बाकी कुछ ना।

## उठ अऊर जा

**यहोवा क दास मूसा की मरला की बाद यहोवा ओकर सेवक यहोशू से जेवन तून क लड़का रहे, कहलन, हमार दास मूसा मर गईल, एही से अब ऊ करीया बान्ध अऊर एह कुल्ही प्रजा सहीत मरदान पार हो के ओ देश में जा जेहके हम उन्हन मतलब इस्रालयीन के देत बानी, ओह बचन की अनुसार जेवनहम मूसा से कहनी मतलब जेवनी–जेवनी जगह पर तू गोड़ रखब ऊ सब हम तोहके देत बानी।**

**यहोशू 1:1–3**

जब परमेश्वर यहोशु से कहलन की मूसा मर गइल बा अऊर अब तोहके ओकर जगह लेबे के बा अऊर लोगन के यरदन पा प्रतिज्ञा की देश मे ले जइला क अगुवाई करे के बा एकर मतलब रहे परमेश्वर यहोशू के एगो नाया जिमेदारी सौपत रहलन। ई हे बात हमनीयो खातीर सही बा जब हमनी क अपनी आत्मीक जिमेदारी के मांगेलीजा। आप अउर हम कबो भी परमेश्वर की अभिषेक कईल गईल सेवकाई के ना पई जदि हमनी क गंम्भीरता से अपनी जिमेदारी के उठावले क इच्छुक नइखी जा।

# देह इहे अनुकूल समय ह

**जे हवा के देखत रही ऊ बिया बो ना पाई, अउर जू बादलन के देखत रही, उ जरावना ना पाई।**

**सभोपदेशक 11:4**

1993 में जब परमेश्वर हमके अउरी डेव के देखवलन कि ऊ चाहत बा हमनी क टी.बी. पर आवल जा ऊ कहलन हम तोहनलोग के टेलीविजन पर जाय के एगो मोका देत बानी, बाकी जदि तुलोग एक मोका के अबे ना लेबजा त फिर ई तोहरी लगे दोवारा कबो ना आई। "जदि परमेश्वर हमनी के इ ना बतवतन की ई मोका ओही विशेष क्षण खातीर रहे त सम्भवत हमनी क देर क देती जा। आखीर कार हम आखीरि में एहसन स्थिति में जहवा हमनी क सुख क अनुभव कर सकत रहनी जा।

नौ बरसन तक हमनी क सेवकाई मं जीवन (लाईफ इन द वर्ड ब्रेंमिनिष्ट्री) के एगो लइका जइसन पालले पासेले रहनी जा। अब परमेश्वर एके बार ढेर लोगन की लगे जाये खातीर मोका देत रहलन, जेके हमनी क अपनी हिरिदय के कइल चाहत रहनी जा। एके करे खातीर हाला की हमनी के अपनी आराम वाली स्थिति के छोड़े के होई अऊर एगो नाया जिमेदारी के साम्मारे के होई।

जब परमेश्वर अपनी लोगन से कुछ करे खातीर कहेला, तब एक उपयुक्त समय की प्रतीक्षा करे क परिक्षा हमनी की आगे आ जाला (प्रेरिनन क काम 24:25) काम के रोके रखे क एगो परवृत्ति होला जब तक की ओकर कुछ किमत ना चुकावे के पड़ जाये।

हम ओपके उभारत बानी एइसन आदमी बने खातीर जेवन जिमेदारी के लेबे में डेरात न होखे। जब आप परतीरोध क सामना करिला त आपकी भीतर शक्ति क विकास होला। जदि आप खाली आसान काम ही करत बानी त आप हमेशा दुर्बल ही रहब।

परमेश्वर हमसे अऊरी आपसे इहे चाहत बाड़न की हमनी क हर चीज में जेवन ऊ हमनी के देलन (जिमेदार) रहे। ओ कामन के करि जा जेवन से जीवन में फल लागे। ऊ जेवन हमनी के बरदान अऊरी कउशल दिहले बाड़न जदि हमनी क ओकर परियोग नाइखी जा करत तब हमनी क उन्हनी के प्रति अनेक जिम्मेवारीयन के नईखी जा निभावत।

## तईयार रहिं

**एह खतीर जागत रहला, काहेकी तू ना ओह दिन के जानत बाड़ ना ओह घरी के।**

**मत्ती 25:13**

बाइबल क मत्ती क 25 अधियाय हमनी के ई सिखावेला जब हमनी क यीशु क दोबारा अवला क प्रतिक्षा (इन्ताजार) करत बानी जा तब हमनी के का करत रहे के चाही।

पहिला बारह पदन मे दसगो कुवारीयन क वरणन ना जेहमे पाँच गो मूरूख अऊरी पाँच गो बुद्धिमान रहली। मुरूखन उनसे मीले में कुछ ढेर तइयारी ना कइले रहली। उन्हनी क जेतना कम काम हो सकत रहे खाली ओतने ही कइली इहवा तक की अपनी कुपीयन में भरपुर तेलो ना लेलरहली। बुद्धिमान कुवारीपन जरूरत से ढेर काम कइली। ऊ लोग जरूरत से ज्यादा तेल तले लिहली ताकी दुलहा देरी से भी आवस त उन्हन लोग क दिया जरत रहे।

जब दूलहा अइलन त मुरूख कुवारीपन क दिया बुताये वाली रहली ऊ चाह सकी बुद्धिमान कुवारीपन उन्हन के तनी स तेल दे देवों से। प्रायः इहे होला। जेवन लोग आलसी होलन अऊरी हमेसा काम के टालत रहेलन ऊ चाहे लन की ऊ लोग जेवन मेहनती बाड़न उन्हन की जीमवारी के उन्हन की बदला पुरा कर स।

## तोहके जेवन दिहल गइल बा ओके पुरा करिं

**हे दुष्ट अउरी आलसी दास।...**

**मत्ती 25:26**

मत्ति 25 मे हमनी क एगो उदाहरण पावे ली जा जेहमे यीशु तीन गो दासन क वरणन करेलन जिन्हन की उनकर मालीक कुछ पइसा दिहले रहलन। फिर उनहन क माली एगो दुर दश चल गईल अऊरी ऊ चाहे की ओकरी गकरहाजरी में ओकर दास ओकरी ही जइसन काम करो स।

जेवनी दास के पाँचगो तोड़ा दिहल गईल रहे ऊ उनकर उपयोग कर के पाचगों तोड़ा अऊरी रहे ऊ हो की एइसने कइलस। बाकी जेवना के एक तोड़ा मीलल रहे ऊ ओहके जमीन मे गाड़ दिहलस काहे की ऊ डर से भरल रहे। ऊ बाहर जाके कुछऊ कइला से घबरात रहे। ऊ जिमेवारी से डेराइल रहे।

जब मालीक लउट के अइलन तबउ अपनी दूगो दासन क बड़ाई कइलन जेवन अपनी तोड़न क उपयोग कइले रहलन। बाकी ऊ अपनी ओह दास से कहलस जेवन आपन तोड़ा जमीन में गाड़ दिहले रहे "हे दुष्ट अऊर आलसी दास" ऊ आदेश दिहलन की ऊ एगो तोड़ा ओहसे ले लीहल जाव अऊर ओह दास के दे दिहल जाव जेकरी लगे अब दस गो तोडा़ बा अऊरी एह दुष्ट अऊरी आलसी दास के दण्ड दिहल जाव।

परमेश्वर जेवन आपके जोगता दिहले बाड़न ओकर उपयोग करे खातीर हम आपके उभारत बानी ताकी जब मालीक लऊट के आवे त ना खाली आप ओहके उहे देयी जेवन ऊ आपके दिहले बाड़न बाकी ओहसे अऊरी ढेर ओहके दे सकी।

बाइबल साफ रूप से हमनी के बतावेला की परमेश्वर क हमनी खातीर रहे इच्छा बा की हमनी क बढ़िया फल लिवावल जा। (यूहन्ना 15:16)

## चिन्ताए नाही की जिमेदारी ओह पर डाल देयी

**एही से परमेश्वर की ताकतवर हाथन के निचे सोझाइ से रह जेवना से ऊ तोहन लोग के सही समय पर बढ़ावस।**

**अऊर के सही समय पर बढा़वस। अऊर आपन सगरी फिकिर उनकरे उपर डाल द काहेंकी उनका के तोहार खियाल बा।**

**1 पतरस 5:6,7**

जिमवारी से डरी ना जिमवारी के ना बलकी चिन्ता के उनकरी उपर डाले के सिखी। कुछ आदमी केवनो भी चिजन क जि चिनता ना करेलन, ऊ आपन चिनता डाल देबे में एतना विशेसज्ञ हो जलन कि चिनतावन की साथे–साथे ऊ अपनी जिमवारी के भी डाल देलन अऊर संन्तुष्ट हो जालन।

आपकी आगे जेवन बा ओही पर आपन मन लगाई, ओहसे एह कारन दूर ना होखी काहेकी ऊ आपके चुनौती से भरल लागत बा।

हमेशा याद रखीं की जेवन कुछ आप पमेश्वर से मांगीला जदि ऊ सब कुछ आपके परमेश्वर देला त एह आशीष की साथे–साथे एगो जिमवारी भी जुड़ल बा। जदि आपकी लगे आपन बाड़न की आप ओकर बढ़िया से देख भाल करिं। आलसी शइतान आपकी मन अऊर आपकी भवनावन पर हमला कर सकेला बाकी आपकी लगे मलीह क मन बा। आप निश्चय रूप से शइतान की एह

धोखा के पहिचान सकीं ना अऊरी जेवन सही बा। उहे कर सकीला। केवनो चीज के मागल त बहुत आसन बा बाकी ओकरी प्रति जिमवारी के निभावे से हि चरित्र क निरमान होला।

हाथ के एगो घटना याद बा जब हम अपनी माद की के झिल की कीनारे वाला घर के खरीदे क आग्रह कइली रहनी, जहवा हमनी क प्रार्थना कइला, आराम अऊर अध्ययन करे जा सकी। एगो अइसन जगह जेवन एह वातावरण से तनी हट के होखे हम उनके बतावल करि की ई कितना अद्भूत होई हमनी क लड़का अऊर हमनी की आपन अगुवाई क सेवा के भी उहवे ले जा सकेली जा। आपन सभाए अऊर प्रार्थनाए उहवा आयोजित कर सकेली जा ऊ समय केतना महिमा रूप होई। सुने में ई सब कुछ अच्छा लागत रहे, बाकी डेव हमके हमेशा बतावल करस की एह जब चिजन क देखभाल खातीर हमनी के का का करत रहे के पड़ी। ऊ हमारा के याद दिवलन की हमनी क पहिले सही केतन बिजी बानी जा अऊर एगो दूसर घर क जिमवारी उठावे खातीर समय ना होई। बगइचा क देख, रेख घर क देख–रेख खरचा बहुत कुछ के बारे में ऊ हमार के बतवलन। ऊ कहलन की जदि हमनी क बाहर जाइल चाहत बानी जा त आच्छा होई की हमनी क एगो भाड़ा क घर ले लिहल जा ताकी हमनी क ओह जिमवारी से वचन रही जा जेवन घर खरिदला की बाद हमनी पर आई।

हम अभितक खाली भावनातम नजरिया से ही देखत रहली बाकी ऊ बेवहारिक नजरिया से देखल रहल। जब भी हमनी क केवनो फयसला लेनी जा हमनी के दूनो पहलू देखे के चाही चाली माजा ही ना बाकी जिमवारियन पर भी विचार करे के चाही जेवन एकरी साथे जुड़ल बाड़न। झिल की अरीया क घर त बहुत सुन्दर होई। बाकी ओ लोग खातीर जेकरी लगे एकर देखभाल करे खातीर पुरा समय होई, बाकी ऊ सही में हमनी की लगे नइखे। हिरिदय क गहराइयन से त हम एके समझत रहनी बाकी फिर भी एक बरस तक डेव से ऊ घर खरिदे के कहते रह गइली। हम खुश बानी की ऊ डटल रहले। जदि ऊ डटल ना रहतन त हम निश्चय बानी की हमनी क ऊ घर खरिद लिहले रहती तनकी समय अपनी लगे रखले रहती जा अऊर बहुत ढेर काम बढ़ जइला पर आखरी में हमनी क बेच दिहले रहती। फिर एहीसन भइल की हमनी क एगो संगी झिल की अरिया क एगो घर खरिद लीहलस अउर उनकरी अनुमती से हमनी क कबो–कबो उहवा जाके ओकर उपयोग करेजीजा।

*जिमवार बनी!*

*प्रस्तावना*

# 18

## *"कृपया करके कुल्ही चिझ आसान बना देयी। कठिन चिझवन, हमरा से ना हो सकेला।"*

जंगल क सोच # 3

## *“कृपया करके कुल्ही चिझ आसान बना देयी। कठिन चिझवन, हमरा से ना हो सकेला।”*

## प्रस्तावना 18

## जंगल क सोच # 3

*इहवा जेवन आज्ञा हम आज तोहके सुनावत बानी, ऊ त तोहरी खातीर आनोखा बा अऊर न दूर बा।*

ब्यवस्था बिवरण 30:11

ई गलत मन क स्थिति परमेश्वर की लोगन खातीर एगो समसीया बन गइल बा अऊर हम ई विसवास करत बानी की एह किताब में एके एगो अध्याय की रूप में जगह दिहल ठिक होई।

य इसबे से अधिक मान जानल बाहान ह जेहके हम एगो क्रमीक प्रार्थना में प्रायः लोगन से सुनेली। सलाह अऊर प्रार्थना खातीर जब केहू हमरी लगे आवेला त हम ओसे कहेनी कि परमेश्वर क वचन का कहेला या पवित्र आत्मा का कहेला, त ओकर जबाब होला “हम जानत बानी की ई सही बा। परमेश्वर भी हमसे इहे कहत बाड़न बाकी जोयस, *ई बहुत कठिन बा*।”

परमेश्वर हमरा के बतवले बाड़न कि शत्रु इहे शब्द लोगन की मन में डाल देला ता की ऊ हिमत छोड़ दिहल जा। कुछ बरस पहिले जब परमेश्वर हमरा पर एह सत्य के परगट कइले रहलन ऊ हमरा के ई निर्देश दिहले रहलन की ई कबो ना होखे की कुल्ही चीझ बहुत कठिन बा। जदि तू काम चालू कर देत बाड़ू त चिझन खुदही सरल हो जाई।

फिर जब हमनी क ओह काम के करे क निश्चर कर लेनी जा तब ही आपन अधिकांश समय ई सोचे अऊर बात करे में बिता देली जा कि ई केतना कठिन बा। अऊर तब ई काम अऊर भी कठिन हो जाला काहेकी साकारातमक होइला की बदले हमनी क नाकारातमक हो जाली जा।

जब हम परमेश्वर की वचन में से खोजे लगनी की हमके केवनी परकार क जीवन जीये के बा अऊर केवनी परकार क बेवहार रखे के बा अऊर जब हम ओकर तुलना अपनी वासतवीक बेवहार अऊर जीवन से कइनी तब हम परमेश्वर से कहनी “परमेश्वर हम आपकी तरिका से चिझन के कईल चाहत बानी, बाकी

ई बहुत कठिन बा।” परमेश्वर हमके ब्यवस्था बिवरण 30:11लीयवलन जहवा ऊ कहेलन की उनक आज्ञाए नाही कठिन हउवे नाही दूर।

परमेश्वर क आज्ञाये बहते कठिन नइखे एकर कारन ई ह कि ऊ हमके पवित्र आत्मा देलन जेवन शक्तिशाली तरिका से हमनी की जीवन में काम करेला अऊरी एह आज्ञावन क पालन करे खातीर हमनी क मदद करेला।

## एगो मददगार

**अऊरी हम पिता से बिनती करब, अऊर ऊ तोहरा के एगो मददगार दिहन, कि ऊ हमेशा तोहरी साथे रहें।**

**यूहन्ना 14:16**

जब हमनी क परमेश्वर की अनुगरह पर भरोसा ना करेलीजा उनकर मदद ना लेनी जा अऊर आजादी की साथे केवनो काम के करे क कोशीश करेजी जा तब ऊ काम अऊरी अधिक कठिन हो जाला। जदि एह जिवन में सगरी चीज आसान होइत त हमनी के पवित्र आतमा की सामर्थ क जरूरत ही ना होइत। बाइबल ओके एगो मददगार के भेस में बतावेला। ऊ हमनी क मदद खातीर हमेशा हमनी की संगे बान अऊर हमनी की भितर बस ताकी हमनी क ऊ सगरी चीज करे में समर्थी हो जाईल जा जेवन हमनी क ना कर सकेलीजा अऊर ईहवा हम कहल चाहत बानी की ऊ सगरी काम आसानी से हमनी क करेली जा जेवन ओकरी बिना बहुत कठिन होला।

## आसान रासता अऊर कठिन रासता

**जब फिसैन लोगन के जाए क आज्ञ देदिहल तब यद्यपि पलिश्तियन की देश में हाके जजेवन रास्ता जाला ऊ छोट रहे, तबे परमश्वर ई सोच के उन्हन के ओह रास्ता से ना ले गईलन की कही एहीसन ना होखे की जब ई लोग लड़ाई देख्स त पछतानके मिस्र में लऊट जवो स**

**निर्गमन 13:17**

आप सुनिश्चित हो सकीना की जहावाकही भी परमेश्वर आपके ले जात बाड़न ऊ आपके सुरक्षित रखेलन। ऊ हमनी क केवनो एइसन परीक्षा में ना

पड़े देलन जेवन सहला से बाहर बा। 1 कुरिन्थीयो 10:13 ऊ जेवन भी आदेश देलन ओकर भुगतान भी करे लन। जदि हमनी क उनपर भरपुर रूप से निरभर हो जाई त ऊ हमनी के एहीसन शक्ति देलन जेकरी दोवारा हमनी क जीवन की लड़ाई से निपट सकेली जा।

जदि आप ई जानत बानी की परमेश्वर आपके कुद करे खातीर कहले बाड़न त खाली एह कारन पिछे ना हट जाई कि बहुते कठिन बा। जदि चिझे कठिन होत जाली स त ओकरी साथ अउरी अधिक समय देयी उनपर भरोसा रखीं अउर ओहसे अऊर अधिक अनुगरह प्राप्त करिं। (इब्रानी 4:16)

बिना केवनो किमत के परमेश्वर की शक्ति जेवन हमनी की लगे आवेला ऊ परमेश्वर क अनुगरह जेकरी दोवारा हमनी क ऊ सगरी काम कर सकेलीजा जेवन हमनी क आजाद होके खुद से ना कर सकेलीजा। एह बिचार से सावधान, ई बहुत ढेर कठिन बा। कबो–कबो परमेश्वर हमनी के सरल रासता की बदला कठिन रास्ता से ले जालन काहेकी ऊ हमनी में एगो काम करेलन। जदि हमनी की में सब एतना आसान हो जाई की हमनी क खुद ही ओके सम्भार लिहल जा त हमनी क उनपर निरभर होखल कइसे सिख सकेलीजा?

परमेश्वर इस्राइल की संतानन के लमहर अऊर कठिन रास्ता से ले गइल रहे काहे की ऊ डरपोक रहलन स अऊर परमेश्वर उन्हन के ओह लड़ाइयन से लड़े खातीर तइयार करत रहलन जेवन उन्हन के प्रतिज्ञा की देश में लड़े के होई अधिकांश लोग ई सोचेलन कि प्रतिज्ञा की देश में घुसे क मतलब ह की अब कुल्ही लड़ाई खतम हो गइल बा। बाकी एहीजन सोचन गलत बा। जदि आप ऊ पढि जब इस्राइबी मरदन नदी पार कर गइल रहलन अऊर प्रतिज्ञा की देश पर अधिकार पावे के रहे त आप देखब कि उन्हन एगो की बाद एगो लड़ाई लड़ले रहन। बाकी परमेश्वर क सामर्थ अऊर निरदेशो के दूवारा ऊ कुल्ही लड़ाईमन के जीतत चल गइलन।

परमेश्वर उन्हन के एगो लमहर अऊर कठिन रास्ता से लंगइल रहलन जबकी एचे छोट अऊर आसान रास्ता भी रहे कहि की ऊ जानत रहलन की ऊ लोग ओ लड़ाइयन के लड़े खातीर तइयार नइखन जेवन उन्हन के प्रतिज्ञा की देश में अधिकार पावे खातीर लड़े के होई। उनके एह बात क चिनता रहे कि अपनी शत्रुअन के देखला की बाद ऊ लोग वापस मिस्र वा भाग आवस, अतः ऊ उन्हन के कठिन रास्ता से लगेइलन ई सीखावे खातीर की ऊ क ह अऊर खुद पर निरभर रहे कुछउ ना कर सकेलन। जब एगो आदमी कठिन समय

के गुजरेला त ओकर मन हिमत छोड़ देला। शइतान जानत बा की जद्यपि ऊ हमनी के हमनी की मन में हरा सके लात ऊ हमनी क हमनी की अनुभव भी हारा सकेला। एह कारन ई बहुत अधिक जरूरी बा कि हमनी क निरूतसाहीत ना होखी जा, अऊर ना खकल जा, अऊर नाही मूर्छित होखल जा।

## दृढ़ और पुष्ट बनें

**हमनी क बढ़िया काम करे में हिमत मत छोड़ी काहेकी जदि हमनी क कमजोर ना होखल जा त ठिक समय पर कटनी करल जाई।**

**गलतियों 6:9**

धियान छोड़ दिहल अउर कमजोर पड़ जइला क मतलब ह मन में निरूतसाहित हो जाईल। पवित्र आत्मा हमनी के बतावेला की हमनी क अपनी मन में हताश ना हो जाय के चाही काहे की जदि हमनी क लागल रहल जाई त कतनी जरूर काहल जाई।

यीशु के बारे में सोची। पतिस्मा लिहला की बाद ऊ तुरन्त पवित्र आत्मा से भर गइल रहलन अऊर आत्मा ओके जंगल में लेगईल ताकी शइतान से उनकर जाच हो सके। ऊ असंतोष परगह न कहलन ऊ हाताश अऊर निस्तसाद वा भईलन। ऊ नाकारातमक ढंग से बेलल सुरू ना कर दिहलन। ऊ ई नासोचलन की एहसन काहे होत बा। ऊ हर एगो जाच में विजयी भइलन। अपनी एह जॉच की घरी में हमनी क परमेश्वर चालीस दिन अउर रात ई कहत जंगल में ना घुमन की ओह! ई केतना कठिन बा। ऊ अपनी सरगीय बाप से सामर्थ लेत रहलन अऊर आखीरी में विजयी भइल ना। लूका 4:1 कि आप ई कल पना कर सकीला की यीशु अपनी चेलन की साथे पुरा देश घुमत समय ई कहत रहले की सगरी चीज केतना केतना कठिन बा? कस के उठावल केतना कठिन बा अऊर आवे वाल चिजन केतना भायानक बा हर दिन की परिधियन के देखत हुए ई जीवन केतन नैरापुर्ण बा। केवनो एइसन जगह नइखे जेवनो के आपन कह सकी सर की उपर केवनो छत नइखे रात में सूते खातीर केवनो खटीया नइखे।

जब हम सुसमाचार प्रचार खातीर अलग–अलग जगहन में यात्रा कर के जाइला त हमके ई सिखे के पड़ल की हम कभी ओह कठिनाइयन के बारे में बात ना करीं जेवन हमरी एह सेवकाई के काम में हमरी सामने आवेला हर बा एगो उपचारीत होटल में रूकल केतना कठिन बा एह बारे में कबो आपन

असंतोष प्रगट ना करि, घर से दूर बाहर क खाना, नाया–नाया लोगन से मिलल अऊर कुछ हमरी लगे अऊर आपकी लगे मसीह क मन बा अऊर हमनी क एह बातन क सायना ओही तरह कर सकीलीजा जइसे ऊ कइले रहलन। “हिमत छोड़ देबे वाला सोच” “ना बाकी विजयी सोच” के दोवारा अपनी मन के तइयार करके बा।

## दुख की बाद सफलता

**एह से जब मसीह शरीर में होके दुख उठवलन त तू हू भी ओही मानसा के धारण करके हथियार बाध लजा काहेकी जे शरीर में दुख उठवलस ऊ पाप से छुट गइल।**

**ताकी भविष्य में आपन बाकी शरीर क जीवन मनुष्यन की अभिलासाओं के अनुसार ना बाकी परमेश्वर की इच्छा की अनुसार बिताव जा।**

**1 पतरस 4:1,2**

कठिन चीझन अऊर समय पर जिते के बारे में ई खण्ड हमनी के एगो राज बतावेला। एह दूगो पदन क हमार ई व्याख्या ह ओ सब बातन अऊर घटना पर बिचार करिं जेकर सामना यीशु कइले रहलन केवने तरह शरीर में होके ऊ दुख उठवलन एहसे आपके अपनी कठिनाइयन क सामना करे में मदद मिली। लड़ाई खातीर आप हथियार बाध लेई। विजयी होखला क तइयारी कर जइसन यीशु कइले रहलन परमेश्वर के खुश करे में आसफल हो जइला की बदले हम धैर के साथे दुख सह लेइब। काहेकी जदि हम दुख उठावत बानी अऊर हमरी लगे मसीह क मन बा। परमेश्वर क इच्छा पुरा करे खातीर शरीर में होके दुख उठावल जरूरी बा। हमरी सेवकाई में हम के बहुत यात्रा करें के पड़े ला जेवन हमरी शरीर के पसन्द नईखे बाकी हम जानत बानी की परमेश्वर क हमरी, खातीर अच्छा बा। जेकर अनुसरण हमके करें के बा अतः हमके ए बारे में सही सोचे के बा इहे हमार हथियार ह नाही त हम चालू कइला से पहले ही हार जाइब।

आपकी जीवन में हो सकेला केवनों एइसन आमदी होखे जेकरी साथे आप एक पल भी बितावल कठिन सझत होखी अऊर फिर भी आप जान होखी की परमेश्वर आप से चाहत बाड़न की आप ओह आदमी के साथे रिसता बनेवले रही अऊर उसे दूर ना भागी। ए स्थिति में ओ आदमी के साथे सम्बन्ध बनवले

आसान काम ना ह अऊर शरिर दुःख उठाई बाकी एह स्थिती के बारे में सही तरह क सोच रखके आप खुद के तइयार कर सेकिला।

## मसीही की संन्तुष्टि में ही खुद क सांतुष्टि

**हम दिन होखल भी जानत बानी अऊर पढ़ल भी जानत बानी हर एगो बात अऊर दशओ में हम तृप्त होखल भूखे रहल अऊर बढ़ल घटल सिखले बानी।**

**जेवनी हमरा के सामर्ध तेला ओहमे हम सब कुछ कर देयीब**

**फिलिप्पियों 4:12,13**

सही सोच हमनी खातीर लड़ाई क हथियार ह गलत सोच की साथे युद्ध में जाइल ओही तरह होई जइसे के वनो बिना हथियार क लड़ाई में जाइल। जदि हमनी क एहीसन करत बानी जा त हमनी क विजयी ना हो सकल जाई।

इस्राइलीयन "असंन्तुष्ट" रहलन अऊर रहे एगो कारण रहे की ऊ चालीस बरस जंगल में भटकत रहलन जेवन की खाली इगारह दिन क रास्ता ह। हर एगो कठिनाई का अवते ऊ चिल्लाइल चालू कर देव स हर एगो चुनौवती के प्रति ऊ असंतोष परगत करसं, हमेशा कहोसं की ईहवा हर एगो चिझ कठिन बा। उनहन क सोच, कृपय कर शगरी चीज के आसान बना द हम कठिनाईयन क सामना ना कर सकेनी।"

हम कुछ ही दिन पहिले ई जनली की अधिक विसवासी अतवार के एगो बढ़िया लड़ाकू होलस अऊर सोमार के चिल्लावे वाला असंन्तुष्ट आदमी बन जालन। अतवार के गीरजा में अपनी दोस्तन से बहुते अच्छा – अच्छा बात करेलंज बाकी सोमार के जब ओह बातन क अभ्यास करे के होला त अऊर आपन असर डाले खातीर जब आस–पास केहू ना होला ऊ छोट से छोट जाच में मूर्छित हो जालन।

जदि आप चिल्लाये वाला अऊर असंन्तुष्ट परगट करे वाला आदमी बानी त आपन मन नाया करि जेवन ई कहेला **हम मसीह की दोवारा सब कुछ कर सकीला जेवन हमरा के सामर्थ देला** (फिलिप्पियों 4:13)।

*प्रस्तावना*

# 19

## *“हमार बस नइखें, हम कुड़बुड़इला क दोष लगइला क अऊर असंतोष परगट कइला क आदि हो गइल बानी।”*

जंगल क सोच # 4

*“हमार बस नइखें, हम कुड़बुड़इला क दोष लगइला क अऊर असंतोष परगट कइला क आदि हो गइल बानी।”*

## जंगल क सोच # 4

## *प्रस्तावना* 19

> *काहेंकी जदि केहू परमेश्वर के देखला में, शुद्ध अन्तर आत्मा की कारण दुख उठावत अनियाय के धिरज से सहेला, त ऊ बड़ाई करे लायक बा। जब तोहन लोग पाप कर के मार खाल, अऊर धिस धरेल, त एमें बड़ाई क बात का बा? बाकी सही काम कके सतावल गइला पर जदि धिरज से सहे लत एमें परमेश्वर खुश होखेंले।*
>
> 1 पतरस 2:19,20

कठिन समय के दउरान हमनी क बेवहार से जब तक हमनी क परमेश्वर क महिमा कइल नइखी जा सिख जात तबले हमनी के परशानी से छुटकारा नइखे। हमनी क दुःख अऊर क्लेश उठइला से पत्येश्वर क महिमा ना होला बाकी एह दुखन में हमनी क ईश्वरीय स्वभाव के दोवारा ही पलेश्वर क महीमा होला अऊर ओह के हमनी क खुश कर सकीलीजा। हर बचनन के सावधानी की साथें समझलजा पढ़जा कि परमेश्वर हमनी के का दिहल चाहत बान। हम ई मानत बानी कि हम एह पदन क बरीसन तक अध्ययन कइनी इससे खातीर की हमनी दुःख उठवला से परमेश्वर एतना खुश काहे होलन।

जबकी बाइबल साफ रिती से बतावे ला की यीशु हमरी दण्ड क दूख अऊर कष्टन के अपनी उपर लेलीहलन (यशायाह 53:3–6) बहुते बरिसन की बाद हम ई जनती की पतरस मुख्य बिन्दू कष्ट ना बाकी ओह कष्ट में हमनी के केवनी तरह क बेवहार रखे के बा इहे मुख्य बा।

एह खण्ड में “धिरज” शब्द पर धियान देयी जेवन कहेला की जदि केहू हमरी शाथे गलत बेवहार करेला त अऊर हमनी क धिरज से ओके सह लीहल जा। त ई परमेश्वर के आच्छा लागेला। जेवन चिझ उनके आच्छा लागेला। ऊ कष्ट ना बाकी हमनी क धिरज बेवहार ह। हमनी की दुख में हमनी के हिमत देबे

खातीर हमनी के यीशु की बेवहार के देखे खातीर कहल गइल बा जे अन्याय की आकरमण्य के भी धिरज से सह लिहलन।

## यीशु हमनी खातीर एगो आदर्श

**अऊर तोहन लोग एही खातीर बुलावल भी गईल बाड़ काहेंकी मसीह भी तोहन लोग खातीर दुख उठा के तोहन लोग के एगो नमूना दे गइल बाड़न कि तोहन लोग भी उनकर सिखावल राह पर चल। ना त ऊ कवनो पाप कइले अऊन ना उनका मूह से कबो छल क बात निकलल। ऊ गाली सुन के गाली ना देत रहले, बाकी अपना आप के साच नियाय के हाथ में दे देत रहलें।**

**1 पतरस 2:21—23**

यीशु इज्जत के साथे दुख उठवलन चुप चाप बिना दोष लगवले, सगरी बात में परमेश्वर पर भरोसा रख के चाहे परिस्थियन कइसनो भी होखे हर एगो दशा में ऊ समान ही रहलन। एइसन ना की जब चिझे आसान रहे त ऊ धिरज धइलन अऊर जब चिझ कठिन हो गईल तब ऊ आपन धिरज खो दिहलन।

ई पद हमनी के बतावेलन की यीशु हमनी क नमूना हऊवन अऊर ऊ हमनी के इजियावे अइलन की केवन तरह जीवन जीये के बा। दूसरन लोगन के प्रति हमनी क आपन आचरण केवनी परकार रखेलीजा ई उन्हन के लिखावेला की उन्हन के भी केवनी तरह क जीवन जीये के चाही। हमनी क अपनी लइकन के बात से अधिक अपनी नमूना से उन्हन के सिखा सके लिजा। हमनी क ऊ जिन्दा पत्रीपन हयीजा जेहनी के सगरी लोग पढ़े लन। (2 कुरिन्थियों 3:2—3) एह अन्हार में डूबल संसार के खातीर हमनी क तेज ज्योती हईजा। (फिलिप्पियों 2:15)

## दीनता सोझायी अऊर धिरज खातीर बुलावा

**एही से हम जवन प्रभु में कैदी हई तोहन लोग से बिनती करि ला, कि जवना बुलाहट से तोहन लोग बुलवल गइल एहसने चाल चल। यानी सगरी दिनता अऊर नमरता के साथ अऊर धिरज के साथे प्रेम से एक दूसरा के सह लजा।**

**इफिसियों 4:1,2**

कुछ समय पहिले हमनी परिवारीक जिवन में कुछ अइसन परिस्थिति आ जइल रहे जेवन एगे श्रेष्ठ उदहारण क काम करि जब हमनी क एह बिन्दूवन पर बिचार कइल जाई की हमनी के दिनता नमरता अऊर धिरज से कष्ट उठावे के बा।

हमार लइका डैनियल डोमिनिकल रिपब्लिक ऐ लउट के आईल रहे अऊर ओकरी बाहन पर फोड़ा पड़ल रहे अऊर बहुत घाव भी रहे। डोमिनिकल रिपब्लिक में एहके आइबी विष के नास से जानल जाव ई एतना खराब देखला में लगे की हमनी क निश्चय होखल चाही जा की की सही में ई का ह। हमनी क परिवारी डाक्टर ओह दिने छुट्टी पर रहल अतः हमनी क दूसरी चिकित्सक से समय लेलीहनी जा। हमनी क लइकी सेन्ड्रा फोन कर के डाक्टर से समय लेलीहले रहे अऊर ऊ डेनियल क उम्र भी बता दिहले रहली की हम उनकर बहिन हई अऊर हम उनके लेके आवत बानी, ओह दिने हमनी क कुल्ही जाना बहुत व्यस्थ रहनी जा। पैतालीस मीनट में ऊ डाक्टरी पहुच गईल। नरस ओहसे कहलस हमें क्षमा करिं बाकी ई हमनी क नीति ह की हमनी क लइकन क इलाज तब तक ना करिलीजा जब तक की ओकर माई बाप ना होखे। सैन्ड्रा समझइला क कोशीस कइलस की ऊ फोन पर विशेष रूप से ई बतादेले रहे की ऊ अपनी भाई के लेके आवत बीया अऊर ऊ एहीसन प्रायः कईल करेली काहेकी ओकर माई बाप ज्यादा यात्रा पर दि रहेलन बरस एह बात पर डटल रहे की ओकर माई बाप ओकरी सथे होखे के चाही।

सैन्ड्रा की लगे गुस्सा होखे के पुरा मौका रहे। ऊ बहुत व्यस्थ होखला की बाद भी समय निकलले रहे बाकी ओकर सगरी योजना अऊर कोशीस विफल हो गइल रहे। ह सब में ओकर बहुत ढेर समय बरबाद हो गईल रहे।

उनके शान्त अऊर प्रेमी बने रहला के परमेश्वर उनकर मदद कईला ऊ अपनी बाप के फोन कईलस जेवन अपनी माई की लगे गइल रहलन, ऊ कहलन की ऊ आवत बाड़न अऊर सगरी बात के सम्भार लीहन। डेव के ओ सुबेरे अइसन लागल की उनके हमरी कार्ययालय जाके कुछ किताबन अऊर टेपन के लेलेबे के चाही जब की डेव के सही में एह बा के बारे में पता न रहे की ऊ इन्हन के साथे का करि। उनके एइसन ना लागल की उनके जाये के बा अऊर एह सब चिझन के उठा लियावे के बा। जब ऊ डाक्टर की डाक्टरी पहुचलन त एगो मेहरारू जेवन बिमारन क नाम लिखलत रहे ऊ डेव से कहलस की का ऊ एगो पादरी ह अऊर का ऊ जोय्समेयर क मरद है। ऊ कहलस ह मेहरारू कहलस ऊ हमके टी.बी. पर देखल करेली अऊर हमरी नाम के काफी सुनले

बानी अऊर अब ऊ आश्चर्य चकित बा की का इहे ऊ आदमी ह। डेव थोड़ी देर ओकरा से बात चित कईलन अऊर हमार एगो कीताब जेवन “भावनातमक चंगाइ पर बा” ओह के दे हिदलन।

आप लोगन के ई घटना बतवला क हमार एगो मतलब बा जदि सैन्ड्रा गुस्सा जाई अऊर आपन धिरज खो देयीत त का बिगड़ जरूर जइत। एहसे ओ महिला के केतना आत्मीक होनी होईत जेवन हमरा के टी.बी. पर देखल करेलें अऊर फिर हमरी परविार क खराब वेवहार देखीत।

बहुते लोग आज एह संसार में परमेश्वर के जोहला के कोशीस करेलन, अऊर हमनी क जो ओहनी के का बतावे लीन जा एहसे अधिक महत्वपूर्ण ह की हमनी क ओहनी के का देखावत बानी जा। निःसंदेह सुसभाचार सुनल की जरूरी बां बाकी जादि हमनी क बेवहार उस सुसमाचार के शब्दन के अनुकूल ना होखे त ई सुसमाचार ना सुनवला से भी खराब होई। सैन्ड्रा एह स्थिति के कष्टन के धिरज के साथे सह लिहलस अदर परमेश्वर क वचन कहेला की एहीसने बेवहार अऊर स्वभाव कईला क खातीर हमनी क बुलाहट बा।

## यूसुफ क धिरज से कष्ट उठावल

**ऊ यूसुफ नाम क एगो आमदी के उन्हनी से पहिले भेजले रहलन जेवन नोकर होखे खातीर बेचल गईल रहे। लोगो ने उनकरा ओड़न में बेडिय के डाल के ओके दुःख दिहलें ऊ लोहा की साकलन से जकड़ल गइल।**

**जब तक ओकरी बात पुरा ना होइल तब तक महोवा क वचन ओके कसौटी पर कसत रहल।**

**भजन संहिता 105:17—19**

पुराना नियम में से एगो उदहारण युसूफ क ह जेवना क भाईयन ओकरा साथे अन्यापूर्ण बेवहार बइले रहलन। ओके ऊ दास के भेस में बेच दितान। अऊरी अपनी बाप से कह दिहले—रहलन की ओके केवनो जंगली जनवर भार दिहलस एगो घनी आदमी जेकर नाम पोतीपर रहे ऊ ओके खरिद लिहले रहे अऊर अपनी घरे नोकर के रूप में रख लिहले रहे। जहा कहीं भी युसुफ गईल परमेश्वर क दाया ओपर बनल रहे, अऊर जलदी ही अपनी नाया मालीक क भी ऊ दाया क पात्र बन गइला।

यूसुफ क पद बढ़त गइल बाकी एगो अन्याय भी ओकरा साथे भईल। पोतीपर क मेहरारू ओकरी प आपन गलत नजर डललस अऊर ओके अपनी ओर लूंभावे क कोशीस कइलस बाकी काहेकी ऊ सादा चारी अऊर पवित्र आदमी रहे अतः ऊ ओकरी ओर केवनो धियान ना दिहलस। अपनी मरद से झूठ बोल कहलस की यीशु ओकरा पर आकरमन कईलस अऊर एह कारण युसुफ के जेल में डाल दिहल गईल।

युसूफ जेल में भी दूसरन क मदद करत रहलन। कबो असंतोष परगट ना कइलन अउर काहे की ओकरी कष्ट में भी आच्छा बेवहार रहे एही कारन परमेश्वर ओके उहवा से छोड़वलन अऊर ओकर पद के बदवलन। फिरौन ओके मिस्र देश क प्रधान अधिकारी बना दिहलस। परमेश्वर भी ओके ओकई भाइयन की आगे निरदोश साबित कर दिहलन, जब सगरी मिस्र देश में सुखा पड़ल रहे त युसुफ क भाइयन ओकरी लगे। राशन खरीदे गईलन। अपनी भइयन की साथे युसुफ गलत बेवहार ना कइलस जेकरी ऊ लायक रहलनस बाकी एक बार फिर युसूफ आपन ईश्वरीय स्वभाव देखवलन। ऊ उन्हन के बतवल की उन्हन जेवन ओकरी साथे गलत बेवहार कइले रहलन ओके परमेश्वर भलाई में बदल दिहलन अब ऊ परमेश्वर की हाथन में बाड़न ओकरी विरूद्ध कुछउ भइला क अधिकार नइखे बाकी अब ऊ उन्हन के आविश ही देला (देख उत्पत्ति 39–50)

## बुड़बुड़इला क खतरा

**हमनी के परमेश्वर क परीक्षा ना लेवे के चाही, जइसन की ओह में से बहुत लोग कईलन, अऊर ऊ बिष वाला सॉपन के डसला से मान गइलन अऊर ना असंतुष्ठ होकर बुड़बुड़ाइन, जइसन की ओह में कुछ लोगन कईले रहलन अऊर ऊ सब बेमारी से मारल गइल रहलन (मउवत)। बाकी सगरी बात जेवन उन्हनी पर पड़ल, उदाहरण की रीति पर रहे अऊर ऊ हमनी के चेतावनी की खातीर जेवन दुनिया के अन्तिम समय में रहेलन लिखल गइल बा।**

**1 कुरिन्थियों 10:9–11**

एह पदन से यूसुफ अऊर इस्राइलियन के अन्तर के हमनी तुरन्ते हमनी क देख सके लिजा ऊ तनिकों का बुड़बुड़ाइल रहलन अऊरी ई लोग छोटे–छोटे बात लेके बुड़बुडाईल करस। बाइबल हमनी के साफ रूप से बुड़बुड़ाइल, दोष लगावल, अऊर असंतोष परगट कइला की खातीर से अवगत करावें ला।

संदेश एकदम आसान ह। इस्राइलियन के बुड़बुड़ईला से शइतान खातीर एगो दूवार खुल गइल रहे। जेवन आ के उन्हनी के खतम कई दिहलस। उन्हन के त परमेश्वर क बड़ाई कइल चाहत रहे बाकी ऊ लोग एइसन ना कइलन अऊर एकर मूल्य उन्हन के चुकावें के पड़ल।

उन्हन के सगरी कष्टन अऊर मउवत क बरणन खाली एही खातीर कइल गईल बा ताकि हमनी के इ जान ली जा की जदि हमनी क भी एइसन ई करतनी जा त हमनी के साथे का होई।

हम अऊरी रऊआ पहिले अपनी बिचार में बुड़बुड़ालिजा जेवन बाद में हम लोगन की मुँह में बाहर आ जाला। बुड़बुड़ाइल निश्चित रूप से जंगल क मानसिकता ह। जेवन हमनी के परतिज्ञा की देश में प्रवेश कइला से रोकेल। यीशु प्रशंसा भी कइली अउरी मुरदन में से जीयावल गइलन।

एहमें हम प्रसंन्ना अऊर धनियबाद की शकती अऊर कुड़बुड़इला की शक्ति क अन्तर देखी लीजा। ह कुड़बुड़ाइला दोष लगावल असंतोष परगट कइल एह सभमें एगो शक्ति बा—बाकी ऊ नाकारातमक शक्ति ह। जब भी हमनी क एहमें से अपनी मन या मुह में लियावे लिं जा तब हमनी क एगो शक्ति शइतान के दे देनी जा जेकर परियोग ऊ हमनी की उपर करेला।

परमेश्वर ओहके ई हथियार नइखे दिहले बाकी हमनीये लोग ओके ई शक्ति दिहले बानी जा।

## दोष ना लगाई जा ना बुड़बुड़यीजा अऊर ना असंतोष परगट करिंजा

**कुल्ही का बिना कुड़बुडाइल अऊर बिना झगड़ा कईल करिं जा। ताकि तोहन लोग बेकसूर अऊर भोला होके टेड़ अऊर हठिला लोगन के बीचे परमेश्वर क निष्कलन संतान बनलन रह(जेकरा बीच में तू जीवन क बचन लिहले दुनिया में जरत दिया के समान लउकत रह जा।)**

**फिलिप्पियों 2:14—15**

कबो—कबो एहीस लागेला की सगरी दुनिया कुड़बुड़ात बाटे। एह दुनिया में एतना ढेर कुड़बुड़ाइल अउर दोष लगावलबा कि लागेला की इहवा कृतज्ञाता अउर बड़ाई के खातीर केवनो जगह नइखे। लोग आपन नौकरी अउर अपनी

अधिकरियन पर कुड़बूड़ात रहेलन जबकी ओहनी के धन्यवादित होखे के चाही की ऊ वे घर लोगन की जइसन न नईख अउर बड़ाई करे के चहं की ऊ बिना पइसा के खाना पावे वाला लाइन में त कम से कम नईखन खड़ा एह दरिद्र लोगन में से अधिकाश लोग एइसन नौकरी पाके खुशी से खील उठीहें चाहे ओकरी में दोष कोहे ना होखे। चाहे मालीक कइसनो काहे ना होखे। एक नियमीत तनखाह पाके, खुद के घर में रह के अउर आपन खाना खुद बना के उन्हन के खुशी क ठेकाना ना रही। हो सकेला तोहके एगो अउरी आच्छा नोकरी क जरूरत होखे या आपकी अधिकारी क बेवहार आपके प्रति आच्छा ना होखे। ई दरभागा बा बाकी बुड़बुड़ाईल एकर हल नइखे।

## चिन्ता मत करिं – प्रार्थना करिं अउर धन्यवाद करि।

**कवनो भी बात क फिकीर जनकर, बाकी सगरी बात में प्रार्थना अउर निवेदन दोवारा तोहन लोग के बिनती धन्यबाद की संगे परमेश्वर की सामने हाजीर कइल जावो।**

**फिलिप्पियों 4:6**

एक पद की दोवारा प्रेरित पौलूस हमनी के सिखावत बा कि हमनी क अपनी परशानी बा कि हमनी क अपनी परशानी क सामाधान केवनी परकार कर सकेली। ऊ हमनी के निरदेश देला कि हर एगो परिस्थिति में हमनी के धन्यबाद के सगें प्रार्थना करे केबा।

परमेश्वर हमके इहे सिद्धान्त एह तारिका से बतवलन “जोय्स हम तोहके इसर बस्तुअन काहे दयी।”

जदि तू जेवन भी तोहरी लगे बा ओकरा खातीर धन्यवादीत नइख? तोहके बुड़बुड़ाये खातीर हम दूसर बस्तुवन काहे देयी? जदि हमनी की प्रार्थना में जिवन के नेव से लेके अभि तक मिलल चिझन खातीर धन्यादीत नईखत हमनी क प्रार्थना क उजाब अनुगरह से ना मिली। बचन ई ना कहेला की कुड़बुड़इला की साथ प्रार्थना करिं। बाकी ऊ ई कहेलन की धन्यवाद की साथे प्रार्थना कर।

जब हमनी की इच्छा क अनुसार काम ना होला त तबे हमनी क बुड़बुड़ानी जा अऊर दोष लगावे लागेनी जा या केवनो चिझ खातीर बहुते अधिक इन्तजार

करे के पड़ जाला त तबो हमनी क बुड़बुड़ाइ चालू कर देनी जा। परमेश्वर क वचन हमनी के सिखावेला की एहसन समय में हमनी के धिरज से काम लेबे के चाही।

हम ई जनले बानी की धिरज परतिक्षा कइला की क्षमता के ना कहल जाला बाकी परतिक्षा के समय एगो आच्छा बेवहार रखला की क्षमता के ही धिरज कहल जाला।

ई बहुते जरूरी बा की एह परकार क नाकारातमक बात चीत अऊर सोच के हमनी क गम्भीरता से लिहल जा। हम विसवास करत बानी की परमेश्वर हमरा के ई सीखवले बाड़न की तू आपन मूह अउर मन इन्हन के दिहल केतना खतरनाक बा।

ब्यवस्था बिवरण 1:6 में परमेश्वर इस्राइलियन से कहले रहलन तोहन लोग के एह पहाड़ की लगे रहत बहुते दिन हो गइल बा। आप भी ओह पहाड़ की लगे सम्भवः कई हाली गइल होखी। अऊर अब उहवा से निकलला क कोशीत करत होखी। जदि एइसन बात ई आपकी खातीर आच्छा होई जदि आप ई याद रखी की आप साकारातमक तरीके से आगे ना बढ़ पाइब जदि आपक बिचार अऊर बात चीत में बुड़डाईल भरल बा।

हम ई ना कहनी ह की ई बहुत आसान बा कि ना बुड़बूड़ाई, बाकी आपकी लगे मसीह क मन बा त काहे न अधिक से अधिक ओकर उपयोग करि।

*प्रस्तावना*

# 20

## *“हमके केवनो भी चीझ खातीर परतिक्षा ना करायी हम हर एगो चिझ तुरन्त पावले के लायक बानि।”*

जंगल क सोच # 5

## *"हमके केवनो भी चीझ खातीर परतिक्षा ना करायी हम हर एगो चिझ तुरन्त पावले के लायक बानि।"*

## प्रस्तावना 20

## जंगल क सोच # 5

> *एही से हे भाई लोगन, प्रभु की अइला ले धीरज धर देख किसान जमीन के कीमत उपज खातीर पहीला अऊर आखरी बरखा होखे ले धिरज बान्ह के रूकेला।*
>
> याकूब 5:7

बेचैनी घमण्ड क फल ह। एगो घमण्डी आदमी आदमी उचित स्वभाव के साथे केवनो भी चिज क परतिक्षा ना कर सकेली। जइसन की हमनी क पहिले की अध्याय में देखनी जा, धिरज परतिक्षा कइला क योगता नही, धिरज परतिक्षा कइला क योगता नही, बाकी परतिक्षा के समय बढ़िया स्वभाव बनवला रखे के योगता बा।

ई पद ना ई कहेला "जदि आप परतिक्षा करतानी त धिरज रखी" परतिक्षा कइल जीवन क एगो भाग ह। बहुते आदमी बढ़ीया से परतिक्षा ना करे लन अऊर फिर भी सही में हमनी अपनी जीवन में जेतना समय कुछउ पावे में लगावे लीं ओहसे कही ढेर परतिक्षा करे में वितादेली जा। हमार मतलब बा हमनी क परमेश्वर के साथे विसवास की दोवारा कुछ मागींला अऊर हमनी के ओके मीलला तक परतीक्षा करे लागीला। जब ऊ हमन के मिल जाला हमनी खुश हो जानी जा काहेकी हमनी क जेवना क परतीक्षा करत रहली ऊ आखरी में हमनी के मिल जाला।

काहेकी हमनी लोग लक्ष्य आधारी आदमी हई जा अतः हमेशा हमनी क लक्ष्य की ओर ही देखत रहे ली जा हमनी क फिरू उहे परकीरिया दोहरावे लीजा परमेश्वर से केवनो अउरी चिझ क बिनती करिली जा अउरी ओपर विसवास करे लीजा अउर परतिक्षा कईल चालू कर देयीला जबले ऊ चीझ हमनी के मिल ना जावे।

एही दशा के बार में जब हम सोचीला तब हमके ई लागेला की जेतना समय हमके कुछउ पावे में लागेला ओहसे कही अधिक हमनी क जीवन क समय परतिक्षा करे में हि खतम हो जाला। अऊर हम ई फैशला ले लीहनी की अब

हम खाली गरहण कइले के समय में ही नाही बाकी परतिक्षा कइला के समय में भी खुश रहब।

जहवा कहिं भी हमनी क जात बानी कुल्ही रास्ता में हमनी के खुशहाल रहे के बा।

## घमण्ड धिरज से भरल परतिक्षा के रोकेला

**काहेकी हम ओ अनुगरह के कारण जवन हमके मिलल बाटे तोहरा में से सगरी लोग से कहतानी की जइसे समझे के चाही, ओकरा से आगे केहू अपना आप के ना समझस बाकी जइसे परमेश्वर हर एक के ओकराा विसवास के अनुसार बॉट देले बाड़न ओइसही बुद्धि के साथे अपना आप के समझ।**

**रोमियों 12:3**

परतिक्षा के समय खुशहाल रहल असम्भव बा जदि आप धिरज के साथे परतिक्षा कईल नइखी जा जानत। घमण्डी धीरज के साथे परतिक्षा भईला में बाधा डालत बा काहेकी घमण्डी आदमी खुद के आप बहुते आच्छा समझेला अउरी एही कारण ऊ अइसन विसवास करे ला की ओके केवनो तरह के वनो भी असुविधा ना होखे के चाही। हालाकी हमनी के खुद के बारे में खराब ना सोचे के चाही फिर भी हमनी के आनी आप के बहुत आच्छा भी ना समझे के चाही। हमनी खुद के एतना उपर भी उठा लेबे के कि नीची नजरिया से देखल चालू कर दिहल जा, एकर परिणाम बहत भयंकर होई। जदि ऊ ओ ढंग से काम ना करेलन जेवना ढंग से हमनी क चाहेलीजा या ओतना जल्दीबाजी से नइखी जा करत हमनी की हमनी क चाहेलीजा तब हमनी क बेवहार व्यग्रता से भर जाला। एगो विनीत आदमी व्यग्रता से भरल बेवहार क परदर्शन ना करिं।

## याथर्थवादी बनिं!

**...दुनिय में तोहन लोग के दुख होत, बा पर बाकी हिम्मत बान्ह जा हम दुनिया के जीत लेले बानी।**

**यूहन्ना 16:33**

हमनी की बेवहार के व्यग्र बनावे खातीर शइतान की लगे एगो दूसर तरिका

ई बा की अऊर हमनी की सोच के याथर्थवादी की जगह पर आदर्शवादी बना देबे ला।

जदि हमनी के दिमाग में ई बिचार आवेला की हर एगो चिझ जेवन क रिसता हमनी की सम्बन्धन से बा ऊ आच्छा होखे के चाही – केवनो खराब आदमी की जइसन ना होखी तब हमनी क जरूर ही अपनी आप के गड़हा में गिरावत बानी जा। या हमके सही मे ई कहे के चाही कि शइतान आपके गलत सोच की दूवारा गिरावत बा।

हमार ई सुझाव ना ह कि हमनी क नाकारात्मक बन जाई साकारात्मक आचरण अउर बिचारन में हमार दृढ़ विसवास बा। बाकी हम ई कहत बानी की हमनी के यथार्थवादी बन के आगे के समय के पहचाने के चाही कि सही की जीवन में अइसन बहुत कम चिझ बाटे जेवन भरपुर अऊर बढ़िया बाटे।

हम अऊर हमार मरत प्रायः हर सप्ताह के आखीरी में शेमीनार कइला दूसरी शहर जाइल करिलीजा। बहुते बार हमनी क केवनो होटल या कान्वेश सेन्टर में ठहरा करीलीजा। शुरू में त हम व्यग्र अऊर अतास हो जाइल करि जब भी हम केवनो खराब चीझ के देखी जइसे– एयर कंण्डीसन क बढ़िया से काम ना कईल (या एकदम काम ना कईल) कान्फ्रेश घर मे कम उजीयार क भईल, गन्दी अऊर दाग वाली कुरूसीयन पिछली शादी क पारदी क केक क टुकड़ा फरश पर पड़ल रहल। हम अइसन सोची की काहेकी हमनी क एक अच्छा रूपया ओ धरन क उपयोग खाती दिहले रहनी जा त हमनी के ऊ घर सही दशा में मिले के चाही बाकी जब अइसन ना होखे त हम झुझला जात रहनी। जेवनी जगह के हमनी क भाड़ पर लेई जा ओके साफ सुथरा अऊर आराम देह बनावे खातीर हमनी से जेतना भी कोशीष हो सकत रहे हमनी क करि जा बाकी फिर भी ओहनी में से 75 प्रतिशत हमनी की कसौटी पर सही ना उतरोस। कबो–कबो अइसन भी होखे की हमसे कह दिहल जाव की आप लोग क कमरा ठीक कर दिहल गईल बा अऊर जब हमनी क टिम उहवा पहुचे तब कहल जाव की अबे कमरा खाली नईखे अउर हमनी के कई घण्टा परतिक्षा करे के पड़े। होटल क करमचारी हमनी की सभावन की समय की गलत संदेश देवो स जबकी हमनी क पहिले से ही छापल कार्यकाल क सुची भेज दिहल जा जेवना में समय अउर दिनांक साफ–साफ लिखल रहे। होटल क ढ़ेर करमचारी आलसी अऊर खराब स्वभाव क होखस जेवन खाना हमनी क सेमीनार खातीर मांगी जा ओहूमें कुछउ ना कुछ कमी रहे।

एक बार क घटना हमके याद बा जब हमनी क मसीही ओरतन (लगभग आठ सौ) के खाना के बाद जेवन मिठ हलुवा दिहल गईल होहमें शराब पड़ल रहे। ओही समय होटल में एगो शादी का भी खाना चलत रहे अऊर ई हलुवा ओह शादी खातीर ही रहे जेवन रसोई की गलती की कारण हमनी के मीलल रहे। ई बतवला क जरूरत नईखे की हमनी क केतना ग्लानी से भर गईल रहनी जा जब औरते हमनी के बतावे लगली की हलुवा में त सराब मिलल रहे।

एइसन बहुत घटना हमनी के साथे घटल बा बाकी मुख्य बात ई बा की अइसन कदा चीते भईल बा जब हमनी के बढ़िया जगह बढ़िया आदमीन अऊर बढ़िया सभा मीलल होखे।

आखरी में हम एह बात के जनली की एह दशवन में जब हम व्यग्र हो जात रहनी अउर खराब स्वभाव दरशायी ओकर कारण ई रहे की हम आदरवादी रहनी यथार्थवादी नाही। हम विफल होइला क योजना ना बनाई बाकी हमके ई याद बा की यीशु कहले रहलन की एह संसार में हमनी क जाचन कष्ट, अऊर विफलता क सामना करे के पड़ी। ई चीझन विश्वासी अऊर अविसवासी दूनो के संसारिक जीवन क एगो भाग ह।

बाकी दुनिया क ई सगरी परशानी (दूर घटनाए) हमनीके हानी ना पहुचा सकेला जदि हमनी क परमेश्वर की प्रेम में बनल रहल जा अऊर आत्मा की फल के परदरशीत करत रहल जा।

## धिरज सहे के शक्ति

**एही से परमेश्वर के चुनल गइल लोग बन के जे पवित्र अऊर पियारा बाड़न अपना दिल में दया, करेवाला, करूण, भलाई दिनता अउर नरमता अउर धिरज अपनाव।**

**कुरिन्थियों 3:12**

एह परिस्थितीयन में हम केवनी परकार बेवहार करत बानी ई पर हमके याद इहे दिलावेला। हम खुद के याद दिलावेली की परतीक्षा करे क हमरी योगता क नाम धिरज ना बाकी जब हम परतीक्षा करेली ओह समय हमार बढ़िया बेवहार बानावे रखला की योगता के ही धिरज कहल जाला।

## जाच से ही धिरज मिलेला

**हे हमार भाई लोग, जब तोहन लोग बहुत तरह से परखल जा त एके बहुते खुशी क बात बुझ इ जानत रहला में कि तोहन लोग के विसवास के परखल गइला से ही धिरज बढ़ेला। बाकी धिरज के आपन पुरा काम करे द की तोहन लोग पुरा अऊर सिद्ध हो जा जेसे की तोहनलोग में कवनो बात के कमी ना रह जाए।**

**याकूब 1:2–4**

धीरज आत्मा क एगो फल ह (गलतिपन 5:22) अऊर नाया जन्म पवले हर एगो आदमी क आत्मा में बसल होला। परमेश्वर खाती ई बहुत जरूरी बा की उनक लोग एकर प्रदरशन करें ऊ चाहत बाड़न की लोग उनकरा लड़कन की दोवारा उनकर चरितर देखस।

याकूब की किताब क पहिला अध्याय हमनी के सिखावेला की जब हमनी क सिद्ध हो जाली जा, तब हमनी की लगे केवनो चीझ क कमी ना होई एगो धिरजवाला आदमी के शइतान अपनी कबजा में ना ले सकेला। याकूब 1 इहो भी सीखावेला है की हमनी के खुशी करे के चाही जब हमनी क अपनी आप के कठिन परिस्थितियन में पावेलीजा काहेकी हमनी के परखल गइला से परमेश्वर हमनी में ऊ धिरज उगावेलन।

“अलग–अलग जाचन में पड़ला से हमरी भितर सही में धिरज उग गइल बा। ई बात हम अपनी जीवन में पइले बानी। बाकी धिरज उगला से पहिले अऊर भी दूसर चीझ भितर आ जाला जवना क लक्षण ईश्वरीय नाही है, जइसे घमण्ड की रोध विरोध, असन्तुष्टि सवारथ, अउरी कुल। अइसे लागेला की धिरज अइला से पहिले हमनी के एह दूसरी चीझन क सामना करके इन्हन पर काबू पावे के होई।

## जॉच या असुविधा?

**फिर ऊ लोग होर पहाड़ से चलके लाल सुमनदर के राह लिहलन की एदोम देश से बाहर–बाहर घुमके जावोस अऊर लोगन क मन रास्ता के कारण बहुंते बेचैन हो गईल।**

**गिनती 21:4**

जदि आपके याद होखे, ई बेचैनी स्वभाव जंगली सोचत में से एगो रहे जेवना की कारन इसराइली चालीस बरस तक जंगल में भटकत रहलन।

ई लोग ओह परतीज्ञा की देश में कइसे जा सकत रहलन अऊर उहवा के लोगन के खेद के कइसे निकाल सकत रहलन काहे की ऊ एगो छोट असुविधा में भी धिरज ना रखस अऊर मजबूत ना रहो स?

पवित्र आत्मा जब आपके जीवन में धिरज क फल उगावेला तब आपके हम पवित्र आत्मा के साथे काम कइला खातीर उभारत बानी। जेतना ढेर आप ओकर विरोध करब, ओतना ही ढेर समय ई परिकिरियन में लागी। सगरी तरह की जॉच में धिरज रखे के सिखी तब आप एगो आच्छा अऊर आनन्द से भरल जीवन जी सकब।

## धीरज अऊर सहनशीलता क महत्व

**तोहन लोग के सावर के जरूरत बा कि तोहन लोग परमेश्वर के मरजी पूरा क के ऊ जवना बात के बादा कइले रहलें ओके पा सके।**

**इब्रानियों 10:36**

ई पद हमनी के बतावेला कि हमनी क बिना धिरज अऊर शहनशीलता के परमेश्वर क परतीज्ञावन के पा ना सकल जाई अऊर इबरानी 6:12 हमनी के बतावेला की परतीज्ञा हमनी क खाली विसवास अऊर धिरज की दोवारा ही पा सकत बानी। घमण्डी आदमी अपनी देह की जोर से ही दउरेला अऊर खुद दोवार निरधारित समय में ही काम पूरा कइला क कोशीष करेला। घमण्ड कहेला “अब हम तइयार बानी” नरमता कहेला, परमेश्वर बढ़िया से जानत बाड़न अऊर ऊ कबो भी देर ना करिहन” एगो नरमता वाला आदमी धिरज की साथे परतिक्षा करेला सही में ओकरी लगे ईश्वरीय डर बा जेकरी दूवारा ऊ अपनी देह क जोर के दोवारा काम करेला। बाकी एक घमण्डी आदमी एगो की बाद एगो काम कइला क कोशीश करेला बाकी परिणाम ई होला की कुछउ ना कर पावेला।

## लक्ष पावे खातीर एगो सिधा रेखा हमेशा सबसे छोट दूरी ना होखे ला।

**लक्षय पावे खातीर एगो सिधा रेखा हमेशा सबसे छोट दूर नाही होखेला**

**एहीसनो भी रासता बा जेवन लोगन के सिधा लऊकेला बाकी ओकरी आखरी में मऊवते मिलेला।**

**नीतिवचन 16:25**

हमनी के ई सीख के चाही की आतमीक राज्य में कबो–कबो एगो सिधा रेखा सबसे छोट दूर (जहवा हमनी क जाइल चाहत बानी जा) ना होखेला हो सकेला ई छोट दूरी नाश की ओर ले जात होखे। हमनी के परमेश्वर पर भरोसा रखे के बा अऊर धिरज रखे के चाही चाहे हमनी के एइसन काहे ना लागे की ऊ हमनी के घुमाकर बड़ रास्ता से हमनी के गनतब्य जगह तक ले जात बा।

एह दुनिया में दुखी अऊर असंन्तुष्ट मसीही बहुत बानस काहेकी ऊ कुछ घटत देखल चाहत बाड़न, ऊ लोग परमेश्वर पर भरोसा ना करेलन की ऊ अपनी समय में काम के पुरा करेलन, ऊ धिरज ना रखेलन।

“जब आप परमेश्वर पर भरोसा रखे क कोशीश करिला, तबे शइतान आपके मन पर लागातार आक्रमण कर के कहेला, तू कुछऊ कर” ऊ आपके शारीरिक उत्साह में चलावल चाहत बा काहे की ऊ जानत बा शरीर से केवनो फायदा नइखे। यूहन्ना 6:63 रोमियन 13:94 जइसन हमनी क देखनी जा व्यग्रता घमण्ड क एगो चिनह ह, अऊर घमण्ड क उलआ जबाब नरमता हैं।

## दीन बनी अऊर परमेश्वर पर भरोसा रखी

**एही से परमेश्वर के ताकतवर हाथ के निचे सोझाई से रह जवना से ऊ तोहन लोग के सही समय पर बढ़ावस।**

**1 पतरस 5:6**

एह संक्षिप्त बचन “खुद क निरमाण कइला समय खुद के निचे रखी” क मतलब ईना कि हमनी क अपनी बारे में खराब सोची के बा। एकर आसान मतलब ई ह की “ई ना सोची कि आप खुद सगरी समसीया के सुलझा सकत बानी।”

घमण्ड की कारण सगरी चिझन के अपनी हाथ में ले लीहला के बदले हमनी के दिनता के साथे अपनी आप के परमेश्वर के ताकतवर हाथन में सऊप देबे के चाही। उचति समय पर ऊ हमनी के उठईहन अऊरी हमनी क पद बढ़इहन। जब हमनी क परमेश्वर पर भरोसा रखेलीजा अऊर शरीर के अनुसार ना चलेलीजा तब हमनी क अपनी अहम के मार देबे लीजा। हमनी क अपनी

तरिका से जीये के अऊर अपनी समय के मार देबे लीजा अऊर परमेश्वर क इच्छा अऊर उनकरी तरिका से जिये के खातीर जीवित रहीला।

परमेश्वर हमनी से जेवन की करे के खातीर कहेलन ओकर हमनी के हमेशा पालन करे चाही, बाकी हमनी के भीतर शरीर के घमण्ड क दैवीय डर भी होखे के चाही। याद रखी व्यगरता क जड़ घमण्ड ह। घमण्डी आदमी कहेला "कृपा कर हमसे परतीक्षा ना कराई, हम हर एगो चिझ तुरन्त चाहत बानी।"

जब आप बेचैन अऊर निराश होखला की जॉच में पड़ जायीं, तब हम आपसे अनुगरह करेनी की आप ई कही, "परमेश्वर हम आपक इच्छा आपके समय में चाहत बानी।" हम तोहरा से आगे नइखी जाइल चाहत अऊर नाही आपकी पिछे रह जाइल चाहत बानी। हे पिता धिरज के साथे परतीक्षा कइला में हमार मदद करिं।

*प्रस्तावना*

# 21

## *“हमार बेवाहार हो सकेला गलत होखे बाकी एहमे हमार दोष नईखें।”*

जंगल क सोच # 6

# *“हमार बेवाहार हो सकेला गलत होखे बाकी एहमे हमार दोष नईखे।”*

## प्रस्तावना 21

## जंगल क सोच # 6

*आदम ने कहा जिस स्त्री को तू ने मेरे संग रहने को दिया है उसी ने उस वृक्ष का फल मुझे दिया, और मैंने खाया।*

*...स्त्री ने कहा, सर्प ने मुझे बहका दिया तब मैंने खाया।*

उत्पत्ति 3:12,13

अपनी कामन क जिम्मवारी मत लिह हर चीझ जंवन गलत हो गइल बा ओकर दोष दूसरन पर लगावल जंगल की सोच क इहे एगो कारण बा। सुरू से ही हमनी क एह समसिया के देखत आवत बानी जा। आदम की बगइचा में जब उन्हके क पाप से सामना भईल तब आदम अऊर हवा एक दूसरन पर दोष लगावे लगलन परमेश्वर अऊर सइतान पर ताकी अपनी काम क जिम्मवारी ना लेबे के पड़े।

## सगरी दोष आप क ह।

**आब्राहम क मेहरारू सारें क केवनो लइका नपा रहलन, अऊर ओकर हाजिरा नाम क एगो मिस्री लउड़ी रहे।**

**एह से सारै अब्राहम से कहली देख महोवा त हमार कोख बन्द कर देले बाड़न एह से हम तोहरा से बिनती करत बानी कि तू हमरी लउड़ी की लगे जाः सम्भव बा कि हमार घर ओकरी दोवारा बस जाई।**

**एह से सारै क बात अब्राहम मानलीहलन। एह से जब अब्राहम के कनान देश में रहत दस बरिस बित चुकल तब उनकर मेहरारू सारै आपन मिस्री लउड़ी हाजीरा के लेके अपनी पत्ती अबराहम के दिहलस की ऊ ओकर मेहरारू होखे।**

**अऊर ऊ हाजीरा की लगे गईल, अऊर ऊ गरभौवती भइलः अऊर जब ऊ जनलस की ऊ गरभौवती बा, तब ऊ अपनी मालकीन के अपनी नजर में खराब समझे लागल।**

**तब सारै अब्राहम से कहलस जेवन हमरी पर उपद्रव भईल ऊ तोहरे कपार पर होखेः हम त अपनी लउड़ी के तोहार महरारू बाना दिहनी बाकी जब ऊ हमके तुझ समझे लागल, एह से यहोवा हमरी अऊर तोहरी बीच में नीयाय करसं। अब्राहम सारै से कहलस, देख तोहार लऊड़ी तोहरी वंश में बियाः जइसन तोहके ठिक लागे ओइसने ओकरा साथे कर। एह से सारै ओके दुःख देबे लागल अऊर ऊ ओकरी आगे से भाग गईल।**

**उत्पत्ति 16:1–6**

आदम अऊरी हवा के बिच में जेवन दिरिस रहे ऊहे झगड़ा अब्राहम अऊर सारै के बिच रहे। उन्हन क लइका होखला क परमेश्व क परतिक्षा करत–करत ऊ लोग सिहरा गईल रहले अतः ऊ लोग शरिर की काम की ओर घुम गईल अऊर अपनी ढंग से काम करे लगलन जब एकर परिणाम खराब भईल अऊर समस्या उन्हन के आ घेरलस तब ऊ एक दूसरा पर दोष लगावे लगलन।

पिछला समय में अपनी ही घरे डेव अऊर हमरी बीच अइसन दिरिस बहुत बार हम देखनी।

एइसन लगत रहे कि जीवन की वासतवक बातन से हमहन भागत बानी उन्हन क सामना कइला से कतरात रहनी जा।

हमके ठिक से याद बा की हम डेव के बदल जइला खातीर प्रार्थना करिं। हम आपन बाइबल बढ़ल करिं अऊर हमके डेव में अधिक से अधिक अवगुण दिखाई पड़ोस अऊर सोची उनके बदले के केतना जरूरत बाः जब हम प्रार्थना करत रहनी, परमेश्वर हमसे कहलन, "जोय्स डेव परशानी ना हऊवन बाकी तू हऊ।"

हम नष्ट भ्रष्ट हो गइल रहनी। हम तीनदिन तक रोवत रहनी काहेकी परमेश्वर हमके ई देखावत रहले की एगही घर में केहू–केहू क हमरी साथे जीवन बितावल क मतलब का ह केवनी तरह सगरी चीझ के हम अपनी बस में कइला क कोशीश कइली, केवनी तरह हम असंतोष परगट करत रहनी अऊर अपशब्द कहत रहनी हमके खुश कइल केतना कठिन रहे, केतना नाकारात्मक रहनी हम–अऊर बहुत कुछ। हमरी घमंण्ड के एगी बड़ धाका लागल रहे। बाकी परमेश्वर में एगो नाया जनम क शूरूआत रहे।

अधिकांश लोगन की जईसे हमहू हर एगो चिझ या परिस्थिती क दोष जेहपर हमार केवनो बस ना रहे। दूसरन पर लागा देत रहली। हम सोची की हमार ई खराब बेवहार एह खातीर रहे काहे की हमरी साथे दूरपीयोग कईल–गईल रहे।

बाकी परमेश्वर हमके बतवलन, “हो सकेला तोहरी एह खराब बेवहार क कारण दुरूपयोग ही होखे, बाकी एके अपनी खराब बेवहार क बाहाना ना बने देहीं।”

शइतान हमनी की मन पर कठिन काम करेला गढ़ बना देला जेकरी कारण हम सच्चाई क सामना करे में असमरथ हो जानी जा। सत्य हमनी के आजाद करि, अऊर ई ऊ जानत बा।

हमनी क बेवहार अऊर हमनी की बारे में सत्य क सामना भावनात्मक तरिका केतना दुःख दायी होला हम सोची ला एह से अधिक दुःखदायी अऊर केवनो चीझ नइखे। कहेकी ऊ कष्टदायक बा एह खातीर बहुते लोग एहसे दूर भागेलन। दूसरा के बारे में सत्य क सामना कईल बहुते आसान बा—बाकी जब हमनी के अपनी ही बारे में सत्य क सामना करे के पड़े ला तब हमनी के ई बहुत कठिन पड़े ला।

## जदि

**एह से ऊ परमेश्वर की बिरूद्ध बात करे लगलन, अऊर मूसा से कहलन, तोहन लोग हमनी के मिस्र से जंगल में मरे खातीर काहे लीयाईल बाड़? इहवा ना रोटी बा, अऊर ना पानी, अऊर हमनी क परान ई निकम्मी रोटी से दुःखीत बा।**

**गिनती 21:5**

आप के याद होई की इस्राइली अपनी सगरी समस्या क दोष परमेश्वर अऊरी भूसा पर लगा देत रहले। जंगल में एतना अधिक समय उन्हन के काहे लाग गईल एकर वेंयक्तिक जीमेवारी लीहला से कतरावो से। परमेश्वर हमरा के ई देखवलन की ई एगो मुख्य जंगल में चालीस बरस तक भटकत रहले।

इहे हमरो मुख्य कारण रहे कि हमहू अपनी जीवन में एगही पहाड़ की चारो ओर बरसन तक घुमत रहनी। हमरी खराब बेवहार की बहाने क सूची ना खतम होखे वाली बा।

“बचपन लइकाई में जदि हमरी साथे दुरबेवहार ना भइल रहित त हमार स्वभाव खराब ना होईत।”

“जदि हमार लइकन हमार मददत अऊरी अधिक कईले रहतन त हमहू आच्छा बेवहार करती।”

“जदि डेव शनिवार के गोल्फ खेले ना जाइल करतन, त हम एतना एकेले ना होखती।”

“जदि डेव हमके अऊर भी अधिक उपहार खरिद के देतन त हम एतना नाकारात्मक ना होखती”

“जदि हमके काम ना करे के पड़ीत हम एतना चीड़ चीड़ाईल अऊर सिहराइली ना।”

(अतः हम काम छोड़ दिहली अऊर फिर...)

“जदि हमके घर से बहरा अऊरी अधिक जइला के मिलीत त हम एतना निराश ना होखती।”

“जदि हमनी की लगे अऊर ढेर पइसा होखीत”

“जदि हमनी की लगे आपन घर होईत” (अतः हमनी क एगो खरिद लिहली, जा अऊर फिर...)

“जदि हमनी की लगे देबे खातिर एतना बिल ना आइत”

“जदि हमनी क पड़ोसी अच्छा होखतन अऊर हमनी क पड़ोसी अच्छा होखतन अऊर हमनी की संगी दूसर होखतन।”

जदि!, जदि!, जदि!, जदि!, जदि!, जदि!, जदि!,

## बाकी

**फिर यहोवा मूसा से कहलन कनान देश जेवना के हम इस्राइलीयन के देत बानी ओकर भेद लेबे खातीर अदमीयन के भेज, ऊ उन्हन के पुरवजन के प्रति गोत्र क एगो परधान आदमी होखे।**

**यहोवा से ई आज्ञा पाके मूसा आदमीन के परागन जंगल से भेज दिहलस जेवन सगरी इस्राईलीय न क मुखिया रहले। चालिस दिन की बाद ऊ ओदेश क भेद लेके लऊट अईले। अऊर पारान जंगल के आदेश नमा स्थान में मूसा हारून अऊर इस्राइलीयन की कुल मंण्डली की लगे पहुचलन, अऊर उनके अऊर कुल्ही मंण्डली के सुचना दिहलस, अऊर ओ देश के फल उन्हन के देखवलन। ऊ लोग मूसा से ई कर वरणन कइले कि जेवना देश में तू हमके भेजले रहल ओमें हमनी क गइनी जा**

**ओहमें सही में मधु अऊर दुध क धाराए बहत बा, अऊर ओकरी उपज में से इहे बा।**

**बाकी ओह देश क निवासी बलवान बाड़न, अऊर ओकर नगर गढ वाला बाड़न अऊर बहुते बड़ बाड़े अऊर हमनी क उहवा अनाकवंशियन के देखनी जा।**

**गिनती 13:1–3, 25–28**

"जदि" अऊर "बाकी तू" ई दूनो सबसे अधिक धोखा वाला शब्द हऊवस जेवना क सइतान हमनी की मन में डाल देला। ऊ बाहर भेदिया जेवन परतीज्ञा वाला देश क भेद लेबे गइल रहलन जब लऊट के अइले तब अपनी साथे अंगूर क गुच्छा लेके अइलन जेवन एतना बड़ रहे की दूनो के बास पर लटका के इखावे के पड़ल रहे। बाकी मूसा अऊर अन्य लोगन के उन्हन जेवन उहवा क विवरण दिहलन ऊ "बाकी" ही रहे जेवने उन्हन के हरा दिहले रहे। उन्हन के आपन नजर मुख्य समसीया की बदले परमेश्वर पर ही रखे के चाहत रहे।

हमनी क समसीया जब हमनी के हारा देला त ओकर एगो कारण ई ह की हमनी क उन्हन के परमेश्वर से बाड़ा समझे लागीला। सत्य का जामना करे में भी हमनी के जेवनी कठिनाई क सामना करे के पड़ेला ओकर भी इहे कारण ह। हमनी के पाका नइखे की परमेश्वर हमनी के बदल से केलन, अतः हमनी का जइसे भी बानी जा ओकर सामने कइला की बदले हमनी के खुद के छुपा लेनी जा।

जब परमेश्वर हमरी साथे बड़ल त खुद के बारे में सच्चाई क सामना करे में हमरी खातीर कठिन नइखे काहेकी हम ई जानत बानी की ऊ हमके बदल सकेला। हम उनके देखले बानी की ऊ हमके बदल सकेला। हम उनके देखले बानी की ऊ का कर सकत बाड़न, अऊर हम उनपर भरोसा करिला। हांलाकी शुरू में उनकी संगे त चलल हमरी खातीर कठीन रहे। हम अपनी जीवन क एगो बड़ हिस्सा केवनो ना केवनो चीझ से दूर भागत वितवले रहनी। हम उन्हार में एतना अधिक समय बितवले रहली ज्योती में आवल हमरी खातीर आसान ना रहे।

## भीतरी मनुष्तव में सचाई

**हे परमेश्वर, अपनी करूणा की अनुसार हमरी पर गनुगरह कर आपन बड़ दाया की अनुसार हमरी गुनाहव के मेटा देयी।**

**हमे ठिक से छोके हमार अधरम दूर कर अऊर हमार पाप छोड़ के हमके शुद्ध कर! हम त अपनी अपराधन के जानत बानी अऊर हमार पाप हमेशा हमरी नजर में रहेला। हम खाली तोहरी बिरूद्ध पाप कइली, अऊरी जेवन तोहरी नजर में खराब बा ऊहे कईनी, ताकी ई धरमी अऊर बोले में निसकलंक ठहर। देख ह अधरम में साथे उत्पन्न भईनी, अऊर पाप के साथे अपनी माई की गरभ में पड़ली। देख तू हिरिदय की सच्चाई से खुश होल, अऊर हमरी मनवे में ज्ञान सिखाईब।**

**भजन संहिता 51:1–6**

भजन संहिता 51 में दाऊद राजा, परमेश्वर से करूणा अऊर क्षामा क याचना करत रहे काहे की परमेश्वर ओकरी पाप क फयसला करत रहलन जेवन ऊ बतसेवा की साथे अऊर ओकरी मरद क खून कर–कर के कइले रहल।

विसवास करिं या ना करी दाउर ई पाप ई भजन के लिखला से एक बरस पहिले कइले रहे, बाकी ऊ ओकर सामना ना कइलस अउर ना ही ऊ मनले रहे। ऊ सच्चाई क सामना ना करत रहे, अऊर जब ले एह सचाई के मानत रहे, ऊ सही में पश्चताप ना कर कर पवलन। एह खण्ड क पद 6 एगो शक्तिशाली बचन ह। ई कहेला कि परमेश्वर हमनी के भीतरी मनुष्त्व में सचाई चाहे लन एकर मतलब ई ह की जदि हमनी क परमेश्वर की आशिष के पावल चाहत बानी, तब हमनी के अपनी बारे में, अपनी पापन की बारे में परमेश्वर की प्रती ईमानदारी बनावे के होई।

## माफी से पहिले पापन क स्वीकार करे के बा।

**यदि हमनी क हीं जा कि हमनी मे कुछ भी पाप नइखे (अस्वीकार कइल की हम पापी हई) त अपनी आपके धोखा देत बानी जा अऊर हमनी में सत्य (जो सुसमाचार बतावे ला) नाही हमनी की हिरिदयन में बास ना करेला।**

**जदि हमनी क कही जा (आजाद रूप से) अपनी पापन के मान लीहल जा, त ऊ हमनी के पापन के माफ करे में, अऊर हमनी के सगरी पाप से शुद्ध करे में विशवासयोग्य अऊर धरमी हउवन (अपनी स्वभाव अउर परतीज्ञावन के प्रति सचा हउवन) जदि हमनी क कहलजा की हमनी**

**क पाप नइखी जा कईले, त उनके झूठ ठहरावे ली जा। अऊर उनकर बचन हमनी में नइखें।**

**1 यूहन्ना 1:8–10**

य जदि हमहन सचा हिरिदय से पश्चाताप करल जा त परमेश्वर हमनी के तुरन्ते माफ करेलन बाकी हमनी क सचा हिरिदय से पश्चाताप ना कर सकीलीजा जेवन कुछ भी हमनी क कइले बानी जा ओकर सचाई क सामना अऊर ओके स्वीकार नाही कर लेनी जा। ई स्वीकार कइल की हम कुछउ पाप कइले बानी, बाकी फिर बहाना बनावल ई सचाई क सामना कइला क परमेश्वर क तरिका ना। प्राकृतीक रूप से हमनी क अपनी आप के अऊर अपनी काम न के सही ठहरावल चाहे लीज, बाकी बाइबल कहेला की हमार धरमी ठहरावल गइल खाली यीशु ख्रिष्ट में बा (रोमियों 3:20–24) आप अऊर हम आप कइला के बाद परमेश्वर दोवारा खाली यीशु की खून से शुद्ध हो सकेलीजा। बहाना बनवला से ना।

हमके याद बा एक बार हमार पड़ोसीन हमके फोन कइलन अऊर हमसे कहे लागल की बैंकक बन्द होखला से पहिले हम ओके बैंक तक ले जाई काहेकी उनकर मोटर कार चालू ना होखे। हम अपनी केवनो काम में व्यस्थ रहनी अऊर ओ काम के छोड़ल ना चाहत रहनी अतः हम ओके आपन रूक्ष अऊर व्यग्र स्वभाव देखवनी। जइसे ही हम आपन फोन रखनी, हम ई सोचनी की केतना भयानक तरिका से हम ओकरा से बात चीत कइले रहली अऊर अब हमके फिर से फोन करे के चाही अऊर क्षमा मांगे के चाही अउर ओके बैंक तक लेजाए के चाही। हमरी मन में बहुते बहान भरल रहे जेवन हमके उनके देबे के रहे की काहे हम उनकरा साथे एतना खराब बेवहार कइली ‘हम स्वस्थ्य रहनी’ हमार दिन बहुत खराब बितत हरे। बाकी हम अपनी आत्मा की गवाहीयन से ई अनुभव कइनी की पवित्र आत्म हमके केवनो भी बहान बनवला से रोकत बा। ‘खाली ओ के फोन कर अऊर बताव की तू गलत रहलू’ उनसे कह ‘कृपा करके हमके माफ कर द अऊर हम तोहके बैंक तक ले जाए के तैयार बानी’

हम आपके बता सकीना की ई कइल हमरी खातीर केतना कठिन रहे। हमरी शरीर के जइसे केहू रोग लगा गइल होखे जेवन हमरी आत्मा में घुमत रहे अऊर छुपे क जगह जोहत रहे। बाकी सचाई से केहू छुप ना सकेला काहे की सचाई जोती ह।

## सचाई ज्योति ह

**शुरू में बचन रहल अउर परमेश्वर की साथ रहे, अउर वचन परमेश्वर रहल। इहे शुरू में परमेश्वर के साथ रहे।**

**सबकहू उनके दोबारा पयेदा भइल बा ओमे से कवनो चिज उनकरा बिना पयदा ना भइल। उनकरा में जिनगी रहल, अऊर ऊ जीनगी आदमीयन के अजोर रहल। अऊर अजोर आन्हार में चमकेला, अऊर अन्हार अजोर के गरहन ना कईलस।**

**यूहन्ना 1:1—5**

अन्हार के राज के विरोध सबसे बलशाली हथियार सच्चाई ज्योति ह। अऊर बाइबल कहेला कि अऊर बाइबल कहेला कि अन्हार कबो भी ज्योती पर विजयी नइखे पवले, अऊर ना कबो कर सकी। शइतान चिजन के अन्हार में छुपा के रखल चाहता, बाकी पवित्र आत्म उन्हन के उजीथा में लीयावल चाहता अऊर उन्हन क फइसला करेला ताकी हम अऊर आप लोग परमाणीक रूप से आजाद हो सकी।

यीशु कहलन की ई सचाई ह जेवन हमनी के आजाद करेला। (यूहन्ना 8:32) एह सचाई के सचाई क आत्मा परगट करेले।

## सत्य क आतमा

**हमके तोहन लोग से अऊर भी ढेर बात रके के बा पर अबही तोहन लोग ओकरा के सह ना सकेल। पर ऊ जेकर माने सत्य के आत्मा अइहें त तोहलोग के सब सत्य क रास्ता बतइहें काहे की अपना ओर से नाबतइहें पर जवन कुछ सुनीहें उहे कहिहें अऊर आवे वाली बात के बतइहें।**

**यूहन्ना 16:12,13**

यीशु अपनी चेलन के कुल्ही सचाई देखा सकत रहले बाकी ऊ जानत रहलन कि उलोग अबे एकरी खातीर तइयार ना रहले। ऊ उन्हन के बतवलन की उन्हन के परतीक्षा करे के होखी जब तक पवित्र आत्मा स्वर्ग से उतर कर उन्हन के संगे अऊर उन्हन में रहे ना आजाए। जब यीशु सरग चल गइल रहलन ऊ पवित्र आत्मा भेज दिहलन जेवन हमनी की साथे काम करे ला हमनी के तइयार करेला। जेहसे हमनी के दोवारा परमेश्वर क महिमा परदरशीत होखे।

पवित्र आत्मा हमनी की जीवन में केवनी परकार काम कर सकेलन जदि हमनी क सचाई क सामना ना कर सकल जाई? “ऊ सत्य क आत्मा” कहाला। हमरी अऊर आपकी खातीर ओकरी सेवकाई क मुख्य काम ह कि ऊ हमनी के सचाई क सामना करें में हमनी क मददत करेला सत्य की जगह में हमनी के ले जाला काहेकी खाली सत्य ही हमनी के आजाद करीं हो सकेला की हमनी की बीतल समय में कवनो आदमी या घटना या केवनो परिस्थिति एइसन होखे जवन हमनी के चोट पहुचावत होखे जेकरी कारन हमनी क स्वभाव या बेवहार अनुचित होखे बाकी एके एगो बाहाना बना के अपनी साथे रहेना देव।

निशचीत रूप से हमार बेवहारिक समसीयवन एही कारण रहे काहेकी उन्हन के वरिसन तक शाब्दीक रूप से लैंगिकरूप से अऊर भावनात्मक रूप से हमार दूरूपीयो कइल गईल। हम तब तक एह गलत बेवहार में फसल रहली जबले की हम एह दूरपीयोगन के गलत बेवहार क एगो बहाना बनावत रहनी। ई ओही परकार बा जइसे हमनी क अपनी शत्रु के ई कह के बचालीहजा “हम एहचिज से धिरिजा करिना बाकी सही कारण एहके हम अपनवले बानी।”

आप हर एगो बधुवाई से अलउकीक आजादी क अनुभव निश्चीत रूप से कर सकीला। आपके जंगला में चालीस बरिस तक भटके के ना होखी था जदि आप चालीस बरस या अधिक एही परकार बिता दिहले बानी काहेकी आप ई ना जानत रहनी। “जंगल क सोच” उहवा पर रखल गइल बा, अजुबे आपक निरणय क दिन ह। परमेश्वर से कहीं को ऊ आपके आपकी बारे में सचाई देखावल शुरू कर देबे। जब ऊ जइसन करेलन, त इन्तजार करिं ई आसान ना होई, बाकी याद रखी, ऊ परतीझा कइले बाड़न “हमतोहके कबो ना छोड़ब ना तीयागूगा” (इब्रानीयन 13:5)।

*आप जंगल से बाहर आवे वाला रास्ता पर बानी परितीझा की देश क माजा लयी।*

## प्रस्तावना
## 22

# “हमार जीवन बहुत दुखि बा हमके खुद पर दाया आवेला काहेकी हमार जीवन घृणित बा।”

जंगल क सोच # 7

## “हमार जीवन बहुत दुखि बा हमके खुद पर दाया आवेला काहेकी हमार जीवन घृणित बा।”

## जंगल क सोच # 7

प्रस्तावना
22

> *तब सगरी मण्डली चिल्ला उठल अऊर राम भर ऊ लोग रोपते रह गइलन। अऊर सगरी इस्राइली मूसा अऊर हारून पर बुड़बुड़ाये लगलन स अऊर सगरी मण्डली उन्हन से कहे लागल की आच्छा होई त की हमनी क मिस्र में ही मर जइती*
>
> गिनती 14:1,2

इस्राएलियन के खुद पर बहुत दाया आवत रहे। सागरी असुविधा अपनी आप खेद जतवला क एगो बहाना बन जात रहे। हमके याद बा जब परमेश्वर हमरा से कहले रहलन काहेंकी हमहु भी ओ समय खेद समूह में रहनी।

उकहले रहलन “जोय्स तू खेदित या शक्तिशाली हो सकेलू बाकी इनो एक साथे ना।” ई एगो अइसन अध्याय ह जेके हम जल्दी से खतम नइखी कइल चाहत। एह बात के समझ लीहाल बहुते जरूरी बा की ई दूनो काम एक साथे ना कर सकेनीजा खेद भर देबे वाला शइतान के खुश कइल अऊर परमेश्वर की सामर्थ में चलल।

### एक दूसरा के शान्ति द जा अऊर एक दूसरा क उन्नति क कारण बन

**एही से एक दूसरा में शान्ति, अऊर एक दूसरा की फायदा खातीर काम कर जइसन की तोहन लोग करतो बाड़ जा।**

**1 थिस्सलुनीकियों 5:11**

खेद छोड़ दिहल हमरा खातीर कठिन रहे, हम एकर उपयोग कई बरसन तक कइले रहनी जब हमके केवनो दुःख होखे। एहसे हमके शान्ती मिले। जेवनी समय केहू हमके चोट पहुचावेला ओही समय हमनी के निराश क अनुभव करेला, शइतान अपनी एगो दूत के नियुक्त कर देला अऊर ऊ आ के हमनी की कानन

में फुस–फुस के इ झूठ कहत बा की केतना निरदयता अऊर अन्याय के साथ आप से बेवहार कइल गइल बा।

अइसन समय में आपकी मन में जेवन बिचार दऊड़े लागेला आपके उन्हन के सूने के बा अऊर आप तुरन्ते जान जाइब की शइतान केवनी परकार हमनी की लाचारी क परयोग कर हमनी के बधुवा बाना लेला।

हालांकी बाइबल हमनी के एह बाद का आजादी ना देला की हमनी क अपनी आप से दुःखी हो जाई जा। अपीतु हमनी के परमेश्वर में एक दूसरा के उभारे के बा अऊर एक दूसरा के बढ़ती क कारण बने के बा।

दया एगो सचा उपहार है एह इश्वरीय दायाल हमनी क ओह लोगन खाती उपयोग करेनीजा आपन पुरा जीवन हमनी क उन्हन क कष्टन के दूर करे में लागा देनी जा। बाकी खुद पर दाया दिखावल विकृती ह काहे की परमेश्वर हमनी के ई दाया एह खातीर दिहले बाड़न की एकर परियोग हमनी दूसन पर कईल जा नाही की खुद पर। प्रेम के साथे भी अइसने बा। रोमयन 5:5 कहेला की प्ररमेश्वर क प्रेम हमनी की हिरिदय में पवित्र आत्मा दूवारा भर दिहल गईल बा। ऊ अइसन एह खातीर कइलन की ताकी हमनी क जान जाई जा की परमेश्वर हमनी से केतना अधिक प्रेम करेलन अऊर ओही तर हमनीयो क दूसरन से प्रेम कइल जा। जेवन प्रेम परमेश्वर हमनी के दूसरन से बाटे खातीर देले बाड़न जदि ओह प्रेम के हमनी क अपनी ही तक रखल जा त इ स्वर्थ अऊर आत्मा केन्द्रीत बन जाला जेवन स्वभाव में हमनी के बरबाद कर देला। खुद पर दाया देखावल मूर्ति पुजा ह खुद की ओर घुम गइल अपनी आप पर अऊर अपनी भावनावन पर एकाग्रचित हो जाईल। एसे हमनी क खुद के प्रति जागरूक हो जानी जा अऊर ई निश्चय संक्चीत बिचार रखर के जिवन क एगो ढंग ह।

## दूसरन क चिन्ता कर जा

**सगरी लोग अपनी ही भलाई क ना बाकी दूसरन की हित को चिन्ता कर**

**फिलिप्पियों 2:4**

अबे कुछ हि दिन पहिले हमनी की व्याख्यान क बिना केवनो पहिले सुचना के रद कर दिहल गइल रहे। हम एह कार्यकरम क बड़ी उत्सुकतावश परतिक्षा करत रहे, अऊर वे शुरू में त तनकी निराश हो गइल रहनी। एगो समय ऊ

रहे जब एह प्रकार के घटनावन से हम खेदित अऊर दोष लगावे वाली अऊर आलेचक बन जाई अऊर हर एक प्रकार नाकारात्मक बिचार अऊर काम हमसे हो जावोस। तब से हम ई सिख लिहनी जदि एइसन परिस्थिति आवत बियात शान्त रही। खराब बात कहला से बढ़िया बा कुछऊ ना कहिं।

जब हम शान्त बइठ गइनी त परमेश्वर हमरा के बतवलन की एह स्थिति के दूसरन लोग के दृष्टि से देखी जेवन एह से जुड़ल बाड़न। जेवनी घर में एह साभा का आयोजन करे के रहे ओघर के पावे में ऊ असफल हो गइल रहलन अऊर परमेश्वर हमके ई देखवलन की ऊ सब एसे केतना निराश हो गइल रहलन। ऊहो लोग भी बेसबारी से एह कारकरम क परतिक्षा करत रहलन अऊर अब ऊ एक कर आयोजन ना कर पवलन।

खुद पर दाया देखा के एहीसन स्थिति से बाहर हो गइल कितना आसान बा जदि हमनी क खाली अपनी नजर से जब देखेलीजा। जदि हमनी क खाली अपनी ही बारे में सोचतवानी जा त एहसे खुद पर दाया देखावे क सामर्थ मिलेला। दूसरन क मदद पावे खातीर हमनी क अथक कोशीष करेनीजा ह खुद पर दाया एगो मुख्य फसरी ह अऊर हमनी के जंगल में रखला क शइतान क बढ़िया हथियार ह। जदि हमनी क सतरक नइखी जा त हमनी क ले सक एकरी नाशा में फस जानी जा।

खुद पर दाया देखवला में केताना समय बरबाद कर देनी जा? निराशा क सामना आप कइसे करेलजा? जब हमनी क निराशा क सामना करेलीजा त हमनी क मसीही होखला की कारण हमनी की लगे ई। विशेष अधिकार बा की हमनी के फिर, आशा मिल सकेला। परमेश्वर के साथे हमेशा एगो नाया शुरूवात ह। हॉलाकी खुद पर दाया देखावल के हमनी क बितल समय में ही फसल रहेलीजा।

## पुरनकी बातन के जायेद अऊर परमेश्वर के आवेदेंयी

**अब वितल घटना के याद मत कर, नाही एह समय की बातन पर मन लगाव जा। देखजा, हम एगो वाया बात करतानी, ऊ अबे उपराई, का तू अहसे अनजान रहबजा? हम जंगल में एगो रांस्ता बनाइब अऊर निरजन देश में नदियन के बनाइब।**

**यशायाह 43:18,19**

अपनी आप पर खेदित हो के हम अपनी जीवन क बहुते बरस खतम कर दिहनी। हमहु ओही नाशा से ग्रस्त रहनी। हर परकार क निराशा पर खुद पर दाया देखावल, ही हमार जबाब होखे। शइतान तुरन्ते हमरी मन में गलत बिचार भर देव अऊर हम ई ना जान पाई की “हम का सोचत रहनी” हम ऊ हर एगो बात सोचे लागी उतना ही ढेर दयनीय हम हो जाई।

हमनी की वियाह के शुरू बरसन में हम प्रायः कहानीयन सुनावल करी। फुटबाल की मौसम में हर आतावर की दूपहर में डेव टी.वी. पर खेल देखल चाहोस, जदि फुटबाल मौसम ना होखे त केवनो दूसर बाल मौसम देखल करस। डेव के एहमें बहुते माजा आवे, अऊर हमके तनीको भी माजा ना आवे। ओके सब ऊ खेल जेवना में उछलत बाल हमके आच्छा लागे अऊर एतना चाव से देखस की उनके पाता ही ना चले की उहवा हमहू बानी।

एक बार हम ठीक उनकरा आगे खाड़ा होगइनी अउर साफ हम कहनी “डेव आज हमार तबियत खराब बा, हमके लागत बा हम मर जाइब।”

टी.बी. पर से बिना नजर हटवले कहलन “ओह इत बहुते बढ़िया बा प्रिये” बहुत आतावार हम खीस अऊर दयनीय अवस्था में बितवली। जब हम डेव पराखिसीयायी हम घर क साफाई कइल चाहर कर देयी। अब हम जनली की हमइ बतावे क कोशीश कईल करि हम त केतना दुखी बानी अऊर ऊ खुश बाड़न हम चाहत रहनी की ऊ ई महशूस करस की ऊ अपराधी बाड़न हम तूफान की जइसन घर में घण्टन ईधर–उधर घुमत रही। दोवारा अऊर ड्रोपर के तेजी से खोली अऊर बन्द करिं वैक्यूम स्वीपर हाथ में लेके ओही कमरा में पहुच जाई जहवा ऊ बइठल रहल अऊर हुल्ला कर के एह बात क परदरशन करिं की हम केतना अधिक काम करत बानी।

निःसंदेश हम उनकर धियान अपनी ओर कईल चाहत रहली बाकी ऊ हमरी ओर देखत ना रहलन। हम निराश हो जात रहनी घर के पिछे जाके बाथरूम के फरस पर बइठ के रोवेलागी। जेतना ढेर हर रोयी ओतने ही अधिक हमार दाशा दयनीय हो जाव कुछ बरसन के बाद परमेश्वर हमरी पर परदरशन कईलन की केवनो औरत में जाके काहे रोवेली। ऊ कहलें काहे की उहवा एगो बड़ सिसा होला बहुते देरी तक रोवला की बाद ऊ खाड़ा होके खुद के देखले जान जाली की केतना दयनीय लागत बिया।

कबो–कबो हम एतना भयानक दिखे लागी की जब हम सिसा में खुद के देखी फिर रोवल चालू कर देयी। आखीरी में दुःखी होके धिरे–धिरे फिर ओही

कमरा में जाई जहवा डेव बइठल रहलन। देरी तक हमके देखला की बाद ऊ हमसे कहोस की जदि हम रसोई घर में जात बानीत कृपा करके हम उनकरा खातिर बरफ बाली चाहबना के लिया देयी।

मुख्य बातई बा की एहसे समसीया क सामाधान ना भईल। भावनात्मक अऊर शारीरिक रूप से हम एकदम सिंहरागइल रहनी। सगरी दिन गलत भावनवन क अनुभव कइला की कारण हमके लागे की हम बेजार हो गइल बानी। परमेश्वर आपके अपनी हाथ दोवारा नाहि बरन अपनी हाथ दोवारा छोड़इहन। खाली परमेश्वर ही लोगन की बदल सकेलन! पमरेश्वर के छोड़ के केहू अऊरी आदमी डेव के मैंच देखला से निरूत्साहीत ना कर सकता। जब हम परमेश्वर पर भरोसा रखल सिख लीहनी अऊर अपनी तरह से काम ना भइला पर जब हमार दाशा दयनीय हो जाव ओपर जब हम काबु पा लीहनी तब डेव भी सगरी खेल के कार्यकरम देखे में अऊर अधिक संतुलित हो गईलन।

अबो भी उनके ओखेलन में माजा आवे, बाकी अब हमके खराब ना लागे। अब हमहू ओ समय आनन्द पुरूवक काम करिना। जदि हम केवनो काम में देव क मदद चाहेनी त हम मिठा शब्दन क परियोग करिना अऊर बहुत बा ऊ अपनी योजनावन के बदल देलना। कईबार अइसनो समय आवेला जब काम हमरी इच्छा के अनुसार ना होला। जइसे ही हमार भावना उठल चालू करेला, हम प्रार्थना करेनी “हे परमेश्वर एह जॉच में सफल होखला में हमार मदद कर। हम एह पहाड़ी की चारो ओर अब एकहू बा घुमल नइखी चाहत”।

*प्रस्तावना*

# 23

## *“हम परमेश्वर की आशिषन क पात्र नइखी काहेकी हम लायक नइखीं।”*

जंगल क सोच # 8

# “हम परमेश्वर की आशिषन क पात्र नइखी काहेकी हम लायक नइखीं।”

## प्रस्तावना 23

## जंगल क सोच # 8

*तब यहोवा यहोशू से कहलन तुम्हारी नाम धराई जेवन मिस्रयन में भइल। ओके हम आज दूर कर देयीब। एह कारण ओह जगह क आज के दिन तक गिलगाल (लरकल) पड़ल बा।*

यहोशू 5:9

यहोशू की अगुवाई में जब इस्राइली के यरदन नदि पारकरके परतीज्ञा की देश में पहुचे वाला रहलन तब एहसे पहिले की ऊ उहवा की पहिला शहर यरिहो विजयी होखस परमेश्वर कुछ कइल चाहत रहले।

परमेश्वर आज्ञा दिहलन की सगरी इस्राइली यरदन क खतना कइल जाव काहेंकी एह चालीस बरसन में ई ना कइल गइल रहे। जब ई होगइल त परमेश्वर यहोशू से कहलन की ऊ मिस्र की तिरसकार के अपनी लोग की लगे लरका देल बाड़न।

अध्याव 6 सगरी विरितान्त दिहल गइल बा की केवनाी तरह परमेश्वर की अगुवाई में इस्राइल क संन्तान यरिहो पर कब्जा कइले रहे। बाकी सबसे पहीले ओह तिरसकार के उनहन के उपर से काहे हटावे के पड़ल? तिरसकार का ह?

## तिरसकार क मतलब

तिरसकार शब्द क मतलब ह “दोष लगावल निन्दा कइल लाज” जब परमेश्वर कहलन की ऊ इस्राइलीयन की ओह तिरसकार के जेवन मिस्र में उन्हन के साथे भईल लरका देयी। ऊ एगो बात बतावल चाहत रहलें। मिस्र सगरी दुनिया के दरशावेला। कुछ बरस हर दुनिया में रहला की बाद अऊर संसारिक बन जइला की बाद हमनी के एगो तिरसकार के लरका देबे क जरूरत बा।

जेवन–जेवन काम हम कईले रहनी या हमरी प्रति कईल गइल रहें। ओही कारण हमार स्वभाव लाज पर आधारित रहे। हमरी साथे जेवन भी ईल रहे ओकर दोषी हम खुद बानी। जबकी इन्हन में से बहुत कुछ हमरी लड़काई में

भइल रहे अऊर इन्हन के रोके खातीर हम कुछ ना कर सकत रहनी। हमनी क पहिले देखले रहनी की अनुगरह परमेश्वर क सामर्थ ह जेवन हमनी के उपहार के रूप में मुफत उनसे मिलेला अऊर उनकरी मदद से हमनी क खुद ना कर सकेनीजा। परमेश्वर हमनी के अनुगरह दिहल चाहत बाड़न अऊर शइतान हमनी के अपमान दिहल चाहत जेवन तिरसकार क दूसर शब्द है।

अपमान हमरा से कहलस की हम बढ़िया ना रहनी परमेश्वर क प्रेम अऊर उनकरा मदद के पात्र ना रहनी। लाज हमरी भितरी आदमी के खराब कर दिहले रहे। जेवन कुछ हमरी साथे भइल रहे ना खाली हम ओसे लज्जीत रहनी बाकी हम खुद से लज्जीत रहनी। हिरिदय की गहराइयन में हम खुद के पसन्द ना करत रहनी।

परमेश्वर दोवारा हमनी की ऊ तीरसकार के लरका दिहला क मतलब ह की हमनी में से हर एगो के अपनी बितल समय की पाप से माफी क जरूरत बा जेवन परमेश्वर हमनी के देबे खातीर तइयार बाड़न। आपके एह सत्य के समझ लेबे के चाही की आप परमेश्वर की आशीषन की पात्र कभि ना हो सकेला आप खाली दिन बन की उनकरा के खाली गरहन कर सकेली उनक बड़ाई कर सकेल अऊर आर्श्चय कर सकेल की ऊ केतना आच्छा बाड़न अऊर ऊ तोहके केतना प्रेम करेलन। अपना से घिरिणा कइल, अपना के नामानल, परमेश्वर की माफी के गरहण ना कईल, यीशू की लहू के दोवारा धरमीकता के ना समझल अऊर एइसन बहुते घटना तोहके जंगल में भटकावेला।

यीशू की दूवारा परमेश्वर से सही रिस्ता बना के रखला से ही तोहार मन नाया हो सकेला ना की तोहरी कास से एह सेवकाई में अइला के कई बरसन बाद हम भरपुर रिती से सनतुष्ट बानी। की 85 प्रतिशत हमनी क परशानीयन एही करण आवेला की हमनी क अपनी बारे में केवनी तरिका से सोचीला अऊर अनुभव करिला। केवनो भी आदमी जेवना के तू जानत बाड़ जदि ऊ विजयी जीवन जीयत बा त ऊ धारमीकता में भी चलत होखी।

हम जानत बानी की हम परमेश्वर की आशीष क पात्र जइखी बाकी फिरभी हम उन्हन के पावेली काहेंकी हम मसीह की संगी वारिस हई (रोमियों 8:16) ऊ उन्हन के कमइले हऊवे, अऊर उनपर विसवास कर के हम उन्हन के पवली।

## वारिस या मजदूर

**एह से अब तोहन लोग दास नइख, अऊर तोहन लोग लइका बाड़ त एह से परमेश्वर वारिस भी भइल।**

**गलतियों 4:7**

का आप लइका हई या मजदूर—बारिस हउव या बधुवा मजदूर? बारिस ऊ होला जेवन बिना केवनो जोगता के कुछ पावे ला जइसे मऊवत लेख दोवारा एक दूसरा आदमी से दूसरा आदमी की लगे सम्पत होला। बाइबल की अनुसार एगो बधुवा दास या मजदूर ऊ होला जेवन बेवस्था क अनुसरण कइला में सिहरा जाला। ई शब्द कठिन मेहनत अऊर कष्टन के बतावेला।

परमेश्वर जेवन मुफत में हमके अनुगरह देलन ओकरी जोग बने खातीर हम मजदूर की तरह कइ बरसन तक जंगल में भटकत रहनी। हम अपना क बढ़ीया बनावला क कोशीश करत रहनी ताकी हम ओ अनुगरह ए पावे के योग बन सकीं हमार सोच गलत रहे।

पहिला हम सोची की सगरी चीज कमाईल जा सकेला अऊरी ओकरी जोग बनल जा सकेला। "केहू भी तोहरी खातीर मुफत में कुछऊ ना करेला"। कई बरस तक हमके ई नियम सिखावल गइल रहे। जब हम जवान होत रहनी त ई बात हम कई बार सुनले रहनी। हमके बतावल गइल रहे जदि केहू अइसन बेवहार करे जइसे की ऊ कुछ हमरी खातीर कइल चाहता त ऊ झूठ बोलत बा अऊर आखीरी में हमार लाभ उठावल चाहत बा।

संसारीक अनुभव हमनी के ई सीखावेला की हर चीज पावे खातीर हमनी के ओकरी योग बने के चाही। जदि हमनी के मित्र चाही त उन्हन के हमनी क हमेशा खुश रखे के होई नाही त ऊ हमनी के अस्वीकार कर दिहें। जदि हमनी क बढ़त चाहत बानी जा हमनी के सही लोग के जाने के होई अऊर एक दिन हमनी के आगे बड़े क भोका मील जाई। एह संसार के छोड़े क जब समय आ जाला तब तक हमन की उपर एह तिरसकार क बहुत बड़ बोझ आ जाला जेवना के लरकावल बहुत जरूरी बा।

## आप खुद के केवनी परकार देखी ला

**फिर हमनी क उहवा भूत (या दैत्य) के मतलब राक्षस जात वालन**

**अनाकवंशीयन के देखनी जा, अऊर हमनी क अपनी नजर में त उन्हन के आगे किड़ा की जइसन देखाई पड़ि जा, अऊर अइसही उन्हन के नजर में देखाई पड़िजा।**

**गिनती 13:33**

इस्राइलीयन के उपर ई तिरसकार रहे। एह पद में हमनी क ऊ सत्य के देखेनी जा जेवन अपनी आप की बरे में उन्हीन क नाकारातम बिचार रहे। बारह में से दसगो भेदियन जिन्हन के प्रतिज्ञा वाला देश में भेद लीयावे खातीर भेजल गइल रहे, एसे पहिले की सगरी इस्राइली यरदन नदि पार कर के ओ देश में पहॅुचस वापस लउट के कहलन की ओह देश में शइतान जइसे लोगन क वाश बा अऊर उन्हन की नजर में हमनी क किरवना जइसे बानी जा अऊर अपनी नजर में भी।

एहसे साफ रूप से हमनी के पाता चलेला की उन्हन क बिचार अपनी बारे में का रहे।

कृप्या करके ई जान लेई की शइतान एही परकार क नाकारातमक बिचार जेवन आप अपनी बारे में सोचीला आपकी मन में (जदि आप ओके आज्ञा देत बानी) भर देला। आपकी मन में गढ़ बनावल ऊ बहुत पहिले से ही चालू कर दिहले रहे, आपकी बारे में नाकारातमक चिझन अऊर दूसर लोग जेवन आपकी बारे में सोचे लन ई सगरी बिचार आपकी की मन में भर देला। ऊ हमेशा अइसन स्थिति उगा देला जेवना में आप बेजैती क अनुभव करें लागेलीं ताकी ऊ एह पिड़ा के आपके आगे ओ समय ला सके जब आप विकास करे क कोशीश करत होखी।

असफल अऊर अस्वीकार हो जइला क डर बहुते लोगन के जंगल में भटकावत रहेला इस्राइली बहुते समय तक मिस्र में जेवन दास बन के रहल स अऊर कठोर निरदयी बेवहार जेवन उन्हन के साथे भईल रहे इहे ऊ तिरसकार ह जेवन उन्हन की उपर रहे। रोचक बात ई बा मूसा की साथे जेवन पिढ़ी बाहर आइल रहे उन्हन में से केवनो भी परतीज्ञा की देश घुस ना पवलेंस। जेवन घुसलस ऊ उन्हन क संतान रहल स। फिर भी परमेश्वर उन्हन से कहलन की उनके उन्हन की उपर से ऊ तीरसकार लरकाये (हटावे) के बा।

उन्हन में से ढेरन क जनम जंगल में भइल रहे जब उन्हन क माई—बाप मिस्र छोड़ दिहले रहलन। जब ऊ में रहवे ना कइलन त मिस्र क तीरसकार

उन्हन की उपर केवनी परकार आ गइल? जेवन चिझन आपकी माई बाप क बा ऊ आपके मिल सकेला आचारण बिचार अऊर।

बेवहार आपके पैतृक परम्परा से मिल सकेला। आपकी माई बाप क गलत सोच आपक क सोच पैतृक परम्परा से मिल सकेला जेवन आपके पाता हो ना होई की आप एह तरह काहें सोचे ल।

माई बाप जेकर सोच खुद क ठिक नइखे जेवन अपनी आप के हर बात में अयोग्य समझत होखे अऊर "हम परमेश्वर की आशिषय की जोग नइखी" एही तरह क सोच रखत होखस त पाका ऊ सोच लइकन तक पहुच जाई। आपकी मन में आपक विषय में का चलत बा एकरी प्रति सावधान होखला क बहुते जरूरत बा। तोहरी असफलतावन खातीर परमेश्वर आपन दाया देबे खातीर तइयार बाड़न जदि तू एके गरहन कइला के तइयार बाड़ा ऊ ओके प्रतिभनल ना देला जेवन बढ़िया होखे या ओहमें कवनों कमि ना होखे या कबो केवनों गलती ना करत होखें, बाकी जेवन ओपर विसवास करे ल उनपर भरोसा रखेलन उन्हन के ऊ इमान देलन।

## परमेश्वरपर विसवास रखला से ऊ खुश होलन

**अऊर विसवास के बिना परमेश्वर के खुश कइल मुसकील बा काहे की जे केहू परमेश्वर की लगे आवेला ओकरा के ई विसवास कइल बहुत जरूरी बा कि परमेश्वर जीयते बाड़न अऊर जवन लोग उनकरा के जोहे वालन के परतीफल देबेलन।**

**इब्रानियों 11:6**

कृप्या धियान देयी बिना विसवास के आप परमेश्वर के खुश ना कर सकीना, चाहे आप केतनो भी बढ़िया काम उनका अनुगरह पावे खातीर कइले बाड़ी एहसे ऊ खुश ना हो सकेलन।

हमनी के जेवन कुछ भी परमेश्वर खातीर करिला ऊ एह खातीर ना कि हमनी क ओसे कुछ पावे के कोशीष करत बाड़न बाकी एह खातीर की हमनी क उनके प्रेम करेनी।

ई सामर्थी बचन कहेला की परमेश्वर उन्हन के परतीफल देला जेवन मेहनत से उनके खोजेलन। हम बहुत खुश भइनी जब हम पुरा तरह एके देख लिहनी।

हम जानत बानी की बितल समय में हम अनेको गलतीयन कइले बाड़ी बाकी हम ई हो जानत बानी की हम अपनी पुरा हिरिदय से परमेश्वर के मेहनत से खोजनी। एकर मतलब बा कि हम ओह प्रतिफल की योग बानी। बहुत बरिस पहिले हम फयसाला ले लीहल रहनी जेवन भी आशीष परमेश्वर हमके दिहल चाहत बान ओके हम गरहन कर लिहल करब।

परमेश्वर इस्राइलीयन क परतीज्ञा के देश में ले जाइल चाहत बाड़न अऊर उन्हन के आशिष दिहल चाहत बाड़न जेवना क ऊ लोग सोचलो ना रहलें बाकी सबसे पहिले ओके उनका उपर ऊ तिरसकार हटावे के रहे। ऊ लोग ओके बढ़िया से गरहन ना कर सकत रहले जबले ऊ लाज दोषी भाव अऊर अपमान की बोझा से दबाईल।

## निरदोष

**परमेश्वर हमनी के दूनीया के बनवला से पहली मसीह में चुन हिले कि हमनी के उनका देखला में पवित्र अऊर बिना दोष के होखी।**

**इफिसियन 1:4**

ई एगो अद्भूत बा! एह से परमेश्वर हमनी के बतावे लन की हमनी क उनक हइजा अऊर ऊ हमनी खाती का चाहत बाड़न कि हमनी क ई जानल जाकी हमनी क विशेष मूल्यवान अऊर प्रेमी बानी जा अऊर हमनी के पवित्र, निरदोष होखे के बा।

पवित्र जीवन बीतावे खातीर हमनी के ऊ सगरी करे के चाही जेवन हमनी क कर सकत बानी जा। बाकी परमेश्वर क धन्यवाद होखे की जब हमनी क गलती करेलीजा त हमनी के माफी मिल जाई अऊर फिर से हमनी क परमेश्वर में पवित्र अऊर निरदोश बन सके निजा।

## बेगैर दोष लगवले या बेगै उलाहना दिहले

**जदि तोहन लोग में केहू क बुद्धि क घटी होखे, त ऊ परमेश्वर से मांगे, अऊर ओके मिली काहेंकी ऊ सगरी केहू के ऊ बिना ताना दिहले दिल खोल के देलन अऊर ओके दिहल जाई**

**याकूब 1:5**

ई एगो दूसर महत्वपूर्ण पद हउवे जेवन हमनी के सीखावे ला कि बिना केवनो ताना दिहले हमनी क परमेश्वर से बुद्धि पा सकेलीजा।

याकूब ओह लोगन से बात करत रहलन जेवन महत्व अऊर परिक्षावन में घेराइल रहल अऊर अब ऊ उन्हन के बतावत रहलन की एइसन दाशा में जदि ऊ लोग बुद्धि पावल चाहत बाड़न त उन्हन के परमेश्वर से मागे के होई। ऊ उन्हन के पाका दिलावेलन कि ऊ बिना दोष लगवले उनहन क मदद जरूर करिहन। आप परमेश्वर की मदद के बिना एह जंगल से कबो ना निकल पाइब। बाकी जदि आप अपनी बारे में नाकारातम स्वभाव बा तब परमेश्वर जदि आपक मदद करत भी बाड़न तबो आप ओह मदद के गहरन ना कर पइबजा।

जदि आप एगो विजयी, सामर्थी अऊर साकारातमक जीवन क इच्छा रखत बानी तब आप अपनी बारे में नाकारातमक ना हो सकेल। खाली ई ना देखी की आपके केतना दूर जाए के बा बाकी ई देखी की आप केतना दूर आ गइल बानी। अपनी विकास पर बिचार करिं अऊर इफिसियों 1:6 याद रखी। हमके एह बात क भरोसा बा कि जेभी तोहरा में बढ़िया काम कइल चालू कइलस उसे ओके यीशू की दिन तक पुरा करिं।

*अपनी बारे में साकारातम ढंग से सोची अऊरी बोलीं।*

*प्रस्तावना*

# 24

## *“जब हर एगो आदमी हमसे बढ़िया दासा में बा त हम काहे न जलन अऊर ईरष्या रखीं?”*

जंगल क सोच # 9

# *“जब हर एगो आदमी हमसे बढ़िया दासा में बा त हम काहे न जलन अऊर ईरष्या रखीं?”*

## प्रस्तावना 24

## जंगल क सोच # 9

*आके (यूहन्ना) देख के पतरस यीशु से कहलस, हे प्रभु एकर का होई?*

*यीशु ओसे कहलन जदि हम चाहीं की ऊ हमरी आवे तक रूकल (जिन्दा) रहे, त तोहसे का मतलब? तु हमरी पीछे हो ल।*

यूहन्ना 21:21, 22

यूहन्ना 21 में यीशु पतरस बात–चित करत बाड़न अऊर कहत बाड़न की जदि पतरस यीशु क सेवा अऊर उनकर महिमा कइल चाहत बाड़ त तोहके कठिनाइयन क सामना करे के होई। जब यीशु ई कह लीहले त तुरन्ते पतरस घुम के यूहन्ना के देखलन अउर यीशु से कहलन उनकरि खातीर यीशु क का इच्छा बा। पतरस ई बात बढ़िया से जानल चाहत रहले की जदि ओके कठिन समय क सामना करे के होई त यूहन्ना के भि करे के होई।

एकरी जबाब में यीशु नतमता से पतरस से कहलन की तू खाली अपनी काम से मतलब राख।

आपन मन खाल दूसरन की बारे में लगवला से हमनी क जंगल में ही भटकत रहल जाई। जलन, ईरष्या अऊर मानसीक रूप से अपनी आप के अपनी परिस्थित के दूसरन से तुलना कइल एगो जंगल क सोच हउवे।

## ईरष्या अऊर जलन से सावधान रहजा

**शान्त मन तन क जीवन हउवे बाकी मन के जलला से हड्डीयन भी जर जाली स।**

**नीतिवचन 14:30**

ईरष्या से एगो आदमी क स्वभाव दुष्ट अऊर निरदयी हो जाला। ईरष्या से ही युसूफ के भाइयन ओके दास के रूप में बेच दिहले रहले। उलोगन ओसे घिरिणा करत रहले काहेकी उन्हनी क बाप ओसे बहुते प्रेम करोस। जदि आपकी

परिवार में केहू अइसन न आदमी बा जेपर आपसे ढ़ेर किरिया कइल जाला त आप ओहसे घिरिणा ना करिं परमेश्वर पर भरोसा रखी। उन्हे करिं जेवन ऊ आपसे करि के कहत ला कृपया पावे खातीर ओपर विसवास करिं– अऊर आखिरी में आप युसूफ की जइसे परम आशीष पाइब।

पुराना अऊर नाया नियम क वाइन क डिक्शनरी, ग्रीक शब्द जेकर अनुबाद एन्वी कइल गइल बा, ओकर व्याख्या एह परकार करेली, “दूसरा न क विकास देख कर अप्रसनता क अनुभव उगल” “जैलेसी” शब्द के बेब्सटर क शब्दकोष कहेला, जलन, डर, अउर कटुता क भावना” एह व्याख्या के हम एह प्रकार कहेली की जेवन आपकी लगे बा ओके खोगइला क डर की ऊ कही दुसरन की लगे मत चल जाव, दूसरन क सफला देख के खिसियाईल।

## तुलना अऊर स्पर्धा मत करिं

**ओह लोग में ई बात बिवाद भी भइल हमनी में के बड़ गिनल जाला? यीशु ओह लोग से कहलन अनजातिपन के राजा उन्हनी पर राज करेलन स; अऊर जवन उन्हनी पर आधारित रहेलन स ऊ लोग के दोस्त कहालन स पर तोहन लोग अइसन मत होखीह की जे तोहन लोग में बड़का बा, ऊ छोट के अइसन बने अऊर जे पत्थान बा ऊ नोकर के अइसन बने।**

**लूका 22:24–26**

हमरी शूरूवाती जीवन में हमरी भितर भी ईर्ष्या, जलन अउर तुलना कइला क आदत रहे। ई असुरक्षा क एगो सामान लक्षण ह। जदि हमनी क अद्वितीय वैक्तीक यहत के बारे में असुरक्षीत अनुभव करिली; त तब हमनी क अपनी आप के दूसरन की साथे तुलना करे लागेलन जेवना के हमनी क सफल समझेलीजा।

ई सीखे के बाटे कि हमके परमेश्वर व्यक्तिक रूप से बनवले रहलन (परमेश्वर के लगे हमरी जीवन खातीर एगो व्यतिगत विशेष योजना बा) अऊर इहे ऊ किमती आजादी ह जेवन परमेश्वर हमके दिहले बाड़न। हमके अपनी आप के (या हमरी सेवकाई) केहू अऊरी से तुलना कइला क जरूरत नईखे।

जब हम यीशु की चेलन के देखीला त हम जान जाइला की ओह लोग भी अपनी जीवन में ओ चिजन खातीर बहुते संघरस कइले रहलन जेवनी चिजन खातीर हम संघरस करिंला तब हम हमेशा खुश हो जाइला कि हमरी खातीर भी एगो आशा बा। लूका 22 में हमनी क ई पावेली जा कि चेलन आपस में

ई बाद झगड़ा करत रहले की उन्हन में सबसे बड़का ऊ बा जे खुद के सबसे छोट समझे ला। हमनी क प्रभू आपन बहुत समय अपनी चेलन के व समझवि में बितवलन की परमेश्वर क राज्य क जीवन एह संसारीक जिवन की उलटा बा। यीशु उन्हन से कहलन की सही में सबसे बड़ प्रभू आपन बहुत समय अपनी चेलन के ई समझावे में बितावलन कि परमेश्वर क राज्य क जीवन एह संसारीक जिवन की उलटा बा। यीशु उन्हन के सिखवलन "बहुते लोग जेवन पहिले बाड़न ऊ पिछे होखिहन, अऊर जे पिछे बाड़न, ऊ पहिले होखीहन" (मरकुश 10:31) "जेवन धन्य बाड़न उन्हन के संगे खूशि मनाब" (लूका 15:6–9) "अपनी बिरोधियन से प्रेम कर अऊर अपनी कहि की मूरूयाता ह बाकी यीशु कहेलन इहे सचा सामर्थ हउवे।"

## संसारीक स्पर्धा के अलग रखी

**हमनी क घमंण्डी होके ना एक दूसरा के छेड़ी अऊर नाही एक दूसरा से डाह रखी।**

**गलतियों 5:26**

संसारिक रितो की अनुसार सबसे आगे रहला के जगह सबसे बढ़िया मानल जाला। लोकपीरीय सोच ई हे कहीहन की हमनी के सिखार हुवे के कोशीश करे के चाही चाहे एह रास्ता में हम दुसन के चोट काहे ना पहुचावत होखी। बाकी बाइबल हमनी के सिखावेला कि सची सान्ती नाभ क केवनो चिज नइखे जब तक की हमनी क दूसरन से स्पर्धा रखल ना छोड़ देयी जा।

"कौतुक खेलन" में भी प्रायः इ देखल जइल बा लोग स्पर्धा की भावना से भर जालन अऊर अनियन्त्रीत होके एक दूसरा से लड़ाई अऊर विनौद खातीर होला। सही में लोग हारे खातीर ना खेलेलन हर एगो आदमी आपन पुरा जोर लागा के खेलेला। बाकी जदि केहू आदमी केवनो खेल क माजा तक ना लेला जबतक ऊ जितत ना होखे तब परक रूप से ओकरी लगे एगो समसीया बा–एगो बाड़ीयार समसीया जेवन ओकरी जीवन की अलग–अलग क्षेत्रन में अऊर भी अन्य समसीयावन के जनम देत बा हमनी के केवनो भी काम के बढ़ीया से करे के चाही अऊर अपन व्यवसाय में आच्छा काम कर के आगे बढ़ला में केवनो खराबी नइखे। बाकी हम आपके याद दिलाके आपके उभारत चाहत बानी की एगो विसवासी के पदउनती परमेश्वर की ओर से आवेला आदमी की ओर से

आवेला आदमी की ओर से ना। हमके अऊर आपके आगे बढ़े खातीर संसारीक खेल खेलला क जरूरत नइखे। परमेश्वर हमनी के आपन अऊर आदमीयन दूनो के अनुसार दिह। (नितिवाचन 3:3–4)

इरसीया अऊर डाह नरक के कष्ट हऊवन स। जेवन की आदमी हमशे बढ़िया दाशा में होखे या ओकरी लगे एइसन कौशल होखे जेवन हमरी लगे ना रहे ओके देख के हमहू दूखयी अऊर डाह से भर जाई अऊर हम अपनी जीवन क कइगो बरस एही में बितादिहली। हम अपनी सेवकाई में भी दूसरन की साथे स्पर्धा रखी बाकी एके हम छिपा के रखी। ई हमरी खातीर महतपुर्ण रहे कि “हमार” सेवकाई आभार में बड़ आच्छा ढेर लोगन दोवारा भरल बा समीरीद्ध शाली होखे। जदि दूसरी आदमी क सेवकाई हमरी सेवकाई से आगे निकल जावे त हम ओकरा खातीर खुशत होखी काहेकी हम जानत रही की ई परमेश्वर क काम अऊर इच्छा ह बाकी हमार आत्मा ओके ना माने। मसीह में हम के हई जब हम एह आज्ञा में बढ़त गइनी तब हम जनली की सची आजादी एही में बा जब हम खुद क तुलना या अपनी काम क तूलना दूसरन से ना करि। जेतना ढेर हम परमेश्वर पर विसवास करे सिखत गइनी ओतना ही ढेर ओह क्षेत्र में अपनी आप के आजाद महसूस करत गइनी अऊर एकर माजा उठावत गइनी। हम सीखनी की हमार सरगीय बाप हमरा से प्रेम करेलन। अऊर हमेश हमारी भाला चाहेलन। हमरी अऊरी आपके खातीर जेवन परमेश्वर करे लन ऊ हो सकेला चाही जेवन यीशु परतस से कहले रहलन, “दूसरन के साथे हम एक बार हमार एगो दोस्त के परमेश्वर की ओर से उपहार मिल गईल, जेवन के हम बहुत समय से पावे के चाहत रहनी। हम ओह रोस्त के ओतना आत्मीक ना समझत रहनी जेतना हम रहनी अऊर एह कारण हम इर्ष्या अऊर डाह से भर गइल रहनी। ऊ उत्साहीत हो के हमरी दोवार पर अइली अऊर हमके बतवली की परमेश्वर उनकी खातीर का कइले बाड़न। उनकरी आगे त खुश होखला क नाटक कइली बाकी अपनी हिरिदय में खुश ना रहनी।

जब ऊ चलगइली तब हमार बेवहार बदले लागल अऊर अइसन हो गइल जेवन हम सोचले भी ना रहनी। परमेश्वर क ओके आशिष दिहल हमरी खातीर खिस क कारण बन गइल काहेंकी हम सोची की ऊ एकरी जोग नइखे। हम घरवे में रहनी उपवास रहली। हम “फरिजी” रहनी एगो धारमीक शिष्ट जन अऊर इ हम जानत भी ना रहनी। कबो–कबो परमेश्वर अइसन घटना क प्रबन्ध कर देलन जेवना क चुनाव हमनी क ना करल जाई काहेकी ऊ जानत रहले

की हमनी के केवनी चिज क जरूरत रहे। हम अपनी खराब बेवहार के छोड़ल चाहत रहनी। परमेश्वर हमरी परिस्थियन क एह परकार से प्रबन्ध करेलन की आखीरी में हमनी के आपन सामना खुद करे के पड़े नाही त हमनी क आजादी क अनुभव कबो ना कर पावे के।

जबले शत्रु हमनी की आत्मा में छुप सकेला ऊ आपन बस हमनी की उपर हमेशा रखी। बाकी जदि परमेश्वर ओकर सही भेष दरसा देलन तब हमनी क जदि आजादी की रास्ता पर आवल चाहत बानी जा त हमनी के अपनी आप के परमेश्वर हाथन में रखे के होखी अऊर उनके अनुमती दे देबे के चाही की जेवन ऊ कइल चाहत बाड़न तुरन्त करस।

परमेश्वर क हमरी जीवन खातीर इहे योजना रहे की हम एह सवकाई में रही अऊर लाखन, लोगन क सेवा टि.बी., रेड़ियो, सेमिनार अऊर किताब न दोवारा करि। बाकी ऊ हमके सम्पुणता ना दिहे खाली एकरी की हम तनी–तनी करके उनकी में बढ़त जाई।

## नाया सोच रखी

**हे प्रिय हमार ई प्रार्थना बा कि जइसन तोहार आतम तरकी करता, वोइसही तूहू सगरी बातन में नरकी कर अऊर भला–चंगा रह।**

**3 यूहन्ना 2**

सावधानी पुरूवक एह पद पर धियान देयी। हमनी क परमेश्वर से जेतना आशिष चाहेली ओहसे कही अधिक आशिष हमनी के दिहल चाहत बाड़न। बाकी ऊ हमनी क प्रेम भी एतना अधिक प्रेम करेलन कि ऊ हमनी के ओहसे ढेर आशिष ना देलन जेतना आशीषन के गरहण करे क हमनी क क्षमता बा।

इरष्या, जलन, डाह अऊर दूसरन के साथे आपन तुलना कइल हास्यास्पद ह। ई सम्पुणतया शरिरक ह अऊर आत्मीक चिजन से एक केवनो रिस्ता नइखे। बाकी जंगल में जीवन बितवला क ई बहुते कारणन में से ई एगो मुख्य कारण ह।

एह क्षेत्रन में अपनी बिचारन पर धियान देयी। जब गलत बिचार आपकी मन में आवे लागेला त आप खुद से तनी बातचित करि। खुद से कहि "दूसरन से इरष्या रखला से हमार का भलाई होई। एहसे हमके आशिष त मिली ना। प्रभू हम विसवास की साथे ई प्रार्थना करिना। अपनी आत्मा में हम ओसे इरष्या करिं

ला अऊर ओहसे अपनी के कम पावेली बाकी हम तोहार इच्छा चाहत बानी चाहे हमक बढ़िया लागे या घराब।”

अबे जलदी में हम केहू के ई कहत सूननी चाहे आप केतनो भी बढ़िया काम कर कोहे ना केहू जेवन आपसे बढ़िया काम करत होखी। एह बचने से हमके एगो आद्यात लागल काहेंकी हम जानत बानी की ई सही बा। अऊर जदि सही बा त इसरन से आगे नीकले क संघरण हमनी क अपनीपुरा जीवन में करेलीजा ओसे का फायदा? जइसे हमनी क ना एक बन जाईनी जा केहू हमसे स्पर्धा रखत होखी अऊर ऊ आदमी हमसे बढ़िया काम कर के देखा देला।

खेल की बारे में सोची, एगो खेलाड़ा जेवन रिकाड बनावेला ओ के दूसर आके तोड़ देला। मनोरंजन की क्षेत्र में का होला। केहू कालाकार कुछ समय खातीर सिखा पर रहेला अऊर फिर केवनो नाया कालाकार भरके ओकर जगह ले लेला। ओकर जगह लेबेला। एइसन सोचल कि हमनी क हमेशा हर एक से आगे रही अऊर उहे बनल रही केतना भयानक धोखा बा।

बहुत सयम पहिले परमेश्वर हमके ई बात याद करे खातीर बतवले रहलन की “टुटत तारई” तेजी से उपर उठेला अऊर सबक धियान अपनी ओर कर लेबे ला बाकी एइसन क्षण भर होला जेतन तेजी से ऊ उपर उठेला एतना ही तेजी से निचे गिरेला। ऊ हमके बतवलन की बढ़ीया होई कि हमनी के अधिक देर तक ऊ हवा रही अऊर अपनी पुरा योगता से ऊ काम करि जेवना के ऊ हमनी के करे के कहले बाड़न। ऊ हमके ई निसिचय दिहलन कि ऊ हमार आदर बनावे रही हन। ह ई फयसला लीहले बानी की जेवन भी ऊ हमसे चाहत बाड़न अऊर जइसन की ऊ हमके बताव चाहत बाड़न ऊ हमरी खातीर ठीक बा। काहे? काहेकी ऊ जानत बाड़न की हम का –का आच्छा से सम्हार सकेली।

हो सकेला आपकी मन में एह क्षेत्र में बहुत बरसन से गढ़ बनल होखे। हर बेरी जब आप केवनो एइसन आदमी की नजदीक आवेली त आपके अपने से आगे देखाई देत होखे आपकी भितर इरष्या अऊर डाह क भावना आ जाला अऊर आप ओह आदमी की साथे स्पर्धा रखे लागेली। जदि एहीसन बा त हम आपके प्रेरित करत बानी की आप एगो नाया सोन्य रखी।

एह परकार क मन रखी की दूसरन आपसे खुश रहस अऊर परमेश्वर पर भरोसा रखी। एहमे तनी समय लागी बाकी जब ऊ पुराना गढ़ टुट जाला अऊर परमेश्वर क बचन ओकर जगह ले लेबे तब आप जंगल से निकाल कर परतीज्ञा वाला देश में पहुच जाइल।

## *प्रस्तावना*

# 25

## *"हम एके अपनी ढंग से करब या एकदम ना करब।"*

### जंगल क सोच # 10

# “हम एके अपनी ढंग से करब या एकदम ना करब।”

## जंगल क सोच # 10

## प्रस्तावना 25

*अऊर ईश्वर की बड़ कामन के भुला ना जाई बाकी उनकी आज्ञावन के मानल करिंजा अऊर अपनी पूरवजन के जइसन ना होखी काहेंकि ओ पीढ़ी के लोग अठिला रहलन अऊर झगड़ालू रहलन अऊर आपन मन स्थिर ना कइलन अऊर ना उन्हन क आत्मा ईश्वर की ओर सच्चा रहे।*

भजन संहिता 78:7,8

इस्राइली की जब जंगल में रहलत ऊ भी हठिला अऊर झगड़ालू स्वभाव क रहले अऊर एही कारवा ऊ उहवा मर गइले। परमेश्वर उन्हन से जेवन करे खातीर कहले रहलन ऊ नाकरोंज। जब ऊ केवनो परसानी में फस जावोस तब ऊ चिलीला के परमेश्वर से कहा से की उन्हन के एह समसीया से बाहर निकालस। ऊ तब तक उनकी निरिदंशो क पालन कर स जब तक परिस्थितीया आच्छा ना हो जावे। अऊर फिर ऊ तुरन्त विदरोही बन जावो स।

ई क्रम बार–बार चलत रहे अऊर एकर विवरण हमनी क अनेक बार पुराना विनय में पावे लीजा की एकर विसवास ना होखे। हमनीयो क जदि बुद्धि के साथे नइखी जा चलत त हमनीयो क अपनी जीवन में उहे काम करत बानी जा।

हम जानत बानी जा की हमनी में से कुछ लोग स्वभाव ही से दूसरन से हठिला अऊर विदरोही होलन स। अऊर फिर हमनी के अपनी जड़न पर धियान देबे के होई अऊर एह बात के सोचे के होई की जीवन क शुरूवात हमनी क केतरे कइले रहनी जा काहे की इहे हमनी पर असर डालेला। हम मजबूत व्यक्त्वि लेके जनम लिहले रहनी अऊर सगरी का मे के अपनी तरिका से करि बाकी कुछ बरसन जेवन हमरी साथे दुरबेवहार कईल गइल अऊर हमरी पर कठोर नियंत्रण रखल एसे हमार व्यक्तित्व अऊर भी मजबुत हो गईल अऊर हमरी भितर एहीसन सोच क निरमाण हो गईल हमके लागे लागल केहू भी हमके ई ना बताइ की हमके का भइल बा।

एहसे पहिले की परमेश्वर अपनी काम खातीर हमके उपयोग करस उनके हमरी ई खराब बेवहार क प्रबन्ध करे के रहे।

परमेश्वर चाहे लन की हमनी क अपनी तरिका से काम कइल छोड़ दिहल जा अऊर लचीला बन्द करके उनकी हाथन में अपनी आप के सउदा दिहल जा। जबतक हमनीक हठिला अऊर बिद्रोही रहल जाई ऊ हमनी के इस्तेमाल ना कर सकीहन।

“हठीला” क मतलब हम समझतनी केहू क काम करे में ढिठाई क सामना कइल अऊर विद्रोह के मतलबः नियंन्त्रण क बिद्रोह कइल नियम क विरोध कईल अनुसासनहीनता। हमरी भितर ई सगरी बात रहली स।

शुरूवाती जीवन में हमरी साथे जेवन दुरबेवहार भइल रहे ओसे हमार स्वभाव असंतुलीत हो गइल रहे। बाकी जइसन हम पहिलो भी कहले रहनी की हमके अपनी ई बिद्रोह स्वभाव के बहाना आपन बितल समय नइखे बना देबे के। विजई जिवन चाहत बाड़न की परमेश्वर की आज्ञा क तुरून्त हमनी क पालन करि जा। एह क्षेत्र में उन्नती कईल बहुत जरूरी बा।

उपर जगह पर पहुच के ई सोचल काफी नइखे “हमके इहवा जाए के रहे ऊ हवा हम पहुच गइल बानी।” हमनी क सगरी बात में आज्ञाकारी बने के बा अपनी जीवन में प्रभु क दोवार कबो ना बन्द करे के चाही। हमनी सबकी जीवन में कुछ अइसन क्षेत्र जरूर होला जेवना के हमनी क दौड़ल ना चाहत बानी की तनकी सक खमिर पुरा सानल आटा के खमीर कर देला। (1 कुरिन्थियों 5:6)

## परमेश्वर आज्ञा कारीता चाहेलन बलिदान नाहीं

**शमूएल कहलस (राजा शाउल से) का यहोवा होम बलियन से अऊर मेल बलियन से ओतना खुश रहेलन, जेतना की आपन बात मानला से खुश रहेलन? सुन मानल त बलि चढ़वला से अऊर कान लगावल मेढ़न की चरबीसे बढ़िया था। देख बालव करल अऊर भावी करेवालन पुछिह एकही जइसन पाप बा अऊर हठ कइल मूरतन अऊर गृहदेवतध्वन के पुजला से बढ़िया बा। तु जेवन यहोवा की बात के खराब जनल एह से ऊ हमके राजा होखला खातीर खराब जनल।**

**1 शामूएल 15:22—23**

शाऊल क जीवन क परिक्षण कइला से हमनी के साफ–साफ पाता चल जाला कि उनका के राजा बनला क एगो मौका दिहल गइल रहे। बाकी ऊ आपनी हठिला अऊर विद्रोही स्वभाव के कारन ढेर दिन तकम राजा ना रह पावलस। ऊ अपनी तरिका से सगरी बस सोचल करे।

एक बार जब भविष्यवक्ता शामूएल शाऊल के समझावत रहले काहेकी शाऊल कहला के अनुसार काम ना करे त शाऊल क जबाब रहे “हम सोचली” अऊर फिर ऊ आपन भावना बतवलस की केवनी तरह ऊ सोचेलन की काम केवनी परकार होखे के चाही (1 शामूएल 10:6–8, 13:8–14) शामूएल राजा शाऊल के जबाब दिहलस की परमेश्वर आज्ञा कारिता चाहेलन प्रायः हमनी क ओके नइखी जा कइल चाहत अऊर फिर आज्ञा ना मानला की बदले कुछ अऊरी कइला क कोशीष करे लागेलन।

केतना अइसन परमेश्वर क सन्तान बाड़न जेवन “राजावन की जइसन जीवन” जियला में असफल हो जालन (रोमियन 5:16, प्रकाशीत वाक्य 1:6) काहेकी ऊ ढिठ अऊर झगड़ालू होलन स। एम्पलीफाइड बाइबल में सभोउपदेशक की किताब की प्रस्तावना में “एह किताब क उदेश्य जिवन क अनुसंसाधन करे के बा अऊर आखीरी में विश्लेराज के बाद ई सिखावल बा की परमेश्वर आदर अऊर भक्ति की बिना ई जीवन निरथक बा हमनी के ई समझ लबे के चाही आज्ञाकारिता कि बिन बढ़िया आदर अऊर भक्ति ना होली। बहुते लइका जेवन बिद्रोही स्वभाव देखावेलन ओकर कारण बा कि उन्हन की हिरिदय में अपनी भाई–बाप के खातीर सही साम्मान आदर अऊर भक्ति ना होला। एकर दोषी ओकर भाई–बाप ही हउवे काहेकी अपनी लइकन की आगे ऊ लोग आदरसपूर्व जीवन ना बितवलन जेवना से लइकन की भितर उनके खातीर आदर अऊर भक्ति ना उग पाइल। बहुते विद्वावन क बिचार ह की सभोउपदेश क किताब लिखे वाला राजा शुलैमान रहले जेवना क परमेश्वर व सगरी आदमीन से ढेर बुद्धि दिहले रहले। जदि सुलैमान एतना बुद्धिमान रहे त ऊ अपनी जीवत में एतना दुःख संभरल गलती काहे कइलन। जबाब बहुत आसान बाः ई सम्भव बा की हमनी की लगे जेवन कुछ बा ओकर उपयोग हमनी क ना कईल जा। हमनी की लगे मसीह क मन बा बाकी का हमनी क हमेशा ओकर उपयोग करे लीजा? परमेश्वर की और से यीशु के हमनी खाती बुद्धि बनावल गइला बा बाकी का हमनी क हमेशा बुद्धि क उपयोग करे नीजा?

सुलैमान सगरी काम के अपनी तरिका से कईल चाहे। ऊ आपन पुरा जीवन कबो एह काम के करे में त कबो ओह काम के करे में ही बिता दिहलस।

ओकरी लगे हर एगो चिज रहे जेवना के खरिदल जा सकेला बढ़िया से बढ़िया संसारीक बैभव अऊर आन्नद–अऊर फिर भी किताब की आखारी में ऊ आपन ई राय दिहलसः

**सब कुछ सुनल गईल आखरी क बात ई बा की परमेश्वर क डर मान अऊरी उनकरी आज्ञावन के पालन कः काहेंकी आदमी क सगरी कातत्य इहे ह।**

**सभोपदेशक 12:13**

एह पद से जेवन हम समझत बानी ओहके हम अपना भाषा में बतावत बानीः

आदमी की बनवला क उदेश्य ई ह कि उनकर आज्ञा मनला की दोवारा उनक भक्ति अऊर इजत करजा। ईश्वरिय स्वभव क जड़ ओकरी आज्ञाकारिता में होखे के चाही–सगरी खुशीयन के नेई इहे ह। परमेश्वर क आज्ञा मानला की बिना केहू भी खुश ना रह सकेला। हमनीकी जीवन क केवनो भि चिझ अत्यपरिस्थित होखे, आज्ञाकारिता की दुवारा जवस्थीत हो जाला। आज्ञा मानल ही मनुष्य क करतब्य ह।

हमरी खातीर ई एगो अदभूत पद ह अऊर हम आपके उभारत बानी की आप एहके पढत एहब अऊर रहब अऊर एहपर मनन करत रहब।

## आज्ञा मानल अऊर आज्ञा ना मानल दूनो क परिणाम ह

**काहेकी एगो आदमी की आज्ञा ना मनला से सगरी आदमी पापी हो गईल, अइसे ही एगो आदमी की आज्ञा मानला से बहुत लोग धरमी ठहरिहे।**

**रोमियों 5:19**

हमनी आज्ञा मनला या ना मनला से ना खाली हमनी पे क परभावीत होली जा बाकी बहुते दूसर लोग भी परभावीत होलन। तनीक एह के सोची जदि इस्राइली परमेश्वर क आज्ञा मान लेतन त उन्हन क जीवन केतना महत्वपूर्ण होखीत। ओहमे से बहुत लोग अऊर उन्हन क लड़का जंगलवे में मर गइलन काहे की ऊ लोग परमेश्वर की आज्ञा के ना मनलन। उन्हन क फयसला क परभाव उन्हन की लइकान पर पड़ल अऊर इहे हमनी की भी साथे बा। कुछ

दिन पहिले हमार सबसे बड़ लइका कहलस "माँ हम तोहरा क कुछऊ बतावल पाहत बानी हो सकेला हम रोवे भी लागी बाकी आप हमार बात सुन" फिर ऊ कहलस "हम तोहरी अऊर पिता जी की बारे में सोचतानी अऊर ओह बारसन की बारे में जेवन तोहन लोग एह सेवकाई की काम मं बितवले बाड़ अऊरी हर समय तोहन लोग के आज्ञा कारिता की भरन हमके बहुते लाभ भईल बा अऊरी हम एकरी खातीर धन्यबादित बानी।"

ऊ जेवन भी कुछ कहलस हमरी खातीर बहुत मतलब रखेला, अऊर एह से हमके रोमीयन 5:19 याद आ गईल।

परमेश्वर क आज्ञा मानला क तोहर फयसला से दूसरन लोगन पर ओकर बहुत आसर पाड़ेला। जब आप लोग परमेश्वर क आज्ञा ना मानला क फयसला करिला त एह से भी अऊरी लोगन पर एकर परभाव पड़ेला। आप लोग परमेश्वर क आज्ञा ना मान के जंगलवे में रहे चुन लेनीः बाकी कृप्या कर के मन में ई बइठाली की जदि आपकी लगे लइकन बाड़न या भविष्य के होखीहन आपक ई फयसला आपकी संगे जंगल में उनके भी रखी। हो सकेला बड़ होके ओ जंगल से निकले में असफल हो जाई बाकी हम आपके निश्चय दिलावत बानी की आपकी आज्ञा ना मनला क एगो बड़ मूल्य उन्हन के चुकावे के पड़ी। आपक जीवन एगो बेहतर दशा में अब हो सकेला जदि आपकी बितल समय में केहू परमेश्वर क आज्ञा मन होखे। आज्ञा करिता क एगो दुरगम परिणाम बा ई नरक की दोवार के बन्द करके सरग की खिड़िकीयन के खोल देला।

हम आज्ञाकारीता विषय पर पुरा एगो किताब लिख सकीला बाकी अबो भी हम खाली एतना ही कहत बानी की आज्ञा ना मनला क जीवन गलत सोच क ही फल ह।

## हर एगो बिचार के मसीह क कइदी बनाई

**काहे की हमनी क लड़ाई कइला क हथियार देह स नइखे, बाकी गढन के गिरा देवे वाला परमेश्वर की ओर से ताकत बा। एही से हमनी के हर कल्पना के अऊर हर एक ऊच बिचार के जवन परमेश्वर के पहीचना के बिरोध मे उठेला बात विवाद करे लन, अऊर हर एक बिचार के कैद क के मसिह के हूकुम माने वाला बना देनी।**

**2 कुरिन्थियों 10:4–5**

हमनी क बिचार ही हमनी के समस्यावन में बहुधा डाल देलन। यसयाह 55:8 में परमेश्वर कहे लन, हमार बिचार अऊर तोहार बिचार एक जइसन इ नइखे नाही तोहार गती अऊर हमार गती एक जइस बा आप अऊर हम चाहे कुछउ सोची परमेश्वर अपनी बिचार के हमनी खातीर अपनी कीताब में लिख दिहले बाड़न जेवना के हमनी क बाइबल कहल जालां परमेश्वर क बचन के परकाश में हमनी के अपनी बिचारन क जाच करे के चाही अपनी विचारन के उनकरी बिचारन के बश में कर देबे के चाही काहेकी ओकर बिचा श्रेष्ट बा।

इहे बात 2 कुरिन्थियों 10:4–5 में बतावल गइल बा। आपकी मन में का बा सावधानी से एह पर बिचार करि। जदि ई परमेश्वर की बिचारन (बाइबल) के अनुकल नइखे तब आप अपनी बिचारन क छोड़ देयी अऊर उनकी बिचारन के अपना लेई। लोग जेवन अपनी मन के झूठे अभियान में रहे नी नही खाली अपने के नष्ट करे ली बाकी जेवन लोग उनकरी चारो ओर रहेलन ओकर भी विनाश करेलन।

*मन एगो युद्ध भूमि ह*

शइतान जेवन लड़ाई छेड़ रखले बा ओ आपके अपनी नव की युद्ध भूमि में ही लड़ के हरावे के बा। हम हिरिदय से प्रार्थना करत बानी की ई किताब आपके अपनी कल्पवावत के खतम करे मे। हर एगो उच चिज के जेवन अपना के परमेश्वर के ज्ञान से श्रेष्ट समझेलन ओके हटावे में अऊरी सगरी बीचार के मसीह क कैदी बना के ओकर आज्ञाकारी बना देबे में, आपक मदद करिं।

# नोट्स

*प्रस्तावना 7*

1. डब्ल्यू. ई. वाईन, मेरिल उंगर, विलियम व्हाईट जू. प्रकाशन वाईन एक्सपोजिट्री डिक्शनरी आफ बिबिलिकल वर्डस (नेशविलेः टामस नेलसन, इंक, प्रकाशन, 1985) पृष्ठ 662।
2. जेम्स स्ट्रोंग, न्यू स्ट्रोंग्स एक्सहासिटिव कानकार्डेस आफ द बाइबिल (नेशविलेः टामस नेलसन प्रकाशन, 1984) "ग्रीक डिक्शनेरी आफ द न्यू टेस्टामेंन्टः" पृष्ठ 24
3. बेवसटर्स न्यू रिवरसाइ यूनिवर्सिटी, डिक्शनेरी, एस वी "मेडिटेट"।
4. डब्ल्यू. ई. वाईन, मेरिल उंगर, विलियम व्हाईट जू. प्रकाशन वाईन एक्सपोजिट्री डिक्शनरी आफ बिबिलिकल वर्डस (नेशविलेः टामस नेलसन इंक, प्रकाशन, 1985) पृष्ठ 400।

*प्रस्तावना 9*

1. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ यूनिवर्सिटी, डिक्शनेरी, एस वी "वान्डर"
2. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ यूनिवर्सिटी, डिक्शनेरी, एस वी "वान्डर"

*प्रस्तावना 10*

1. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ यूनिवर्सिटी, डिक्शनेरी, एस वी "रीजन"

*प्रस्तावना 11*

1. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ ओल्ड एण्ड न्यू टेस्टामेन्ट वर्डस (ओल्ड टप्पनः फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम A: A-डिस, पृष्ठ 335
2. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ ओल्ड एण्ड न्यू टेस्टामेन्ट वर्डस (ओल्ड टप्पनः फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम 4: सेट-Z, पृष्ठ 165

*प्रस्तावना 12*

1. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ डिक्शनेरी, एस.वी. "वरी"
2. द रेण्डम हाउस डिक्शनेरी, एस वी "रीजन"

*प्रस्तावना 13*

1. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ हिब्रू एण्ड ग्रीक वर्डस (ओल्ड टप्पन: फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम 2: ई. ली. पृष्ठ 281
2. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ हिब्रू एण्ड ग्रीक वर्डस (ओल्ड टप्पन: फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम 2: ई. ली. पृष्ठ 280

*प्रस्तावना 15*

1. वेब्सटर्स न्यू रिवरसाइ डिक्शनेरी, एस. वी. "डिप्रेस"
2. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ डिक्शनेरी, एस.वी. "डिप्रेस्ड"
3. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ ओल्ड एण्ड न्यू टेस्टामेन्ट वर्डस (ओल्ड टप्पन: फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम 2: ई–ली. पृष्ठ 60
4. डब्ल्यू. ई. वाईन, वाईन्स एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ ओल्ड एण्ड न्यू टेस्टामेन्ट वर्डस (ओल्ड टप्पनः फलेमिंग एच रेवेल, 1981), वोल्यूम 3: लो–सेरए पृष्ठ 55
5. जेम्स स्ट्रोंग, न्यू स्ट्रोंग्स एक्सहासिटिव कानकार्डेस आफ द बाइबिल (नेशविलेः टामस नेलसन प्रकाशन, 1984) "हिब्रू और चाल्डी डिक्शनेरी" पृष्ठ 32

*प्रस्तावना 23*

1. वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ डिक्शनेरी, एस.वी. "रिप्रोच"

*प्रस्तावना 24*

1. वाईन, वाईनस, एक्सपोजिट्री डिक्शेनरी आफ ओल्ड एण्ड न्यूटेस्टमेन्टस वर्डस, वोल्यूम–2: ई.ली., 37
2. वेब्सटर्स न्यू रिवरसाइड यूनिवर्सिटी, एस.वी. 'ज्योलाजी'

# सन्दर्भ सूची


स्ट्रोंग, जेम्स, न्यू स्ट्रोंग्स एक्सहासिटिव कोनकोर्डेस आफ द बाइबिल नेशविलेः थामस नेल्सन प्रकाशन, 1984

वाइन, डब्ल्यू ई0 वाईन्स, एक्सपोजिट्री डिक्शनेरी आफ ओल्ड एण्ड न्यू टेस्टामेन्ट वर्डस (ओल्ड टप्पन : फलेमिंग एच रेवेल, कम्पनी 1981

वाईन, डब्ल्यू. ई. , उंगर, मेरिल व्हाईट, विलियम जूनियर, एडमिशन, वाइन्ड एक्सपोजिट्री डिक्शनरी आफ बिबिलिकल वर्डस (नेशविले : टामस नेलसन, इंक, प्रकाशन, 1985

वेब्सटर्स II न्यू रिवरसाइ यूनिवर्स्टिीडिक्शनेरी,बोस्टन : हाऊटन मिफलिन कम्पनी, 1984

# लेखक के बारे में

जायस मेयर परमेश्वर क बचन क शिक्षार 1976 से देत बाड़ी अऊर सन 1980 पूरा का सेवकाई में बाड़ी। संट लुईस मिसूरी में लाइफ क्रिश्चन चर्च में सहायक पछि की भेस में काम करत ऊ "लाइफ इन द वर्ड" एह समाजिक संगती क विकास कइली अऊर ओके चलवली अऊर ओहमे ज्ञान बटली। पाँच बरिष की बाद परमेश्वर एह संगती के विलोम करत उनके ई अगुवाई दिहलन की ऊ आपन संवकाई शूरू करंस *"लाइफ इन द वर्ड"* एगो ई नाम है।

अब उनके *"लाइफ इन द वर्ड"* रेडियो और टि0बी0 कार्यकरम अमिरिका अऊर पूरा दूनिया में लोखन लोग सूनेलन अऊर देखेलन जायस के शिक्षा देबे बाला टेप कइगो देश में सूनल जाला *"लाईफ इन द वर्ड"* सभावन खातीर ऊ पूरा दूनिया भर में यात्रा करत रहेली।

जायस मेयर अऊर उनकर मरद जेवन लाइफ इन द वर्ड में बिजेनस अगुवा बाइड़ 35 बरिस से एक दूसरा से वियाह कइले बाड़न। ऊ मिसूरी में संट लूइस में रहेलन अऊर चार गो लइकन क माई बाप बाड़न अऊर चारो लइका बियहल बाड़न अऊर अपनी–अपनी मेहरारू के साथे डेव अऊर जायस के साथे सेवकाई में सहियोग देलन।

ई विश्वास करत की परमेश्वर उन्हन विश्वासीयन के परमेश्वर की बचन में दृढ़ होखे खातीर बोलवले बाड़न, जायस कहेली यीशु बधुवन के छोड़ावे खातीर मउवत सहलन, बाकी ढेर मसिही लोगन की जीवन में बहुते कम या एकदम ही जीत नइखे। बहुते बरिस पहिले अपनी आप के एही तरह की परिस्थीती में पावला की बाद परमेश्वर की बचन की दूवारा जायस विजय पाके अब ऊ बधुवन के छोड़ावे अऊर राख की बदले सुंन्दरता देबे खातीर तइयार बाड़ी। उनकर विश्वास बा की जेवन आदमी विजय में चलेला ऊ बहुतन के विजय में चलावेला उनकर जीवन साफ बा अऊर उनकर शिक्षा व्यवहारिक ह जेवन हर एक के जीवन में लागू कइल जा सकेला।

To contact the author in the United States, please write:
Joyce Meyer Ministries
P.O. Box 655,
Fenton, Missouri 63026
or call: (636) 349-0303
or log on to: www.joycemeyer.org

To contact the author in India, please write:
Joyce Meyer Ministries
Nanakramguda,
Hyderabad - 500 008
or call: 2300 6777
or log on to: www.jmmindia.org

# एगो युद्ध प्रकोप ह।

## आप क मन लड़ाई क मैदान है।

चिन्ता, शक, भ्रम, अवसाद, खीश और निन्दा की सोचन से ई सगरी मन पर हमला करे ला। जदि आप नाकारात्मक बिचारन से भरल बानी, जॉयस मेयर में मदद मिलल बा, लाखों ये सगरी महत्वपूर्ण जीत लड़ाई अऊर ऊ कर सकी ला। आप हूँ मदद ओके सबसे लोक प्रिय कबों बढ़िया बेचे वाला में प्रिय लेखक और मंत्री आप के देखावेला। कि कइसे आपन मन बदल के आपनी जीवन के बदले खातिर ऊ आप के सिखावेला, विचारन के आप रोज हजारन के साथे सौदा करे खातिर अऊर आपन मन क धियान जेह तरह से ईश्वर सोचे लन अऊर जॉच, त्रासदियों अऊर आखिरी शेयर आपन शादी, परिवार और मंत्रालय ह कि ओके चमत्कारी नेतृत्व से जीत जीवन बदले सच्चाई अऊर ओकरी विचारन अऊर भावनावन के हर कदम क पता चले क तरीका ह।

**अब आप क बारी बा:**

- अपनी मन पर सब अऊर आजादी अऊर शान्ति क लाभ
- नुकसानदायक विचारन के पहिचानन अऊर ओके रोके से आपन जीवन के
- अपनी आप की साथे धीरज रखी तबों जब आप गलती करत बानी
- अपनी आप के परमेश्वर क वचन स्तुति, प्रार्थना, अऊर शक्तिशाली अन्य आध्यात्मिक के साथे शाख हथियार
- उजियार क पालन करीं अऊर आपन मानसिक 'जंगली' खराब व्यवहार, बहाना, लोगन क उपयोग करीं कि उन्हन के ईश्वर अऊर खयाल से बाहर से रखल खुशी अऊर पुरा संतोष

एगो अऊर दिन आत्मसमर्पण ना दुःख, आज कइसे निश्चित आप की तोहरी मन की रणभूमि में जीत बा।

JOYCE MEYER MINISTRIES® | Nanakramguda, Hyderabad - 500 008